A. QAYUMOV, I. SAFAROV, M. TILLABOYEVA, V. FEDORKO

# GEOGRAFIYA




## JÁHÁN EKONOMIKALÍQ-SOCIALLIQ GEOGRAFIYASÍ

**Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 9-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq sıpatında tastıyıqlaǵan**

*Qayta islengen hám tolıqtırılǵan besinshi basılım*

TASHKENT – «O'ZBEKISTON» – 2019

http://eduportal.uz

UOK 33.91(100) (075)
KBK 65.04ya721
Q 33

*Pikir bildiriwshiler:*

**P. Ǵulomov** — Geografiya ilimleriniń kandidatı, docent;
**X. Inoǵomov** — Ózbekstan xalıq muǵallimi.
**R. Qodirov** — Ándijan Mámleketlik universitetiniń geografiya kafedrasınıń baslıǵı, geografiya ilimleriniń kandidatı, docent;
**S. Berdieva** — Tashkent qalası Mirabad rayonı 213-sanlı mektep muǵallimi;
**M. Avezov** — Tashkent qalası Almazar rayonı 278-sanlı mekteptiń muǵallimi;
**J. Ismatov** — Ózbekstan Respublikası Ishki Isler Ministrligi qánigelestirilgen mektep internatı geografiya muǵallimi, Xalıq bilimlendiriw aǵlası.

*Ózbek tilinen qaraqalpaq tiline awdarmaǵa pikir bildiriwshi:*

**A. Saypov** — Nókis qalası, 42-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń geografiya páni muǵallimi

**Shártli belgiler:**

 — Tayanısh túsinik hám geografiyalıq atlar

 — Soraw hám tapsırmalar

Q 33 **A.Qayumov hám basq.** «Geografiya» Jáhán ekonomikalıq-sociallıq geografiyası. Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 9-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq. (A.Qayumov, I.Safarov, M.Tillaboyeva, V.Fedorko) — T.: «O‘zbekiston» BPDÚ, 2019. 176 b.

1.2 Hammuallif

**UOK 33.91(100)(075)**
**KBK 65.04ya 721**

ISBN 978-9943-25-835-8

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan ijara ushın basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-25-835-8

© «O‘ZBEKISTON» NMIU, 2002, 2005, 2010, 2014, 2019.
Qaraqalpaqshaǵa awdarma
© «Bilim», baspası 2019.

http://eduportal.uz

# KIRISIW

Siz tómengi klaslarda «Tábiyiy geografiya baslanǵısh kursı», «Materik hám okeanlardıń tábiyiy geografiyası», «Orta Aziya hám Ózbekstannıń tábiyiy geografiyası» hám «Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası» kurslarında geografiya pánine tiyisli hár túrli maǵlıwmatlar menen tanıstıńız. 9-klasta oqıtılatuǵın «Jáhánniń ekonomikalıq-sociallıq geografiyası» kursı dúnya ekonomikası, siyasatı, ekologiyası, mádeniyatına, qullası, turmıstıń hámme tarawlarına baylanıslı.

Sabaqlıqtıń tiykarǵı maqseti — Siz, áziz oqıwshılarǵa dúnya hám onıń iri mámleketleriniń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyasına tiyisli zamanagóy bilim beriw, erkin bilim alıwǵa hám onı ámeliyatta qollanıwǵa úyretiwden ibarat.

Sabaqlıq eki — «Jáhánniń ulıwma sıpatlaması» hám «Jáhánniń regional sıpatlaması» bólimlerinen ibarat. Ulıwma bólimniń tiykarǵı wazıypaları dúnyanıń siyasiy kartası, tábiyiy resursları, xalqı hám xojalıǵı haqqındaǵı ulıwma ilimiy túsinikti qáliplestiriwden ibarat. Sabaqlıq kóleminiń derlik 2/3 bólegin iyelegen regional bóliminde dúnyanıń iri regionları — Evropa, Aziya, Afrika, Amerika hám Avstraliyanıń siyasiy kartası, tábiyiy resursları, xalqı hám ekonomikasınıń ózine tán ózgeshelikleri ashıp berilgen. Sonday-aq, hámme materiklerdegi tayanısh, yaǵnıy, hár tárepleme itibarǵa ılayıq mámleketlerdiń geografiyalıq sıpatlarına baǵıshlanǵan temalar da usı bólimnen orın alǵan. Eń úlken itibar respublikamız jaylasqan Aziya materigi mámleketlerine qaratılǵan. Ayırım mámleketlerdiń ekonomika-geografiyalıq sıpatlaması usı pánde qabıl etilgen hám sınalǵan metodikalıq qatnas jasawdan paydalanǵan jaǵdayda islendi. Bunda, geografiyalıq orın, tábiyiy sharayat hám resurslar, xalıq xojalıǵındaǵı áhmiyeti kóz qarasınan bahalanadı.

Sabaqlıqtı jazıwda avtorlar Birlesken Milletler Shólkemi, Jáhán banki, sırt mámleketler statistikalıq basqarmalarınıń rásmiy maǵlıwmatları, Rossiya Federaciyası, AQSH, Evropa mámleketlerinde basılǵan maǵlıwmatnamalar, statistikalıq toplamlar, geografiyalıq atlaslar hám basqa ilimiy-metodikalıq maǵlıwmatlardan paydalanıldı.

http://eduportal.uz

# I BÓLIM. JÁHÁNNIŃ ULÍWMA SÍPATLAMASÍ



## I-BAP. JÁHÁNNIŃ SIYASIY KARTASÍ

### 1-§. Jáhánniń siyasiy kartası

*Siyasiy karta, mámleket, Birlesken Milletler Shólkemi (BMSH), eń iri hám «mayda» mámleketler, atawdaǵı mámleketler, yarım atawdaǵı mámleketler, ishki kontinental mámleketler, ǵárezsiz mámleketler.*

Jáhánniń siyasiy kartasında, 2018-jılǵı jaǵdayına baylanıslı, 240 tan zıyat mámleket bolıp, sonnan dúnya jámiyetshiligi tárepinen ǵárezsizligi rásimiy jaqtan tán alınǵan 194 suveren mámleket bar. Olardan 193 i BMSH ǵa aǵza, 1 wi (Vatikan) baqlawshı—mámleket.

Mámleketler bir-birinen hár túrli ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Bunday áhmiyetli tamanlarınan biri aymaǵınıń úlkenligi bolıp esaplanadı. Dúnyadaǵı 29 ǵárezsiz mámlekettiń maydanı 1 mln km$^2$ tan úlken bolıp, sonnan 12 siniń aymaǵı 2 mln km$^2$ tan, 6 ınıń maydanı 5 mln km$^2$ tan úlken. Sonday-aq, dúnya mámleketleri arasında aymaǵı mayda mámleketler de ózine itibar qaratadı. (1-kestege qarań). Jáhánniń siyasiy kartasında maydanı 1 mln km$^2$ qa jetpeytuǵın 24 ǵárezsiz mámleket bar. Bunday mámleketler hár túrli materiklerde, ásirese, Evropada (Vatikan, Monako, San-Marino, Lixtenshteyn hám basqalar). Aziyada (Maldiv Respublikası, Singapur, Baxrayn), Amerikada (Sent-Kits hám Neviya, Grenada, Barbados hám basqalar). Okeaniyada (Nauru, Tuvalu, Marshall atawları hám basqalar) jaylasqan.

Mámleketlerdiń geografiyalıq ornı kóz qarasınan teńizge shıǵıw imkaniyatına iye hám iye emes mámleketlerge bólinedi. Teńizge shıǵıw imkaniyatı bar mámleketler arasında bolsa ataw, yarım ataw hám teńiz boyı kontinental mámleketler bolıp ajıraladı.

Atawdaǵı mámleketler qatarına Indoneziya, Filippin, Yaponiya, Shri-Lanka sıyaqlı Aziya, Ullı Britaniya, Irlandiya, Islandiya sıyaqlı

http://eduportal.uz

Evropa, Madagaskar, Kabo-Verde, Komor atawları sıyaqlı Afrika Kuba, Gaiti, Yamayka sıyaqlı Amerika mámleketleri hám de Okeaniyadaǵı Papua-Jańa Gvineya, Jańa Zelandiya, Fiji hám basqalar kiredi. Saudiya Arabstanı, Ispaniya, Italiya, Norvegiya, Koreya Respublikası, Vetnamlardı yarım ataw mámleketlerine kirgiziwge boladı. Teńiz boyı kontinental mámleketler bolsa materiklerdiń tiykarǵı bólimlerinde jaylasqan bolıp, teńizge shıǵıw jollarına iye. Bunday mámleketler dúnyada kóp (Franciya, Germaniya, Polsha, Qıtay, Mısr, AQSH hám t.b.).

*1-keste*

**Jáhánniń eń iri 10 hám eń kishi 10 mámleketleri**

| № | Mámleketler | Aymaǵı (mln. km²) | № | Mámleketler | Aymaǵı (km²) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Rossiya | 17075 | 185 | Malta | 0,32 |
| 2 | Kanada | 9976 | 186 | Maldiv Respublikası | 0,3 |
| 3 | Qıtay | 9599 | 187 | Sent-Kits va Nevis | 0,26 |
| 4 | Amerika Qurama Shtatları | 9519,4 | 188 | Marshall atawları | 0,18 |
| 5 | Braziliya | 8515,7 | 189 | Lixtenshteyn | 0,16 |
| 6 | Avstraliya | 7692,0 | 190 | San-Marino | 0,06 |
| 7 | Hindstan | 3287,2 | 191 | Tuvalu | 0,02 |
| 8 | Argentina | 2780,4 | 192 | Nauru | 0,02 |
| 9 | Qazaqstan | 2724,9 | 193 | Monako | 0,002 |
| 10 | Aljir | 2381,7 | 194 | Vatikan | 0,0004 |

Dúnya okeanı hám onıń teńizlerin tikkeley tutaspaǵan mámleketler ishki kontinental mámleketler toparın quraydı. Bunday geografiyalıq jaylasıwǵa iye mámleketler dúnyanıń siyasiy kartasında 44. Ózbekstan Respublikası hám ishki kontinental mámleket bolıp esaplanadı.

Jáhánnıń házirgi siyasiy kartası hár qıylı tariyxıy procesler tásirinde qáliplesken. Ásirese, Birinshi hám Ekinshi jáhán urısları, koloniallıq sistemasınıń jemiriliwi, socialistlik dúzimniń saplastırılıwı sıyaqlı procesler ayrıqsha itibarǵa ılayıq. Bul tariyxıy waqıyalar tásirinde XX hám XXI ásirler dawamında dúnyada ǵárezsiz mámleketler sanı ósip keledi (2-keste).



http://eduportal.uz

*2-keste*

**Jáhán hám materiklerde ǵárezsiz mámleketler sanınıń ózgerip barıwı**

| Aymaq | Ǵárezsiz mámleketler sanı | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 1900-j. | 1945-j. | 1990-j. | 2000-j. | 2018-j. |
| Evropa | 24 | 31 | 33 | 43 | 44 |
| Aziya | 9 | 18 | 40 | 47 | 48 |
| Afrika | 4 | 3 | 52 | 53 | 54 |
| Amerika | 20 | 22 | 35 | 35 | 35 |
| Avstraliya hám Okeaniya | 0 | 2 | 12 | 13 | 13 |
| Jáhán | 57 | 76 | 172 | 191 | 194 |

Jáhánniń siyasiy kartasında sońǵı dáwirde eń úlken ózgerislerdi keltirip shıǵarǵan tariyxiy waqıya 1991-jılı burınǵı Sovet Awqamınıń tarqalıwı boldı. Bunıń nátiyjesinde 15 jańa ǵárezsiz mámleket júzege keldi: Rossiya, Ukraina, Belarussiya, Moldova, Litva, Latviya, Estoniya, Gruziya, Arabiya, Azerbayjan, Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstan hám Ózbekstan.

Evropada 1991—1992-jılları Yugoslaviyanıń tarqalıwı nátiyjesinde Sloveniya, Xorvatiya, Bosniya hám Gersogovina hám de Makedoniya (2019-jıldan baslap. Arqa Makedoniya dep ataladı) ǵárezsiz boldı. Yugoslaviya quramında sonda tek Serbiya menen Chernogoriya qaldı. 2006-jılı bolsa Chernogoriya Serbiyadan bólinip, ǵárezsiz mámleketke aylandı.

1993-jıl 1-yanvardan Chexoslavakiya mámleketi ornında Chexiya hám Slovakiya ǵárezsiz respublikaları dúzildi.

Jáhán siyasiy kartasındaǵı bul ózgerisler xalıqaralıq socialistlik dúzimniń saplastırılıwı menen baylanıslı. Bul process penen baylanıslı túrde 1990-jılı Evropada eki nemec mámleketi (Germaniya Federativ Respublikası hám Germaniya Demokratiyalıq Respublikası) qosılıwı nátiyjesinde birden-bir Germaniya Federativ Respublikası, Aziyada bolsa Yemen Arab Respublikası hám Yemen Xalıq Demokratiyalıq Respublikası birlesiwi esabınan birden-bir Yemen Respublikası dúzildi.

Basqa siyasiy pocesler tásirinde de jáhánniń siyasiy kartasında jańa suveren mámleketler payda bolıwı dawam etti. Afrikada 1993-jılı kóp jıllıq urıs nátiyjesinde Eritreya Efiopiya quramınan bólinip,



http://eduportal.uz

suveren mámleket statusına (dárejesine) iye boldı. Okeaniyada 1994-jılı Palau mámleketi AQShtıń qadaǵalawı astındaǵı aymaqtan ǵárezsiz mámleketke aylandı. Qubla-shıǵıs Aziyada 2002-jılı Shıǵıs Timor ǵárezsiz mámleketler qatarın toltırdı. Afrika materiginde 2011-jıl 9-iyulde referendum nátiyjelerine muwapıq, Sudan quramınan Qubla Sudan mámleketi bólinip shıqtı.

1. Jáhánniń siyasiy kartasındaǵı XX hám XXI ásirlerdegi ózgerisler, qanday tariyxiy waqıya hám procesler menen baylanıslı boldı?
2. Sovet Awqamı tarqalǵanda qaysı mámleketler ǵárezsizlikke eristi?
3. Atlastaǵı jáhánniń siyasiy kartası járdeminde bir úlken atawda hám de iri atawlar toparlarında jaylasqan mámleketlerdi anıqlań.

## 2-§. Jáhán mámleketleriniń social-ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı boyınsha klassifikaciyası

*Social-ekonomikalıq rawajlanıw, jalpı ishki ónim (JIÓ) rawajlanǵan mámleketler, rawajlanıp atırǵan mámleketler, «Úlken jetilik» toparı*

Jáhán mámleketleriniń eń ahmiyetli belgilerinen biri — olardıń social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi bolıp tabıladı. Mámleketlerdiń sozial-ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵın bahalaw ushın birqansha ólshemler qollanıladı. Bul ólshemlerden tiykarǵıları:

— jalpı ishki ónim (JIÓ)niń ulıwmalıq hám xalıqtıń jan basına salıstırmalı kólemi;

— milliy ekonomikanıń tarmaqlar quramı;

— eksporttıń tovar quramı hám de mámlekettiń xalıqaralıq qánigelesiwi;

— hár túrli kórsetkishler menen belgilenetuǵın xalıqtıń turmıs dárejesi.

Jáhán mámleketleri usı ólshemler tiykarında BMSH tárepinen 3 iri blokqa bólinedi: *rawajlanǵan, rawajlanıp atırǵan hám ótiw ekonomikasındaǵı* mámleketler.

Rawajlanǵan mámleketler qatarına, ádette Evropadaǵı kóplegen mámleketler (Shıǵıs Evropadan basqa), AQSH, Kanada, Yaponiya, Avstraliya, jańa Zelandiya, Izrail hám Qubla Afrika Respublikası sıyaqlı mámleketler kirgizildi. Sonıń menen birge, aqırǵı jılları Koreya



http://eduportal.uz

Respublikası hám Singapur da rawajlanǵan mámleketler sıpatında kórsetilmekte. Rawajlanǵan mámleketler JIÓnıń xalqı jan basına kólemi 25000 dollarınan artıqlıǵı, zamanaǵóy texnologiyalarǵa tiykarlanǵan qayta islew sanattıń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵı, eksport quramında tayar ónimler jetekshilik etiwi, xalıqtıń salamatlıq hám maǵlıwmatlıq dárejesi joqarılıǵı menen ajıralıp turadı.

Rawajlanǵan mámleketler arasında úlken ekonomikalıq dárejesi hám óndiris kólemi menen *«Úlken jetilik»* toparın dúziwshi mámleketler ayrıqsha bólinip turadı. Usı toparǵa AQSH, Kanada, Yaponiya, Germaniya, Franciya, Ullı Britaniya hám de Italiya kiredi.

Evropadaǵı Avstriya, Belgiya, Lyuksemburg, Niderlandiya, Norvegiya, Shveciya, Finlandiya, Shveycariya hám basqa bir qatar «Úlken jetilik»ke kirmeytuǵın mámleketler *kishi rawajlanǵan mámleketler* toparın dúzedi.

Social-ekonomikalıq hám siyasiy sisteması hár túrli mámleketlerde Evropadan kóship kelgen xalqı tárepinen qáliplestirilgen hám házirgi kúnde rawajlanıwdıń joqarı kórsetkishleri menen sıpatlanatuǵın Avstraliya, Jańa Zelandiya, Izrail, QAR sıyaqlı mámleketler *«kóshirilgen» kapitalizm mámleketleri* toparı sıpatında bólinedi.

Aziya, Afrika, Amerika hám de Okeaniyanıń kópshilik mámleketleri rawajlanıp atırǵan mámleketler blogına kirgiziledi. Jáhán xalqınıń eń úlken bólimi (2018-jıl maǵlıwmatlarına muwapıq, 6 mlrd adam) jasaytuǵın bul mámleketler social-ekonomikalıq rawalanıw dárejesi hám ózgeshelikleri menen bir-birinen birqansha ajıraladı. Sonıń ushın da rawajlanıp atırǵan mámleketler birneshe toparlarǵa bólinedi. Sonıń ishinde, úlken tábiyiy-resurs, demografiyalıq hám ekonomikalıq dárejesine iye Qıtay, Hindstan, Braziliya hám Meksika *tayanısh rawajlanıp atırǵan mámleketler* toparın dúzedi.

Saudiya Arabstanı, BAÁ, Kuveyt, Qatar, Baxrayn, Oman, Bruney sıyaqlı Aziya mámleketleri *neftti eksport etiwshi mámleketler* toparı quramına kirgiziledi. Bul mámleketlerde JIOnıń xalqı jan basına tuwrı keletuǵın kólemi birqansha joqarı (mısalı, 2017-jıl jaǵdayına muwapıq, Qatar bul kórsetkish boyınsha jáhánde 1-orındı iyelegen — 124740 AQSH doll.), biraq olardıń ekonimikası shiyki zat resurslarına tiykarlanǵanlıǵı sebepli, bul mámleketler rawajlanǵan mámleketler qatarına kirgizilmeydi.



http://eduportal.uz

Tábiyiy resurslardıń úlken qorları úlken xalqı hám miynet resursları dárejesine iye bolǵan, sanaat hám awıl xojalıǵı tarawlarında joqarı nátiyjelerge erisip atırǵan Turkiya, Iran, Pakistan, Indoneziya, Argentina hám basqa mámleketlerden ibarat *iri industrial-agrar mámleketler* toparı qáliplespekte.

Karib teńizi hám Okeaniyadaǵı ayırım ataw mámleketler *xalıq-aralıq turizmge qánigelesken* bolıp, rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń ayrıqsha toparın quraydı.

Rawajlanıp atırǵan mámleketler ishinde eń awır social-ekonomikalıq jaǵday *eń tómen rawajlanǵan mámleketler* toparına tán. Buǵan BMSH tárepinen 48 mámleket kirgizilip, olardıń 34 i Afrikada, 9 ı Aziyada, 4 wi Okeaniyada, 1 i Amerikada jaylasqan.

Burınǵı Awqam respublikaları, 1990-jıllarǵa shekem socialistlik dúzim tiykarında rawajlanǵan, keyin bolsa onnan waz keshken Shıǵıs Evropa mámleketleri (Polsha, Chexiya, Slovakiya, Vengriya, Bolgariya, hám b.) hám de Mongoliya BMSH tárepinen óz aldına *ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler* blogına birlestiriledi. Ózbekstan da ótiw ekonomikasındaǵı mámleketlerden biri bolıp esaplanadı.

1. Jáhán mámleketleri social-ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı qanday ólshemler tiykarında bahalanadı?
2. Ekonomikalıq rawajlanǵan mámleketlerdiń qanday toparları ajıratıladı?
3. «Úlken jetilik» mámleketleri «kóshirilgen» kapitalizm mámleketleri hám de tayanısh rawajlanıp atırǵan mámleketler hám olardıń paytaxtların jazıwsız kartada belgileń.

## 3-§. Mámleketlerdiń basqarıw forması hám mámleketlik dúzilisi

*Basqarıw forması, respublika, prezidentlik respublika, parlamentar respublika, monarxiya, konstituciyalıq monarxiya, sheklenbegen monarxiya, mámleket dúzilisi, unitar mámleket, federativlik mámleket*

Siyasiy basqarıwdıń eki tiykarǵı — *respublika* hám *monarxiya* forması ajıratıladı. Bul eki basqarıw forması, birinshi gezekte, joqarı mámleketlik hákimiyatın qáliplestiriw hám jetkerip beriw usılları menen ajıraladı.

http://eduportal.uz

Respublika forması Ayyemgi Rim dáwirinen belgili bolsa da, onıń keń tarqalıwı XX ásirdiń ekinshi yarımına tuwra keledi. 2018-jıl halatına baylanıslı, jáhánniń siyasiy kartasında 150 respublika mámleketleri bar. Respublikalar tiykarınan 3 túrge bólinedi: *prezidentlik*, *parlamentar* hám de *aralas*. Prezidentlik respublikalarında hákimiyattıń tiykarǵı wákillikleri prezidentke tiyisli bolıp, húkimet (ministrler kabineti) quramı mámleket basshısı tárepinen qáliplestiriledi. Ayırım mámleketlerde prezident bir waqıttıń ózinde mámleket hám húkimet basshısı lawazımların iyeleydi. Prezidentlik respublikalarına AQSH, Meksika, Braziliya, Argentina, Indoneziya, Awǵanstan, Belarusiya, Qazaqstan, Ózbekstan sıyaqlı mámleketler mısal bola aladı. Prezidentlik respublikası forması eń kóp Afrika hám Amerika materiklerinde tarqalǵan.

Parlamentar respublikalarda húkimet quramı parlament saylawlar nátiyjeleri tiykarında siyasiy partiyalar tárepinen qáliplestiriledi, prezidenttiń funkciyaları bolsa sheklengen boladı. Germaniya, Avstriya, Italiya, Bolgariya, Latviya, Estoniya, Greciya, Izrail, Hindstan, Qubla Afrika Respublikaları sonday mámleketler qatarına kiredi (qosımshaǵa qarań). Parlamentar respublikalar kóbirek Evropada jaylasqan.

Aralas respublikalarda bolsa prezident hám parlament birgelikte húkimet quramın qáliplestiredi hám onıń xızmetin qadaǵalaydı. Bunday respublikalar qatarına Rossiya, Portugaliya, Ukraina, Xorvatiya, Franciya, Aljir, Mısr hám basqa mámleketler tiyisli.

Házirgi waqıtta dúnyada 44 monarxiya mámleketleri bolıp, olar *konstituciyalıq* hám *sheklenbegen monarxiya*larǵa bólinedi. (1-súwret). Konstituciyalıq monarxiyalarda mámleket basshısı (korol, ámir, knyaz hám t.b.)nıń siyasiy wákillikleri belgili dárejede sheklengen bolıp, mámleket basqarıwında parlament hám húkimettiń ornı áhmiyetli bolıp esaplanadı. Absolyut monarxiya basqarıw formasına iye bolǵan mámleketlerde bolsa monarxtıń wákilleri sheklenbegen boladı.

Házirgi kúnde monarxiya mámleketleriniń kópshiligi (39 ı) konstituciyalıq monarxiyalar bolıp esaplanadı. Bunday mámleketlerden 11 i Evropada, 9 ı Aziyada, 3 i Afrikada, 10 ı Amerikada, 6 ı Avstraliyada hám Okeaniyada jaylasqan. Konstituciyalıq monarxiyalardan 15 si Britaniya Doslıq korollikleri bolıp, olarda rásmiy túrde mámleket basshısı Ullı Britaniya monarxı (korol yaki hayal patsha) esaplanıp,



http://eduportal.uz

ámelde bul mámleketlerdiń siyasiy sistemasında tiykarǵı roldi bas ministr oynaydı. Usı taypadaǵı mámleketlerge Kanada, Avstraliya, Jańa Zelandiya, Papua-Jańa Gvineya hám basqalar kiredi.



**1-súwret.** Ayırım mámleketlerdiń monarxları (sheptan ońǵa): Daniya hayal koroli Margrete II, Lesoto koroli Leciy III, Umman sultanı Qobus.

Absolyut monarxiyalardıń sanı 5 bolıp, olardan 4 i Aziyada (Saudiya Arabstanı, Oman, Qatar, Bruney), 1 i Evropada (Vatikan) jaylasqan. Saudiya Arabstanı hám de Vatikan mámleketleri *avsolyut teokratik monarxiyalar bolıp esaplanadı*, sebebi bul eki mámlekette monarx diniy basshı wazıypasın da atqaradı.

Hákimshilik-aymaqlıq sisteması (mámleket dúzilisi forması) jaǵınan jáhán mámleketleri eki túrge, *unitar* hám *federativ* mámleketlerge bólinedi. Unitar mámleketlerde pútkil mámleket aymaǵında nızamshılıq sisteması ámel etedi, siyasiy basqarıw oraylasqan halda ámelge asırıladı. Jáhán mámlekettiń kópshiligi (166 ı) unıtar mámleket bolıp esaplanadı.

Mámleket dúzilisiniń birqansha quramalı forması — bul federaciya, bolıp tabıladı. Bunday mámleketlerde nızamshılıq, atqarıw hám sud hákimiyatı oraylıq (federal) hám de aymaqlıq (shatlar, provinciyalar, respublikalar hám basqalar ortalıǵında) dárejelerden payda boladı. Federatariv mámleketlerdiń sanı, 2018-jıl jaǵdayına muwapıq, 28 bolıp, sonıń ishinde, Evropada 6, Aziyada 7, Afrikada 6, Amerikada 7 hám de Avstraliya hám Okeaniyada 2 federaciyalar jaylasqan.

Federativ mámleketlerdi dúziwde olardıń tarixiy rawajlanǵanlıǵı ózgeshelikleri (AQSH, Germaniya, Avstriya, BAÁ hám bolıp esaplanadı, aymaǵınıń sonday úlkenligi (Kanada, Avstraliya, Braziliya) yamasa jayılıp ketkenligi (Mikroneziya Federativ shatları, Komor atawları hám

http://eduportal.uz

bolıp esaplanadı, xalqınıń kóp milletliligi (Hindstan, Nigeriya, Bosniya hám Gercegovina sıyaqlı), sonday-aq, basqa sebepler esabınan alınǵan.

Házirgi dáwirde de ayırım mámleketlerde basqarıw hám mámleket dúzilisiniń formasın ózgerttiriw jaǵdayları ushırasadı. Máselen, 2008-jılı Nepalda monarxiyadan waz keshilip, respublika basqarıw forması-na ótildi, 2017-jılı Turkiya bolsa parlamentar respublikadan prezidentlik respublikasına aylandı. Sonday-aq, sońǵı jılları federativ mámleketler qatarı Irak, Nepal, Sudan, Qubla Sudan esabınan kóbeyedi.

1. Prezidentlik hám parlamentar respublikalardıń tiykarǵı ayırmashılıǵın túsindiriń. Respublikalardıń hár túrli tipleri qaysı materiklerde (kontinentlerde) kóbirek tarqalǵan?
2. Federativ formadaǵı mámleket dúzilisi qanday faktorlar tásirinde qáliplesedi?
3. Qosımshadaǵı maǵlıwmatlardan paydalanıp, dápterde Evropa hám Aziyadaǵı monarxiya mámleketleriniń dizimin dúziń.



# 2-BAP. JÁHÁNNIŃ TÁBIYIY RESURSLARÍ

## 4-§. Jáhánniń tábiyiy resursları

*Tábiyiy rerurslar, tawsılmaytuǵın hám tawsılatuǵın tábiyiy resurslar, tiklenetuǵın hám tiklenbeytuǵın tábiyiy resurslar, tábiyiy resurslardıń aymaqlıq birikpesi, resurslar menen támiyinlengenlik*

Adamzat óz turmısı hám jámiyetlik xızmeti dawamında hár túrli tábiyiy baylıqlar (resurslar) dan paydalanadı. *Tábiyiy resurslar* dep, insan turmısı hám xızmeti dawamında tikkeley, paydalanılatuǵın barlıq túrdegi tábiyat baylıqlarına aytıladı. Planetamız kóp hám hár túrli tábiyiy resurslarǵa iye. Tábiyiy resurslar arasında *mineral, jer, suw, biologiyalıq* hám *klimatlıq* resurslardıń ekonomikalıq áhmiyeti joqarı.

Tábiyiy resurslar *tawsılatuǵın* hám *tawsılmaytuǵın* toparlarǵa bólinedi. Jer, suw, mineral, biologiyalıq resurslar tawsılatuǵın tábiyiy resurslar qatarına kiredi. Olar, óz náwbetinde *tiklenetuǵın* hám

http://eduportal.uz

*tiklenbeytuǵın* toparlarǵa bólinedi. Tikleniw qásiyetine jer, suw hám de biologiyalıq resurslar iye. Mineral resurslar, yaǵnıy paydalı qazılmalar, tiklenbeytuǵın tábiyiy baylıq esaplanadı. Tawsılmaytuǵın tábiyiy resurslar Quyash energiyası (gelioresurslar), samal, teńiz tasıwları hám aǵımları energiyası, jerdiń ishki energiyası (geotermal resurslar), agroklimatlıq resurslardan ibarat.

Geyde hár qıylı tábiyiy resurslar bir aymaqta ushırasadı hám bul jaǵday óndiristi rawajlandırıw ushın júdá qolay bolıp esaplanadı. Salıstırmalı kishi aymaq shegarasında hár túrli tábiyiy resurslardıń bar bolǵanı *tábiyiy resurslardıń aymaqlıq birikpesi* dep ataladı. Mısalı, temir rudası, hám tas kómirdiń aymaqlıq birikpesi yamasa reńli metallardıń rudaları hám gidroenergiya resurslarınıń aymaqlıq birikpeleri ekonomika ushın birqansha joqarı qunǵa iye. Bular sebepli qara hám de reńli metallurgiyaǵa qánigelesken sanaat rayonlarınıń qáliplesiwi ushın qolay imkaniyatlar jaratıladı.

Tábiyiy resurslardıń aymaqlıq birikpeleri jer júzinde tegis emes tarqalǵan. Bunıń sebepleri jer qabıǵınıń geologiyalıq dúzilisi hám rawajlanıw tariyxı, klimatlıq hám biologiyalıq sharayatınıń hár qıylılıǵı.

Sonlıqtan, hár túrli materik, mámleket, aymaqlar tábiyiy resurslar menen hár túrli támiyinlengen. Bul jaǵdaydan kelip shıǵıp, *resurslar menen támiyinlengenlik* túsinigi qollanıladı. Tábiyiy resurslar menen támiyinlengenlik degende, tábiyiy resurslardıń ulıwmalıq qorları kórsetkishi menen olardan paydalanıw muǵdarı arasındaǵı qatnas túsiniledi. Ol tábiyiy resurstıń neshe jıllarǵa shekem jetiwi yamasa resurs qorınıń xalıqtıń jan basına qanshadan tuwra keliwi kórsetkishleri menen kórsetiledi.

Tábiyiy resurslar menen támiyinlengenlik dárejesine qaray, jáhán mámleketleri, ádette, úsh toparǵa bólinedi:

1) tábiyiy resurslar jaqsı támiyinlengen mámleketler;

2) tábiyiy resurslardıń ayırım túrleri menen jaqsı támiyinlengen mámleketler;

3) tábiyiy resurslar menen támiyinlenbegen mámleketler.

Birirnshi toparǵa jáhándegi aymaqlıq úlkenligi jaǵınan eń iri mámleketler — Rossiya, Qıtay, AQSh, Kanada, Braziliya, Avstraliya, Hindstan, QAR, Qazaqstan kiredi.

Dúnyadaǵı kóp mámleketler ekinshi toparǵa tiyisli. Máselen, Persiya qoltıǵı mámleketleri neft hám tábiyiy gazge, Qubla Amerikadaǵı tawlı mámleketler mıs hám polimetall rudalarǵa, Finlyandiya suw hám toǵay resurslarına birqansha bay.

Úshinshi toparǵa bolsa tábiyiy baylıqlar, ásirese, mineral baylıqlar menen jeterli dárejede támiyinlengen «kishi» mámleketler (Vatikan, Andorra, San-Marino, Singapur, Sent-Lyusiya, Tuvalu hám b.) kiredi.

Kópshilik tábiyiy resurslar, eń dáslep, sanaat óndiris tarmaqları ushın qımbat bahalı shiyki zat bolıp esaplanadı. Sol sebepli sanaat shiykizatı menen támiyinleniw mashqalası kópshilik mámleketler aldında áhmiyetli bolıp esaplanadı.

1. Tábiyiy resurslar qanday toparlarǵa bólinedi hám olar qanday ózgeshelikleri menen ajıraladı?
2. Qaysı mámleketler hár túrli tábiyiy resurslar menen eń jaqsı támiyinlengen?
3. Tómendegi kestede keltirilgen maǵlıwmatlardan paydalanıp, tábiyiy resurslar menen támiyinlengenlik kórsetkishkerin esaplań.

| № | Tábiyiy resurs túri | Resurs qorı mln.t. | Jıllıq qazılıwı, mln. t. | Xalıq sanı, mln, adam | Resurs penen támiyinlengenlik | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Jıllar esabında | Xalqı jan basına, t |
| 1 | Neft | 36 000 | 500 | 120 | | |
| 2 | Kómir | 27 000 | 900 | 54 | | |
| 3 | Mıs | 800 | 20 | 25 | | |

## 5-§. Mineral resurslar geografiyası

*Mineral resurslar, janılǵı resurslar, rudalı resurslar, ruda emes resurslar, qor, kán, basseyn*

Tábiyatta minerallar halında ushırasatuǵın tábiyiy baylıqlar *mineral resurslar (paydalı qazılmalar)* delinedi. Adamzat júdá áyyem zamanlardan-aq bar resurslardan paydalanıp kelgen. Dáwirler ótiwi menen bolsa paydalanılatuǵın mineral resurslar túri hám kólemi barǵan



http://eduportal.uz

sayın artıp barǵan. Házirgi waqıtta mineral resurslardıń 200 ge jaqın túrlerinen xojalıq zárúrlikleri ushın paydalanılmaqta. Olar 3 toparǵa, yaǵnıy janılǵı-energetika, rudalı hám rudalı emes mineral resurslarǵa bólinedi.

Tawsılatuǵın hám tiklenbeytuǵın tábiyiy resurs esaplanatuǵın jer astı qazılma baylıqlarınan paydalanıw kólemi jıldan jılǵa asıp barmaqta. Mineral resurslardan eń úlken kólemde paydalanılatuǵınlar: neft, tábiyiy gaz, kómir, temir rudaları hám qurılıs materialları bolıp tabıladı (3-keste).

Mineral janılǵı-energetika resurslarına kómir, neft, tábiyiy gaz, torf, janıwshı slanec, uran kiredi. Mineral janılǵı qorlarınıń eń úlken bólimi kómirge (70—75 % ge shekem) tuwrı keledi. Janılǵı mineral resurslarınıń kánleri áyyemgi platformalardıń shetki batıq bólimlerinde kóbirek ushırasadı.

Házirgi waqıtta jáhánde 3600den zıyat kómir basseyinleri hám kánleri bolıp, olar ulıwma qurǵaqlıqtıń 15 % in iyeleydi. Iri kómir basseyinleri kóbirek Arqa yarım sharda jaylasqan. Kómirdiń eń iri qorları AQSH, Rossiya, Qıtay, Avstraliya, Hindstan, Germaniya, Ukraina, Qazaqstan, QAR hám Indoneziya mámleketlerine tuwra keledi.

*3-keste*

**Eń áhmiyetli paydalı qazılmalardıń jáhán boyınsha anıqlanǵan qorları hám qazıp alınıwı (2016-j.)**

| Paydalı qazılma túrleri | Ólshew birligi | Anıqlanǵan qorları | Jıllıq qazıp alınıwı |
|---|---|---|---|
| Kómir | mlrd.t | 861,5 | 7,9 |
| Neft | mlrd.t | 191,3 | 4 |
| Tabiyiy gaz | trln. $m^3$ | 186,5 | 3,6 |
| Temir rudası | mlrd.t | 160 | 2,1 |

Jáhán boyınsha 600 ǵa jaqın neft hám gaz basseyinleri anıqlanǵan. Neft hám gaz kánleriniń de tiykarǵı bólimi planetamızdıń arqa yarım sharında jaylasqan. Eń iri neft-gaz qorları Persiya qoltıǵı mámleketleri, Venesuela, Arqa Amerika, (AQSH, Kanada, Meksika), Rossiya Batıs



http://eduportal.uz

Sibir), Kaspiy boyı mámleketleri, Arqa Afrika (Liviya hám Aljir), Gvineya qoltıǵı mámleketleri (Nigeriya) hám Qıtayda jaylasqan.

Jáhán ekonomikasında rudalı (metall) qazılma resurslardıń áhmiyeti júdá úlken. Jer júzinde rudalı mineral reurslarǵa bay regionlar, máselen, Alp-Gimalay, Tınısh okean boyı regionları bar. Bunday regionlar sanaat ushın áhmiyetli shiyki zat bazası bolıp xızmet etedi hám ayırım mámleketlerdiń ekonomikalıq rawajlanıwın belgileydi. Qıtay, Rossiya, AQSH, Kanada, Avstraliya, Braziliya, QAR, Qazaqstan, Hindstan, Chili, Peru jáhánde qara hám reńli metall shiyki zatlarına eń bay mámleketler bolıp esaplanadı.

Rudalı emes mineral baylıqlardan eń áhmiyetlileri as duzı, kaliy duzları, fosforit, kúkirt, almaz, qurılıs materialları. Olardıń kánleri áyyemgi platformalarda, qatlamlı tawlarda, ashshı kóllerdiń batıqlarında kóp ushırasadı. Hár túrli mineral duzlardıń qorları boyınsha dúnyada Rossiya, AQSh, Qıtay, Hindstan, Boliviya, Belarussiya, Avstraliya sıyaqlı mámleketler jetekshilik etedi. Almazdıń úlken qorlarına iye bolǵan mámleketler bolsa Rossiya, Avstraliya, Botsvana, QAR, Kongo Demokratiyalıq Respublikası, Kanada Angola hám basqalar.

Tábiyiy mineral resurslarınıń usı waqıtqa shekem, tiykarınan, ekonimikalıq-texnikalıq jaqtan qolay jaylasıw hám sharayatqa iye kánlerin ózlestirip keldi. Jańa mineral kánlerin izlew jumısları sońǵı waqıtlarda, tiykarınan, Rossiyanıń arqa hám shıǵıs aymaqları, AQShtıń batıs tawlı bólimi hám Alyaska, Kanadanıń arqası, Qubla Amerika, Avstraliya, Afrikanıń az ózlestirilgen shólistanlıq, tawlı hám toǵaylı úlkelerinde jedel alıp barılmaqta. Biraq, jetip barıw qıyın bolǵan aymaqlardan qazıp alınatuǵın mineral shiyki zattıń ózine túser bahası birqansha qımbat bahalı bolıp esaplanadı. Sonlıqtan, adamzattıń mineral resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw boyınsha eń áhmiyetli wazıypalarınan biri bul tábiyiy baylıqların únemlep jumsaw jolların tabıwdan ibarat.

1. Qaysı mineral resurslar eń kóp qollanıladı?
2. Neft hám tábiyiy gaz qorlarınıń tiykarǵı bólimi qaysı aymaqlarǵa tuwra keledi?
3. Mineral resurslardıń janılǵı-energetika, rudalı hám rudalı emes túrlerine bay bolǵan mámleketlerdi anıqlań.



http://eduportal.uz

## 6-§. Tawsılmaytuǵın hám tiklenetuǵın tábiyiy resurslar geografiyası

*Agroklimatlıq resurslar, jer resursları, suw resursları, biologiyalıq resurslar, geotermal resurslar.*

**Agroklimatlıq resurslar.** Aymaqlardıń hár túrli egin jetistiriwi klimatqa baylanıslı. Awıl xojalıǵı tarmaqlarınıń rawajlanıwına tásir kórsetiwshi klimat *agroklimatlıq resurslar* delinedi. Eń áhmiyetli agroklimatlıq kórsetkishler nátiyjeli temperaturalar (+10° C dan joqarı) jıllıq jıyındısı hám de ıǵallanıw koefficienti (jawınlar muǵdarınıń puwlanıwǵa qatnası) bolıp esaplanadı.

Hawa temperaturası ekvatordan polyarlıq keńliklerge qaray tómenlep baratuǵını belgili. Ekvator átirapında nátiyjeli temperaturanıń jıllıq jıyındısı 8000° C dan joqarı bolsa, arktika hám subarktika klimat poyaslarında ol 400° C ǵa da jetpeydi. Sonlıqtan, tropikalıq, subekvatoriallıq hám ekvatoriallıq klimat poyaslarında ıssılıqtı jaqsı kóretuǵın eginlerdi jetistirip, jıl dawamında eki-úsh mártebe ónim alıw imkaniyatı bar.

Diyqanshılıq ushın tábiyiy ıǵallıq faktorı da úlken áhmiyetke iye. Jıldıń ıssı waqtında da jawın-shashın jeterli járejede jawatuǵın aymaqlarda diyqanshılıqtı jasalma suwǵarıwsız rawajlandırıw múmkin hám bul jaǵday awıl xojalıǵında birqansha qarjınıń únemleniwine járdem beredi. Klimatı ıssı, biraq, qurǵaq bolǵan ishki kontinental úlkeler ushın bolsa tábiyiy ıǵallıqtıń azlıǵı esabınan suwǵarılatuǵın diyqanshılıq tán bolıp tabıladı. Jıllı musson klimatlı aymaqlarda jasalma suwǵarıw, tiykarınan, jıllı hám qurǵaq qısta qollanıladı.

**Jer resursları.** Jer adam ushın hár tárepten eń áhmiyetli tábiyiy resurs bolıp esaplanadı, sebebi, xalıqtıń kúndelikli turmıslıq mútájlikleri zatlarınıń derlik hámmesi jerden óndirip alınadı.

Házirgi waqıtta jáhán jer fondınıń ulıwma kólemi 13,4 mlrd. gektarǵa teń. Adamzat ushın eń úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye bolǵan awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın jerler jáhán ulıwma jer fondınıń 34 % in quraydı. Sonıń ishinde, islew beriletuǵın jerler úlesi 11 % ge, jaylawlardiki bolsa 23 % ke teń. Islew beriletuǵın jerler dúnyada jetistirilip atırǵan azıq-awqat ónimlerdiń 88 % in, jaylawlar

http://eduportal.uz

bolsa 10 % in jetkerip bermekte. Demek, jer resurslarınıń eń qımbat bahalı bólimi islew beriletuǵın (egin egiletuǵın) maydanlar. Jer fondı quramına, sonıń menen birge, toǵaylar (30 %), xalıq punktleri hám injenerlik qurılmaları menen bánt bolǵan texnogen jerler (3 %) hám de az paydalanılatuǵın yaki ónimsiz jerler (33 %) kiredi.

Diyqanshılıqta paydalanılatuǵın jerlerdiń eń úlken maydanları AQSH, Hindstan, Rossiya, Qıtay, Kanada, Braziliya, Qazaqstan hám Ukrainaǵa tuwra keledi. XX ásirde islew beriletuǵın maydanlar kólemi dúnya boyınsha eki ese keńeyttirildi. Tıń jerlerdi ózlestiriw, batpaqlı jerlerdi iske salıw, shólistanlıqarǵa suw shıǵarıw jolı menen egin maydanların keńeyttiriw jumısları, ásirese, AQSh, Kanada, Avstraliya, Rossiya, Qazaqstan, Qıtay, Braziliyada keń kólemde alıp barıldı.

Biraq, úlken qıyınshılıqlar esabınan ózlestirilgen jerler áste-aqırın isten shıǵıp barmaqta. Eń dáslep, topıraq juwılıwı, yaǵnıy *eroziya* procesi hár jılı awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın 6—7 mln. gektar jerden ayırmaqta. Jerlerdiń batpaqlanıwı hám shorlanıwı aqıbetinde jáne 1—1,5 mln. gektar egin maydanları isten shıqpaqta. Qala hám awıllardıń keńeyiwi, sanaat hám transport qurılıslarınıń jıldan-jılǵa ósip barıwı da egin maydalanıwlarınıń qısqarıwına alıp kelmekte.

**Suw resursları.** Jer sharındaǵı bar suwdıń tiykarǵı bólimi dúnya okeanı hám teńizlerinde toplanǵan. Dushshı suw resursları bolsa gidrosfera ulıwma kóleminiń tek, 2,5 % in quraydı. Biraq, onıń tiykarǵı bólimi jer sharınıń shetki, paydalanıw qıyın bolǵan Antarktida, Afrika hám de biyik tawlardaǵı qar hám muzlıqlarda toplanǵan.



**2-súwret.** Dúnyadaǵı eń iri suw saqlaǵashlarınan biri — Karuna dáryasındaǵı Guri suw saqlaǵıshı (Venesuela).

Adamzattıń dushshı suwǵa bolǵan talabın qanaatlandıratuǵın tiykarǵı derek dáriyalar bolıp, olardaǵı suwdıń ulıwma muǵdarı tek 47 mıń km$^3$ bolıp tabıladı. Ekvatorval hám ortasha klimat poyaslarında dárya hám kólleri kóp bolıp, bul aymaqlar dushshı suw resurslarına birqansha bay. Dushshı suw menen eń jaqsı támiyinlengen mámleketler qatarına Braziliya, Rossiya, Kanada, AQSh, Indoneziya, Venesuela, Peru, Myanma, Tájikstan hám

basqalar kiredi. Qurǵaqlıqtıń úlken bólimin iyelegen qurǵaqlıq aymaqlarda bolsa suw resurslarınıń kólemi tábiyiy halatta az. Boz jerlerde diyqanshılıq, tiykarınan, jasalma suwǵarıw arqalı alıp barıladı.

Dáryalardıń suwınnan nátiyjelirek paydalanıw ushın suw saqlaǵıshları qurılǵan (2-súwret). Házir jáhánde qurılǵan suw saqlaǵıshlarınıń sanı 40 mıńnan saıp ketti. Iri suw saqlaǵıshlarınıń sanı boyınsha AQSH, Qıtay, Hindstan Braziliya hám Rossiya ayrıqsha ajıralıp turadı.

**Biologiyalıq resurslar** dep, qurǵaqlıq hám Dúnya okeanındaǵı ósimlik hám haywanat baylıqlarına aytıladı. Ásirese, toǵay resurslarınıń xojalıq hám ekologiyalıq áhmiyeti júdá úlken. Jáhánde toǵaylar 40 mln. km$^2$ (4mlrd. gektar) tı, yaki pútkil qurǵaqlıqtıń 30 % ge jaqının quraydı. Biraq, toǵaylardıń aǵash materialların tayarlaw maqsetinde kesiliwi, yaǵnıy ózlestiriw, hár túrli sanaat qurılıslarınıń kóbeyiwi toǵaylardıń azayıwına alıp kelmekte.





**3-súwret.** Iyne japıraqlı tayga toǵayları (shep tárepte) hám keń japıraqlı tropikalıq toǵaylar (ońda).

Dúnyada keńlik boylap úlken aralıqqa sozılǵan eki — Arqa hám Qubla toǵay poyasları bar (3-súwret). Arqa toǵay poyası ortasha hám bir bólimi subtropikalıq klimatlı aymaqlar boylap jaylasqan. Bul poyas toǵaylarınıń áhmiyetli ózgesheligi, olarda, tiykarınan, tik ósetuǵın sapalı, iyne japıraqlı aǵashlardıń ósiwi bolıp tabıladı. Bunday toǵaylarǵa Rossiya, Kanada, AQSH, Finlandiya mámleketleri bay.

Qubla toǵay poyası, tropikalıq hám ekvatoriallıq klimat poyasları boylap jaylasqan. Tropikalıq toǵaylarda keń japıraqlı aǵashlar qalıń, aralas hám kóp yaruslı bolıp ósedi. Bul toǵaylar qımbat bahalı aǵashlarǵa birqansha bay. Qubla toǵay poyasında Braziliya, Peru,

http://eduportal.uz



**4-súwret.** Islandiyadaǵı geotermal elektr stanciyalarınan biri.

Kolumbiya, Venesuela, Kongo Demokratiyalıq Respublikası, Hindstan, Myanma, Indoneziya sıyaqlı mámleketler eń úlken toǵaylı maydanlarǵa iye.

**Geotermal resurslar.** Áhmiyetli dástúrlik emes energiya deregi Jerdiń ishki energiyası, geotermal resurslar bolıp esaplanadı. Geotermal energiyaǵa, ásirese, ısı tábiyiy puw hám suw tektonikalıq jarıqlar arqalı Jerdiń betine shıǵıp turatuǵın aymaqlar júdá bay. Ádette, bunday aymaqlar tektonikalıq háreketler jedel dawam etip atırǵan, klimatı ıǵallıǵı kóp bolǵan poyslar boylap jaylasqan. Islandiya, Yaponiya, Jańa Zelandiya, Filippin, Papua-Jańa Gvineya, Italiya, Meksika, AQShtıń batıs shtatları, Rossiyanıń shıǵıs aymaqları geotermal resurslarǵa bay (4-súwret).



1. Agroklimatlıq resurslar, tiykarınan, qanday kórsetkishler menen belgilenedi?
2. Suw resursları menen támiyinleniw qanday faktorlarǵa baylanıslı?
3. Jer resurslarınıń kóbeyiwi hám azayıwına alıp keletuǵın processlerdi túsindiriń.

## 7-§. Zamanagóy ekologiyalıq mashqalalar



*Tábiyattan paydalanıw, global, regional hám lokal ekologiyalıq mashqalalar, «ıssıxana nátiyjesi», «ozon tesigi», suwsızlıq, toǵaysızlanıw, dushshı suw resursları, ekologiyalıq siyasat.*

Jámiyet pútkil tariyxı dawamında tábiyiy ortalıq penen tıǵız baylanıslı túrde rawajlanıp barǵan. Tábiyiy resurslardan paydalanıw, olardı qorǵaw hám qayta tiklew menen baylanıslı xızmet tarawı *tábiyattan paydalanıw* dep ataladı. Tábiyattan paydalanıw *aqılǵa muwapıq* hám *aqılǵa muwapıq emes* tárizde ámelge asırıladı. Tábiyattan aqılǵa muwapıq paydalanılǵanda, tábiyiy baylıqlar normasında paydalanıp, olardı qorǵaw hám qayta tiklewge, átirap tábiyiy ortalıqtıń salamat jaǵdayın saqlawǵa kerekli dárejede itibar beriledi. Eger jámiyettiń



http://eduportal.uz

xojalıq xızmeti nátiyjesinde tábiyiy tábiyiy ortalıq hám onıń resursları jaǵdayı unamsız tárepke ózgerip barsa, tábiyattan paydalanıw aqılǵa muwapıq emes bolıp esaplanadı. Tábiyattan aqılǵa muwapıq emes paydalanılǵanda, landshaftlardaǵı teń salmaqlıq buzıladı hám de hár túrli kólem hám kórinistegi ekologiyalıq mashqalalar júzege keledi.

**Ekologiyalıq mashqala** tábiyattan aqılǵa muwapıq emes paydalanıw nátiyjesinde tábiyiy ortalıq sapasınıń tómenlewi bolıp tabıladı. Ekologiyalıq mashqalalar aymaqlıq kólemi jaǵınan 3 basqıshqa bólinedi:

—global (planetalıq);

—regional (poyaslıq, regionlıq);

—lokal (jergilikli).

*Global* ekologiyalıq mashqalalar pútkil geografiyalıq qabıqtıń jaǵdayına tásir kórsetedi hám olardı sheshiw boyınsha jáhándegi barlıq mámleketlerdiń háreketlerin birlestiriw kerek. *Regional* ekologiyalıq mashqalalardıń aqıbetleri bir yaki birneshe qońsı mámleketler aymaǵında seziledi. *Lokal* ekologiyalıq mashqalalar bolsa kishi kólemdegi aymaqlar ortalıǵında júz beredi. Tómende házirgi dáwirdiń global ekologiyalıq mashqalalarınan maǵlıwmatlar keltirilgen.

*«Íssıxana nátiyjesi» mashqalası*. Atmosfera elektr energetika, metallurgiya, ximiya hám basqa sanaat tarmaqları, transport quralları, keńsilikke kosmoslıq kemelerin ushırıw hám de órtler sebepli kúshli pataslanbaqta. Hár jılı milliardlap tonna qattı, gaz tárizli, aerozol shıǵındılar atmosferaǵa shıǵarıp jiberilmekte. Atmosfera quramında, ásirese, iyis gazi (CO), karbonat angidrid ($CO^2$) kúkirt oksidleri ($SO^2$, $SO^3$), azot dioksidi (NO) salmaǵınıń artıp barıwı úlken ekologiyalıq mashqalalardı keltirip shıǵarmaqta. Atmosferadaǵı bul gazler muǵdarınıń artıwı nátiyjesinde Quyashtıń ısıtıw rejimi buzıla basladı. Joqarıda sanap ótilgen gaz tárizli zatlardıń atmosferadaǵı bólekesheleri jer betine kelip atırǵan nurlanıwdı ótkerip, onnan qaytatuǵın ıssılıq radiaciyasın atmosferanıń tómengi qatlamlarınan joqarıǵa jaqsı ótkermeydi. Bul process atmosfera tómengi qatlamınıń ortasha jıllıq temperaturası áste-aqırın kóteriliwine, global klimat sharayatınıń ózgeriwine alıp kelmekte. Bul jaǵday, planetamız polyusleri hám biyik tawlardaǵı kóp jıllıq muzlıqlar maydanınıń qısqarıwına alıp kelmekte.

Bul mashqalanı joq etiw ushın jáhándegi barlıq mámleketler «ıssıxana» gazleriniń atmosferaǵa shıǵarılıwın kemeytiwleri kerek.



http://eduportal.uz



**5-súwret.** Antarktidanıń ústinde ozon qatlamı juqalanıwınıń sxemalıq kórinisi.

Yaponiyanıń Kioto qalasında 1997-jılı birneshe rawajlanǵan hám de ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler arnawlı shártnama («Kioto protokolı»)sına qol qoyıp, bul boyınsha anıq minnetlemelerdi ózleriniń juwapkershiligine alǵan.

*Ozon qatlamınıń jemiriliwi mashqalası.* Atmosferanıń pataslanıwı adamzat aldına jáne bir qıyın mashqalanı qoymaqta. Keyingi jılları hawaǵa ftor-xlorlı birikpeler (freonlar)diń kóp shıǵarıwı nátiyjesinde jerdegi tirishiliktiń qalqanı esaplanǵan ozon qatlamınıń juqalasıwı baqlanbaqta. «Ozon tesigi» dáslep Qubla Amerikanıń Antarktidaǵa tutas aymaqların, sońǵı jılları Evraziyanıń arqasında da baqlanbaqta (5-súwret).

Kanadanıń Monreal qalasında 1987-jılı birneshe mámleketler freon gazlerin islep shıǵarıwǵa hám olardan paydalanıwdı sheklewler haqqındaǵı xalıqaralıq pitimge qol qoyǵan. Búgingi kúnge kelip, bul pitimge jáhándegi kópshilik mámleketler qosılǵan. Qánigelerdiń pikirinshe, eger Monreal pitimi qatań túrde orınlanatuǵın bolsa, ozon qatlamınıń normadaǵı qalıńlıǵı 2050-jılǵa kelip qayta tiklenedi.

*Suwsızlanıw mashqalası.* Suwsızlanıw dep, shólistanlıq qásiyeti tán bolǵan aymaqlar maydanınıń keńeyip barıwı procesine aytıladı. Onıń tiykarǵı sebepleri aǵash, terek hám putalıqlardıń kesiliwi, sharwamallarınıń tártipsiz baǵılıwı, suw resurslarınan aqılǵa muwapıq emes paydalanıwı bolıp esaplanadı. Suwsızlıq onlap mámleketlerdegi eń ónimdar jerlerdi iyelemekte. Suwsızlanıw, ásirese, Afrika, Qubla-batıs, Oraylıq hám Qubla Aziya mámleketlerine úlken qáwip-qáter tuwdırmaqta. Qurǵaqlıq ulıwma maydanınıń 40 % bóliminde suwsızlanıw baqlanbaqta. Jer betinde 2 milliard adamnan artıq xalıq jasaydı.

1994-jılı BMSH suwsızlıqqa qarsı gúresiw haqqındaǵı Xalıqaralıq konvenciyanı qabılladı. 1995-jıldan baslap hár jılı 17-iyunde Pútkil jáhán suwsızlanıw hám qurǵaqshılıqqa qarsı gúresiw kúni belgilenedi. 2010—2020-jıllar aralıǵı BMSH tárepinen «Shólistanlıqlar hám suwsızlıqqa qarsı gúresiwge baǵıshlanǵan on jıllıq» dep járiyalanǵan.

*Toǵaysızlanıw mashqalası.* Adamzat pútkil tariyxı dawamında toǵaylardı kesip, olardıń maydanınıń qısqarıwına sebepshi bolǵan. Bul jaǵday kóp aymaqlar, sonıń ishinde, Oraylıq Aziyanıń tábiyiy sharayatın sezilerli tárizde ózgertip jiberdi. Biraq, keskin túrde toǵay procesi aqırǵı 100 jıl dawamında júz bermekte. Ásirese, ekvatoriallıq poyastaǵı toǵaylar hám de qurǵaq klimatlı tawlı aymaqlardaǵı toǵaylar maydanınıń qısqarıwı geografiyalıq qabıqtaǵı tábiyiy teńsalmaqlıq ushın ayrıqsha qáwip salmaqta. Bul mashqalaǵa qarsı gúresiwdiń tiykarǵı jolları toǵaylardıń kesiliwin sheklew hám de olardı jasalma túrde kóbeytiw menen baylanıslı. Buǵan dúnya júzi boyınsha unamlı mısallar bar. Mısalı, Ullı Britaniyada aqırǵı 50—60 jılda toǵaylardıń maydanı 3 ese kóbeygen. Yaponiyada toǵaylardıń kesiliwi qatań sheklengenligi sebepli elege shekem mámleket aymaǵınıń 2/3 bólimi toǵay landshaftları menen bánt. Birlesken Arab Ámirliklerinde aqırǵı jıllardıń ózinde birneshe million aǵash nálleri shólistanlıqqa egilgen. Ózbekstanda da jaqın jıllarǵa mólsherlengen Aral teńiziniń qurıǵan túbin toǵaylastırıw jumıslarınıń keń kólemli rejeleri dúzilgen hám basqıshpa-basqısh ámelge asırılmaqta.

*Dushshı suw jetispewshiligi mashqalası.* Adamzattıń dushshı suwǵa bolǵan talabın qanaatlandıratuǵın tiykarǵı derek dáryalar bolıp, olardıń úlken bólimi xalıq birqansha siyrek jasaytuǵın suwıq hám ekvatorial klimatlı aymaqlar boylap aǵadı.

Qurǵaqlıqtıń 1/3 bóliminen kóbiregin iyeleytuǵın qurǵaq klimatlı aymaqlarda suw jetispewshiligi bar. Arqa hám Qubla Afrika, Qubla hám Qubla-batıs Aziya mámleketleri, sonday-aq, Ózbekstan, Túrkmenstan, Qazaqstan sıyaqlı Oraylıq Aziya mámleketlerinde bul mashqala birqansha áhmiyetli global bolıp esaplanadı.

Házirgi waqıtta Persiya qoltıǵı, Jer Orta teńiz boyı mámleketleri, Qazaqstan, AQSh, Yaponiya, Karib teńizi ataw mámleketlerinde teńiz suwın dushshılandırıw jumısları keńeyip barmaqta.

**Ekologiyalıq siyasat** — ilimiy usınıslardı esapqa alıp, tábiyiy ortalıqtı qorǵaw hám onı salamatlastırıwǵa, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıp bayıtıwǵa qaratılǵan háreketler kompleksi. Bunday siyasat milliy, regional hám global ortalıqta alıp barıladı hám ózinde tábiyattı qorǵawdıń huqıqıy tiykarların jaratıw hám olarǵa ámel etedi.

AQSh, Yaponiya, Evropa hám ǴMDA mámleketleri, ayırım rawajlanıp atırǵan mámleketler qıyın ekologiyalıq jaǵdaydı salamatlastıratuǵın normativ-huqıqıy hújjetlerdi qabıllap, ámelde qollana basladı.

Kóp mámleketlerde ekologiyanı salamatlastırıwǵa sistemalı gúresip atırǵan siyasiy háreket hám partiyalar aktiv jumıs alıp barmaqta.

Áhmiyetli tárepi sonda, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám ekologiyanı salamatlastırıw mashqalaların sheshiwde BMSH hám onıń kóplegen bólimleri aktiv jumıs alıp barmaqta. BMSH nıń qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw baǵdarlaması (YUNEP) bar. Bul xalıqaralıq shólkemniń bas basqarması Keniya paytaxtı Nayrobi qalasında jaylasqan.

1. Ekologiyalıq mashqalalar degen ne? Olardı keltirip shıǵarıwshı tiykarǵı sebep neden ibarat?
2. Global ekologiyalıq mashqalalardıń regional hám lokal basqıshtaǵı ekologiyalıq mashqalalardan ayırmashılıǵın túsindiriń.
3. «Íssıxana nátiyjesi» ekologiyalıq mashqalası sebeplerin túsindiriń.
4. Ekologiyalıq siyasat degende ne túsiniledi?




# 3-BAP. JÁHÁNNIŃ XALQÍ

## 8-§. Jáhán xalqınıń sanı, ósiwi hám jaylasıwı

*Xalıq sanı, xalıq sanınıń ósiwi, xalıq qayta qurılıwı, tábiyiy ósiw, xalqınıń aymaqlıq jaylasıwı, xalqınıń tıǵızlıǵı.*

Jáhán xalqınıń sanı, 2018-jıl maǵlıwmatlarına muwapıq, 7 mlrd. 620 mln. adamnan artıq bolıp tabıladı. Planetamız xalqı bul muǵdarlıq jeńiske jetkenliginiń ózine tán tariyxı bar.

Ilimiy derekler maǵlıwmatlarına qaraǵanda, adamlardıń eń áyyemgi sanalı wákilleri — *Homo sapiens* — bunnan shama menen 50 mıń jıllar aldın payda bolgan. Arqa-shıǵıs hám Shıǵıs Afrika, Qubla Evropa hám de Aldınǵı Aziya dáslepki adamlar payda bolǵan hám olar tárepinen birinshi bolıp ózlestirilgen aymaqlar bolıp esaplanadı. Keyin áyyemgi adamlardıń hár túrli regionlarǵa (poyaslarǵa) qaray

http://eduportal.uz

júriwi — dáslepki migraciyalar nátiyjesinde ol jerler xalıq tárepinen ózlestirile baslaǵan. Uzaq dáwirler dawamında adamzattıń tiykarǵı bólimi Evropa, Aziya hám Afrika materiklerinde jasaǵan edi. Ullı geografiyalıq ashılıwlar kóp sanlı xalıqtıń jańa tabılǵan jerlerge kóship ótiwine sebepshi boldı hám onıń nátiyjesinde materikler arasında xalıq sanınıń qayta bólistiriliwi payda boldı.

Materiallıq hám sanitar-gigienalıq shárt-sharayatlardıń awırlıǵı, tez-tez tákirarlanıp turǵan asharshılıq, kesellikler epidemiyaları tásirinde uzaq tariyxıy dáwirler dawamında dúnya júzi xalqınıń ólim dárejesi joqarı, tábiyiy kóbeyiw dárejesi bolsa tómen bolǵan.

XIX ásirde Evropa hám Amerikada júz bergen sanaat revolyuciyası, medicinalıq xızmettiń rawajlanıwı nátiyjesinde bul materiklerdegi xalıqtıń ortasha ómir kóriwi hám tábiyiy kóbeyiw dárejesi arttı.




**6-súwret.** Dúnya júzi regionları xalqınıń sanınıń dinamikası

Dúnya júzi xalqı sanı XX ásirde 1,6 mlrd. adamnan 6,1 mlrd. adamǵa jetip, onıń eń joqarı pátleri 1960-jıllardan keyingi dáwirlerge tuwra keledi. Bul jaǵday Ekinshi Jáhán urısınan keyingi dáwirlerde Aziya, Afrika hám Okeaniya mámleketleriniń siyasiy ǵárezsizlikke erisiwi, olarǵa BMSH tárepinen adamgershilik járdemleriniń beriliwi nátiyjesinde xalıq arasında ólim dárejesiniń tómenlewi hám de xalqı sanınıń tez pátlerde ósiwi esabınan payda bolǵan. Nátiyjede, 1960—1980-jılları jáhánde «demografiyalıq jarılıw» (*ólim dárejesi tómenlewi sebepli xalqı sanınıń kóbeyiwi*) procesi júz berdi (6-súwret).

Sońǵı jılları xalıqtanıw ilimpazlar «demografiyalıq jarılıw»ǵa baylanıslı derlik aqırına jetip baratırǵan process sıpatında baha berip atırǵan bolsa-da, Afrika hám Aziyanıń bir qatar mámleketlerinde xalıqtıń jıllıq tábiyiy kóbeyiw dárejesi ele de joqarı dárejede baqlanbaqta. Sonıń menen birge jáhánniń rawajlanǵan mámleketlerinde tábiyiy kóbeyiwdiń keri jaǵdayı — **demografiyalıq krizis** yamasa **depopulyaciya** (tuwılıwdıń ólimge salıstırǵanda tómenligi) júz bermekte. Bul jaǵdaydı házirgi kúnde Evropanıń hár túrli mámleketlerinde (máselen, Germaniya, Ukraina, Serbiya hám t.b.) baqlaw múmkin.

*4-keste*

**Tuwılıw, ólim hám tábiyiy kóbeyiw koefficientleri (1000 adamǵa salıstırǵanda, 2018-jılǵı maǵlıwmatlar)**

| Aymaq | Tuwılıw koeffi-cienti | Ólim koeffi-cienti | Tábiyiy ósiw koeffi-cienti | Náresteler ólimi ko-efficienti (hár 1000 nárestege salıstırǵanda) | Ortasha ómir dáwiri | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | er adamlar | hayallar |
| Jáhán | 19 | 7 | 12 | 31 | 70 | 74 |
| Afrika | 35 | 9 | 26 | 50 | 61 | 64 |
| Amerika | 15 | 7 | 8 | 13 | 74 | 80 |
| Aziya | 17 | 7 | 10 | 26 | 71 | 74 |
| Evropa | 10 | 11 | -1 | 4 | 75 | 82 |
| Avstraliya hám Okeaniya | 17 | 7 | 10 | 21 | 76 | 80 |

Regionlar xalqı sanınıń dáwirlik ózgeriwi birinshi gezekte onda júz berip atırǵan tuwılıw hám ólim kórsetkishleri qatnası tiykarında qáliplesiwshi tábiyiy kóbeyiw dárejesi menen baylanıslı. 4-keste maǵlıwmatlarınan hár túrli materiklerde xalıqtıń qayta qurılıwınıń muǵdarlıq kórsetkishleri hár túrli ekenligi kórinip turıptı. Afrikada xalıqtıń tábiyiy ósiw koefficienti jáhán arasında kórsetkishlerinen joqarı, qalǵan materiklerde bolsa bul kórsetkish tómenirek dárejege iye.

Mámleketlerde xalıqtıń tábiyiy ósiwi joqarı dárejede saqlanıwına social-ekonomikalıq hám mádeniy faktorlar úlken tásir kórsetedi.



http://eduportal.uz

Qalalasıw procesi, hayallardıń maǵlıwmatlıq hám miynette bántlik dárejesiniń joqarılıǵı, turmıs dárejesiniń joqarılawı hám adamlardıń materiallıq talaplarınıń keńeyiwi jáhánniń bir qatar mámleketlerinde tuwılıw hám xalıqtıń tábiyiy ósiw koefficientiniń tómen bolıwına tásir kórsetpekte (7-súwret).

Bir jasqa shekemgi náresteler ólimi hám ortasha ómir kóriw dárejesi kórsetkishleri hám mámleketlerdiń ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı, medicinalıq xızmettiń rawajlanıwı, xalıqtıń turmıs dárejesi menen tıǵız baylanıslı bolıp tabıladı.




**7-súwret.** Jáhán xalqınıń tábiyiy ósiwi.

Jáhán xalqı aymaqlıq jaǵınan tegis emes tarqalǵan. Bunda tábiyiy, tariyxıy, social-ekonomikalıq faktorlardıń tásiri úlken. Tegislik, dárya hám de teńiz boyı aymaqlarında xalıqtıń tıǵızlıǵı dárejesiniń joqarılıǵı tábiyiy sharayat faktorı (máselen, Gang dáryası oypatlıǵı, Kanto tegisligi), Jer orta teńiz boyı, Mesopotamiya aymaqlarında bunday jaǵdaydıń qáliplesiwi olardıń ózlestiriliw dáwiri menen baylanıslı. Ekonomikalıq rawajlanǵan mámleketler hám hár túrli óndiris oraylarında xalıq sanınıń ósiwinde social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesiniń áhmiyeti úlken. Xalıq sanı kóp bolǵan regionlarda tıǵızlıǵı da joqarı boladı.

Jáhán xalqınıń ortasha tıǵızlıǵı 1 km$^2$qa 50 adamnan artıq bolmaqta. Aziya xalqı tıǵızlıǵı dárejesi eń joqarı bolǵan materik esaplanıp,

onıń shıǵıs, qubla hám qubla-shıǵıs bólimlerinde xalıqtıń tıǵızlıǵı joqarı. Amerika, Avstraliya hám Okeaniya materikleriniń evropalılar tárepinen dáslep ózlestirilgen bólimlerinde xalqınıń tıǵızlıǵı joqarı. Mongoliya, Namibiya, Avstraliya, Kanada, Qazaqstan mámleketleri jáhán xalqınıń tıǵızlıǵı kórsetkishi eń tómen bolǵan mámleketleri qatarına kiredi. Bul jaǵday qolaysız tábiyiy sharayatqa baylanıslı.

1. Nege uzaq tariyxıy waqıt dawamında jer júzinde xalıq sanı derlik ózgermedi?
2. Ullı geografiyalıq ashılıwlar jáhán xalqınıń regionlar boylap bólistiriliwine qanday tásir kórsetti?
3. Qosımshadaǵı keste maǵlıwmatları tiykarında Evropa, Aziya, Afrika, Amerika, Avstraliya hám Okeaniyanıń xalqınıń sanına qaray bes aldıńǵı mámleketlerin anıqlań hám dápterińizde dizimin dúziń.
4. Jáhán xalqınıń aymaqlıq jaylasıwına qanday faktorlar úlken tásir kórsetedi?

## 9-§. Jáhán xalqınıń jınıslıq, jas, rasalıq quramı

*Er adamlar, hayallar, balalar, úlken jastaǵılar, jası úlkenler (kekseler), rasa, evropeoid, mongoloid, negroid, avstroloid, metis, mulat, sambo.*

Xalıqtıń tábiyiy ósiw pátleri xalıqtıń jas-jınıs quramına tásir kórsetedi. Xalıqtıń jas quramına baylanıslı balalar (0—14 jas), miynet jasındaǵılar (15—64 jas) kekseler (65 jas hám onnan joqarı) toparlarǵa ajıratıladı. Jas toparları arasındaǵı qatnas ótken tariyxıy dáwirler dawamında ózgerip kelgen. Jáhán xalqı jas quramında kekseler salmaǵı júdá tómen bolıp, XX ásirge kelip jıldan jılǵa usı topar wákilleri úlesi arta basladı. Buǵan, birinshi gezekte, medicinalıq xızmettiń rawajlanıwı, xalıqtıń turmıs dárejesiniń ósiwi sebep boldı. Házirgi dáwirde jáhán regionları xalqınıń jas quramı hár túrli (8-súwret).

Tábiyiy ósiw joqarı bolǵan Afrika hám Aziya xalqı jas quramında balalar salmaǵı qarıyalardikine salıstırǵanda birqansha joqarılıǵı kózge taslansa, demografiyalıq krizis baqlanıp atırǵan Evropa mámleketlerinde bul jaǵdaydıń kerisine gúwa bolıw múmkin. Balalar salmaǵınıń joqarılıǵı menen Niger (50 %), Mali (48 %), Uganda (48 %) sıyaqlı Afrika mámleketleri ajıralıp turadı. Bul boyınsha eń tómen

kórsetkishler bolsa Yaponiya (12 %), Germaniya (13 %), Italiya (13 %), Greciya (14 %) mámleketlerinde belgilengen.




**8-súwret.** Jáhán regionları xalqınıń jas quramı (%, 2018-j).

*Xalıqtıń jınısıy quramına* itibar qaratsaq, jáhánde hayallar hám eradamlar salmaǵı derlik teń, biraq, hayallar hám de er adamlar salmaǵı joqarıraq bolǵan mámleketler bar. Jáhán xalqınıń jınıslıq quramında er adamlar salmaǵı 50,5 %, hayallardiki bolsa 49,5 % ke teń (2018-j.). Afrika, Qubla Amerika, Avstraliya hám Okeaniya materiklerinde jınıslar salmaǵı teń, Evropa hám Arqa Amerika mámleketlerinde hayallar salmaǵı birqansha artıq. Aziya materigi mámleketlerinde, ásirese, Shıǵıs, Qubla hám Qubla-batıs Aziyada er adamlar salmaǵı hayallardikine qaraǵanda joqarı. Buǵan usı regionlarda hayallar sociallıq dárejesiniń tómenligi sebep bolıp tabıladı. Persiya qoltıǵı regionındaǵı arab mámleketlerinde bolsa er adamlardıń ústinligine jumısshı kúshiniń sırtqı migraciyası da tásir kórsetedi.

Xalıqtıń jası hám jınıslıq quramın analizlewde *jas-jınıs piramidasınan* paydalanıladı. Rawajlanǵan mámleketlerde xalıq arasında jıldan-jılǵa tábiyiy ósiw dárejesiniń tómenlewi aqıbetinde balalar salmaǵı azayıp, orta hám kekse jastaǵılar salmaǵı artıp barmaqta. Rawajlanıp

atırǵan mámleketlerde tábiyiy ósiwdiń joqarılıǵı jas-jınıs piramidası tómengi bóliminiń salmaǵı joqarılıǵınsha qalmaqta. Bul mámleketlerde er adamlar salmaǵınıń artıqlıǵı da kózge taslanadı. (9-súwret).




**9-súwret.** Jáhánniń hár túrli mámleketlerinde (I-rawajlanǵan, II-rawajlanıp atırǵan) jas-jınıs piramidası.

*Adamlardıń rasaları* adam organizminiń áyyemgi dáwirlerinde tábiyiy ortalıq, ásirese, klimat sharayatına iykemlesiwi sebepli payda bolıp, sırtqı kórinis belgileri menen ajıralıp turadı. Jáhán xalqınıń úlken bólimi tórt tiykarǵı rasaǵa (evropeoid, mongoloid, negroid hám avstraloid), qalǵan bólimi bolsa aralıq hám aralas rasalarǵa tiyisli.

Ashıq túsli teri, tolqın tárizli yaki tegis, jumsaq shash, tiykarınan, aspan kók reń kóz, qır murın, juqa hám ortasha eringe iye bolǵan evropeoid rasası wákilleri Evropa, Amerika, Avstraliya hám Okeaniya xalqınıń tiykarǵı bólimin quraydı. Sonday-aq, Aziyanıń qubla, qubla-batıs, oraylıq, Afrikanıń arqa bólimlerinde de kóp sanlı evropeooidler jasaydı. Joqarıda sanap ótilgen rasalıq belgiler, tiykarınan, arqa aymaqlarda jasawshı evropeoidlerge tán bolıp, qublaǵa barǵan sayın jasaw ortalıǵı menen baylanıslı tárizde dene, shash hám kóz reńleriniń toyǵın kórinisleri kórine baslaydı. Adamzattıń 40 % ten artıǵı usı rasa wákilleri úlesine tuwra keledi.

Mongoloid rasası wákilleri qońır reń túsli teri, tegis, qattı toyǵın túsli shash, kóziniń toyǵın túsli kórinisleri, qır yaki ortasha negizgi murın, kóz ústi qabaǵınıń ajıralıp turıwı, jelke bóliminiń keńeygenligi

http://eduportal.uz

menen ajıralıp turadı. Mongoloidlar, tiykarınan, Aziya kontinentinde keń tarqalǵan. Amerikanıń tiykarǵı xalqı esaplanatuǵın Amerika aymaqları hám eskimoslar da usı rasaǵa tiyisli (10-súwret).



*Evropeoid rasası*



*Mongoloid rasası*



*Negroid rasası*

**10-súwret.** Jáhán regionları xalqınıń jas quramı (%, 2018-j.).

Negroid rasası wákilleri, Afrika hám de Amerika materikleri mámleketlerinde jasaydı. Qara reńli teri, qattı, tegis, buyra qara reńli shash, kóziniń toyǵın reńli kórinisleri, jaǵınıń ajıralıp shıqqanlıǵı, jalpaq murın, qalıń erin olarǵa tán tiykarǵı belgiler. Afrika bul rasa wákilleriniń negizgi ana watanı esaplanıp, olardıń úlken bólimi Ullı geografiyalıq ashılıwlar dáwirinde Amerikanıń hár túrli regionlarına májbúriy túrde qul etip alıp keltirilgen.

Avstraloid rasası uzaq dáwir dawamında negroid rasasınıń bir kórinisi sıpatında bahalanıp kelgen. Biraq, sońǵı jıllardaǵı izertlewler olardıń kelip shıǵıwı negroidlar menen baylanıslı emesligin kórsetpekte. Toyǵın reńli teri, jalpaq murın, qalıń erinlerge iye bul rasa wákilleri, Avstraliya hám Okeaniya aymaqlarında tarqalǵan. Avstraliya aborigenleri, papuaslar, melaneziyalılar usı rasa wákilleri bolıp sanaladı.

Tiykarǵı rasalar negizinde birneshe aralıq hám aralas rasalar qáliplesken. Aralıq rasalarına efiop, ural, pomir-farǵana (Oraylıq Aziya mámleketleri, atap aytqanda, Ózbekstanda keń tarqalǵan) sıyaqlılar mısal bola aladı. Amerika materigi xalqınıń rasalıq quramında metis, mulat, sambo aralas rasa wákilleri joqarı salmaqqa iye.

http://eduportal.uz

1. Xalqınıń jas quramına tábiyiy ósiw qalay tásir kórsetedi?
2. Ne ushın rawajlanǵan mámleketlerde balalar salmaǵı qarıyalarǵa salıstırǵanda tómen?
3. Evropeoid rasası wákilleriniń jáhán boylap keń tarqalǵanlıǵına sebep ne?
4. Amerikada aralas rasalar qáliplesiwiniń sebebi ne?

## 10-§. Jáhán xalqınıń etnikalıq hám diniy quramı

*Etnos, qáwim, elat, millet, til shańaraǵı hám toparları, xalıqaralıq sóylesiw tilleri, din, ápiwayı din, jergilikli din, buddizm, xristianlıq, islam dini.*

*Xalıqtıń etnikalıq quramı* aymaqlarda jasawshı etnoslar (grekshe *etnos* — «xalıq») salmaǵı. *Etnoslar* adamlardıń tariyxıy jaqtan qáliplesken, jasaw aymaǵı, mádeniyatı, turmıs tárizi menen óz ara ayırılıwshı jámiyetlik toparlar. Olardıń qáwim, elat hám de millet kórinisleri bar.

*Qáwim* adamlarınıń eń áyyemgi ápiwayı jámiyetlik uyımları bolıp esaplanadı. Olar házirgi kúnde, tiykarınan, Amazoniya, Okeaniya, Afrikanıń oraylıq aymaqlarında saqlanıp qalǵan. Elat bolsa qáwim hám millet arasındaǵı etnikalıq birlik bolıp, az sanlı etnoslardan ibarat bolıp tabıladı. Elatlar, tiykarınan, Aziya hám Afrika mámleketlerinde bar.

Birden-bir tili, aymaǵı, mádeniyatı, mentaliteti hám milliy ózligin ańlaw ózgeshelikleri joqarı dárejede qáliplesken, óziniń siyasiy mámleketshilik dástúrlerine iye iri etnoslar millet dep ataladı. Dúnya milletleri arasında wákilleriniń sanı 100 mln. adamnan artıq 12 (5-keste), 50—100 mln. adam 12, 25—50 mln. adam 17 millet bar.

Jáhán mámleketleri milliy quramlıq ózgesheligine qaray, bir milletli (mısalı, Yaponiya, Islandiya, Norvegiya), bir millettiń basqalarına salıstırǵanda úlken salmaqqa iye bolǵan (mısalı, AQSh, Franciya, Turkiya), eki milletli (mısalı, Kanada, Belgiya), kelip shıǵıwı bir-birine jaqın milletlerden ibarat (mısalı, Awǵanstan, Pakistan), kóp milletli (mısalı, Hindstan, Indoneziya) mámleketler toparlarına ajıratıladı.

Etnos mádeniyatınıń ózegi til bolıp esaplanadı. Jáhándegi etnoslar tilleriniń uqsaslıǵı hám tuwısqanlıǵınan kelip shıǵıp, 20 dan artıq *til shańaraq*lıqlarına birlestiriledi. Olardıń arasında hind-evropa til shańaraǵına tiyisli xalıqlar sanına qaray jetekshilik etedi. Jáhán



http://eduportal.uz

xalqınıń derlik 1/2 bólimi usı shańaraq quramına kiriwshi tillerde sóylesedi. Ózbekler altay tiller shańarağınıń túrkiy toparına tiyisli millet bolıp esaplanadı.

*5-keste*

**Wákilleriniń sanı 100 mln. adamnan zıyat bolǵan milletler (2018-j.).**

| № | Milletler | Ulıwma sanı, adam |
|---|---|---|
| 1 | Xanlar (qıtaylılar) | 1 mlrd. 310 mln. |
| 2 | Hindler | 280 mln. |
| 3 | Bengallar | 235 mln. |
| 4 | Amerikalılar | 200 mln. |
| 5 | Braziliyalılar | 175 mln. |
| 6 | Ruslar | 150 mln. |
| 7 | Yaponlar | 130 mln. |
| 8 | Meksikalılar | 147 mln. |
| 9 | Nemecler | 140 mln. |
| 10 | Panjoblılar | 110-120 mln. |
| 11 | Bixarlar | 115 mln. |
| 12 | Yavalılar | 105 mln. |

Dúnyada sóylesiwshiler sanı 100 mln. adamnan asqan 11 til bolıp, qıtay (1 mlrd. 310 mln. adam), inglis (420 mln. adam), hind (350 mln. adam), ispan (335 mln. adam), rus (250 mln. adam) tilleri olar arasında jetekshilik etedi. Qıtay, inglis, ispan, francuz, arab hám rus tilleri BMSH xızmetinde qollanılatuǵın rásimiy tiller bolıp esaplanadı.

*Xalıqtıń diniy quramı.* Dinler ápiwayı (primitiv), jergilikli hám dúnyalıq dinlerge bólinedi. Diniy isenimniń eń ápiwayı kórinisi bolǵan primitiv dinler házirde, tiykarınan, qáwimler arasında saqlanıp qalǵan. Totemizm, animizm, fetishizm sıyaqlı kórinisleri bar.

Jergilikli dinler (*bir yaki birneshe tuwısqan milletler arasında tarqalǵan dinler*), tiykarınan, bir mámleket yaki region aylanasında tarqalǵan. Jergilikli dinler arasında induizm dini iseniwshiler sanına qaray aldıńǵı qatarda. Sikxizm, konfuciylik, iudaizm (evreylik), cintoizm dinleri de jergilikli dinler qatarına kiredi (6-keste).



http://eduportal.uz

*6-keste*

**Jergilikli dinlerdiń tarqalıw regionları**

| № | Jergilikli dinler | Iseniwshilerdiń tiykarǵı bólimi tarqalǵan regionlar |
|---|---|---|
| 1 | Induizm | Hindstan, Nepal, Shri-Lanka |
| 2 | Sikxizm | Hindstan (Panjab shtatı) |
| 3 | Konfuciylik | Qıtay |
| 4 | Sintoizm | Yaponiya |
| 5 | Iudaizm (evreylik) | Izrayl, AQSH |

Jáhánniń birqansha mámleketlerinde tarqalǵan, iseniwshiler sanı kóp bolǵan úsh dúnyalıq din bar. Bular buddizm, xristianlıq, islam dinleri bolıp tabıladı. Iseniwshiler sanına qaray (2 mlrd. 400 mln. adamnan artıq) katoliklik, protestanlıq hám pravoslavlıq mázheblerine ayırılatuǵın xristianlıq jetekshilik etedi. Bul din wákilleri jáhánniń barlıq regionlarında tarqalǵan.

*7-keste*

**Dúnyajúzilik dinlerdiń tarqalıw regionları**

| № | Dúnyajúzilik dinler | Iseniwshilerdiń tiykarǵı bólimi tarqalǵan regionlar |
|---|---|---|
| 1 | Buddizm | Shıǵıs hám Qubla-shıǵıs Aziya |
| **2** | Xristianlıq | Evropa, Arqa Aziya, Amerika, Avstraliya, Tropikalıq Afrika |
| **3** | sonnan: katolik | Batıs hám Qubla Evropa, Qubla Amerika, Tropikalıq Afrika |
| **4** | protestanlıq | Arqa Evropa, Arqa Amerika, Avstraliya |
| **5** | pravoslav | Shıǵıs hám Qubla Evropa, Arqa Aziya |
| **6** | Islam | Qubla-batıs, Qubla, Qubla-shıǵıs hám Oraylıq Aziya, Arqa Afrika |
| **7** | sonnan: sunniyler | Kópshilik musılman mámleketleri |
| **8** | shialar | Iran, Azerbayjan, Irak, Baxrayn |

http://eduportal.uz

Payda bolıw dáwirine qaray dúnyalıq dinler arasında eń jası esaplanǵan islam dini 1 mlrd 600 mln. nan artıq iseniwshilerine iye. 50 mámleket ushın mámleket dini esaplanǵan islam dini, tiykarınan, Arqa Afrika, Qubla-batıs, Oraylıq, Qubla, Qubla-shıǵıs Aziya aymaqlarında keń tarqalǵan. Onıń sunniylik hám shialıq mázhebleri bar.

Shıǵıs hám Qubla-shıǵıs Aziyada (Qıtay, Yaponiya, Mongoliya hám basqalar) tiykarǵı isenim deregi bolǵan buddzim dini 700 mln. nan artıq iseniwshilerge iye. Onıń maxayana, xinayana, lamaizm sıyaqlı mázhebleri bar.

1. Ulıwma sanı 100 mln.nan asqan milletlerdiń aymaqlıq tarqalıw ózgesheliklerin anıqlań.
2. Dinler geografiyalıq tarqalıwında aymaqlıq ayırmashılıqlar kelip shıǵıwına qanday faktorlar tásir kórsetken?
3. Házirgi kúnde ápiwayı dinler saqlanıp qalǵan aymaqlardı kartadan kórsetiń.

## 11-§. Jáhán mámleketleriniń urbanizaciyası

*Qala, urbanizaciya procesi, millioner qalalar, aglomeraciya, megalopolis.*

Awıl hám qalalar xalqı punktleriniń eki tiykarǵı kórinisi bolıp esaplanadı. Qala dep xalqınıń tiykarǵı bólimi awıl xojalıǵınan basqa tarmaqlarda bánt bolǵan xalıq punktlerine aytılatuǵını belgili. Házirgi dáwirde qalalar hárbir mámlekettiń tiykarǵı óndiris, basqarıw, transport oraylarına aylanıp qalǵanlıǵı heshkimge sır emes. Házir qalalar xalıqtıń mádeniy dem alıwın támiyinlep beriwshi orınlar bolıp esaplanadı.

Óndiris tarawlarınıń rawajlanıwı, ásirese, sanaat revolyuciyasınıń júz beriwi, alıs, shetki aymaqlarǵa shekem jetip barıw imkanın beriwshi transport jollarınıń qurılıwı jáhánde qalalar sanınıń keskin artıwına alıp keldi. Qalaǵa tán turmıs tárizi bolsa kóplegen adamlardı ózine tartıp, olardı qalaǵa kóship keliwine iytermelemekte. Nátiyjede, jáhánde *urbanizaciya* procesi tez pátlerde rawajlanbaqta.

**Urbanizaciya** — (latınsha «urb» — «qala») — qalalar, qala xalqınıń sanı hám salmaǵınıń ósiwi, qalanıń turmıs tárizinin tarqalıw procesi.

http://eduportal.uz

Urbanizaciya dárejesi, ádette, jámi xalıqtıń quramında qala xalqınıń salmaǵı menen ólshenedi. Eger 1800-jılı Jer júzi xalqınıń 3 % i qalalarda jasaǵan bolsa, aradan júz jıl ótip, bul kórsetkish 14 % ke jetti. 2000-jılǵa kelip jáhánde urbanizaciya dárejesi 47 % ti quradı. 2018-jıl jaǵdayına muwapıq, dúnya boyınsha urbanizaciyanıń ortasha kórsetkishi 55 % ke teń boldı. Urbanizaciya dárejesi kórsetkishleri boyınsha jáhán mámleketlerin úsh toparǵa ajıratıw múmkin:

1. Qala xalqınıń úlesi 75 % den joqarı bolǵan joqarı dárejede urbanizaciyalasqan mámleketler (máselen, AQSH, Yaponiya, Belgiya hám b.);

2. Qala xalqınıń úlesi 50 % den 75 % ke shekem bolǵan ortasha dárejede urbanizaciyalasqan mámleketler (máselen, QAR, Peru, Qıtay hám b.);

3. Qala xalqınıń úlesi 50 % den az bolǵan tómen dárejede urbanizaciyalasqan mámleketler (máselen, Mısr, Bangladesh, Moldaviya hám b.).




**11-súwret. Jáhán regionlarında urbanizaciya dárejesiniń ózgeriwi (% esabında).**

Regionlar arasında eń joqarı urbanizaciya dárejesi Arqa Amerikaǵa tiyisli (82 %). Bul kórsetkish Latın Amerikasında 81 %, Evropada

74 %, Avstraliya hám Okeniyada 68 %, Aziyada 50 %, Afrikada 43 % ti quraydı (11-súwret). Jáhánniń barlıq regionlarında urbanizaciya dárejesi dáwirlik túrde ósip barmaqta. Evropa, Arqa Amerika, Avstraliya hám Okeaniya aymaqlarında bul kórsetkishtiń ózgeriwi salıstırmalı áste júz bermekte. Aziya hám Afrikada bolsa xalıqtıń tábiyiy ósiwi joqarılıǵı, awıllardan qalalarǵa jedel xalıq migraciyası tásirinde urbanizaciya dárejesi tez artıp barmaqta.

Biraq, rawajlanıp atırǵan mámleketlerde qala xalqı sanı artıwı *jalǵan urbanizaciya* kórinisinde de ótedi. Jalǵan urbanizaciya nátiyjesinde iri qalalar átirapında zárúrlik infradúzilme elementlerine iye bolmaǵan, awıllardan kóship kelgen xalıq tárepinen tártipsiz túrde qurılǵan orınlar qáliplesedi (12-súwret). Bunday orınlar maydanı, ásirese, Braziliya hám Hindstandaǵı iri qalalarda birqansha úlken.




**12-súwret.** Jalǵan urbanizaciya kórinisleri.

Urbanizaciya procesi nátiyjesinde tek qalalar hám qala xalqı sanı artıp emes, al qala orınları maydanı da keńeyiwi júz beredi. Nátiyjede, qala agromeraciyaları hám megalopolisler júzege keledi.

**Qala aglomeraciyası** — hár túrli úlkenliktegi qalalardıń administraciyalıq, óndiris, sociallıq baylanıslar nátiyjesinde birlesiwi bolıp esaplanadı. Bar aglomeraciyalar bir oraylı hám kóp oraylı bolıwı múmkin.

**Megalopolis** (*grekshe megalu — «úlken», polis — «qala»*) dep iri qalalar hám qala aglomeraciyalarınıń bir-birine qosılıp ketiwine aytıladı. Megalopolislerdi birqansha qala aglomeraciyalarınıń jıyındısı dep te atawǵa boladı. Házirgi waqıtta jáhánde 6 tolıq qáliplesken megalopolis bar (8-keste).

*8-keste*

**Jáhánde tolıq qáliplesken megalopolisler haqqında maǵlıwmat**

| № | Megalopolis | Jaylasqan mámleketi | Aglomeraciyalar sanı | Eń iri aglomeraciyası | Ulıwma uzınlıǵı, km |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Arqa-shıǵıs (Bosvash) | AQSH | 40 | Nyu-York | 800 |
| 2 | Kól boyı (Chipic) | AQSH | 35 | Chikago | 900 |
| 3 | Tınısh okean boyı (Sansan) | AQSH | 15 | Los-Anjeles | 800 |
| 4 | Inglis | Ullı Britaniya | 30 | London | 400 |
| 5 | Reyn | Niderlandiya, Germaniya, Belgiya, Franciya | 30 | Reyn-Rur | 500 |
| 6 | Yapon (Tokaydo) | Yaponiya | 20 | Tokio-Iokagama | 700 |

1. Urbanizaciya dárejesiniń XX ásirge kelip tez pátler menen ósiwine qanday faktorlar tásir kórsetken?
2. Urbanizaciya dárejesi kórsetkishlerine qarap tómendegi mámleketlerdi toparlań:
Marokko (62 %), Keniya (32 %), Kanada (81 %), Braziliya (86 %), Kuba (77 %), Shveciya (87 %), Franciya (80 %), Bolgariya (73 %), Ózbekstan (51 %), Turkiya (75 %), Indoneziya (54 %), Avstraliya Awqamı (86 %), Fiji (56 %), Tuvalu (62 %).
3. Rawajlanǵan hám rawajlanıp atırǵan mámleketler urbanizaciya procesi bir-birinen qanday tárepleri menen ajıraladı?

http://eduportal.uz

## 12-§. Ámeliy jumıs

1. Tómendegi mámleketler xalqı tıǵızlıǵın anıqlań:

a) Italiya — maydanı — 301,2 mıń km$^2$, xalqınıń ulıwma sanı — 60,6 mln.adam;

b) Nikaragua — maydanı — 129,4 mıń km$^2$, xalqınıń ulıwma sanı — 6,3 mln.adam;

c) Mongoliya — maydanı — 1,5 mln.km$^2$, xalqınıń ulıwma sanı — 3,2 mln. adam;

d) Kamerun — maydanı — 475,4 mıń km$^2$, xalqınıń ulıwma sanı — 25,6 mln. adam.

2. Tómendegi kesteni toltırıń:

| **Mámleketler** | **Jámi xalqı, mln.adam** | **Qala xalqı, mln.adam** | **Awıl xalqı, mln.adam** | **Urbanizaciya dárejesi, %** |
|---|---|---|---|---|
| Turkiya | 81,3 | 61 | ... | ... |
| Uganda | ... | 10,6 | ... | 24 |
| Shveciya | ... | 8,8 | 1,4 | ... |
| Panama | ... | ... | 1,3 | 69 |

3. Tómendegi ibadat orınları belgileri qaysı dinge tiyisli ekenligin anıqlań.



I



II



III

http://eduportal.uz



# 4-BAP. JÁHÁN XOJALÍǴÍ

## 13-§. Jáhán xojalıǵı hám xalıqaralıq miynet bólistiriliwi

*Jáhán xojalıǵı, xalıq aralıq miynet bólistiriliwi, qánigelesiw, jáhán ekonomikası tarmaqları, materiallıq óndiris tarmaqları, materiallıq emes óndiris tarmaqları.*

**Jáhán xojalıǵı (ekonomikası)** hár túrli kórinistegi sawda-ekonomikalıq baylanıslar menen óz ara baylanısqan barlıq mámleketlerdiń milliy ekonomikaları kompleksi bolıp esaplanadı.

Milliy xojalıqlar ulıwmalasqan jaǵayda jáhán xojalıǵı sıpatında xızmet kórsete baslaǵan dáwir XV—XVI ásirler, yaǵnıy Ullı geografiyalıq ashılıwlar dáwiri menen baylanıslı. Tap sol dáwirde qımbat bahalı metall hám taslar, kók-shóपler, qullar menen xalıqaralıq sawda tez rawajlanıp bardı.

Jáhán xojalıǵınıń rawajlanıwı óndiris tarmaqlarınıń rawajlanıwı menen baylanıslı. Jáhán ekonomikası ushın XVIII ásirge shekem bolǵan dáwirde awıl xojalıǵı jetekshi tarmaq bolǵanlıǵı bizge belgili. Sonıń menen birge, ónermentshilik tarawı da belgili dárejede rawajlanǵan edi.

Evropada júz bergen sanaat revolyuciyası sanaat óndirisiniń rawajlanıwı ushın sharayat jarattı. XVIII ásir aqırında J. Uatt tárepinen puw mashinasınıń oylap tabılıwı hár túrli ónimler islep shıǵarıwshı iri sanaat kárxanalarınıń iske túsiriliwine járdem berdi.

1960-jıllarǵa kelip óndiris tarmaqlarında avtomatlastırıw procesi baslandı. Bul jaǵday, óz náwbetinde, materiallıq emes óndiris tarmaqlarınıń rawajlanıwına sebepshi boldı. Nátiyjede, jáhán ekonomikasında xızmet kórsetiw tarmaqları úlken áhmiyetke iye bola basladı.

Jáhán xojalıǵınıń rawajlanıwında onıń tiykarǵı tarawları úlken áhmiyetke iye. Olar, ádette, úsh sektorǵa ajıratıladı. Awıl hám toǵay xojalıǵı, balıqshılıq, ańshılıq, sonıń menen birge, taw-kán sanaatı *birlemshi sektor* quramına kiredi. Bul sektor tarmaqları, tiykarı-

http://eduportal.uz

nan, sanaat tarmaqları ushın zárúr shiyki zattı tayarlap beriwge qánigelestirilgen. *Ekilemshi sektor* tarmaqları tayar ónim jaratıwǵa baǵdarlandırılǵan bolsa, xalıqqa xızmet kórsetiw *úshlemshi sektor*dıń tiykarǵı wazıypası bolıp esaplanadı (13-súwret).




**13-súwret.** Jáhán ekonomikasınıń quramlıq dúzilisi

Awıl xojalıǵı, sanaat hám xızmet kórsetiw tarmaqlarınıń ekonomikada tutqan ornına qaray mámleketlerdi hár túrli toparlarǵa ajıratıwǵa boladı. Házirde jáhán mámleketleri social-ekonomikalıq rawajlanıw jaǵdayına qaray agrar (ekonomikanıń tarmaq quramına awıl xojalıǵı salmaǵı joqarı), industrial (ekonomikanıń tarmaq quramında sanaat hám qurılıs tarawları salmaǵı joqarı) hám postindustrial (ekonomikanıń tarmaq quramında xızmet kórsetiw, ásirese, intellektual taraw tarmaqları salmaǵı joqarı) tiplerge ajıratıladı. Sonıń menen birge, ekonomikada awıl xojalıǵı hám sanaat salmaǵına qaray agrar-industrial yaki industrial-agrar mámleketler de ajıratıladı. Senegal agrar, Braziliya industrial, GFR postindustrial, Ózbekstan industrial-agrar, Kambodja agrar-industrial mámleketlerge mısal bola aladı.

Jáhán xojalıǵınıń birden-bir sisteması sıpatında rawajlanıwı xalıqaralıq miynetti bólistiriwine tayanadı. **Xalıqaralıq miynet bólistiriliwi** dep, ayırırm mámleketler xojalıǵınıń belgili ónimlerin islep shıǵarıwǵa qánigelesiwi hám bul ónimlerdi basqa mámleketler menen almastırıwına

aytıladı. Mámleketlerdiń xalıqaralıq miynet bólistiriwindegi ornına oladıń social-ekonomikalıq rawajlanıwı, ekonomikalıq geografiyalıq ornı ózgeshelikleri (ásirese, teńiz jollarına salıstırmalı jaylasıwı), tábiyiy resursları sıyaqlı faktorlar tásir kórsetedi.

Hárbir mámlekette xalıqaralıq qánigelesiw tarmaqları, yaǵnıy eksportqa ónim islep shıǵarıwshı tarmaqlar qáliplesedi. Máselen, Yaponiya Jáhándegi radioelektronika, robottexnikası ónimleri, avtomobil hám teńiz kemeleri eksportı boyınsha aldıńǵı qatarda bolsa, Saudiya Arabstanı, BAÁ, Kuveyt sıyaqlı mámleketler janılǵı shiykizatınıń tiykarǵı eksportyorları bolıp esaplanadı. Peru, Zambiya hám Kongo Demokratiyalıq Respublikası mıs rudası hám tazalanǵan mıstı, Burundı hám Uganda bolsa kofe shiyki zatın jáhán bazarına kóp muǵdarda alıp kiredi. Sol xalıqaralıq qánigelesiw mámleketlerdiń jáhán ekonomikasındaǵı ornın belgileydi.

1. Jáhán xojalıǵı degende ne túsiniledi?
2. Xalıqaralıq miynet bólistiriliwi degen ne?
3. Jáhán xojalıǵı qanday sektorlarǵa bólinedi?
4. Xalıqaralıq qánigelesiw tarmaǵı degende ne túsiniledi?

## 14-§. Jáhán ekonomikası orayları hám xalıqaralıq integraciya procesleri

*Jáhán ekonomikası orayları, kóp oraylıq, globallasıw, xalıqaralıq ekonomikalıq integraciya, transmilliy kompaniyalar.*

Jáhán xojalıǵı rawajlanıwınıń ondaǵı áhmiyetli ekonomikalıq oraylarınıń xızmeti menen baylanıslı. Óndiris, ilim-texnika hám finanslıq resursları úlken bolǵan, jáhán xojalıǵı hám siyasatında ayrıqsha orın iyelegen mámleketler *jáhán ekonomikasınıń tiykarǵı orayları* sıpatında tilge alınadı. Sonday oraylar jáhán xojalıǵı qáliplesiwi hám rawajlanıwına úlken tásir kórsetken.

XXI ásirdegi jáhán ekonomikası óziniń kólemine qaray global bolıp tabıladı, ol tolıq túrde bazar ekonomikası principleri, óndiristiń internacionallasıwına tiykarlanadı. Bul jaǵday bolsa jáhán ekonomikasında policentrikalıq — kóp oraylılıq jaǵdayınıń qáliplesiwine

http://eduportal.uz

alıp keldi. Házirgi kúnde Batıs Evropa, Arqa Amerika menen bir qatarda ǴMDA mámeleketleri, Qıtay, Yaponiya, Aziyanıń jańa sanaatlasqan mámleketleri, Persiya qoltığı mámleketleri, Hindstan, Braziliya, Meksika sıyaqlı ekonomikalıq oraylar hám jáhán ekonomikasında ózine tán orınǵa iye. 2017-jıl jaǵdayına qaray, Xalıqaralıq valyuta fondı maǵlıwmatları jáhán jalpı milliy ónim (JMÓ) niń 28 %i Arqa Amerika (25,8 %i AQSHqa tiyisli), derlik 15 %i Batıs Evropa, 16 %i Qıtay úlesine tuwra kelgenin kórsetti (14-súwret).




**14-súwret.** Jáhán jalpı milliy ónim (JMÓ) quramındaǵı iri ekonomikalıq oraylardıń salmaǵı (2017-j., %).

Jáhán mámleketleriniń ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy baylanıslar arqalı óz ara jaqınlasıwı, birden-bir málimleme ortalıǵında rawajlanıwın ańlatatuǵın *globallasıw* procesi barlıq regionlar hám de mámleketlerdiń xojalıǵınıń rawajlanıwına tásir kórsetedi. Globallasıw procesi ekonomikalıq integraciyanıń júzege keliwine alıp kelgen. **Xalıqaralıq ekonomikalıq integraciya** mámleketlerdiń óz ara bekkem baylanıslarǵa hám de milliy xojalıqlar aralıq miynet bólistiriliwine tiykarlanǵan ekonomikalıq birlesiw procesi bolıp tabıladı.

Integraciyalıq uyımlardıń regionlıq (mısalı, Evropa Awqamı), tarmaq (máselen, neft eksport etiwshi mámleketler shólkemi — OPEK) hám xalıqaralıq monopoliyalar kórinisindegi túrleri bar. Hárbir integraciyalıq uyım jáhán xojalıǵınıń rawajalnıwında úlken áhmiyetke iye.

Olar arasında xalıqaralıq monopoliyalardıń tiykarǵı kórinisi bolǵan transmilliy kompaniyalar ekonomikalıq imkaniyatları joqarılıǵı menen ajıralıp turadı. Eki hám onnan artıq mámlekette xızmet kórsetetuǵın kárxanalar hám de úlken muǵdarda shet el aktivlerge iye xalıqaralıq kompaniya *transmilliy kompaniya* bolıp esaplanadı. Házirgi kúnde jáhán ekonomikasında kóplegen TMKlar islep shıǵarıwdıń hár túrli tarawlarında xızmet kórsetedi.

Korporaciyalardıń bazar qunı, jıllıq dáramatı sıyaqlı kórsetkishleri olardıń jáhán reytingindegi ornın anıqlap beredi. Oǵan qaray, AQSH tıń kóp tarmaqlı «Wal-Mart Stores» kompaniyası, Niderlandiya hám Ullı Britaniyanıń «Royal Dutch Shell», Qıtaydıń «China Petroleum Chemical Corp. (Sinopec)» hám «China National Retroleum (Petro China)» kompaniyaları jáhánniń eń belgili TMK ları dep tán alınadı. Jáhánniń jetekshi 500 TMK larınıń úlken bólimi AQSH (128), Qıtay (106) hám Yaponiya (53) aymaǵında dizimnen ótkerilgen.

1. Jáhán xojalıǵı qáliplesiwi hám rawajlanıwında ekonomikalıq oraylar qanday áhmiyetke iye bolǵan?
2. XX ásirdiń ekinshi yarımında jáhán xojalıǵınıń rawajlanıwı neniń esabınan ámelge astı?
3. Zamanagóy jáhán ekonomikasınıń ózine tán tárepleri nede?

## 15-§. Ilim-texnika revolyuciyası hám óndiristiń rawajlanıwına innovaciyalıq texnologiyalardıń tásiri

*Ilim-texnika revolyuciyası, ilim, texnika hám texnologiya, óndiris, basqarıw, biotexnologiya, dúnya júzin ózlestiriw, nanotexnologiyalar.*

Jáhán xojalıǵı tarmaqlarınıń tez pátlerde rawajlanıwı, olardıń quramlıq jetilisiwine ilim-texnika revolyuciyası úlken tásir kórsetken. Ilim-texnika revolyuciysı (ITR) dep jámiyette ilimniń tiykarǵı óndiris kúshine aylanıwı nátiyjesinde óndiriste tiykarınan sapalıq ózgerislerge erisiw procesine aytıladı. 1950—1960-jılları jáhánniń jetekshi mámleketlerinde ilimge bolǵan itibardıń artıwı hám de ilimiy ashılıwlardıń tez waqıtta ámelde qollanılıwı nátiyjesinde óndiriste quramlıq ózgerisler júz berdi, jańa tarawları payda boldı.

http://eduportal.uz

Adam tárepinen jer júzin ózlestiriwge bolǵan háreketler, yadro energiyasın tınısh maqsetlerde ózlestiriw (AESlar qurılıwı), elektron esaplaw mashinaları — EEMlardıń payda bolıwı adamzat rawajlanıwındaǵı zárúr jańalıqlar bolıp, olar ilimniń óndiris penen tıǵız, úzliksiz baylanısqa kiriskenligin kórsetip berdi. Óziniń ózgesheligine qaray ITR kóp qırlı bolıp, óziniń quramlıq bólimleri esaplanǵan ilim, texnika, texnologiya, óndiris hám de basqarıwdaǵı úlken ózgerislerdiń júzege keliwine sebep boldı.

ITR tásirinde ilimde mámleket tárepinen ilimiy izertlew jumısları ushın sarplanatuǵın qarjılar kóbeytildi, bilimlendiriw sistemasında sapalı ózgerisler ámelge asırıldı. Ilim tarawları quramında jańa baǵdarlar rawajlandı (mısalı, biotexnologiya, nanotexnologiya). Óndiris penen ilim ortasındaǵı baylanıslardıń kúsheyiwi rawajlanǵan mámleketler tárepinen ilim-izertlew hám tájiriybe-konstruktorlıq jumıslarına úlken qárejetlerdiń baǵdarlanıwına (jiberiliwine) sebepshi boldı. Pútkil dúnyada islenetuǵın ilimiy izertlew jumıslarınıń 4/5 bólimi Yaponiya, AQSH, GFR hám basqa 10 rawajlanǵan mámleketke tuwra keledi. Bul mámleketlerde JMÓ niń 2—3 % i ilimge sarplanadı. Barlıq rawajlanıp atırǵan mámleketlerge bolsa dúnya júzi boyınsha ilimniń rawajlanıwına jiberiletuǵın qárejetlerdiń tek 4—5 % i tuwra keledi.

Texnika hám texnologiyalar tarawında jańa texnologiyalıq processlerdiń engiziliwi, EEM, robotlardan óndiriste keń paydalanılıwı, kvant texnikasınıń rawajlanıwı (lazerler) sıyaqlı ózgerisler nátiyjesinde óndiris nátiyjesi, miynet ónimdarlıǵı astı. Óndiristi avtomatlastırıw hám robotlastırıw procesleri adam miynetin jeńillestirdi. Házirgi dáwirde texnika hám texnologiyalar tarawında júz bergen jańalıqlar tásirinde miynet penen birge basqa resurslardı da tejewge úlken itibar qaratılmaqta. Sonıń menen birge, ekologiyalıq jaǵdaydı jaqsılaw ushın bir qatar ilajlar ámelge asırılmaqta. Mısalı Ullı Britaniya hám Italiyada polattıń 2/3 bólimi temir-tirsekten, Ullı Britaniya hám Yaponiyada qaǵazdıń 1/2 bólimi qaǵaz shıǵındılarınan alınadı.

Ilimiy jańalıqlar óndiris tarmaqları quramında jańa tarawlardıń payda bolıwına alıp keldi (máselen, ximiya sanaatınıń polimerler baǵdarı). Bunnan basqa, ITR sanaat tarmaqları arasında pútkilley jańa hám zamanagóy sanaat tarmaqlarınıń qáliplesiwine sharayat jarattı (máselen, mikrobiologiya sanaatı). Ózine túser bahası qımbat bolǵan

tábiyiy shiyki zat ornın basıwshı arzan jasalma ónimler (máselen, jasalma kauchuk) iyeley basladı.

Ekonomikanıń nátiyjeli rawajlanıwı basqarıw procesin qay tárizde qáliplestiriw hám shólkemlestiriw menen baylanıslı. ITR házirgi kúnde jumıs procesin shólkemlestiriw zárúr bólimlerge iye bolǵan jumıs basqarıwshılar (menejerler) tárepinen ámelge asırılıwın támiyinlep berdi.

Ilim-texnika revolyuciyasın mámleketlerdiń ekonomikasınıń rawajlanıwına tásirin bahalawda ilim bap tarawlar tárepinen islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kólemi itibarǵa alınadı. Elektrotexnika mashinasazlıǵı, mikroelektrotexnika, aviakosmoslıq sanaat sıyaqlılar usı topardaǵı ónimlerdi islep shıǵaradı. Ilim talap sanaat tarmaqlarında ónim islep shıǵarıw boyınsha AQSH, Yaponiya, Germaniya, Franciya, Ullı Britaniya, Koreya Respublikası sıyaqlı mámleketler jetekshilik etedi.

Ilim-texnika revolyuciyası turmıstıń barlıq tarawlarına óziniń tásirin kórsetti. Onıń tásirinde materiallıq óndiris penen bir qatarda xalıqqa xızmet kórsetiwshi materiallıq emes taraw da jáhán xojalıǵında óz ornına iye bola basladı. Bul jaǵday, óz náwbetinde, postindustrial dáwirdiń baslanıwına túrtki boldı.

1. Ilim-texnika revolyuciyası mánisin túsindirip beriń.
2. Ilim-texnika revolyuciyası jáhán xojalıǵı rawajlanıwına qanday tásir kórsetken?
3. Jáhán ekonomikasınıń ilim talap tarmaqların aytıp beriń.
4. Yadro energiyasın tınısh maqsetlerde ózlestiriw degende ne túsiniledi?

## 16-§. Jáhán energetikası geografiyası

*Janılǵı-energetika balansı, kómir sanaatı, gaz sanaatı, neft sanaatı, elektr energetika, ıssılıq energetikası, gidroenergetika, atom energetikası, dástúrlik emes energiya resursları.*

Sanaat tarmaqları arasında energetika ayrıqsha orın iyeleydi. Ol hár túrli janılǵı resurslardı (kómir, neft, tábiyiy gaz, torf, janıwshı slanec) qazıp alatuǵın hám qayta isleytuǵın, elektr energiyasın islep shıǵaratuǵın tarmaqlar kompleksi bolıp esaplanadı. Energetika sanaatınıń zárúr tarmaǵı bolıp, basqa tarawlardıń rawajlanıwı ushın tiykar jaratıp beredi.

http://eduportal.uz

Neft, kómir, gaz hám elektr energetika sanaatları, janılǵı-energetika kompleksiniń tiykarǵı tarmaqları bolıp esaplanadı.

*Neft sanaatı.* 2016-jıl maǵlıwmatlarına qaraǵanda, jáhánde 4,3 mlrd. t neft qazıp alınǵan bolıp, onıń tiykarǵı bólimi neft eksport etiwshi mámleketler shólkemi (OPEK) ne aǵza mámleketler úlesine tiyisli. OPEK mámleketleri (Birlesken Arab Ámirlikleri, Iran, Irak, Kuveyt, Saudiya Arabstanı, Angola, Gabon, Aljir, Ekvatorial Gvineya, Kongo, Liviya, Nigeriya, Venesuela, Ekvador) aymaǵında jáhán neft qorlarınıń 2/3 bólimi toplanǵan bolıp, jıllıq neft qazıwdıń 1/3 bólimi bul mámleketler úlesine tuwra keledi (15-súwret).



**15-súwret.** OPEK shólkemine aǵza mámleketler (2018-j).

Mámleketler arasında, 2016-jıl juwmaqlarına muwapıq, neft qazıp alıw boyınsha Saudiya Arabstanı (583 mln.t), Rossiya (548 mln.t), AQSH (537 mln.t), Kanada (220 mln.t) hám de Iran (200 mln.t) jetekshilik etedi. Bul mámleketler úlesine ulıwma qazıp alınǵan nefttiń 48,3 %i tuwra keledi. Saudiya Arabstanı, Rossiya, BAÁ, Kuveyt, Irak sıyaqlı mámleketler iri neft eksportyorları esaplansa, AQSH, Qıtay, Yaponiya, Evropa mámleketleri bolsa tiykarǵı neft satıp alıwshı mámleketler bolıp tabıladı.

*Gaz sanaatı* tábiyiy gaz qazıp shıǵarıw, qattı hám suyıq janılǵılardan jasalma gaz alıw, gazden ximiyalıq ónimler ajıratıwdı óz ishine

http://eduportal.uz



**16-súwret.** Suyılttırılǵan tábiyiy gazdi saqlawshı rezervuarlar.

aladı. Tábiyiy gaz janılǵı sıpatında basqa janılǵı túrlerinen birqansha abzallıqlarǵa iye bolıp tabıladı. Basqa janılǵı túrlerine salıstırǵanda tábiyiy gazdi qazıp alıw ańsatlıǵı hám arzanlıǵı, ıssılıq beriw quwatınıń joqarılıǵı, transportabelligi, neft hám kómirge salıstırǵanda ekologiyalıq jaǵınan tazalıǵı sıyaqlı jaǵdaylar gaz kánlerin izlew hám iske túsiriw jumıslarına úlken áhmiyet qaratılıwına sebepshi boldı.

Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, gazdiń ulıwma geologiyalıq qorı, shama menen, 180 trillion $m^3$ ti quraydı. Jıllıq qazıp alıw kólemi 3,6 trln. $m^3$ ǵa teń (2016-j). Gaz qazıp alıw boyınsha Aziya, Arqa Amerika, Evropa regionları jetekshi bolsa, mámleketler arasında bolsa AQSH (749 mlrd. $m^3$), Rossiya (641 mlrd.$m^3$), Iran (190 mlrd.$m^3$), Qatar (182,8 mlrd. $m^3$), Kanada (174 mlrd. $m^3$) sıyaqlılar aldında barmaqta.

Sońǵı jılları gaz eksportında suyılttırılǵan gaz benen sawda etiw úlken áhmiytke iye (16-súwret). Tábiyiy gaz suyıq halatqa ótkeriliwi procesinde ortasha esapta 600 mártege shekem qısıladı. Bul bolsa júdá úlken muǵdardaǵı gazdi tasıw imkanın beredi. Nátiyjede, arnawlı gaz tasıwshı tankerler járdeminde onı materikleraralıq eksport etiw imkaniyatı payda boldı. Jáhánniń 30 ǵa jaqın mámleketlerinde suyılttırılǵan gaz islep shıǵarıladı. Qatar, Avstraliya, Malayziya sıyaqlı mámleketler olardıń arasında jetekshilik etedi. Yaponiya, Koreya Respublikası, Qıtay sıyaqlı mámleketler suyılttırılǵan gazdiń tiykarǵı paydalanıwshıları bolıp tabıladı.

*Kómir sanaatı* janılǵı-energetika tarmaqları arasında eń birinshi qáliplesken tarmaq bolıp esaplanadı. Bul tarmaq kóp qárejet hám jumısshı kúshi talap etiwshi taraw bolıp esaplanıp, onıń ónimlerinen elektr energetika, qara metallurgiya hám ximiya sanaatlarında paydalanıladı. Házirgi waqıtta qazıp shıǵarılıp atırǵan kómirdiń tiykarǵı paydalanıwshısı ıssılıq elektr stanciyaları bolıp tabıladı. Qazıp shıǵarılıp

http://eduportal.uz

atırǵan kómir, tiykarınan, usı mámleketlerdiń ózinde paydalanıladı. Qazıp shıǵarılıp atırǵan kómirdiń tek 10 % i eksportqa shıǵarılmaqta.

Jáhán boyınsha derlik 7,3 mlrd.t kómir qazıp alınadı (2016-j). Qazıp alınǵan kómirdiń 75 % nen artıǵı Qıtay (3242 mln.t), Hindstan (708 mln.t) AQSH (672 mln.t), Avstraliya (503 mln.t), Indoneziya (460 mln.t) úlesine tuwra keledi.

*Elektr energetika sanaatı* elektr energiyasın islep shıǵarıw hám paydalanıwshılarǵa jetkerip beriwdi óz ishine aladı. Házirgi waqıtta jáhánde, shama menen, 25 trln. kv.s. elektr energiyası islep shıǵarılmaqta (2016-j). Qıtay (6,17 trln. kv.s), AQSH (4,4 trln. kv.s), Hindstan (1,4 trln. kv.s), Rossiya (1,1 trln. kv.s), Yaponiya (1,0 trln. kv.s) elektr energiyasın eń kóp islep shıǵarıwshı mámleketler bolıp esaplanadı.

Elektr energiyasın islep shıǵarıwda dástúrlik (ıssılıq, gidro hám atom elektr energetika tarmaqları) hám dástúrlik emes (quyash, samal, suw tolqını, geyzerlerden alınatuǵın energiya hám b.) energiya dereklerinen paydalanıladı. Joqarıda kórsetip ótilgen úsh túrdegi dástúrlik elektr energetika tarmaqları, shama menen, 99 % elektr energiyasın islep beredi. Absolyut energiya derekleriniń salmaǵı bolsa házirge shekem birqansha tómen (17-súwret).




**17-súwret.** Jáhán elektr energetika sanaatınıń tarmaqlar quramı (2017-j.).

*Jıllılıq elektr energetikası* elektr energetikanıń jetekshi tarmaǵı esaplanıp, janılǵını jaǵıw esabınan jıllı puw hám elektr energiyasın islep shıǵaradı. Niderlandiya, QAR, Polsha, Rumıniya, Meksika hám basqa mámleketlerde islep shıǵarılıp atırǵan elektr energiyasınıń tiykarǵı

bólimi sol JESlarǵa tuwra keledi. Tuoketuo (Qıtay), Surgut GRES-2 (Rossiya) jáhándegi eń iri JESları bolıp esaplanadı.

*Gidroelektr energetika* — suw aǵımınıń energiyası tiykarında elektr energiyasın islep shıǵarıwshı sanaat tarmaǵı. GESlar, tiykarınan, kóp suwlı hám tez aǵatuǵın taw dárya oypatlıqlarında qurıladı. Norvegiya, Braziliya, Albaniya, Kolumbiya sıyaqlı mámleketlerde elektr energiyasınıń tiykarǵı bólimi GESlarda islep shıǵarıladı. Ásirese, tawlı mámleketlerdiń elektr energetikasında GESlardıń áhmiyeti úlken. Qıtaydıń Yanczi dáryasında qurılǵan «Úsh dara» GES i jáhánniń eń iri GES i bolıp esaplanadı.

*Atom elektr energetikası* sanaatı elektr energetikanıń ilim-texnika revolyuciyası dáwirinde júzege kelgen, quramalı texnologiyalıq processlerdi ózinde jámlestirgen tarmaǵı bolıp tabıladı. Dúnyadaǵı birinshi AES Rossiya Federaciyasınıń Obninsk qalasında iske túsirilgen edi. Házirgi kúnde jáhánniń 30 dan artıq mámleketinde AESlar xızmet alıp barmaqta. Eń iri AESlar Yaponiya, AQSH, Franciya, GFR, Rossiya aymaǵında jaylasqan. Franciya, Belgiya, Koreya Respublikası sıyaqlı mámleketler AESlar tiykarında alınıwshı energiya muǵdarı joqarı bolǵan mámleketler arasında jetekshilik etedi.

Sońǵı jılları jáhán mámleketlerinde ekologiyalıq jaǵınan zıyansız energiya alıwshı absolyut dereklerge talap kúsheyip barmaqta. Quyash, samal, suw tolqını, geotermal energiya sıyaqlılar usılar qatarınan bolıp tabıladı. Geotermal energiyadan paydalanıw AQSH, Rossiya, Filippin, Italiya, Islandiya sıyaqlı mámleketlerde jolǵa qoyılǵan bolsa, Franciya, Kanada, Rossiya, Qıtay teńiz tolqınınan, Qıtay, Daniya, Niderlandiya, Germaniya, AQSH samaldan elektr energiyasın islep shıǵarıw boyınsha jetekshilik etpekte.

1. Tómende kórsetilip ótilgen mámleketler arasınan OPEK ge aǵza bolmaǵan úsh mámleketti anıqlań:
a) Qıtay; b) Nigeriya; c) Indoneziya; d) Kuveyt; e) BAA; f) Baxrayn.
2. Tekstte kórsetilgen tábiyiy gaz qazıp alıwshı tiykarǵı mámleketlerdiń jáhán ulıwma gaz qazıp alıw muǵdarındaǵı salmaǵın anıqlań.
3. Keleshekte jáhán janılǵı-energetika balansında qanday ózgrisler júz beriwi múmkin?

http://eduportal.uz

## 17-§. Jáhán metallurgiya hám ximiya sanaatı geografiyası

*Metallurgiya, qara metallurgiya, reńli metallurgiya, shoyın, polat, ximiya sanaatı.*

**Metallurgiya kompleksi** sanaattıń tayanısh tarmaqlarınan biri bolıp, rudalardı qazıp alıwshı, olardı bayıtıwshı, metall hám metall eritpelerine islew beriwshi taraw bolıp esaplanadı. Bul kompleks paydalanatuǵın shiyki zat hám islep shıǵaratuǵın ónimler ózgesheliklerine muwapıq eki ǵárezsiz tarmaqqa — qara hám reńli metallurgiyaǵa bólinedi.

1. **Qara metallurgiya**nıń tiykarǵı ónimleri bolǵan shoyın hám polattan hár túrli sanaat tarmaqları hám de qurılıs tarawında kóp paydalanıladı.

Usı sanaat tarmaǵında júdá úlken kólemdegi temir rudası hám kokslenetuǵın kómirden paydalanıladı. Sol sebepli dáslepki payıtlarda tarmaq kárxanaları, tiykarınan, iri temir rudası hám kómir kánlerine jaqın jaylastırılǵan. ITR dáwirinde tarmaqta jańa óndiris texnologiyasına ótiwi sebepli temir rudası hám kómirdi uzaq aralıqtan keltiriw imkaniytları keńeydi. Nátiyjede, Batıs Evropada, Yaponiya, AQSH tıń qara metallurgiya kárxanaları teńiz portları átiraplarında jaylastırıla basladı.

Jáhán qara metallurgiya sanaatında házirgi waqıtta shiyki zat resursların jetkerip beriwshi, tayar metall ónimlerin islep shıǵarıwshı hám olardı paydalanıwshı mámleketler toparları qáliplesken. Jáhánde qazıp alınatuǵın temir rudasınıń tiykarǵı bólimi Qıtay, Avstraliya, Braziliya, Hindstan hám Rossiya úlesine tuwra keledi (80 % den artıq). Aziya materigi mámleketleri qazıp alınatuǵın temir rudasınıń derlik 50 %in jetkerip beredi. Temir rudasın úlken muǵdarda import etiwshi mámleketler AQSH, Qıtay, Ullı Britaniya, Yaponiya, GFR, Koreya Respublikasi sıyaqlılar bolıp esaplanadı.

Tayar metall ónimlerin islep shıǵarıw procesinde Aziya mámleketleriniń anıq ústinligi sezilip turadı. Ásirese, Shıǵıs Aziya regionı mámleketleri bul tarawda aldıńǵı qatarda. Bul mámleketler úlesine islep shıǵarılǵan shoyınnıń 71 % i hám polattıń 60,3 % i tuwra keledi.

http://eduportal.uz

9-keste

**Qara metallurgiya sanaatınıń jetekshi mámleketleri (2016-jıl maǵlıwmatları)**

| № | Shoyın islep shıǵarıwshı jetekshi mámleketler | Muǵdarı, mln.t. | Polat quyıw boyınsha jetekshi mámleketler | Muǵdarı mln.t |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Qıtay | 701 | Qıtay | 808 |
| 2 | Yaponiya | 80,2 | Yaponiya | 105 |
| 3 | Hindstan | 63,7 | Hindstan | 95,5 |
| 4 | Rossiya | 51,9 | AQSH | 78,5 |
| 5 | Koreya Respublikası | 46,3 | Rossiya | 69,8 |
| | Jáhán boyınsha | 1165 | Jáhán boyınsha | 1628 |

2. **Reńli metallurgiya** tarmaq sıpatında quramalı ishki dúziliske iye. Ol óziniń quramına reńli metall rudaların qazıp alıw hám bayıtıw, taza metall hám hár túrli eritpeler alıw, ekilemshi shiyki zattı qayta islew sıyaqlı proceslerdi óz ishine aladı. Bul tarmaq 70 túrge jaqın reńli metallardı qayta islese de, olar arasında alyuminiy, mıs, qorǵasın, cink islep shıǵarıw tarmaqları áhmiyetli bolıp tabıladı. Reńli metallurgiya tarmaǵınıń islep shıǵarǵan ónimlerin hár túrli tarawlarda qollanıladı. Máselen, alyuminiy mashinasazlıq (avtosazlıq, elektrotexnika), qurılıs, transport hám de keń paydalanıw ushın arnalǵan kúndelikli xızmet etiw buyımların islep shıǵarıwda qollanılsa, mıstan elektr energetika, mashinasazlıq sıyaqlı sanaat tarmaqlarında paydalanıladı.

Jáhán reńli metallurgiyası rawajlanıwınıń birinshi basqıshında shiyki zat faktorı, jeńil metallar islep shıǵarıwǵa talaptıń artıwı menen (ekinshi basqısh) energiya faktorı sheshiwshi tásirge iye bola basladı. Sonıń menen birge, transport hám tutınıwshı faktorları da tarmaqtıń rawajlanıwında óz ornına iye.

Rawajlanıp atırǵan mámleketler reńli metallurgiyada shiyki zat resursların jetkerip beriwge, rawajlanǵan mámleketler bolsa tutınıwǵa (paydalanıwǵa) tayar reńli metallar islep shıǵarıwǵa qánigelesken. Máselen, reńli metallurgiyanıń áhmiyetli tarmaǵı esaplanǵan alyuminiy sanaatında Avstraliya, Qıtay, Braziliya, Indoneziya, Hindstan sıyaqlı mámleketler tiykarǵı shiyki zat — boksit jetkerip beriwshi



http://eduportal.uz

mámleketler bolıp tabıladı. Qıtay, Rossiya, Kanada, AQSH, BAÁ bolsa tazalanǵan alyuminiy islep shıǵarıw boyınsha jetekshilik etedi.

**Ximiya sanaatı** jáhán ekonomikasınıń eń áhmiyetli tarmaqlarınan biri. Ximiya sanaatı ónimlerinen ekonomikanıń barlıq tarmaqlarında hám xalıq kúndelikli turmısında keń paydalanıladı. Ximiya sanaatı tarmaqları aymaqlıq jaylasıwında shiyki zat (ximiya sanaatınıń barlıq tarmaqları), suw (ximiya sanaatınıń barlıq tarmaqları), energiya (neft-gaz ximiyası) faktorlarınıń áhmiyeti úlken.

Jáhán ximiya sanaatında tórt tiykarǵı region bólinip turadı: *Shıǵıs Aziya, AQSH, Batıs Evropa, ǴMDA mámleketleri.* Ximiyalıq ónimler islep shıǵarıw boyınsha kóp jaǵdaylarda bul aymaq mámleketleri jetekshilik etedi. Máselen, sulfat kislotasınıń tiykarǵı islep shıǵarıwshıları AQSH, Qıtay, Rossiya sıyaqlılar esaplansa, mineral tóginler islep shıǵarıwda Qıtay, AQSH, Hindstan sıyaqlılar ayrıqsha orınlarǵa iye. Farmacevtika sanaatınıń rawajlanıwı boyınsha AQSH, Germaniya, Franciya, Polsha, Qıtay hám Hindstan mámleketleri ajıralıp turadı.

1. Metallurgiya sanaatı kárxanalarınıń aymaqlıq jaylasıwına qanday faktorlar tásir kórsetedi?
2. Tómende kórsetilgen mámleketlerdiń qaysı biri ushın qara metallurgiya xalıqaralıq qánigelesiw tarawı bolıp esaplanadı?
1) Qıtay; 2) Hindstan; 3) Rossiya; 4) Zambiya; 5) Argentina; 6) Germaniya.
3. Qaysı regionlar jáhán ximiya sanaatınıń tiykarǵı orayları bolıp esaplanadı?

## 18-§. Jáhán mashinasazlıq hám jeńil sanatı geografiyası

*Mashinasazlıq sanaatı, kemesazlıq, avtomobilsazlıq, jeńil sanaat, toqımashılıq.*

**Mashinasazlıq** sanaatınıń tiykarǵı wazıypası ekonomikanıń barlıq tarawların mashina hám ásbap-úskeneler menen támiyinlewden ibarat. Mashinasazlıq kompleksi kárxanalarınıń aymaqlıq jaylasıwında bir qatar faktorlarınıń tásiri bar. Kóplegen tarmaqlarda bolǵanı sıyaqlı

http://eduportal.uz

miynet resursı faktorı kárxanalar jaylasıwında áhmiyetli bolıp esaplanadı. Bunnan basqa, ilim-texnika rawajlanıwı faktorı da kúshli tásirge iye bolıp, onıń nátiyjesinde tarmaq ishinde ónim islep shıǵarıw procesleriniń tezlesiwi, nátiyjeliliktiń artıwı hám ilimiy oraylar menen integraciyanıń kúsheyiwine alıp keldi.

ITR dáwirinde jáhán mashinasazlıǵı ilim talap tarmaqlardan birine aylandı. Nátiyjede, tarmaqtıń zamanagóy tarawları tez rawajlana basladı. Sonıń menen birge, transport (infradúzilmeniń rawajlanǵanlıǵı), tutınıw (talap hám tutınıw bazarı ózgeshelikleri) shiyki zat (awır mashinasazlıq kárxanalarınıń qara metallurgiya oraylarına jaqınlıǵı) faktorları tásiri hám mashinasazlıq kárxanalarınıń aymaqlıq jaylasıwında itibarǵa alındı.

Bul sanaat tarmaǵı metallǵa islew beriw tarawı menen birge óziniń quramına 200 den artıq óndiris tarmaqların jámleydi. Olar arasında kemesazlıq, avtomobilsazlıq, aviakosmoslıq, elektronika hám elektrotexnika sanaat tarmaqları ayrıqsha áhmiyetke iye. Kemesazlıq tarmaǵı ónimleri teńiz transportında xalıqaralıq júklerdi tasıwda úlken áhmiyetke iye bolıp, Yaponiya, Koreya Respublikası, Qıtay usı tarawdıń jeteksheleri bolıp esaplanadı.

Avtomobilsazlıq, mashinasazlıq sanaatınıń eń áhmiyetli tarmaǵı bolıp esaplanadı. Jáhánniń 30 ǵa jaqın mámleketlerinde avtomobiller islep shıǵarılıp, olar arasında Qıtay, Yaponiya, Germaniya, AQSH, Koreya Respublikası kibi mámleketler jetekshilik etedi. Rossiya, AQSH, Franciya, QXR, Yaponiya aviaraketa-kosmoslıq sanaatı rawajlanǵan mámleketler qatarınan orın aladı.

Rawajlanǵan mámleketlerde finanslıq, ilim-texnika imkaniyatlarınıń joqarılıǵı sebepli mashinasazlıq sanaatınıń iri óndiris kárxanaların tap sol mámleketler aymaǵında jaylasqan. Sonıń menen birge, usı aymaqlarda jáhánniń 4 iri mashinasazlıq oraylarıda qáliplesken. Olar arasında **Arqa Amerika** regionı barlıq mashinasazlıq tarmaqları rawajlanǵanlıǵı menen ajıralıp turadı. **Batıs Evropa** mámleketleri ǵalaba mashinasazlıq ónimlerin islep shıǵarıwǵa qánigelesken bolsa, **Shıǵıs hám Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketleri** dástúrlik mashinasazlıq ónimleri menen birge joqarı texnologiyaǵa tiykarlanǵan ilimtalap ónimlerin islep shıǵaradı (radio-telemexanika, kúndelikli xızmet

texnikası). **ǴMDA mámleketleri** mashinasazlıǵında awır hám orta mashinasazlıq úlken orın tutadı.

**Jeńil sanaat** xalıqtıń keń paydalanatuǵın ónimleri (gezleme, kiyim, ayaqkiyim hám basqalar) menen támiyinlewshi sanaat tarmaǵı bolıp esaplanadı. Usı tarmaq shiyki zat sıpatında, tiykarınan, awıl xojalıq ónimlerinen paydalanıladı. Shiyki zat, tutınıw, miynet resursları faktorları tarmaq rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye. Jeńil sanaatta eń jetekshi tarmaqlar toqımashılıq, tigiwshilik hám teri-ayaq kiyim tarmaqları bolıp esaplanadı.

Toqımashılıq sanaatı kóp miynet talap etiwshi tarmaq bolǵanlıǵı sebepli, sol waqıtta arzan ishshi kúshine bay rawajlanıp atırǵan mámleketlerde tez pátler menen rawajlanbaqta. Toqımashılıqta, tiykarınan, paxta, jún, jipek, zıǵır hám ximiyalıq (jasalma) talshıqlardan gezleme tayarlanadı. Sońǵı jılları bul sanaat ónimleri quramında sintetikalıq talshıqlı gezlemeler islep shıǵarıw kólemi artıp barmaqta.

Jáhán toqımashılıǵnda bes region qáliplesken: *Shıǵıs Aziya, Qubla Aziya, ǴMDA mámleketleri, Evropa hám AQSH*. Eger Aziya regionlarında paxta hám jipek talshıqlı gezlemeler úlken salmaqqa iye bolsa, Evropa hám AQSH da tiykarǵı orındı sintetikalıq talshıqlı hám trikotaj gezlemeler iyeleydi.

Tigiwshilik sanaatı házirgi kúnde jeńil sanaattıń eń qımbat túrdegi ónimler islep shıǵarıwshı tarmaqlarınan biri bolıp esaplanadı. Onda ózine tán «moda orayları» qáliplesken bolıp, olar Parij, London, Berlin hám Nyu-York qalaları bolıp tabıladı. Arzan ishshi kúshinen paydalanıw imkaniyatı bolǵanlıǵı sebepli tigiwshilik tarawı kárxanaları áste-aqırın rawajlanıp atırǵan mámleketlerge kóship ótpekte.

Teri-ayaq kiyim tarmaǵı terige islew beriw hám onnan hár túrli ónimler islep shıǵarıwǵa qánigelesken. Qıtay, Italiya, Hindstan, Ispaniya, AQSH, Franciya sıyaqlı mámlekeler usı tarmaqtıń jetekshi mámleketleri bolıp esaplanadı.

1. Mashinasazlıq sanaatınıń qanday tarmaqları ilim-texnika revolyuciyası dáwirinde rawajlandı?
2. Qaysı mámleketler avtomobil islep shıǵarıwda jetekshilik etedi?
3. Jeńil sanaattıń rawajlanıwında shiyki zat faktorı qanday áhmiyetke iye?
4. Rawajlanǵan mámleketler hám rawajlanıp atırǵan mámleketler jeńil sanaatı bir-birinen qay táreplerine qaray ajıraladı?

http://eduportal.uz

## 19-§. Jáhán diyqanshılıǵı geografiyası

*Awıl xojalıǵı, tovar hám tutınıw awıl xojalıǵı, dánli eginler, maylı eginler, tamır miyweli eginler, texnikalıq eginler.*

Awıl xojalıǵı adamzat tariyxında júdá zárúr áhmiyetke iye bolǵan óndiris tarmaǵı bolıp esaplanadı. Házirgi kúnde social-ekonomikalıq rawajlanıwda awıl xojalıǵınıń áhmiyeti birqansha tómenlegen bolıwına qaramay, jáhánniń kóp sanlı rawajlanıp atırǵan mámleketleri ushın ol tiykarǵı xalıqaralıq qánigelesiw tarawı bolıp qalmaqta. Jáhán boyınsha házirgi waqıtta, shama menen, 1,4 mlrd. adam awıl xojalıǵı tarawında bánt.

Awıl xojalıǵınıń tiykarǵı ózgesheliklerinen biri, onıń tábiyiy klimat sharayatı menen úzliksiz baylanıslı ekenligi bolıp tabıladı. Sol tábiyiy klimatlıq sharayatı kóp jaǵınan jáhán mámleketleri awıl xojalıq tarmaqlarına qánigelesiwin belgileydi. Sol sebepli, awıl xojalıq quramı hám tarmaqlarınıń aymaqlıq jaylasıw jaǵdayı hár túrli boladı. Usı tarmaqtıń rawajlanıwına tábiyiy klimat sharayatınan basqa, ekonomikalıq-sociallıq sharayat (awıl xojalıǵına kapital qoyılmalardı tartıw, texnikalıq qurallar menen támiyinlengenlik jaǵdayı) hám de xalıqtıń milliy-diniy quramı da úlken tásir kórsetedi.

*10-keste*

**Jáhán mámleketleri JIÓ de awıl xojalıǵınıń salmaǵı (2017-j., %)**

| JIÓ de awıl xojalıǵı salmaǵı joqarı bolǵan mámleketler | Awıl xojalıǵınıń JIÓ degi salmaǵı, % | JIÓ awıl xojalıǵı salmaǵı tómen bolǵan mámleketler | Awıl xojalıǵınıń JIÓ degi salmaǵı, % |
|---|---|---|---|
| Liberiya | 77 | Monako | 0 |
| Somali | 65 | Qatar | 0,1 |
| Gvineya-Bisau | 62 | San-Marino | 0,1 |
| Kongo DR | 55 | Kuveyt | 0,3 |
| MAR | 55 | Lyuksemburg | 0,4 |

Islep shıǵaratuǵın ónimler ózgesheliklerine qaray, awıl xojalıq tarmaqları eki toparǵa: *diyqanshılıq (zúráátlilik)* hám *sharwashılıqqa*

http://eduportal.uz

bólinedi. Sonday-aq, awıl xojalıǵında ónim islep shıǵarıw ózgesheligine qaray, eki túrge bólinedi. ***Birinshisi rawajlanǵan tovar awıl xojalıǵı*** bolıp, onda islep shıǵarılatuǵın ónimler bazar, birinshi náwbette, sırtqı bazar ushın arnalǵan boladı. Bunday xojalıqlar ishki intensiv shólkemlestirilgen zamanagóy diyqanshılıq hám sharwashılıq tarawları bolıwı múmkin. Tovar awıl xojalıǵı, tiykarınan, ekonomikalıq rawajlanǵan mámleketlerde keń rawajlanǵan. Ádette, olarda ITR jetiskenliklerinen ústin dárejede paydalanıwǵa erisilmekte.

**Ekinshisi, *ishki tutınıwı*** ushın ǵana ónim islep shıǵaratuǵın, ádette, az nátiyjeli awıl xojalıǵı bolıp tabıladı. Bunday xojalıqlar áyyemnen keń tarqalǵan bolǵanlıǵı sebepli **dástúrlik awıl xojalıǵı** da delinedi. Olarda jumıs, ádette, **ekstensiv** jol menen shólkemlestirilgen boladı. Házirgi waqıtta bunday qalaq diyqanshılıq xojalıqları jáhánniń kópshilik rawajlanıp atırǵan mámleketlerinde keń tarqalǵan. Oraylıq hám Shıǵıs Afrika, Qubla hám Qubla-shıǵıs Aziya mámleketlerinde ele de gúnde kibi ápiwayı jumıs quralları́nan paydalanıladı (18-súwret).

Dánli eginler jetistiriw diyqanshılıqtıń eń iri tarmaǵı bolıp tabıladı. Dánli eginler hár túrli birqansha kóp bolıp, olar jáhán egin maydanlarınıń yarımı (0,7 mlrd.ga)nda egiledi. Dánshilik quramında biyday, salı hám mákke, júweri jetistiriw tarawlarınıń salmaǵı úlken. Jáhán jalpı dán ónimleri hasılınıń 80 % i bul egin túrlerine tuwra keledi. Bunnan basqa, arpa, sulı sıyaqlı túrdegi dán ónimleri bar.



**Intensiv awıl xojalıǵı**



**Ekstensiv awıl xojalıǵı**

**18-súwret.** Jáhán mámleketlerinde awıl xojalıǵınıń rawajlanıw ayırmashılıqları

Biyday dánli eginler arasında eń kóp egiletuǵın egin túri bolıp esaplanadı. 2016-jıl maǵlıwmatlarına qaray, jáhánde 800 mln. t biyday jetistirilgen. Biyday jetistiriwde Qıtay (131,7 mln.t), Hindstan (86,9 mln.t), Rossiya (73,3 mln.t), AQSH (62,9 mln.t), Kanada (30,5 mln.t) jetekshilik etedi. Jáhán biyday hasılınıń derlik yarımı bul mámleketler úlesine tuwra keledi. Jáhánniń tiykarǵı biyday egiletuǵın aymaqları Arqa yarım shardıń orta keńlikleri (AQSH, Kanada, Rossiya, Ukraina, Qazaqstan, Qıtay) hám Qubla yarım shardıń orta keńlikleri (Avstraliya, Argentina, Braziliya) bolıp esaplanadı.

Jáhán dánli eginleri arasında jalpı hasılı da áhmiyetine qaray ekinshi orındı salı iyeleydi. Eger biyday kópshilik jaǵdaylarda dala regionları egini esaplansa, salı, tiykarınan, musson klimatlı aymaqlarda jetistiriledi. Qol miynetine tiykarlanǵan salıgershiliktiń rawajlanıwı tek agroklimatlıq sharayatqa emes, al kóp sanlı ishshi kúshine de baylanıslı. Usı faktorlar jámlengen Shıǵıs, Qubla-Shıǵıs hám Qubla Aziya jáhánniń tiykarǵı salıgershilik regionları bolıp esaplanadı. Qıtay, Hindstan, Indoneziya, Bangladesh, Vetnam sıyaqlı mámleketler salı jalpı hasılı boyınsha jáhánde aldıńǵı qatarda turadı.

Mákke jáhán dán hasılınıń 1/4 bólimin beriwshi egin túri bolıp esaplanadı. Onıń tarqalıw regionları derlik biyday egiletuǵın dánler menen birdey aymaqlarǵa tuwra keledi. AQSH, Braziliya, Meksika, Argentina, Qıtay jáhánniń eń kóp mákke jetistiriwshi mámleketleri bolıp esaplanadı. AQSH bul eginniń jáhán boyınsha ulıwma hasılınıń 25 % ten artıǵın támiyinleydi.

Xalıq tárepinen paydalanılatuǵın maydıń tiykarǵı bólimi soya, ayǵabaǵar, ǵoza, shigit, zaytun sıyaqlı eginlerden alınadı. Soya jetistiriwde — AQSH (jáhán soyasınıń yarımı), Braziliya, Qıtay; ǵoza jetistiriwde — Hindstan, Batıs Afrika mámleketleri; ayǵabaǵar jetistiriwde — Ukraina, Rossiya, Argentina; zaytun jetistiriwde — Italiya, Ispaniya sıyaqlı Jer Orta teńiz boyı mámleketleri ayrıqsha orın iyeleydi.

Tamır miywelerden kartoshka jetistiriwde Qıtay, Hindstan, Rossiya, Ukraina, AQSH jetekshi mámleketler bolıp esaplanadı. Qantlı eginlerden qant láblebisin jetistiriwde Rossiya, Franciya, AQSH; qant qamıs jetistiriwde Braziliya, Hindstan, Qıtay jetekshilik etedi.

Shay, kofe, kakao quwat beriwshi egin túrleri bolıp esaplanadı. Shay jalpı hasılı boyınsha Qıtay, Hindstan, Keniya, kofe hasılın



http://eduportal.uz

jetistiriw boyınsha Braziliya, Indoneziya, Vetnam kakao dánlerin jıynaw boyınsha Kot-d'Ivuar, Gana, Indoneziya aldıngı qatarda. Texnikalıq eginler arasında paxta úlken salmaqqa iye bolıp, Qıtay, AQSH, Hindstan, Pakistan, Braziliya, Ózbekstan eń kóp paxta jetistiretuǵın mámleketler bolıp esaplanadı. Tábiyiy kauchuk (geveya) jetistiriwde Tailand, Indoneziya, Malaziya, Hindstan, Qıtay mámleketleri úlken salmaqqa iye.

1. Aytıń, awıl xojalıǵı tarawı rawajlanıwında milliy-diniy faktor qanday áhmiyetke iye bolıwı múmkin?
2. Ekvatorial klimat regionına tán diyqanshılıq tarmaqların sanap beriń.
3. Tema tekstinen paydalanıp tómendegi kesteni toltırıń.

| № | Egin túri | Egin túrin jetistiriwshi aldıngı qatardaǵı mámleketler |
|---|---|---|
| 1 | Salı | |
| 2 | Ayǵabaǵar | |
| 3 | Shay | |
| 4 | Paxta | |
| 5 | Qant qamıs | |

## 20-§. Jáhán sharwashılıǵı hám balıqshılıǵı geografiyası

*Sharwashılıq, qaramal baǵıwshılıq, shoshqashılıq, qoyshılıq, balıqshılıq, qusshılıq, jabayı haywan baǵıwshılıq, túyeshilik.*

Sharwashılıq jáhán awıl xojalıǵınıń sharwa malların kóbeytiw menen shuǵıllanatuǵın tarmaǵı bolıp sanaladı. Sharwashılıq qaramalshılıq, qoyshılıq, eshkishilik, shoshqashılıq, jılqıshılıq, túyeshilik, qusshılıq, jabayı haywanlar baǵıwshılıq, pal hárreshilik, pilleshilik sıyaqlı tarmaqlarǵa bólinedi. Qaramalshılıq, qoyshılıq, shoshqashılıq hám qusshılıq sharwashılıqtıń eń úlken áhmiyetke iye tarmaqları bolıp esaplanadı.

Xalıqtıń paydalanıwındaǵı jámi góshtiń, shama menen, 30 % in, súttiń tiykarǵı bólimin qaramalshılıq jetkerip beredi. Ortasha regionnıń toǵay hám dala zonalarında intensiv, qurǵaq aymaqlarda bolsa kóshpeli

http://eduportal.uz

ekstensiv qaramalshılıq rawajlanǵan. Jáhánde qaramallardıń ulıwma sanı 1,3 mlrd. bastan artıq bolıp, olardıń sanına qaray Hindstan (298 mln. bas), Braziliya (220 mln. bas), Qıtay (108 mln. bas), AQSH (92 mln. bas) hám Pakistan (79,4 mln. bas) mámleketleri ajıralıp turadı (2016-j).

Qoyshılıq, tiykarınan, jáhánniń qurǵaq taw-jaylawları, dala hám yarım shól regionlarında rawajlanǵan sharwashılıq tarmaǵı bolıp esaplanadı. Mamıq hám yarım mamıq júnli qoyshılıq klimatı jumsaq, ıǵallı dala, yarım shólistanlıq regionlarında: teri hám gósh beriwhsi qoyshılıq, sonıń ishinde, qarakól qoyshılıǵı bolsa qurǵaq yarımshólistanlıq hám shólistanlıq regionlarında rawajlanǵan. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, jáhán boyınsha 1,1 mlrd. bastan artıq qoy bolıp, Qıtay (162 mln. bas) Avstraliya (67,5 mln. bas), Hindstan (63 mln. bas), Iran (42,5 mln. bas), Nigeriya (42 mln. bas) sıyaqlı mámleketler qoylardıń ulıwma sanı boyınsha jetekshilik etedi (2016-j). Avstraliya hám Jańa Zelandiya intensiv qoyshılıq joqarı dárejede rawajlanǵan mámleketler bolıp esaplanıp, olar jáhán bazarına úlken muǵdarda jún hám teri jetkerip bermekte.

Shoshqashılıq jáhán gósh ónimleriniń 40 % ten artıǵın tayarlap beriwshi tarmaq bolıp esaplanadı. Bul tarmaq dánshilik hám kartoshkashılıq rawajlanǵan rayonlarda hám de iri qalalar hám azıq-awqat sanaatı orayları janında rawajlandırıldı. Bul tarmaq rawajlanıwında milliy-diniy faktordıń tásiri úlken bolıp, islam mámleketleri sharwashılıǵında usı tarmaq joq. Shoshqalardıń ulıwma sanı 1 mlrd. basqa jaqın bolıp, olardıń derlik yarımı Qıtay úlesine tuwra keledi (457 mln.bas). AQSH (71,5 mln. bas), Braziliya (40 mln. bas), Ispaniya (29,2 mln. bas), Germaniya (27,4 mln. bas) sıyaqlı mámleketler de shoshqashılıq tarmaǵınıń aldıńǵı qatardaǵıları bolıp esaplanadı.

Qusshılıq xalıqtıń paydalanıwı ushın dietalıq gósh (jámi paydalanıwdaǵı góshtiń 20 % ke jaqını), máyek hám jumsaq pár tayarlap beriwshi tarmaq esaplanıp, tiykarınan, dánshilik rayonlarında rawajlanǵan. Qıtay (6,2 mlrd. bas), AQSH (2,2 mlrd. bas), Indoneziya (2,1 mlrd. bas), Braziliya (1,4 mlrd. bas), Iran (1 mlrd. bas) sıyaqlı mámleketler quslar sanına qaray jáhánde jetekshi orınlardı iyeleydi. Sonday-aq, sharwashılıqtıń, tiykarınan, ortasha region mámleketlerine tán bolǵan

pilleshilik (Qıtay, Yaponiya, Ózbekstan, Ispaniya, Italiya hám t.b.), shólistanlı sharayatlı mámleketler ushın dástúrlik esaplanǵan túyeshilik (Somali, Sudan, Mavritaniya hám b.) jáhánniń kóplegen regionlarında rawajlanǵan jılqıshılıq (Qıtay, Braziliya, Meksika) arqa regionlardaǵı suwınshılıq (Rossiya, Kanada, AQSH), arqa keńlikler hám de dárya qayırlarında qáliplesken jabayı haywanatlar (Rossiya, Kanada, Skandinaviya mámleketleri) sıyaqlı tarawları da jáhán ekonomikasında óziniń ornına iye. Balıqshılıq xojalıǵınıń eń áyyemgi tarmaqlarınan biri. Usı tarmaq házirgi kúnde de óziniń áhmiyetin joytpaǵan. Sebebi sol usı tarmaq jáhán xalqın insan salamatlıǵı ushın zárúr bolǵan belok hám basqa biologiyalıq aktiv birikpeler menen támiyinlep beredi. Barlıq awlaw menen ámelde suw basseynlerine iye bolǵan jáhánniń derlik barlıq mámleketlerinde shuǵıllanıladı. Balıqlardıń tiykarǵı bólimi duzlı (teńiz hám okeanlar), qalǵan bólimi bolsa dushshı suw basseynlerinen awlanadı. Balıqshılıq boyınsha okenlar arasında Tınısh (okeanlarda awlanatuǵın balıqtıń 66 %) okean, teńizler arasında bolsa Norvegiya, Bering, Oxota, Yapon teńizleri aldıńǵı qatarda. Mámleketler arasında bolsa Qıtay (jáhán balıq awlaw kóleminiń 1/3 bólimi tuwra keledi), Indoneziya, Hindstan sıyaqlı mámleketler jetekshi bolıp esaplanadı.

1. Sharwashılıq tarawınıń rawajlanıwına qanday faktorlar tásir etedi?
2. Berilgen bilimler tiykarında jáhán regionları sharwashılıǵınıń qánigelesken tarmaqların anıqlań hám de tómendegi kesteni toltırıń:

| № | Regionlar | Sharwashılıqtıń qánigelesken tarmaqları |
|---|---|---|
| 1 | Evropa | |
| 2 | Aziya | |
| 3 | Afrika | |
| 4 | Arqa Amerika | |
| 5 | Qubla Amerika | |
| 6 | Avstraliya hám Okeaniya | |

3. Tómendegi mámleketler arasınan qoyshılıq rawajlanǵan mámleketlerdi ayırıp kórsetiń:

a) Hindstan; b) AQSH; c) Avstraliya; d) Qıtay; e) Braziliya; f) Rossiya.

http://eduportal.uz

## 21-§. Jáhán transportı geografiyası

*Transport, qurǵaqlıq transportı, avtomobil transportı, truba transportı, temir jol transportı, hawa transportı, teńiz transportı, dárya transportı.*

Transport ekonomikasınıń áhmiyetli tarmaǵı bolıp, óndiris hám xalıqtıń júklerge talapların óz waqtında tolıq támiyinlep turatuǵınlıǵı belgili. Sonıń menen birge, ol mámleketler aralıq ónim hám xızmetler almasıwın támiyinlep, xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslardıń ámelge asırılıwında tiykar bolıp xızmet etedi. Transport sistemasın haqılı túrde jáhán ekonomikasınıń «qan tamırı» dep de ataydı. ITR transporttıń jáne de rawajlanıwına, onıń jańa túrleri payda bolıwına sebepshi boldı. Transport tarmaqları rawajlanıwı mámleketlerdiń social-ekonomikalıq rawajlanǵanlıq dárejesi, maydanı, aymaǵınıń ózlestirilgenligi sıyaqlı faktorlar menen baylanıslı.

Tez rawajlanıp baratırǵan jáhán transportı quramalı hám ózine tán tarmaqlar sistemasın quraydı. Olar qurǵaqlıq (temirjol, avtomobil hám truba), suw (teńiz hám dárya) hám de hawa transportı tarmaqlarına bólinedi. Avtomobil transportı keń tarqalǵan transport túri bolıp esaplanıp, ol XX ásirde keń rawajlandı. Bul transport túrinde «esikten-esikke shekem» alıp barıp qoyıw imkaniyatınıń bolǵanlıǵı onıń eń kópshilikke arnalǵan transport túrine aylanıwına sebepshi boldı. Avtomobil jollarınıń jáhán boyınsha ulıwma uzınlıǵı 28 mln. km den artıq bolıp, bul kórsetkishke muwapıq AQSH, Hindstan, Qıtay, Braziliya, Rossiya sıyaqlı mámleketler jetekshilik etedi. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, jáhán mámleketlerindegi avtomobillerdiń ulıwma sanı 1 mlrd.dan artıq bolıp, olardıń úlken bólimi rawajlanǵan mámleketler úlesine tuwra keledi.

Temir jol transportı sanaat revolyuciyası dáwirinde payda bolǵan, ITR jetiskenlikleri nátiyjesinde zamanagóy kóriniske iye bolǵan qurǵaqlıq transport tarmaǵına aylandı. Úlken muǵdardaǵı sanaat hám awıl xojalıǵı júklerin uzaq aralıqlarǵa jetkerip beriw ózgesheligine iye ekenligi menen ajıralıp turadı. Temir jollar ulıwma uzınlıǵı jáhánde, shama menen, 1,2 mln. km bolıp, AQSH, Qıtay, Rossiya, Hindstan, Kanada mámleketleri bul boyınsha aldıńǵı qatarda bolıp esaplanadı.

http://eduportal.uz



Rawajlanıp atırǵan mámleket (Hindstan)



Rawajlanǵan mámleket (Yaponiya)

**19-súwret.** Jáhán mámleketleri temir jol transportındaǵı ayırmashılıqlar.

Truba transportı suyıq gaz tárizli kórinistegi júklerdi uzaq aralıqqa jetkerip beriwge arnalǵan transport tarmaǵı. Onda, tiykarınan, tábiyiy gaz, neft hám neft ónimlerin tasıw procesi ámelge asırıladı. Ol ózine túser bahanıń tómenligi, júklerdi bir tegis kerekli mánzilge jetkerip bere alıw imkanınıń barlıǵı hám de qorshaǵan ortalıqqa unamsız tásirdiń tómenligi menen ajıralıp turadı. Gaz hám neft trubalarınıń ulıwma uzınlıǵı 2 mln. km ge jaqın bolıp, olardıń tiykarǵı bólimi neft-gaz qazıp alıwshı mámleketler aymaǵına tuwra keledi. Neft trubaları uzınlıǵı boyınsha AQSH, Rossiya, Kanada, Qıtay, Saudiya Arabstanı, gaz trubaları uzınlıǵı boyınsha bolsa AQSH, Rossiya, Kanada, Germaniya, Franciya sıyaqlı mámleketler jetekshilik etedi.

Suw transportı — transporttıń tábiyiy (dáryalar, kóller, teńizler, okeanlar) hám jasalma suw jolları (kanallar, suw saqlaǵıshları) arqalı júkler hám jolawshılar tasıytuǵın túri bolıp esaplanadı. Ol teńiz hám dárya transportı túrlerin óz quramına birlestiredi.

Teńiz transportı xalıqaralıq sawdanıń derlik 80 %in ámelge asıradı. Teńiz jolları arqalı úlken muǵdardaǵı suyıq, qurǵaq júkler tasıladı. Teńiz transportında júk tasıw jumısları teńiz sawda flotı tárepinen ámelge asırıladı. Júk tasıw kólemine qaray Panama, Liberiya, Marshall atawları, Greciya sıyaqlı mámleketlerdiń flotları jetekshilik etedi.

Tiykarǵı teńiz jolları hár túrli ónimlerdi islep shıǵarıwshı hám olardı paydalanıwshı mámleketler arasında shólkemlestirgen. Ádette,

http://eduportal.uz

Afrika, Latın Amerikası, Aziya, Avstraliyadan hár túrli sanaat hám awıl xojalıq shiyki zatları Evropa, Yaponiya, Koreya Respublikası, Arqa Amerika mámleketlerine, olardan bolsa xalıq hám xojalıq ushın hár túrli paydalanatuǵın ónimler dúnyanıń barlıq aymaqlarına jetkerip beriledi. Teńiz transportında ulıwma júk tasıw kóleminiń 60 %i Atlantika okeanı úlesine tuwra keledi. Teńiz transport qurallarına xızmet kórsetiwshi 2 mıńnan artıq portlar bolıp, Shanxay, Singapur, Rotterdam portları olar arasında júk qabıllaw kólemine qaray jetekshilik etedi.

Teńiz transportı rawajlanıwına xalıqaralıq kanallar hám teńiz buǵazları úlken tásir kórsetedi. Xalıqaralıq kanallar arasında Suvaysh hám Panama kanallarınıń áhmiyeti júdá úlken. Olar materikler arasındaǵı aralıqlardıń qısqarıwına imkaniyat beredi. Teńiz buǵazları arasında eń kóp kemelerdi ótkeretuǵınları La-Mansh, Eresunn (Zond), Gibraltar, Xormuz, Malakka, Bosfor buǵazları bolıp tabıladı.

Ishki suw transportı dárya, kóller hám de kanallar járdeminde mámleketlerdiń ishki aymaqlarına júk hám jolawshı tasıwdı ámelge asıradı. Dárya hám kól transportı jollarınıń uzınlıǵına qaray jáhánde Rossiya, Qıtay, AQSH, Braziliya, Kanada jetekshilik etedi. Ishki suw transportınan paydalanıwda iri dárya, kól hám de kanallardıń áhmiyeti úlken. Bunday dáryalar qatarına Amazonka, Missisipi, Dunay, Volga, Yanczi, Kongo hám basqalar kiredi. Olar menen bir qatarda kemeler qatnawında Jaǵa boyı (AQSH), Ullı (Qıtay), Volga-Baltik (Rossiya) Reyn-Mayn-Dunay (Germaniya) kanallarınan paydalanıladı.

Hawa transportı jolawshılar, pochta hám basqa hár túrli júklerdi tez tasıytuǵın jáhándegi eń tez hám qımbat transport tarmaǵı bolıp esaplanadı. Jáhán boyınsha hawa transportında jolawshı tasıw muǵdarı jıldan-jılǵa artıp barmaqta. Házirgi kúnde jáhán jolawshı tasıw muǵdarınıń 20 % ge jaqını usı transport tarmaǵına tuwra kelmekte. Xalıqaralıq baylanıslar sońǵı dáwirlerde, ásirese, Evropa menen Arqa Amerika mámleketleri arasında aktiv ótpekte. Esap-kitaplarǵa qaraǵanda, Atlantika okeanı ústinde bir waqıttıń ózinde júzden artıq hawa laynerleri hár eki tárepke qarap hárekette boladı. Bul transport tarmaǵınıń rawajlanıwında aeroportlardıń ornı júdá úlken. Jolawshılardı qabıllaw muǵdarına qaray Atlanta (AQSH), Pekin (Qıtay), Dubay (BAA) aeroportları aldıńǵı qatarda bolıp esaplanadı.

http://eduportal.uz

1. Qaysı transport tarmaģı jáhán xojalıǵınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına úlken tásir kórsetti?
2. Ilim-texnika revolyuciyası transport rawajlanıwında qanday áhmiyetke iye?
3. Teńiz transportınıń tez pátlerde rawajlanıwına neler sebep boldı?

## 22-§. Xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslar geografiyası

*Xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslar, eksport, import, sawda balansı, valyuta, xalıqaralıq sawda, xalıqaralıq turizm.*

*Xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslar* dep, mámleketler arasındaǵı, xalıqaralıq shólkem hám korporaciyalar qatnasıǵındaǵı xojalıq baylanıslarına aytıladı. Oǵan ilimiy-texnikalıq rawajlanıw, mámleketler aralıq social-ekonomikalıq ayırmashılıq, jáhán regionlarındaǵı siyasiy jaǵday, xalıqaralıq ekonomikalıq integraciya sıyaqlı faktorlar tásir kórsetedi.

Xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslardıń xalıqaralıq sawda, kredit-finans qatnasıqları, xalıqaralıq turizm, miynet resurslarınıń xalıqaralıq migraciyası, xalıqaralıq ilimy-texnikalıq birge islesiw sıyaqlı kórinisleri bar. Olar arasında xalıqaralıq sawda eń úlken áhmiyetke iye. Ol mámleketler arasında shiyki zat ónim hám xızmetlerdi óz ara almaslawǵa tiykarlanǵan xalıqaralıq sawda qatnasıqları sisteması bolıp tabıladı. Mámleketlerdiń sırtqı sawda kólemi sırtqı sawda aylanbası arqalı anıqlanadı. AQSH, Qıtay, Germaniya, Yaponiya, Franciya sırtqı sawda aylanbası kólemine qaray jáhánde jetekshilik etedi.

Xalıqaralıq sawdanıń 3/4 bólimin ónimler sawdası quraydı. Mashina hám úskeneler, transport quralları, ximiyalıq ónimler sıyaqlılar xalıqaralıq sawdada talap joqarı bolǵan tayar ónimler bolıp esaplanadı. Jáhánniń rawajlanǵan mámleketleri xalıqaralıq sawdanıń 60 % den artıǵın támiyinleydi.

Sırtqı sawdada globallasıw procesi tez pátlerde ósip barıwına qaramay, mámleketler hám regionlar arasında úlken aymaqlıq ayırmashılıqlar saqlanıp qalmaqta. Sırtqı sawdanıń derlik 90 % i Batıs Evropa, Arqa Amerika, Aziya-Tınısh okean regionı úlesine tuwra kelmekte. Bul regionlar, tiykarınan, tayar ónimler hám joqarı sapalı xızmet penen sawda baylanısların ornatsa, Afrika, Latın Amerikası hám de

http://eduportal.uz

Aziyanıń rawajlanıp atırǵan mámleketleri jáhán bazarına, tiykarınan, mineral resurslar, toǵay hám awıl xojalıq ónimlerin alıp shıǵadı.

Sońǵı jılları shet elde óziniń óndiris tarawların rawajlandırıw maqsetinde kapital qoyılma kirgiziw hám payda alıw procesi — kapital eksportı kúsheyip barmaqta. Úlken muǵdardaǵı kapital rawajlanıp atırǵan mámleketler ekonomikasına baǵdarlanbaqta. AQSH, Yaponiya, Ullı Britaniya, Germaniya, Qıtay sıyaqlılar jáhánniń eń iri kapital eksportyorları.

Xalıqaralıq turizm hám sırtqı ekonomikalıq baylanıslardıń tiykarǵı kórinislerinen biri bolıp esaplanadı. Turizm jáhán JMÓ niń derlik 10 % in, xızmetler eksportınıń 1/3 bólimin beredi. Ispaniya, Greciya, Italiya, Kipr mámleketleri bul tarawdı óziniń milliy ekonomikalarınıń qánigelesken tarmaǵına aylandırǵan. Jáhán regionları arasında Evropa turistlik aǵımınıń eń úlken bólimin ózine baǵdarlaǵanlıǵı menen ajıralıp turadı. Usı materik mámleketleri arasında Franciya, Ispaniya, Italiya, Germaniya, Ullı Britaniya jıllıq keliwshi sayaxatshılar sanına qaray jáhánniń birinshi onlıq mámleketleri arasınan orın alǵan. Sońǵı jılları Aziyanıń xalıqaralıq turizmdegi áhmiyeti artpaqta. Shıǵıs Aziya, Qubla-shıǵıs Aziya hám Qubla-batıs Aziya mámleketleri kóp sanlı sayaxatshılardı ózine tartpaqta.

Afrika materigi mámleketleri arasında turizm tarawında Arqa Afrika mámleketleri ayrıqsha ajıralıp turadı. Jaǵa boyında dem alıwshılardı, Marokko, Tunis yaki Mısr, tariyxıy turizm ıqlasbentlerin Mısr piramidaları, áyyemgi Karfagen kórinisleri ózine tartadı. Amerika materigi turizminde AQSH, Meksika, Karib basseyni mámleketleri úlken salmaqqa iye. Avstraliya hám Okeaniya regionı turizminde jaǵa boyı aymaqlarındaǵı dem alıw orınlarınıń áhmiyeti úlken.

Házirgi kúnde turizmniń dástúrlik kórinisleri (tábiyiy, diniy, tariyxıy) menen bir qatarda ekoturizm, agroturizm, isbilermenlik, sport, shoping ekstremal turizm sıyaqlı kórinisleri de rawajlanbaqta.

1. Xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslardıń qanday baǵdarları bar?
2. Nege sırtqı sawda sırtqı ekonomikalıq baylanıslardıń tiykarǵı kórinisi bolıp esaplanadı?
3. Xalıqaralıq turizmde Evropa materigi salmaǵınıń joqarılıǵına sebep ne?

http://eduportal.uz



# 5-BAP. EVROPA MÁMLEKETLERI

## 23-§. Evropanıń geografiyalıq ornı, shegaraları hám siyasiy kartası

*Evropa, materik, jańa ǵárezsiz mámleketler, ataw mámleketler, yarım ataw mámleketler respublika, monarxiya, federativ mámleketler.*

Evraziya materigi eki materik — Evropa hám Aziyaǵa bólinedi. Evropa materigi Evraziya materiginiń batıs bólimin iyeleydi. «Evropa» sózi áyyemgi assuriyalılar tilinen kelip shıqqan bolıp, «Quyash batıwı», yaǵnıy «batıs» mánisin ańlatadı.

Evropanıń maydanı 10 mln. km$^2$ qa teń bolıp, sonnan 4,1 mln. km$^2$ aymaq Rossiyanıń Evropadaǵı bólimine tuwra keledi. Materik xalqı, 2018-jılǵı maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 746 mln. adamǵa, yaǵnıy jáhán xalqınıń 10 % ine teń.

Evropa materiginiń jaǵaları arqada Arqa Muz okeanı, batısta Atlantika okeanı, qublada Atlantika okeanı basseynine tiyisli bolǵan Jer Orta hám Qara teńizler suwları menen juwıladı. Jer orta teńiz hám Gibraltar buǵazı Evropanı Afrikadan bólip turadı (20-súwret). Shıǵısta Evropa, tiykarınan, qurǵaqlıq arqalı Aziya materigi menen shegaralas. Evropa hám Aziyanıń shegarası kóplegen geografiyalıq ádebiyatlarda Ural tawları, Qazaqstandaǵı Emba dáryası, Káspiy teńiziniń arqa-batıs jaǵaları, Rossiya qublasındaǵı Kuma-Manich batıǵı, Azov hám Qara teńizleri, Bosfor buǵazı (21-súwret), Mramor teńizi, Dardanell buǵazı hám Egey teńizi arqalı ótkeriledi. Ayırım dereklerde eki



**20-súwret.** Evropanıń geografiyalıq ornı.

http://eduportal.uz



**21-súwret.** Bosfor buǵazı.

materik shegarasınıń Kaspiy hám Qara teńizleri arasındaǵı bólimi Úlken Kavkaz dizbegi arqalı ótkeriledi.

Evropanıń házirgi siyasiy kartasında, bir bólimi Aziyada jaylasqan Rossiya Federaciyasın qosqanda, 44 ǵárezsiz mámleket bar.

Evropanıń siyasiy kartası materiktiń kóp ásirlik tariyxında birneshe mártebe ózgergen. Onıń zamanagóy siyasiy kartası XX ásir dawamında, úsh tariyxıy process — Birinshi Jáhán urısı (1914—1918), Ekinshi Jáhán urısı (1939—1945) hám xalıqaralıq socialistlik dúzimniń tarqalıwı (1990-jıllar bası) nátiyjesinde qáliplesken.

Evropa kishi mámleketler materigi. Evropada Andorra, San-Marino, Malta, Monako, Vatikan, Lixtenshteyn sıyaqlı «kishi» mámleketler jaylasqan. Bul mámleketlerden basqa, Evropadaǵı 11 mámlekettiń maydanı 50 mıń km$^2$ den kishi bolıp tabıladı. Materiktegi 10 mámleket aymaǵı 50 mıńnan 100 mıń km2 qa shekem baradı. 12 mámleketiniń maydanı, óz náwbetinde, 100 mıńnan 500 mıń km$^2$ qa shekem úlkenlikke iye. Tek Franciya, Ukraina hám Ispaniyanıń aymaǵı 500 mıń km$^2$ dan asadı. Rossiya Federaciyası bolsa maydanınıń úlkenligine baylanıslı tek Evropa emes, al pútkil jáhándegi eń iri mámleket.

Evropa ataw hám ásirese, yarım ataw mámleketlerdiń kópligi menen bólinip turadı. Tolıq atawlarda jaylasqan mámleketlerge Ullı Britaniya, Irlandiya, Islandiya hám Malta kiredi. Yarım ataw mámleketlerge Norvegiya, Shveciya, Daniya, Ispaniya, Portugaliya, Italiya, Greciya, Albaniya, Bolgariya hám basqalardı mısal retinde keltiriwge boladı.

Evropadaǵı 15 mámlekette teńizge shıǵıw imkaniyatı joq. Olardıń qatarında Belarussiya, Vengriya, Avstriya, Chexiya sıyaqlı birqansha úlken mámleketler menen birgelikte Andorra, Lixtenshteyn, Lyuksemburg, San-Marino, Vatikan sıyaqlı kishi mámleketler de orın alǵan.

Evropadaǵı 44 mámleketten 32 i respublika, 12 i monarxiya bolıp esaplanadı. Andorra, Belgiya, Ullı Britaniya, Daniya, Ispaniya, Lixtenshteyn, Lyuksemburg, Monako, Niderlandiya, Norvegiya,

http://eduportal.uz

Shveciya mámleketleri konstituciyalıq monarxiya, Vatikan mámleketi bolsa absolyut teokratiyalıq monarxiya basqarıw formasına iye. Evropadağı respublikalardıń úlken bólimi parlamentar respublikalar.

Administrativlik-aymaqlıq jağınan Evropadağı 6 mámleket federativ dúziliske iye — Avstriya, Belgiya, Bosniya hám Gersegovina, Germaniya, Rossiya, Shveycariya.

Evropa materigi 4 subregionğa bólinedi. Arqa Evropa, Batıs (Orta) Evropa, Qubla Evropa hám Shığıs Evropa.

1. Evropa hám Aziyanıń shegarası qanday geografiyalıq obyektler arqalı ótkeriledi?
2. Evropanıń házirgi siyasiy kartasınıń qáliplesiwinde XX ásirdegi qaysı tariyxıy procesler úlken tásir kórsetken?
3. Evropa mámleketleri aymaqlıq úlkenligi jağınan qanday ózgeshelikke iye?
4. Atlastağı jáhánniń siyasiy kartası járdeminde Evropadağı jas ğárezsiz mámleketlerden qurğaqlıq ishkerisinde jaylasqanların anıqlań.

## 24-§. Evropanıń tábiyiy sharayatı hám resursları, xalqı

*Janılğı-energetika, agroklimatlıq, toğay resursları, tuwılıw, xalıqtıń tábiyiy azayıwı, xalıqtıń qartayıwı, migraciya, xalıqtıń tığızlığı, megalopolis, katolikler, protestantlar, pravoslavlar.*

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Evropa mámleketleri social-ekonomikalıq rawajlanıwına tábiyiy sharayatınıń belgili ózgeshelikleri tásir kórsetken. Bunday tábiyiy geografiyalıq faktorlar qatarına salıstırmalı jıllı hám ığal klimat, transport sharayatı quramalı bolğan biyik taw dizbekleriniń azlığı, suw hám toğay resurslarınıń jeterligi, teńiz portların qurıw ushın qolay jağa boyı aymaqlardıń kópligin kirgiziwge boladı.

Evropada janılğı-energetika resurslarınan taskómir, qońır kómir, neft, tábiyiy gaz, janıwshı slaneclerdiń iri kánleri bar. Taskómirdiń iri kánleri Germaniya, Rossiya hám Ukrainada ashılğan. Qońır kómirdiń iri kánleri Germaniya, Chexiya hám Polshada jaylasqan. Janıwshı slaneclerdiń úlken qorları Estoniyada bar. Evropada neft hám tábiyiy gazdıń tiykarğı qorları Rossiyanıń hár túrli aymaqları hám de Arqa

http://eduportal.uz

hám Norvegiya teńizleri sayızlıqlarında ashılǵan. Bul jerdegi neft hám gaz kánleriniń tiykarǵı bólimi Ullı Britaniya, Norvegiya hám Niderlandiyaǵa tiyisli.

Temir rudalarınıń iri kánleri Rossiya, Ukraina, Shveciya, Franciya hám Germaniyada jaylasqan. Polsha, Bolgariya, Rumıniyada mıs-molibden kánleri, Franciya hám Greciyada boksit, Italiya, Ispaniya, Ukrainada sınap rudalarınıń iri qorları bar.

Evropada jer hám suw resurslarınan intensiv tárizde paydalanılmaqta. Materiktiń tábibiy sharayatı awıl xojalıǵın rawajlandırıw ushın, ulıwma alǵanda, qolay bolıp esaplanadı. Bunday tárepten Batıs hám Qubla Evropa Arqa Evropadan keskin ajıralıp turıwın aytıp ótiw kerek. Qubla Evropa mámleketlerinde klimat sharayatınıń birqansha qurǵaqlıǵı sebepli jasalma suwǵarıw birqansha keń tarqalǵan.

Evropa toǵay resursları menen jaqsı támiyinlengen. Bul boyınsha, ásrese, Rossiya, Finlandiya, Shveciya, Norvegiya, Ullı Britaniya ayrıqsha ajıralıp turadı.

**Xalqı.** Evropada, 2018-jılǵı maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 746 mln. adam jasaydı (Rossiyanıń Aziyadaǵı bólimi menen birge). Bul dúnya xalqınıń 9,8 %in quraydı. Evropanıń jáhán xalqındaǵı úlesi xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwiniń júdá tómenligi sebepli barǵan sayın azayıp barmaqta. Ulıwma esapta Evropa mámleketlerinde tuwılıw hám ólim kórsetkishleri derlik birdey, tábiyiy kóbeyiw bolsa joq. Tuwılıw dárejesi ólimnen góri tómen bolıp, xalıqtıń tábiyiy azayıwı júz berip atırǵan Evropa mámleketleri sanı jıldan-jılǵa kóbeymekte. Germaniya, Greciya, Portugaliya, Bolgariya, Serbiya, Latviya, Litva, Estoniya, Ukraina, Rumıniya, Moldova, Vengriya hám basqa mámleketlerde bunday jaǵday uzaq waqıttan beri baqlanbaqta.

Tuwılıwdıń tómenligi sebepli Evropa mámleketlerinde xalıqtıń qartayıwı procesi júz bermekte. 2018-jıldıń jaǵdayına qaray, kontinent xalqınıń 16 %in 14 jasqa shekemgi balalar quraǵan halda, 65 jastan úlken bolǵan xalıq qatlamınıń úlesi 18 %ge teń.

Evropa xalıqaralıq migraciyasınıń iri orayı bolıp esaplanadı. Ásirese, Batıs Evropanıń eń rawajlanǵan mámleketleri dúnyadaǵı iri immigraciya orayları bolıp esaplanadı. Batıs Evropaǵa Aziya hám Afrikadan xalıqtıń kóship keliwiniń sebepleri, tiykarınan, ekonomikalıq

mániske iye, yaǵnıy Batıs Evropa mámleketleriniń miynet bazarın da jumıs orınlarınıń kópligi hám de turmıs dárejesiniń joqarılıǵı menen túsindiriledi. Batıs Evropaǵa materiktiń ekonomikalıq jaqtan birqansha tómenirek rawajlanǵan qubla hám shıǵıs bólimindegi mámleketlerdiń xalqı da aktiv túrde kóship barmaqta.

Evropa mámleketlerde, dúnyanıń basqa regionlarına salıstırǵanda, uzbanizaciya procesi erterek baslanǵan edi. Házirgi waqıtta Evropa materiginiń urbanizaciya dárejesi 75 % ke jaqın. Qalalasıw dárejesi, ásirese, Batıs hám Arqa Evropadaǵı rawajlanǵan mámleketlerde joqarı, ayırım jaǵdaylarda 90 % den artıp ketken. Qubla hám Shıǵıs Evropa mámleketlerinde qala xalqınıń úlesi tómenirek, biraq, barlıq mámleketlerde 50 % den asadı. Materikte uzbanizaciya kórsetkishi Moldova hám de Bosniya hám Gersegovinada 50 % den tómenirek.

Evropa mámleketleri arasında xalıqtıń tıǵızlıǵı boyınsha úlken ayırmashılıqlar bar. Buǵan tábiyiy sharayat, ásirese klimat hám relyef úlken tásir kósetken. Batıs hám Qubla Evropanıń dárya oypatlıqları hám teńiz boyı tegisliklerinde xalıqtıń tıǵızlıǵı eń joqarı. Arqa Evropa mámleketlerinde xalıqtıń tıǵızlıǵı birqansha tómen. Bul mámleketlerde xalıqtıń úlken bólimi olardıń qublasındaǵı teńizlerge tutas aymaqlarında jámlesken.

Evropada eń keń tarqalǵan din xristianlıq bolıp esaplanadı. Arqa Evropada protestantlar, Qubla Evropa mámleketlerinde (Greciyadan basqa) bolsa katolikler jetekshilik etedi. Batıs Evropa mámleketlerinde xristianlıqtıń bul eki mázhebi aralas halda tarqalǵan. Shıǵıs Evropa mámleketlerinde katolik hám pravoslaw xristianlıq tiykarǵı dinler bolıp esaplanadı. Pravoslavlar sanı jaǵınan Rossiya, Ukraina, Rumıniya, Bolgariya, Belarussiya, Serbiya sıyaqlı mámleketler ayırıqsha ajıarlıp turadı. Sonday-aq, materiktegi 2 mámlekette jergilikli xalqı quramında musılmanlardıń úlesi 50 % den joqarı — bular Balkan yarım atawında jaylasqan Albaniya hám de Bosniya hám Gersegovina bolıp tabıladı.

1. Evropa tábiyatınıń qanday ózgeshelikleri mámleketleriniń social-ekonomikalıq rawajlanıwına unamlı tásir kórsetti?
2. Evropanıń qaysı mámleketleri janılǵı energetika resurslarına bay?
3. Evropa mámleketleri xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi hám jas quramın sıpatlań.

http://eduportal.uz

# 25-§. Evropa mámleketleriniń ekonomikası

*Rawajlanǵan mámleketler, ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler, Evropa Awqamı, xalıqaralıq miynet bólistiriliwi, qánigelesiw, sanaat, awıl xojalıǵı, turizm.*

Evropa jáhánde ekonomikalıq hám texnologiyalıq dárejesiniń úlkenligi sanaattıń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵı menen ajıralıp turadı. Arqa, Batıs hám Qubla Evropa mámleketleri rawajlanǵan mámleketler bloǵına tiyisli bolsa, 1990-jılları socialistlik dúzim hám rejeli ekonomikadan waz keship, ekonomikasın qáliplestiriwge kirisken mámleketleri, ásirese, Evropada jaylasqan burınǵı Awqam respublikaları, ótiw dáwiriniń ekonomikasındaǵı mámleketler qatarına kiredi.

Evropa ekonomikası ushın joqarı dárejede rawajlanǵan intergraciyalıq procesler úlken áhmiyetke iye. Bul jaǵday, ásirese, birden-bir sawda-bajıxana mákanına iye bolǵan jáhándegi eń iri integraciyalıq uyım esaplanǵan Evropa Awqamı (EA)nıń háreketinde kórinbekte. Evropa Awqamına 2018-jılǵı jaǵdayına muwapıq, 28 mámleket, sonıń ishinde, Aziyada jaylasqan Kipr hám de EA quramınan basqıshpa-basqısh shıǵıp ketip atırǵan Ullı Britaniya aǵza bolıp tabıladı. Dáslep, 1950-jılları 6 mámleket (GFR, Franciya, Italiya, Belgiya, Niderlandiya, Luksemburg)ti birlestirgen jaǵdayda qáliplesiwi baslanǵan Evropa Awqamı birneshe keńeyiw tolqınların basınan keshirdi. EA quramı, ásirese, XXI ásirdiń birinshi on jıllıǵı dawamında bir qatar burınǵı socialistlik mámleketler (Chexiya, Slovakiya, Vengriya, Latviya, Litva, Estoniya hám basqalar) qosılıwı esabınan birqansha keńeydi.

Evropa jáhán xojalıǵında sanaat hám awıl xojalıǵı óndirisi, ónim hám xızmetler eksportı, xalıqaralıq turizm rawajlanǵanlıǵı boyınsha jetekshi orınlardı iyeleydi. Regionnıń ekonomikalıq dárejesin, birinshi náwbette, «Úlken jetiklik»ke kiriwhi tórt mámleket — Germaniya, Ullı Britaniya, Franciya hám Italiya belgilep beredi.

Evropa sanaatınıń jetekshi tarmaǵı mashinasazlıq. Bul tarmaq pútkil sanaat óniminiń 1/2, eksportınıń 2/3 bólimin quraydı. Avtomobilsazlıq joqarı dárejede rawajlanǵan. «Reno» (Franciya), «Folksvagen», «Mersedez-Benz» (GFR), «Fiat» (Italiya) «Volvo» (Shveciya), «Tatra» (Chexiya) sıyaqlı avtomobil koncernleri belgili bolıp esaplanadı.

http://eduportal.uz

Evropada sanaat tarmaqları ishinde mashinasazlıqtan keyingi ekinshi orında ximiya hám neft-ximiya sanaatı turadı. Ekinshi jáhán urısına shekem ximiya sanaatı, tiykarınan, kán-ximiya shiyki zatına tiykarlanǵan halda rawajlanǵan edi. Kaliy hám as duzları, kúkirt hám basqa sol sıyaqlı shiyki zattan paydalanılatuǵın edi. Materikte neft hám tábiyiy gaz kánleriniń ashılıwı neft-ximiya tarmaǵınıń rawajlanıwına tiykar boldı. Temza, Sena, Reyn, Elba, Ron sıyaqlı dáryalarınıń quyılatuǵın bólimlerinde jaylasqan port qalalarında iri neftti qayta islewshi oraylar qurıldı. Eń iri bunday neft-ximiya kompleksi Niderlandiyanıń Rotterdam qalasında qáliplesken.

Kópshilik Evropa mámleketleriniń janılǵı-energetika balansında neft hám tábiyiy gaz áhmiyetli orın iyeleydi. Rossiyanı esapqa almaǵanda, Evropanıń eń iri neft-gaz sanaatı rayonı Arqa teńiz bolıp esaplanadı. Kópshilik Evropa mámleketleri neft hám tábiyiy gazdi Rossiya, Arqa Afrika hám Perciya qotıǵındaǵı mámleketlerden import etedi. Germaniya, Rossiya, Ukraina, Polsha hám Chexiya mámleketlerinde taskómir hám qońız kómir qazıp alınadı. Germaniya 2018-jaıldan kómirdiń tiykarǵı bólimi Avstraliyadan import etilmekte. Iri JESleriniń tiykarǵı bólimi teńiz portları hám úlken qalalarda qurılǵan. Dunay hám onıń taqmaqları, Rona, Reyn, Dnepr, Volga hám basqa dáriyalarda iri GESler qurılǵan.

Qara metallurgiya, dáslep, temir rudası hám taskómir qorları bolǵan Germaniya, Ullı Britaniya, Franciya, Ispaniya, Belgiya Luksemburg, Polsha, Chexiyada rawajlanǵan. Reńli metallurgiyanıń tiykarǵı tarmaqları alyuminiy hám mıs sanaatı bolıp tabıladı. Alyuminiy sanaatı shiyki zat hám elektr energiyası menen jaqsı támiyinlengen Norvegiya, Islandiya, Franciya, Vengriya, Rumıniya mámleketlerinde rawajlanǵan. Sońǵı waqıtlarda alyuminiy kárxanaları, tiykarınan, rawajlanıp atırǵan mámleketlerden alıp kelinetuǵın shiyki zatqa tayanbaqta. Mıs sanaatı Germaniya,Franciya, Ullı Britaniya, Italiya, Belgiya, Polsha hám de Bosniya hám Gersogoviniada rawajlanǵan.

Evropada jeńil sanaat óziniń aldınǵı áhmiyetin birqansha joǵalttı. Eski toqımashılıq rayonları esaplanǵan Ullı Britaniyadaǵı Lankashir hám Yorkshir, Polshadaǵı Lodz házirgi waqıtta da xızmet kórsetpekte. Biraq, sońǵı jılları sanaat Qubla Evropaǵa kóship atırǵanlıǵın aytıp ótiw kerek.

Kóp tarmaqlı sharwashılıq Evropa mámleketlerinde, ásirese, Arqa hám Batıs Evropa mámleketlerinde joqarı dárejede rawajlanǵan bolıp, xalıqaralıq qánigelesiw tarmaǵına aylandı. Qubla Evropada diyqanshılıq sharwashılıqtan ústin áhmiyetke iye. Italiya, Ispaniya, Portugaliya, Greciya maylı (zaytun, ayǵabaǵar) eginler hám subtropikalıq miywelerdi jetistiriw boyınsha dúnyada jetekshi orınlardı iyeleydi.

Evropa turizm joqarı dárejede rawajlanǵan region bolıp esaplanadı. Franciyaǵa jılına 70 mln.nan artıq, Italiya hám Ispaniyaǵa 50—60 mln. adam turistlik sayaxat etedi. Shveycariya, Portugaliya, Germaniya, Avstriya, Ullı Britaniya, Greciya hám basqa mámleketler jáhánniń iri turistlik orayları bolıp esaplanadı.

1. Evropadaǵı qaysı mámleketler «Úlken jetilik» toparına kiredi?
2. Evropa Awqamına neshe mámleket aǵza?
3. Evropa mámleketlerinde janılǵı-energetika kompleksiniń rawajlanıwı haqqında maǵlıwmat beriń.
4. Evropadaǵı qaysı mámleketler xalıqaralıq turizmniń iri orayları esaplanadı?

## 26-§. Germaniya Federativ Respublikası

*Arqa teńiz, Baltik teńizi, Kil kanalı, parlamentar respublika, federal kancler, federal jerler, sırtqı migraciya, lyuteran shirkewi.*



**Maydanı — 357,4 mıń km².**
**Xalqı (2018-j) — 82,8mln.**
**Paytaxtı — Berlin.**

Evropanıń ekonomikalıq jaqtan eń qúdiretli mámleketi Germaniya Federativlik Respublikası materiktiń oryında jaylasqan. Germaniya maydanı boyınsha materik mámleketleri arasında 6-orında turadı. Jaǵaları arqa-batısta Arqa teǵiz, arqa-shıǵısta bolsa Baltik teńizi suwları menen shegaralanǵan. Germaniya aymaǵınan eń áhmiyetli xalıq aralıq kanallardan biri — Arqa hám Baltik teńizlerin tutastıratuǵın Kil kanalı ótedi. Qurǵaqlıqta 9 mámleket penen shegaralas. Ekonomikalıq geografiyalıq orınınıń qolaylılıǵı Evropanıń hár túrli bólimlerindegi mámleketlerdi tutastırıwshı avtomobil, temir hám suw (dárya hám kanallar) jollarınıń ótkenligi menen belgilenedi.

http://eduportal.uz

Basqarıw forması—parlamentar respublika. Mámleket basshısı—prezident, biraq atqarıw hákimiyatınıń baslıǵı hám eń úlken siyasiy wákillikler iyesi húkimet baslıǵı, yaǵnıy federal kancler. Siyasiy-aymaqlıq dúzilisi jaǵınan Germaniya federativlik mámleket bolıp, 16 federal jerge bólinedi. Mámleket paytaxtı — Berlin — GFRdiń shıǵıs bóliminde jaylasqan.



**22-súwret.** Germaniyanıń relyefi.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Germaniya aymaǵınıń relyefi arqadan qublaǵa qaray kóterilip baradı (22-súwret). Mámlekettiń arqa bólimin Arqa Germaniya pás tegisligi iyelegen, oraylıq aymaqları pás hám orta tawlardan ibarat, qublasında bolsa biyikligi derlik 3000 metrge baratuǵın Alp tawları jaylasqan. GFR da tas hám qońır kómir, temir rudası, as hám kaliy duzlarınıń kánleri bar.

Mámleket aymaǵı ortasha klimat regionında jaylasqan. Hawa rayı tez-tez ózgeredi, jawın kóp jawadı. Qıs ádette, jumsaq, qattı suwıqlar az boladı. Teńiz boyı aymaqlarında kúshli samallar barháma baqlanadı hám bul energetika tarawında qol keledi.

Germaniyada dáryalar torı birqansha tıǵız. Eń iri dáryalar Reyn, Dunay, Elba, Vezer hám Oder bolıp esaplanadı. GFR daǵı barlıq iri dáriyalar kanallar menen óz ara baylanısqanlıǵı sebepli onıń ishki suw transport jolları Dunay arqalı Arqa hám Baltik teńizleri portların Qara teńiz portları menen baylanıstıradı.

**Xalqı.** Germaniya derlik 83 mln. adamlıq xalqı (2018-jıl maǵlıwmatı boyınsha) menen Evropada Rossiyadan keyingi 2-orındı iyeleydi. Tuwılıwdıń tómenligi sebepli Germaniyada xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi 1972-jıldan baslap keri qaldıqqa iye. Germaniyada xalıqtıń kóbeyiwiniń deregi sırtqı migraciya bolıp esaplanadı.

Germaniya shet ellik migrantlar sanı (7 millionǵa jaqın adam) boyınsha jáhánde AQSHtan soń 2-orındaǵı mámleket. Shet ellik migrantlar quramında Turkiya, Italiya, Greciya, burınǵı Yugoslaviya

mámleketleri, Polsha hám de ayırım arab mámleketlerinen kóship kelgenler san jaǵınan ajıralıp turdı. Shet ellik migrantlar kóbirek batıs hám arqa federal jerlerindegi iri qalalarda jámlesken.

Germaniyalılardıń 75 %i qalalarda jasaydı. GFRdiń eń iri qalaları — Berlin, Gamburg, Myunxen, Kyoln, Frankfurt-Mayn, Bremen.

Mámleket xalqınıń milliy quramında 90 % den kóbirek bólimi nemec milletine tuwra keledi. GFRdiń arqa, oraylıq hám shıǵıs aymaqlarında jasawshı nemecler arasında protestantlar (lyuteranlar) kópshilikti qurasa, mámlekettiń qublasında kóbirek katolikler jasaydı.

Germaniya xalqı iri dáryalardıń oypatlıqlarında júdá tıǵız halda jaylasqan. Bul boyınsha, ásirese, Reyn oypatlıǵı ayrıqsha ajıralıp turdı. Xalqı eń joqarı dárejede jámlesken aymaq — Rur sanaat rayonı — sol usı dárya basseyninde jaylasqan. Tawlı aymaqlarında hám de mámlekettiń arqa-shıǵısında bolsa xalıq siyrek jaylasqan.

**Ekonomikası.** Germaniya ekonomikalıq dárejesi hám xalıqtıń turmıs dárejesi jaǵınan jáhándegi jetekshi mámletlerden biri, «Úlken jetilik» toparına aǵza mámleket. Evropada Germaniya JIÓ hám sanaattıń óndiris kólemi boyınsha 1-orında turadı.

GFR hár túrli sanaat ónimleriniń joqarı sapası menen pútkil dúnyaǵa belgili. Germaniya sanaatınıń jetekshi tarmaqları qatarına mashinasazlıq, ximiya, farmasevtika, kómir, qara metallurgiya, azıq-awqat sanaatı kiredi. Mashınasazlıq tarmaqlarınan bolsa stanoksazlıq, avtomobilsazlıq, elektrotexnika, mikroelektronika, kemesazlıq, aviakosmoslıq mashinasazlıq sıyaqlı tarmaqları júdá joqarı dárejede rawajlanǵan.



**23-súwret.** Frankfurt-Mayn qalası.

Germaniya awıl xojalıǵınıń tayanısh tarmaqları sút-gósh qaramalshılıǵı da shoshqashılıq bolıp esaplanadı. Mámlekettiń arqa hám oraylıq bólimlerinde tiykarǵı awıl xojalıq eginleri biyday, arpa, mákke, kartoshka, qant láblebisi bolıp esaplanadı. Qubladaǵı taw janbawırları hám taw aralıǵındaǵı oypatlıqlarında júzim, temeki hám de pivo islep shıǵarıwda qollanılatuǵın xmelni jetistiriw jaqsı rawajlanǵan.

Germaniya ekonomikasında transport, bank-finans sektorı, turizm hám basqa xızmet kórsetiw tarawları da júdá áhmiyetke iye. Atap aytqanda, Evropadağı eń iri aeroportqa iye Frankfurt-Mayn qalası materiktegi tiykarğı bank-finans oraylarınan biri. (23-súwret).

Germaniyanıń shığıs jerleri (burınğı GDR) mámleketiniń qalğan aymaqlarına salıstırğanda social-ekonimikalıq rawajlanıwdıń tómenirek kórsetkishleri menen ajıralıp turadı.

1. Germaniya ekonimikalıq geogrefiyalıq ornınıń qolaylığın túsindiriń.
2. Germaniya xalqınıń tábiyiy hám migreciyalıq háreketine qanday ózgeshelikler tán?
3. Mámlekettiń awıl xojalığı qaysı tarmaqlarğa qánigelesken?
4. Frankfurt-Mayn qalasınıń ekonimikalıq geogreafiyalıq dárejesi qanday faktorlar menen belgilenedi?

## 27-§. Ullı Britaniya hám Arqa Irlandiya Birlesken Korolligi

*Birlesken korollik, Angliya, Shotlandiya, Uels, Arqa Irlandiya, konstituciyalıq monorxiya, La-Mansh buğazı, ortasha teńiz klimatı.*



**Maydanı — 244,5 mıń km².**
**Xalqı (2018-j). — 66,4 mln.**
**Paytaxtı — London.**

Ullı Britaniya hám Arqa Irlandiya Birlesken Korolligi Evropanıń arqa-batısındağı Britaniya atawlarında jaylasqan. Birlesken Korollik aymağın Ullı Britaniya atawı hám Irlandiya atawınıń arqa-shığısı quraydı. Mámleket quramına birneshe maydaraq atawlar da kiredi. Birlesken Korollik jağaları Arqa teńiz, Irlandiya teńizi hám de Atlantika okeanı suwları menen juwıladı. La-Mansh buğazı Ullı Britaniyanı Franciyanıń arqa-batıs jağasınan ajıratıp turadı. Qurğaqlıqta mámleket tek Irlandiya Respublikası menen shegaralas.

Házirgi waqıtta Ullı Britaniyanıń 15ke jaqın teńiz artı aymaqları, yağnıy koloniyaları bar. Olardıń úlken bólimi Karib teńizidegi atawlarda jaylasqan. Evropa materigindegi birden-bir koloniallıq aymaq — Gibraltar hám Birlesken Korolliktiń teńiz artı aymağı bolıp esaplanadı. Biraq, rásmiy jaqtan hesh qaysı teńiz artı aymağı Birlesken Korollik quramına kirmeydi.

http://eduportal.uz




**24-súwret.** Birlesken Korolliktiń quramlıq bólimleri.

Basqarıw forması — konstituciyalıq monarxiya. Ullı Britaniya húkimdarı sol waqıtta rásmiy túrde Britaniya Doslıǵı Korollikleri esaplanǵan 15 ǵárezsiz mámleket, sonıń ishinde, Kanada, Avstraliya, Jańa Zelandiyanıń basshısı da bolıp esaplanadı.

Siyasiy-aymaqlıq jaqtan Birlesken Korollik unitar mámleket esaplanıp, 4 bólim (mámleket) — Angliya, Shotlandiya, Uels hám Arqa Irlandiyadan ibarat (24-súwret). Angliyadan basqa 3 mámlekettiń bir bólimi avtonomiyaǵa iye.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Ullı Britaniya qubla-shıǵıs bólimin kóbirek tegislikler, arqa-batıs aymaqların bolsa, tiykarınan, orta tawlar iyelewdi. Ásirese, Shotlandiya hám Uelsde áyyemgi bóleklengen tawlar keń tarqalǵan (25-súwret). Mámlekettiń eń biyik noqatı — Ben-Nevis tawı (1343m) Shotlandiyada jaylasqan.

Birlesken Korollikte paydalı qazılmalardan, tiykarınan, neft, tábiyiy gaz hám kómir qazıp alındaı. Neft hám gazdıń iri kánleri Arqa teńiz sayızlıǵında jaylasqan. Biraq, aqırǵı jılları Ullı Britaniya mineral janılǵınıń barlıq túrleriniń importyorına aylanǵan, sebebi qazıp alınatuǵın resurslar milliy ekonomikanıń energiya dereklerine bolǵan talaptı qanaatlandıra almay atır.

Atlantika okeanınan jıl boyı esetuǵın ıǵal samallar hám de Golfstrim aǵımı tásirinde Ullı Britaniyada ortasha teńiz klimatı qáliplesken. Jıl dawamında tez-tez jawın jawadı, ásirese, mámlekettiń batısında. Qıs birqansha jıllı, yanvardıń ortasha hawa temperaturası 0°C átirapında.



**25-súwret.** Shotlandiyadaǵı taw kórinisi.

**Xalqı.** Birlesken Korollik Evropa mámleketleri ishinde xalqınıń sanı boyınsha 3-orında turadı. (2018-jıl) jaǵdayına muwapıq, 66 mln. adamnan zıyat). Xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi jıllıq esabında 0,3 %

ge teń. Xalqınıń sanı kóbirek sırtqı migraciya esabınan óspekte. Ásirese, Qubla Aziya, Afrika, Karib teńizindegi atawlardan kóship kelgenler kóp.

Ullı Britaniya urbanızaciya dárejesi 80 % den joqarı. Mámlekettiń eń iri qalaları qatarına, Londonnan basqa, Birmingem, Manchester, Liverpul, Glazgo, Edinburg kiredi.

Mámleket xalqınıń etnikalıq quramında eń iri millet inglisler bolıp esaplanadı. Shotlandiyalılar, uelslılar hám irlandiyalılar da tiykarǵı milletleri bolıp esaplanadı. Eń keń tarqalǵan din protestant xristianlıǵı bolıp esaplanadı.




**26-súwret.** Ullı Britaniyanıń xalqınıń tıǵızlıǵı ($km^2$/adam).

Xalıqtıń tıǵızlıǵı Oraylıq hám Qubla Angliya, Qubla Uels hám de Orta Shotlandiya pás tegisliginde eń joqarı dárejede bolsa, Shotlandiyanıń arqa-batıs tawlı aymaqlarında bolsa bul kórsetkish bir qansha pás bolıp tabıladı. (26-súwret). Birlesken Korollik xalqınıń derlik 85 %i Angliyada jasaydı.

**Ekonomikası.** Ullı Britaniya Evropa hám jáhán kóleminde ekonomikalıq jaǵınan eń qúdiretli mámleketlerden biri, «Úlken jetilik» toparı aǵzası. JIÓ kólemi boyınsha Birlesken Korollik Evropada Germaniyadan keyingi 2-orında turadı.

Ullı Britaniya sanaat revolyuciyasınıń besigi bolıp, XIX–XX ásir basında dúnyanıń jetekshi sanaatlasqan mámleketi esaplanǵan edi. Ol dáwirde Birlesken Korollik sanaatı, ásirese, toqımashılıq, kómir, qara metallurgiya, kemesazlıq tarmaqlarınıń rawajlanǵalıǵı menen ayrıqsha ajıralıp turǵan. Házirgi waqıtta bolsa Ullı Britaniya sanaatınıń jetekshi tarmaqları qatarına avtomobilsazlıq, aviasazlıq, awıl xojalıq mashınasazlıǵı, ximiya hám formasevitka sanaatları kiredi. Elektr energiyası, tiykarınan, IESlerde islep shıǵarıladı.

Awıl xojalıǵınıń jetekshi tarmaqları sút-gósh qaramalshılıǵı, qoyshılıq hám sharwashılıq bolıp esaplanadı. Tiykarǵı awıl xojalıq eginleri: biyday, arpa, kartoshka, qant láblebisi.

http://eduportal.uz

Ullı Britaniya ekonomikasında xızmet kórsetiw tarawları da úlken áhmiyetke iye. Olardan bank-finans tarawı, turizm, málimleme hám telekommunikaciya texnologiyaları, medicina hám joqarı bilimlendiriw óziniń xalıqaralıq ekonomikalıq áhmiyeti menen ayrıqsha ajıralıp turadı. London qalası Nyu-York hám Tokio menen birgelikte jáhánniń eń iri finanslıq orayı esaplanadı. Ullı Britaniyaǵa dúnyaǵa belgili kóplegen tariyxiy-mádeniy esteliklerdi kóriw ushın hár jılı birneshe on million sayaxatshılar keledi. Birlesken Korollik eń kóp sayaxatshılardı qabıl etetuǵın jáhánniń jetekshi 10 mámleketinen biri.

1. Birlesken Korollik siyasiy-aymaqlıq dúzilisin sıpatlań. Ne ushın onıń bir bólimi federativ esaplanıwı múmkin?
2. Ullı Britaniya klimatınıń áhmiyetli ózgeshelikleri hám olardı keltirip shıǵarǵan faktorların túsindiriń.
3. Birlesken Korollik xalqınıń jaylasıwına qaysı tábiyiy faktor úlken tásir kórsetken? Xalqınıń tıǵızlıǵı eń joqarı dárejede bolǵan aymaqları qaysı?
4. Ullı Britaniya zamanagóy sanaatınıń qaysı tarmaqları jetekshi áhmiyetke iye? Mámleket sanaatınıń tarmaqlarınıń quramı qalay ózgergen?

## 28-§. Franciya Respublikası

*La-Mansh buǵazı, Atlantika okeanı, Korsika atawı, teńiz artı aymaqlar, Parij aglomeraciyası, sırtqı migraciya, regionlıq tiller, turizm.*



**Maydanı — 551,6 mıń $km^2$.**
**Xalqı (2018-j) — 65,1 mln.**
**Paytaxtı — Parij.**

Evropadaǵı eń iri mámleketlerden biri — Franciya Respublikası — materiktiń batısında jaylasqan. Onıń jaǵaları batıs hám arqa-batıstan Atlantika okeanı, qubla-shıǵıstan bolsa Jer orta teńizi suwları menen juwıladı. Qurǵaqlıqta 8 mámleket penen shegaralas bolıp, eń uzın shegaraları Germaniya, Italiya, Ispaniya mámleketleri menen ótken. Franciyaǵa Jer orta teńizindegi Korsika atawı tiyisli. Sonday-aq, Franciyanıń 10 nan zıyat teńiz artı aymaqları, yaǵnıy koloniyaları da bar. Olar tiykarınan, Tınısh okean hám Karib teńizinde jaylasqan.

http://eduportal.uz



**27-súwret.** Luara dáryası.

Basqarıw forması — prezidentlik respublikası. Siyasiy-aymaqlıq jaǵınan Franciya unitar mámleket, 18 aymaq (region) qa bólinedi. Olardan 12si Franciyanıń kontinental bóliminde, 1wi Jer Orta teńizindegi Korsika atawında jaylasqan, qalǵan 5 i teńiz artı aymaqlarınan ibarat.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Franciya aymaǵınıń 2/3 bólimin tegislikler iyelegen. Sonıń menen birge, mámlekettiń shıǵıs, oraylıq qubla aymaqlarında Alp, Pireney, Ardenna, Vogeza, Oraylıq massiv, Yura sıyaqlı hár túrli biyikliktegi tawlar bar.

Franciyada paydalı qazılmalardan, tiykarınan temir, uran hám boksit rudaları kánleri zárúr sanaat áhmiyetke iye.

Franciyanıń Atlantika okeanına jaqın bóliminde ortasha teńiz klimatı, shıǵıs aymaqlarında ortasha kontinental, qublada bolsa Jer Orta teńiz tipindegi subtropikalıq klimat qáliplesken. Jazı ıssı, qısı bolsa jıllı hám jawın-shashınlı. Jawınlar eń kóp jawatuǵın waqıt yanvardan aprelge shekem baqlanadı.

Franciyada dáryalar torı birqansha tıǵız. Eń uzın dáryası — Luara (27-súwret), eń kóp suwlısı bolsa Rona. Sonday-aq, Sena hám Garonna da úlken dáryalar qatarına kiredi.

**Xalqı.** Franciya Evropa mámleketleri ishinde xalıq sanı boyınsha 4-orında turadı. 2018-jıl jaǵdayına muwapıq, Franciya xalqı 65 mln. adamnan artıq bolıp tabıladı. Xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi júdá tómen, jıllıq esabında 0,2 %ge teń. Xalıq sanı ósiwiniń áhmiyetli deregi sırtqı migraciya bolıp esaplanadı. Migrantlar ishinde ótmishte Franciyanıń koloniyası bolǵan Afrikanıń hár túrli mámleketlerinen kóship kelgenler birqansha kóp.

Franciyada házirgi waqıtta qalalasıw dárejesi 80 % ge jetken. Parijdiń átirapında materiktegi eń iri qala aglomeraciyalarınan biri qáliplesken. Onıń xalqı 10mln. adamnan zıyat. Iri regionallıq oraylar qatarına Lion, Marsel, Lill, Tuluza, Bordo qalaları kiredi.

Mámlekettiń tiykarǵı milletleri qatarına, francuzlardan basqa, basklar, bretonlar, elzaslikler, lotaringler, katalonlar, oksitanlar hám



http://eduportal.uz



**28-súwret.** Franciya júzimzarları.

korsikalılar kiredi. Franciya Konstituciyasına muwapıq, bul 7 millettiń tilleri regionlıq tiller biyligine iye. Franciya xalqınıń diniy quramında katolikler jetekshilik etedi.

Xalqı Parij aglomeraciyası, Belgiya hám Germaniyaǵa shegaralas aymaqlar hám de Jer Orta teńiz jaǵasında tıǵız dáreje de jaylasqan. Tawlı aymaqlarında xalıq tıǵızlıǵı birqansha tómenirek.

**Ekonomikası.** Franciya Respublikası Evropa hám pútkil jáhán boyınsha eń iri ekonomikalıq dárejesine iye bolǵan mámleketlerden biri bolıp esaplanadı. Franciya «Úlken jetilik» toparına tiyisli.

Franciya sanaatı quramında mashınasazlıq, ximiya hám neftximiya, qara hám reńli metallurgiya hám de azıq-awqat sanaatları jetekshi áhmiyetke iye. Mámleket avtomobil, keme, samolyot, stanoklar (mineral tóginler, soda, polimerler, parfyumeriya hám kosmetika, vino, sır hám basqa kóplegen ónimlerdi islep shıǵarıw hám jáhán bazarına jetkerip beriwde ayrıqsha ajıralıp turadı.

Franciya elektr energetikasında AESler birinshi dárejeli áhmiyetke iye. Atom elektr stanciyalarına mámlekette islep shıǵarılıp atırǵan elektr energiyasınıń 80 %i tuwrı keledi. Bul jaǵınan Franciya dúnyada birinshi orında turadı.

Awıl xojalıǵınıń jetekshi tarmaǵı gósh-sút sharwashılıǵı bolıp esaplanadı. Tiykrǵı awıl xojalıq eginleri: biyday, qant láblebisi, kartoshka, júweri, júzim, zıǵır. Ásirese, júzimgershilik hám de vinoshılıq tarawlarında Franciya óndiris kólemi hám ónimlerdiń dástúrlik sıpatı menen pútkil dúnyaǵa belgili (28-súwret). Teńiz sayızlıqlarında marikultura, teńiz organizmlerin jasalma túrde kóbeytiw jaqsı rawajlanǵan.



**29-súwret.** Parijdegi Luvr muzeyi.

Franciya jáhán mámleketleri ishinde turistler eń kóp keletuǵın mámleket. Ayırım jılları shet ellik sayaxatshılardıń sanı 75 million adamnan asadı.

Turizmniń bunday dárejede rawajlanıwına tábiyiy klimat sharayatı, pútkil dúnyaǵa belgili teńiz boyı kuratorlar (Nica, Sen-Trope, Kann hám basqalar), Franciya qalaları, Parijde belgili mádeniy obyektlerdiń kópligi menen baylanıslı. Mıaslı, Parijdegi Luvr muzeyi dúnya júzi boyınsha keliwshiler sanı jaǵınan jetekshi orın iyeleydi (29-súwret).

1. Kartadan Franciya ekonomikalıq geografiyalıq ornına baha beriń.
2. Franciya xalqı quramında qaysı milletler tiykarǵı milletler sıpatında ajıraladı?
3. Mámleket awıl xojalıǵı qaysı tarmaqlarǵa qánigelesken?
4. Franciyada turizmniń rawajlanıwı hám oǵan tásir kórsetiwshi faktorlardı túsindiriń.

## 29-§. Italiya Respublikası

*Apennin yarım atawı, Jer Orta teńiz, Siciliya, Sardiniya, Alp, anklav, vulkanlar, Jer Orta teńiz tipindegi klimat, mádeniy miyras, sociallıq-ekonomikalıq ayırmashılıqlar.*



**Maydanı — 301,3 mıń km². Xalqı (2018-j) — 60,6 mln. Paytaxtı — Rim.**

Italiya Respublikası — Evropanıń qublasında, Jer Orta teńiz boylarında jaylasqan, Evropa mádeniyanınıń besiklerinen biri bolıp esaplanǵan mámleket. Mámleket aymaǵınıń úlken bólimin Apennin yarım atawı iyeleydi. Italiyaǵa Jer Orta teńizindegi eki eń iri ataw — Siciliya hám Sardiniya tiyisli. Italiya arqasında Franciya, Avstriya, Shvecariya hám Sloveniya menen shegaralas. Italiyanıń qońsıları arasında San-Marino Vatikan «kishi» mámleketleri ayrıqsha orınǵa iye, sebebi bul mámleketler hár tárepten Italiya aymaǵı menen qorshalǵan hám basqa mámleketler yamasa teńiz suwları menen shegaraǵa iye emes. Bunday geografiyalıq jaylasıwǵa iye mámleketler **anklav** mámleketler dep ataladı.

Basqarıw forması—parlamentar respublika. Siyasiy-aymaqlıq jaǵınan Italiya 20 aymaq (provinciya) tan ibarat unitar mámleket. 20 provinciyadan 5 i, Sardiniya hám Siciliya ayrıqsha statusqa iye.

http://eduportal.uz



**30-súwret.** Stromboli vulkanı.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Italiyanıń relyefi tawlardan ibarat. Mámlekettiń arqasında Alp tawları jaylasqan. Apennin yarım atawın arqadan qublaǵa qaray ortasha biyikliktegi Apennin tawları kesip ótken (eń biyik noqatı — Korno-Grande shoqqısı, 2914m). Alp hám Apennin tawları arasında Padan tegisligi jaylasqan. Bul tegislikte batıstan shıǵısqa qaray Italiyadaǵı eń iri dárya Po dáryası aǵıp ótedi.

Italiya seysmikalıq hám vulkanlıq jaǵınan aktiv aymaqlardan biri. XXI ásirdiń ózinde 4 kúshli jer silkiniw júz bergen. Mámlekette birneshe hárekettegi vulkan, sonıń ishinde, Etna (Evropadaǵı eń biyik hárekettegi vulkan), Vezuviy hám Stromboli (30-súwret) bar.

Italiya aymaǵında hár túrli paydalı qazılmalar (neft, tábiyiy gaz, kómir, marganec, kaliy hám as duzı) kánleri bar, biraq, kópshilik mineral resurslardıń qazıp alıw kólemi mámlekettiń ekonomikasınıń talapların qanaatlandıra almay atır.

Italiyada Jer Orta teńiz tipindegi subtropikalıq klimat húkim súredi. Jazı ıssı, qısı jıllı, jawın-shashın kóbirek qıs aylarına tuwra keledi. Alp tawları Italiya aymaǵın suwıq hawa massalarınan saqlaydı hám teńizden esetuǵın samallardı tosıp, jawınlardıń jawıwın kúsheytedi.

**Xalqı.** Italiya Evropadaǵı xalqı eń kóp bes mámleketlerden biri. 2018-jıl maǵlıwmatlarına qaraǵanda, Italiyada 60,6mln. adam jasaydı. Xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi óń bolıp, jıllıq esabında — 0,2 %ke teń. Biraq, sırtqı migraciya esabınan Italiya xalqı ósip barmaqta. Migrantlar arasında rumınler, albanlar hám de Arqa Afrika mámleketlerinen kóship kelgen arablar san jaǵınan aldında.

Italiyada qala xalqınıń úlesi 70 %. Mámlekettegi eń iri qala aglomeraciyaları Milan, Rim, Turin hám Neapol qalaları júzege kelgen.

Mámleket tili — italiyan tili. Xalqınıń diniy quramında katolikler jetekshilik etedi. Italiya katolikler sanı boyınsha Evropada birinshi orında turadı.

Xalqı Italyada birqansha tegis emes jaylasqan. Xalqı eń tıǵız jaylasqan aymaq Po dáryası aǵıp ótetuǵın Padan tegisligi bolıp esaplanadı.

http://eduportal.uz

Sonday-aq, mámleket qublasındaǵı teńiz boyı aymaqlarında da xalqı birqansha tıǵız jasaydı. Tawlı rayonlar hám Sardiniyada xalıq birqansha siyrek jaylasqan.



**31-súwret.** Italiyadaǵı zaytun plantaciyaları.

**Ekonomikası.** Italiya Evropadaǵı «Úlken jetilik» toparına kiretuǵın 4 mámleketlerden biri. Biraq, Italiyanıń hár túrli bólimleriniń ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵında úlken ayırmashılıq baqlanadı. Mámlekettiń eń iri hám rawajlanǵan ekonomikalıq orayları onıń arqasında jaylasqan. (Milan hám Turin aglomeraciyaları). Qubla aymaqları bolsa qalaq agrar ekonomikası menen ajıralıp turadı. Bunday keskin aymaqlararalıq social-ekonomikalıq ayırmashılıqlar Italiyanıń ekonomikalıq geografiyalıq ózgesheliklerinen biri bolıp esaplanadı.

Italiya sanaatınıń jetekshi tarmaqları sıpatında mashinasazlıq (ásirese, avtomobilsazlıq hám kúndelikli xızmettegi texnika islep shıǵarıw), ximiya, jeńil hám azıq-awqat sanaatları ajıralıp turadı. Mámleket jeńil avtomobil, motocikl, muzlatqısh, velosiped, jún gezlemeleri, kiyim-kenshek, ayaq kiyim, zaytun mayı, sır, vino, miywe hám tomat koncervaları sıyaqlı ónimlerdiń jáhándegi eń kózge kóringen eksportyorlarınan biri bolıp tabıladı.

Awıl xojalıǵı kóbirek subtropikalıq diyqanshılıqqa qánigelesken. Italiya Evropa hám jáhán kóleminde sitrus miyweleri, júzim, pomidor hám zaytun jetistiriw boyınsha ayrıqsha ajıralıp turadı (31-súwret).

Milliy ekonomikanıń eń dáramatlı tarmaqlarınan biri turizm esaplanadı. Sebebi jılına Italiyaǵa orta esapta 50 million shet ellik sayaxatshılar keledi. Turizmniń bunday keń kólemde rawajlanıwına Italiyanıń tábiyiy klimat sharayatı, tábiyattıń gózzallıǵı da álbette, mádeniy miyrastıń baylıǵı xızmet etedi. Italiyanıń Rim, Milan, Neapol, Veneciya, Florenciya, Genuya, Parma, Piza, Verona hám basqa qalaları, haqıyqıy mánisinde, «aspan astındaǵı muzeyler»



**32-súwret.** Rimdegi Kolizey

http://eduportal.uz

sıpatında pútkil dúnyada belgili. YUNESKO tárepinen dúzilgen Pútkil jáhán mádeniy miyras obyektleriniń dizimine sol Italiyadağı tábiyiy hám tariyxıy-mádeniy estelikler eń kóp kirgizilgen.

1. Italiyağa shegaralas mámleketler arasında Vatikan hám San-Marino qanday geografiyalıq ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı?
2. Italiya xalqı tığızlığına tásir kórsetken aymaqlıq ayırmashılıqlar sebeplerin túsindiriń.
3. Italiyanıń arqa hám qubla aymaqları ekonomikalıq rawajlanıw jağınan qalay ajıraladı?

## 30-§. Rossiya Federaciyası

*Shığıs Evropa, Arqa Aziya, Ural tawları, Kuma-Manish batığı, agroklimatlıq resurslar, tábiyat zonaları, Baykal kóli, kóp konfessiyalı mámleket.*



**Maydanı — 17075 mıń $km^2$.**
**Xalqı (2018-j) — 147,3 mln.**
**Paytaxtı — Moskva.**

Rossiya Federaciyası maydanı jağınan jáhánniń eń iri mámleketi. Ol shığıs Evropa hám Arqa Aziyada jaylasqan. Rossiyanıń Evropa hám Aziyadağı bólimleri Ural tawları hám de Kaspiy hám Azov teńizleri arasındağı Kuma-Manish batığı ajıratıp turadı.

Rossiya jağaları Arqa Muz, Tınısh hám Atlantika okeanlarınıń basseynlerine tiyisli bolğan 12 teńiz suwları menen juwıladı. Aytıp ótiw kerek, jáhánde tek 3 mámleket birden úsh okeanğa shığıw imkaniyatına iye — Rossiya, AQSH hám Kanada.

Rossiya Federaciyası jámi 16 mámleket penen shegaralas. Sonıń ishinde, Yaponiya hám AQSH penen shegara tek suw arqalı ótedi. Shegaralas mámleketlerdiń ulıwma sanı boyınsha Rossiya jáhán mámleketleri ishinde 1-orında turadı. Eń uzın shegara sızıqları Qazaqstan, Mongoliya hám Qıtay menen ótken.

Rossiya aralas tipindegi respublika bolıp esaplanadı, sebebi húkimet prezident hám parlament tárepinen birgelikte qáliplestiriledi. Konstituciyağa muwapıq, Rossiya 85 hár túrli statustağı aymaqlar federaciyası bolıp esaplanadı. Rossiya Federaciyasınıń regionları arasında respublika, oblast, úlke, avtonom okrug, avtonom oblast hám

http://eduportal.uz

federal ahmiyettegi qalalar bar. Baltik teńizi boyındaǵı Kaliningrad oblastı. Rossiyanıń tiykarǵı aymaǵınan ajırlǵan halda jaylasqan bolıp, *eksklav* geografiyalıq orınǵa iye.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Rossiya Federaciyasınıń aymaǵı arqadan qublaǵa 4000 km den artıq, batıstan shıǵısqa bolsa sál kem 10000 km aralıqqa sozılǵanlıǵı ushın mámlekettiń tábiyiy sharayatı hár qıylı. Rossiya aymaǵınıń 70 %i tegisliklerden ibarat. Eń úlken maydanları Shıǵıs Evropa hám Batıs Sibir tegislikleri iyeleydi. Biyik tawlar (Kavkaz, Altay, Sayan, Sixote-Alin hám basqa). Rossiyanıń shıǵıs hám shetki qubla bólimlerinde jaylas-qan.

Rossiya mineral resurslarǵa eń bay mámleketlerden biri bolıp esaplanadı. Rossiyada neft, tábiyiy gaz, kómir, uran, temir rudası, altın, almaz hám basqa paydalı qazılmalardıń iri qorları bar. Rossiyanıń ekonomikası ushın, ásirese, neft hám tábiyiy gazdiń resursları úlken áhmiyetke iye. Neft hám gazdiń iri kánleri tiykarınan, Batıs Sibir tegisliginde jaylasqan.

Rossiya, tiykarınan, ortasha subarktika hám arktika klimat zonalarında jaylasqan. Tek ǵana Qara teńiz boyındaǵı aymaq subtropikalıq klimatqa iye. Aymaqtıń 70 % den artıq bólimi agroklimatlıq resurslar menen jeterli dárejede támiyinlenbegen hám bul jaǵday awıl xojalıǵına unamsız tásir kórsetedi. Tiykarǵı tábiyat zonaları — tundra, tayga, aralas hám keń japıraqlı toǵaylar, dala hám toǵay dala. Rossiya toǵay hám jer resursları menen eń jaqsı támiyinlengen mámleketlerden ibarat.

Rossiya, ásirese, onıń Aziyadaǵı bólimi, suw hám gidroenergetika resurslarına júdá bay.



*Moskvadaǵı Xristos Xoloskar shirkewi*



*Grozniydaǵı «Chechenstan júregi» meshiti.*



*Elistadaǵı budda ibadatxanası*

**33-súwret.** Rossiya — kóp konfessiyalı mámleket

http://eduportal.uz

Rossiyanıń eń iri dáryaları — Enisey, Lena, Ob, Amir, Volga. Sibirde jaylasqan Baykal kóli jer júzinde eń tereń hám eń kóp dushshı suw jıynalǵan kól bolıp esaplanadı.

**Xalqı.** Rossiya Federasiyasınıń xalqı sanı boyınsha jáhánde 9-orında turadı. Rossiyada 1992—2012-jılları xalqınıń tábiyiy azayıwı baqlanǵan bolsa, 2013-jıldan baslap mámlekette minimal dárejedegi tábiyiy kóbeyiw belgilenbekte. Biraq, demografiyalıq jaǵday Rossiyada turaqlı emes. Xalqınıń kóbeyiwine sırtqı migraciya sezilerli dárejede tásir kórsetpekte.

Rossiyada qala xalqınıń úlesi 75 % ge jaqın. Eń iri qalaları — Moskva (12 mln. adamnan artıq) hám Sankt-Peterburg (5 mln. adamnan artıq). Házirgi kúnde jámi 15 «millioner» qala bar.

Rossiya Federaciyası kóp milletli mámleket bolıp esaplanadı. Onıń aymaǵında 100 den artıq túpkilikli millet hám elat wákilleri jasaydı. Xalqınıń milliy quramında 80 % bólimi ruslarǵa tuwra keledi. Basqa milletler arasında tatarlar, ukrainler, bashqurtlar, shuvashlar, cheshenlerdiń sanı 1 mln. adamnan asadı.

Rossiya kóp konfessiyalı mámleket bolıp tabıladı (33-súwret). Mámleketdegi eń kóp sanlı din pravoslav xristianlıq bolıp esaplanadı. Ruslardan tısqarı oǵan ukrainler, shuvashlar, mordvalar, osetinler hám basqa birneshe millet wákilleri jasaydı. Tatarlar, bashqurtlar Arqa Kavkazdaǵı kóplegen xalıqlar islam dinine tiyisli. Buryatlar, qalmaqlar hám de tuvalılar bolsa buddizm dinine sıyınadı.

Rossiyada xalıqtıń tıǵızlıǵınıń ortasha kórsetkishi birqansha tómen (1 $km^2$ge 8 adam), xalıqtıń aymaqlıq jaylasıwı bolsa júdá tegis emes. Buǵan, tiykarınan, klimat sharaytı úlken tásir kórsetken. Xalqı kóbirek Rossiyanıń batıs hám qubla bóliminde — shártli túrde ajıratılatuǵın «Sankt-Peterburg — Sochi — Irkutskiy» úshmúyeshliginde jámlengen.

1. Rossiya Federaciyasınıń geografiyalıq ornınıń unamlı hám unamsız táreplerin anıqlań.
2. Rossiyada qanday tábiyat zonaları keń tarqalǵan?
3. Rossiyadaǵı qaysı milletler wákilleriniń sanı 1 mln. adamnan artıq?
4. Rossiyadaǵı qaysı milletler pravoslavlıq, islam hám buddizm dinlerine isenedi?

http://eduportal.uz

## 31-§. Rossiya Federaciyası xojalığı

*Jalpı ishki ónim (JIÓ), sanaat, janılǵı-energetika sanaatı, metallurgiya, mashinasazlıq, dánshilik, temir jol transportı, ekonomikalıq rayonlar.*

Rossiya Federaciyasınıń JIÓ kólemi boyınsha jáhánde 6-orında turadı (2017-j.). Burınǵı Awqam mámleketleri arasında Rossiya eń iri JIÓ kólemine iye. Rossiyanıń ekonomikası industrial xarakterge iye.

**Sanaatı.** Rossiyada sanaattıń kóplegen tarmaqları jaqsı rawajlanǵan. Ekonomikanıń tayanıshı janılǵı-energetika sanaatı. Rossiya neft qorları boyınsha jáhánde 3-orın, kómir qorları boyınsha 2-orın, tábiyiy gaz qorları boyınsha bolsa 1-orında turadı. Birneshe jıldan berli Rossiya neft hám tábiyiy gaz qazıp alıw kólemi boyınsha jáhándegi jetekshi 3 mámleket qatarınan orın aladı. Janılǵınıń ulıwma eksportı boyınsha bolsa Rossiya jáhándegi jetekshi mámleket bolıp esaplanadı. Rossiya janılǵı sanaatınıń eń tiykarǵı rayonı Batıs Sibir bolıp esaplanadı.

Elektr energiyasın islep shıǵarıw boyınsha Rossiya jáhánde Qıtay, AQSH hám Hindstannan keyin tórtinshi orında turadı. Elektr energiyasınıń eń úlken bólimi ıssılıq stanciyalarında islep shıǵarıladı (65 % den artıq), GES ler úlesi 16 % ge, AES ler úlesi bolsa 18 % ke teń.

Qara metallurgiya hám Rossiya sanaatınıń tayanısh tarmaqlarınan biri. Rossiya jáhánde temir rudasın qazıp alıw boyınsha 4-orın, polat eritiw boyınsha 5-orın, polat eksportı boyınsha 4-orında turadı (2016-j.). Jılına 70 mln tonnadan artıq polat eritilip, 30 mln. tonnaǵa jaqın bólimi eksport etiledi. Rossiyada qara metall islep shıǵarıw, tiykarınan, úsh iri temir rudası basseynleri — Kuzneck, Magnitogorsk hám Kursk magnit anomaliyasına tayanadı.

Rossiya joqarı rawajlanǵan reńli metallurgiya sanaatına iye. Onıń tiykarǵı ónimleri — alyuminiy, nikel, mıs, altın, gúmis, cink hám qorǵasın. Alyuminiy hám nikeldi qazıp alıw boyınsha jáhánde 2-orın, eksportı boyınsha 1-orında turadı (2016-j.). Altın qazıwda mámleket jáhánde 3-orında turadı. Reńli metallurgiyanıń eń iri kárxanaları Shıǵıs Sibirde xızmet kórsetpekte (34-súwret). Bunda Enisey hám Angara dáryalarında qurılǵan iri GES lerdiń áhmiyeti úlken.

http://eduportal.uz



**34-súwret.** «Norilsk nikel» kárxanası.

Mashinasazlıq sanaatı Rossiyada kóp tarmaqlı quramı hám keń geografiyası menen ajıralıp turadı. Rossiyanıń mashinasazlıǵı aviakosmoslıq texnika, energetika qurılmaları, vagon, jeńil hám júk avtomobilleri, awıl xojalıǵı mashinaları, hár túrli úskenelerdi islep shıǵarıwǵa qánigelesken. Mámlekettiń eń úlken avtomobil zavodı — Tolyatti qlasındaǵı «AvtoVAZ» kárxanası. Ximiya sanaatınıń eń áhmiyetli ónimi mineral tóginler bolıp esaplanadı. Barlıq túrdegi mineral tóginlerdi islep shıǵarıw boyınsha Rossiya jáhánde Qıtaydan keyingi 2-orındı iyeleydi (2016-j).

**Awıl xojalıǵı.** Rossiya jáhán mámleketleri arasında eń úlken jer fondına iye, biraq, awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın ónimli jerler onıń 10 % den zıyatıraq bólimin quraydı, tek.

Rossiyanıń hár túrli aymaqları awıl xojalıǵınıń qánigelesiwi menen óz ara ajıraladı. Tiyisli ayırmashılıqlar kóbirek klimat sharayatına baylanıslı.

Diyqanshılıqtıń eń áhmiyetli tarmaǵı dánshilik bolıp tabıladı. Ol, tiykarınan, mámleket qublası hám qubla-batısın iyelegen dalalıq hám toǵay-dala zonalarında jaqsı rawajlanǵan. Dán eginleriniń ulıwma hasılı boyınsha Rossiya jáhánniń jetekshi 5-mámleketleri qatarına kiredi hám dán, ásirese, biyday eksportı boyınsha jáhán kóleminde ajıralıp turadı (35-súwret). Dán eginlerinen basqa Rossiyada qant láblebisi, kartoshka, ayǵabaǵar, zıǵır hám zárúr awıl xojalıq eginleri bolıp esaplanadı.

Sharwashılıqtıń tiykarǵı tarmaqları qaramal baǵıwshılıq, shoshqashılıq, qusshılıq bolıp esaplanadı. Arqa aymaqlarında suwın baǵıw rawajlanǵan. Balıq awlaw Bering, Oxota, Yapon, Barenc, Baltik hám Kaspiy teńizlerinde rawajlanǵan.

**Transportı.** Transport jollarınıń tıǵızlıǵı mámlekettiń hár túrli bólimlerinde keskin ajıralıp turadı. Bul jaǵday tábiyiy-klimat sharayatı hám xalqınıń tıǵızlıǵı menen baylanıslı. Temir jollar uzınlıǵı boyınsha Rossiya AQSH dan keyingi 2-orındı, elektrlestirilgen temir jollardıń uzınlıǵı boyınsha bolsa jáhánde 1-orındı iyeleydi. Jáhándegi eń uzın



http://eduportal.uz

temir jol Moskvanı Vladivostok benen baylanıstıratuǵın Transsibir magistralı bolıp esaplanadı.

Mámleketlerdiń ayırım aymaqlarında, ásirese, arqa úlkelerinde dárya transportınıń áhmiyeti joqarı. Rossiyanıń Evropa bóliminde Volga dáryası dárya transportı tarmaqlarınıń ózegi bolıp xızmet etedi. Ol hár túrli tarmaq hám kanallar arqalı Baltik, Aq hám Azov teńizleri menen baylanısqan.

Rossiyanıń 7 qalasında (Moskva, Sankt-Peterburg, Nijniy Novgorod, Samara, Ekaterinburg, Novosibirskiy hám Kazan) metropoliten bar.




**35-súwret.** Rossiya dán eksportı dinamikası (1992-2017-jj., mln. tonna).

**Ekonomikalıq rayonları.** Rossiya Federaciyası rásmiy jaqtan 11 ekonomikalıq rayonǵa bólinedi. Olardan eń irileri Oraylıq, Arqa-batıs, Ural, Volga boyı, Batıs Sibir, Shıǵıs Sibir, Uzaq Shıǵıs bolıp esaplanadı. Mámleket ekonomikalıq rayonları arasındaǵı ayırmashılıqlar, tiykarınan, tábiyiy sharayat hám resurslar hám de tariyxıy rawajlanıw ózgeshelikleri menen baylanıslı.

1. Rossiya sanaatı hám pútkil ekonomikanıń negizin qaysı tarmaq quraydı?
2. Rossiyadaǵı tiykarǵı awıl xojalıq eginleri qatarına neler kiredi?
3. Jazıwsız kartada metropoliten bar Rossiya qalaların belgileń.
4. Rossiya ekonomikalıq rayonları arasındaǵı ayırmashılıqlar qanday faktorlar menen belgilenedi?

http://eduportal.uz




# 6-BAP. AZIYA MÁMLEKETLERI

## 32-§. Aziya materiginiń geografiyalıq ornı, shegaraları hám siyasiy kartası

*Aziya, materik, jańa ǵárezsiz mámleketler, ataw mámleketler, ishki kontinental mámleketler, respublika, monarxiya, federativ mámleketler.*



**36-súwret.** Aziyanıń geografiyalıq ornı.

Jáhánniń eń iri kontinenti Aziya dep atalıwı onıń geografiyalıq ornı menen baylanıslı. Áyyemgi assuriyalılar tilinde ol «Quyash shıǵıwı», yaǵnıy «shıǵıs» mánisin ańlatadı.

Aziyanıń atawlar menen birgeliktegi ulıwma maydanı 43,4 mln.km$^2$ (Rossiyanıń Aziyadaǵı bólimi menen). Xalqı 4,5 mlrd. adamnan zıyat, yaǵnıy Aziyada adamzattıń 60 % i jasaydı (2018-j.).

Aziya ekvatorǵa salıstırǵanda, tiykarınan, Arqa, bas meridianǵa salıstırǵanda bolsa, tiykarınan, Shıǵıs yarım sharda jaylasqan (36-súwret). Aziya jaǵaları tórt okean suwları menen juwılatuǵın birden-bir materik bolıp esaplanadı. Onı arqada (Rossiyanıń aymaǵı) Arqa muz, qublada Hind, shıǵısta Tınısh okeanları, batısta Atlantika okeanı basseynine tiyisli Jer Orta hám Qara teńizleri qorshap turadı.

Aziyanıń siyasiy kartasında, Rossiyanı esapqa almaǵanda, 47 ǵárezsiz mámleket bar. Bul mámleketlerdiń kópshiligi Ekinshi Jáhán urısınan keyingi dáwirde siyasiy ǵárezsizlikke erisken. Materiktiń eń jas mámleketleri qatarına 1991-jılı ǵárezsizlikti qolǵa kirgizgen Ózbekstan, Qazaqstan, Túrkmenstan, Tájikstan, Qırǵızstan, Azerbayjan, Gruziya, Armeniya hám de 2002-jılı ǵárezsiz mámleketke aylanǵan Shıǵıs Timor kiredi.

http://eduportal.uz

Aziya mámleketleri aymaǵınıń maydanına qaray bir-birinen birqansha ajıraladı. Rossiya, Qıtay, Hindstan hám Qazaqstan jáhánniń 10 eń iri mámleketleri qatarına kiredi. Jáne 4 mámleket — Saudiya Arabstanı, Indoneziya, Iran hám Mongoliyanıń maydanı 1 mln. $km^2$ dan úlken. Sonday-aq, aymaǵı 500 mıń $km^2$ dan zıyat bolǵan Pakistan, Turkiya, Awǵanstan, Myanma, Yemen hám Tailand da úlken mámleketler bolıp esaplanadı. Sonıń menen birge, Aziyada maydanı 1 mıń $km^2$ dan kishi bolǵan 3 mámleket bar — Baxrayn, Singapur hám Maldiv Respublikası. Ulıwma alǵanda bolsa, Aziya Evropaǵa salıstırǵanda aymaǵı úlken bolǵan mámleketler kóp.

Aziya mámleketleriniń kópshiliginde teńizge tikkeley shıǵıw imkaniyatı bar. Olardıń ayırımları (máselen, Turkiya, Malayziya, Singapur, Koreya Respublikası) kóp qatnaytuǵın teńiz jolları hám buǵazlar boyında jaylasqan. Materik mámleketlerinen 9 ı atawlarda jaylasqan — Indoneziya, Filippin, Shıǵıs Timor, Singapur, Yaponiya, Shri-Lanka, Maldiv Respublikası, Kipr hám Baxrayn.

Sonıń menen birge, Aziyada 13 mámleket qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqan. Olardan jetewi burınǵı Awqam quramınan ajıralıp shıqqan jas ǵárezsiz mámleketler. Jáhánniń ishki kontinental mámleketlerinen eń iri ekewi (Qazaqstan hám Mongoliya) sol Aziyada jaylasqan.

Materiktegi 47 mámleketten 34 i respublika, 13 i monarxiya basqarıw formasına iye. Aziyada dúnyanıń 5 absolyut monarxiyalarınan 4 i (Saudiya Arabstanı, Oman, Qatar, Bruney) jaylasqan.

Hákimshilik-aymaqlıq jaǵınan Aziyadaǵı 7 mámleket federativ dúziliske iye — Hindstan, Pakistan, Myanma, Irak, Malayziya, Nepal hám Birlesken Arab Ámirlikleri.

Aziya mámleketleri 5 subregionǵa bólinedi. Bular: Oraylıq, Qublabatıs, Qubla, Qubla-shıǵıs hám Shıǵıs Aziya bolıp tabıladı. Ózbekstan, Qazaqstan, Qırǵızstan, Túrkmenstan hám Tájikstan Respublikaları Oraylıq Aziya subregionın quraydı.

1. Aziya siyasiy kartasındaǵı eń jas mámleketler qaysı?
2. Kartadan Aziyadaǵı qaysı ataw mámleketleri úlken, qaysıları kishiligin anıqlań.
3. Atlastaǵı jáhánniń siyasiy kartası járdeminde qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqan Aziya mámleketlerin anıqlań.



http://eduportal.uz

## 33-§. Aziya mámleketleriniń tábiyiy resursları hám xalqı

*Mineral, suw, agroklimatlıq, toǵay resursları, suwǵarılatuǵın diyqanshılıq, islew beriletuǵın jerler, xalqınıń jaylasıwı, tábiyiy kóbeyiw, urbanizaciya, qubla evropeoidler, mongoloidler, din.*

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Aziya mámleketleriniń kópshiligi mineral baylıqlar menen jaqsı támiyinlengen. Jáhán neft qorlarınıń 70 % i, gazdiń 80 % den artıǵı, kómirdiń 50 % den kóbi Aziyanıń úlesine tuwra keledi. Neft hám tábiyiy gazge Persiya qoltıǵı hám onıń jaǵaları, Kaspiy teńizi, Turan tegisligi, Qubla-shıǵıs Aziyanıń teńiz sayızlıqları bay. Qıtay, Hindstan, Qazaqstandaǵı áyyemgi platformalar aymaǵında iri taskómir, teńiz, marganec, xrom hám hár túrli reńli metall kánleri jaylasqan. Qubla-shıǵıs Aziya mámleketlerinde jáhánniń eń iri qalayı kánleri «qalayı belbawı»n payda etedi.

Aziyada basqa túrdegi tábiyiy resurslar (suw, jer, agroklimatlıq) aymaqlıq tarqalıwında úlken ayırmashılıqlar bar. Suw resursları menen jaqsı támiyinlengen aymaqlar (mısal ushın, Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketleri) menen birge, sheksiz qurǵaqlıq shóller de bar.

Úlken ayırmashılıqlar tábiyiy ıǵallıq, islew beriletuǵın (súriletuǵın) jerler sıyaqlı resurslardıń bólistiriliwinde de kózge taslanadı. Aziyadaǵı kóplegen mámleketlerde jer resursları (dáslep, egin maydanları) jetispeydi, iri taw massivleri, qurǵaqlıq shóller keń tarqalǵanlıǵı, xalqınıń tıǵızlıǵı joqarı bolǵanlıǵı ushın islew beriletuǵın maydanlar birqansha sheklengen. Aziya aymaǵınıń úlken bóliminde quyash nurı ıssılıǵı, onıń ıssılıq imkaniyatları ósimliklerdiń vegetaciya máwsiminiń uzaq, hátte jıl boyı dawam etiwine imkan beredi. Biraq, tábiyiy ıǵallıq materikte tegis emes bólistirilgen.

Bul jaǵday áyyemnen Aziya mámleketlerinde hár tamshı suwdan únemli paydalanıwǵa shaqırǵan hám bul materikti jasalma suwǵarıw diyqanshılıǵınıń besigine aylandırǵan. Tariyxıy maǵlıwmatlar Oraylıq Aziya, Qubla hám Qubla-batıs Aziyada suwǵarılatuǵın diyqanshılıq mádeniyatı 4—5 mıń jıllar aldın qálipleskenin tastıyıqlaydı. Jer júzindegi barlıq suwǵarılatuǵın jerlerdiń 3/4 bólimi Aziya mámleketleriniń úlesine tuwrı keledi. Suwǵarılatuǵın jerlerdiń úlkenligine qaray jáhánde Qıtay birinshi, Hindstan bolsa ekinshi orında turadı.

http://eduportal.uz

**Xalqı.** Aziya xalqı eń kóp bolǵan materik bolıp esaplanadı. Regionda 4,5 mlrd. adamnan artıq, yaǵnıy jáhán xalqınıń derlik 60 %i jasaydı (2018-j).

Aziyada, qalaberse jáhán mámleketleri arasında xalqınıń sanı jaǵınan ayrıqsha ajıralıp turatuǵın mámleketler Qıtay hám Hindstan bolıp esaplanadı. Olardıń xalqı, 2018-jıl maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 1 mlrd. 394 mln. hám 1 mlrd. 371 mln. adamǵa teń bolǵan. Demek, Qıtay hám Hindstanda Aziya xalqınıń 61 %, tolıq pútkil adamzattıń 36 % i jasaydı.

Xalqı sanı jaǵınan, 2018-jıl jaǵdayına baylanıslı, Qıtay hám Hindstannan keyingi jetekshi orınlardı Indoneziya (265 mln.adam) Pakistan (201 mln. adam), Bangladesh (166 mln. adam), Yaponiya (126 mln. adam), Fillippin (107 mln. adam), Vetnam (95 mln. adam), Iran (82 mln.adam) hám Turkiya (81 mln.adam) sıyaqlı mámleketler iyeleydi.

Aziya xalqı házirgi basqıshta, ulıwma alǵanda, jılına 1—1,1 % ke óspekte. Biraq, xalıqtıń kóbeyiw tezligi mámleketlerde hár qıylı. Yaponiya, Arqa hám Qubla Koreya, Qıtay, Singapur, Tailand, Gruziya, Armeniya, Kiprde xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi birqansha tómen (jıllıq esapta 0,5 % den aspaydı). Sonıń menen birge, Irak, Yemen, Tájikstan, Awǵanstan, Shıǵıs Timor mámleketlerinde tábiyiy kóbeyiw tezligi júdá joqarı (jılına 2,5—3 %).

Aziyanıń ulıwmalıq urbanizaciya kórsetkishi XXI ásirdiń dáslepki jıllarına shekem Afrikaǵa salıstırǵanda da tómen bolıp, 30 % ke jetpeytuǵın edi. Biraq, 2018-jılǵa kelip, bul kórsetkish region boyınsha 50 % ke jetedi. Bunday keskin ózgeris, kóp jaǵınan Qıtayda qalalasıw procesiniń aqırǵı jıllardaǵı jedellesiwi menen baylanıslı. Sońǵı 15—20 jılda bul mámlekettiń urbanizaciya dárejesi 2 esege artıp, jáhán boyınsha ortasha kórsetkish arttı. Urbanizaciya dárejesi, ásirese, Singapur, Yaponiya, Koreya Respublikası, Izrayl sıyaqlı sanaatlasqan mámleketler hám de Qubla-batıs Aziyanıń neftti qazıp alıwshı mámleketlerinde júdá joqarı (85—100 %). Awǵanstan, Tájikstan, Shri-Lanka, Nepal, Kambodja, Myanma, Shıǵıs Timorda bolsa urbanizaciya kórsetkishi 20—30 % aralıǵında.

Aziya xalqı aymaqlıq jaqtan tegis emes jaylasqan. Buǵan tábiyiy sharayat, ásirese, klimat hám suw resursları faktorları úlken tásir kórsetken. Aziyanıń xalqı eń tıǵız jaylasqan bólimleri Ullı Qıtay

http://eduportal.uz

tegisligi, Hind-Gang oypatlıǵı, Hindstan yarım atawı, Yapon hám Filippin atawları, Koreya yarım atawınıń qublası, Yava atawı bolıp esaplanadı. Házirgi waqıtta, Arabiya yarım atawı, Gobi hám Taklamakan shólleri, biyik tawlı úlkelerde xalıqtıń tıǵızlıǵı júdá tómen.

Aziya barlıq iri dinler — buddizm, xristianlıq, islam induizm, konfuciylik, evreylik, cintoizmniń besigi bolıp esaplanadı hám bul materikte tariyxıy jaǵınan dinlerdiń ózine tán geografiyası qáliplesken. Qubla-batıs hám Oraylıq Aziyada, Pakistan, Bangladesh, Maldiv Respublikası sıyaqlı Qubla Aziya hám de Indoneziya, Malayziya, Bruney sıyaqlı Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketlerinde islam dini tiykarǵı áhmiyetke iye. Hindiqıtay yarım atawındaǵı mámleketler, Mongoliya, Shri-Lanka hám Butanda buddistler kópshilikti quraydı. Armeniya, Gruziya, Kipr, Filippin, Shıǵıs Timorda xristianlıqtıń hár túrli mázhebleri jetekshilik etedi. Jergilikli dinlerden Hindstan hám Nepalda induizm, Qıtayda konfuciylik hám daocizm, Yaponiyada cintoizm, Izraylde bolsa iudaizm keń tarqalǵan.

1. Aziya mámleketlerinde jer resursları jetispewshiligin túsindiriń.
2. Ne ushın Aziyada diyqanshılıq suwǵarıw tiykarında rawajlanadı?
3. Xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi júdá joqarı hám birqansha tómen dárejede bolǵan Aziya mámleketlerine mısallar keltiriń. Bunday geografiyalıq ayırmashılıqlar qaysı faktorlarǵa baylanıslı?
4. Aziyanıń hár túrli region hám mámleketlerinde qaysı dinler tarqalǵan? Ne ushın Aziya materigi dúnya dinleri tariyxında ayrıqsha orın tutadı?

## 34-§. Aziya mámleketleriniń ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı

*Social-ekonomikalıq rawajlanıw, jalpı ishki ónim (JIÓ), «Úlken Jetilik» toparı, «kóshirilgen kapitalizm mámleketleri», jańa industrial mámleketler, industrial-agrar mámleketler, agrar-industrial mámleketler, agrar mámleketler.*

Aziya mámleketleri tábiyiy sharayatı, resursları, xalqınıń kóbeyiwi hám quramı jaǵınan emes, al social-ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵınan da bir-birinen birqansha parıq qıladı. Olar ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı hám xojalıǵınıń qánigelesiwine qaray birneshe toparǵa bólinedi.

http://eduportal.uz

1. Yaponiya — «Úlken jetilik» toparına kiretuǵın Aziya mámleketi. Yaponiya JIÓ kólemi boyınsha jáhánniń tórtinshi mámleketi (2017-j.). Ekonomikası innovaciyalıq texnologiyalarǵa tiykarlanǵan óndiris tarmaqlarına qánigelesken. Xalqınıń turmıs dárejesi boyınsha Yaponiya jáhánniń aldınǵı qatarındaǵı mámleketlerden biri.

2. Izrayl — «kóshirilgen kapitalizm» tipindegi rawajlanǵan mámleket. Xalqı jan basına JIÓ kólemi boyınsha Aziyadaǵı aldınǵı mámleketlerden biri. Izrayl ekonomikası joqarı texnologiyalarǵa súyenetuǵın mashinasazlıqtıń hár túrli tarmaqlarına qánigelesken.

3. Qıtay hám Hindstan — tábiyiy resurslar, xalıqtıń sanı hám JIÓ kólemi boyınsha úlken dárejege iye rawajlanıp atırǵan mámleketler. Olar sońǵı 15—20-jılda ekonomikası tez rawajlanıp atırǵan mámleketlerge aylandı. Házirgi waqıtta Qıtay JIÓ kólemine qaray dúnyada birinshi, Hindstan bolsa úshinshi orındı iyeleydi. Biraq, xalqı jan basına esaplanǵanda ekonomikalıq kórsetkishleri, ásirese, Hindstanda, ele rawajlanǵan mámleketler dárejesinen birqansha tómen. Sociallıq rawajlanıw barısında da bul eki mámlekette áhmiyetli mashqalalar bar.

4. Aziyanıń jańa industrial mámleketleri — Koreya Respublikası, Singapur, Malayziya, Tailand. 1980-jılları ámelge asırılǵan ekonomikalıq reformalar sebepli bul mámleketler social-ekonomikalıq rawajlanıwında keskin jetiskenliklerge eristi. Koreya Respublikası hám Singapur aqırǵı waqıtta kóplegen xalıqlararalıq shólkemler tárepinen rawajlanǵan mámleketler qatarına kirgizilmekte. Jańa industrial mámleketlerdiń ekonomikası mikroelektronika, elektrotexnika, avtomobilsazlıq, kemesazlıq sıyaqlı mashinasazlıqtıń tarmaqlarına qánigelesken. Jańa óndiris hám málimleme-kommunikaciya texnologiyaların jaratıw hám eksport etiwde de bul topardaǵı mámleketler úlken tabıslarǵa erisken.

5. Iri industrial-agrar mámleketler — Indoneziya, Pakistan, Filippin, Turkiya, Iran. Bul mámleketler maydanı hám xalqı sanı boyınsha iri esaplanıp, úlken tábiyiy hám miynet resurs dárejesine iye. Bul mámleketlerdiń ekonomikası jeńil, azıq-awqat, taw-kán sanaatı, mashinasazlıqtıń tarmaqları hám kóp tarmaqlı awıl xojalıǵına qánigelesken. JIÓ niń kólemi boyınsha olar jáhánniń jetekshi 30 mámleketi qatarına kiredi, biraq xalıq jan basına tuwrı keletuǵın kórsetkishleri tómenirek (ásirese, Pakistan, Filippin hám Indoneziyada).

6. Neftti eksport etiwshi mámleketler — Persiya qoltıǵı arab mámleketleri hám Bruney. Bul mámleketler xalıqtıń jan basına JIÓ niń dárejesine muwapıq, tek Aziya emes, al pútkil jáhán kóleminde jetekshi orınlarda. Bunıń tiykarǵı sebebi neftti eksport etiw esabınan túsetuǵın úlken dáramat hám xalıqtıń sanınıń salıstırmalı azlıǵı (Saudiya Arabstanın esapqa almaǵanda). Aqırǵı jılları Persiya qoltıǵı arab mámleketlerinde ximiya, metallurgiya sanaat tarmaqları, turizm, tranzit sawda, bank-finans sektorı da jaqsı rawajlanıp barmaqta.

7. Ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler — Oraylıq Aziya hám Kavkaz mámleketleri, Mongoliya. Bul mámleketlerdiń ekonomikası industrial-agrar xarakterge iye bolıp, tiykarınan, shiyki zattı jetkeriwshi tarmaqlarǵa (neft-gaz sanaatı, taw-kán sanaatı, kóp tarmaqlı awıl xojalıǵı) qánigelesken. Neft hám gazdi úlken kólemde eksport etiwshi Qazaqstan, Túrkmenstan hám Azerbayjannıń ekonomikalıq kórsetkishleri topardaǵı basqa mámleketlerge salıstırǵanda joqarıraq.

8. Turizm hám xızmetler tarawına qánigelesken mámleketler — Kipr, Livan, Maldiv Respublikası. Bul aymaqlıq jaǵınan kishi, bay rekreaciyalıq resurslarǵa iye mámleketlerdiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı házirgi sharayatta turizm hám de xızmetler tarawı, ásirese, bank-finans sektorı menen baylanıslı.

9. Tómen rawajlanıp atırǵan agrar-industrial mámleketler. Bular: Vetnam, Kambodja, Bangladesh, Shri-Lanka, Irak, KXDR hám basqa mámleketler bolıp, tiykarınan, awıl xojalıǵı, taw-kán, jeńil yamasa azıq-awqat sanaatına qánigelesken.

10. Ekonomikası eń qalaq agrar mámleketler — Awǵanstan, Nepal, Yemen, Myanma, Shıǵıs Timor, Laos, Butan. Olarda sanaat tómen rawajlanǵan, awıl xojalıǵında miynet ónimdarlıǵıda tómen.

1. Yaponiyanıń social-ekonomikalıq rawajlanıw kóz qarasınan qanday ózine tán tárepleri bar.
2. Aziya mámleketleriniń social-ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı jaǵınan klassifikaciyalawda Qıtay hám Hindstan ayrıqsha topar sıpatında ajiralıwınıń sebebin túsindiriń.
3. Ózbekstan Aziya mámleketleriniń qanday ekonomikalıq toparına tiyisli? Usı mámleketler toparınıń quramı hám social-ekonomikalıq rawajlanıwınıń ózgesheliklerin sıpatlań.
4. Aziyanıń qaysı mámleketleri eń qalaq agrar ekonomikasına iye?

http://eduportal.uz

## 35-§. Qazaqstan Respublikası

*Ekonomikalıq geografiyalıq orın, keskin kontinental qurǵaq klimat, mineral resurslar, milliy quramı, kóp tarmaqlı sanaat, suwǵarılmaytuǵın (qar-ızǵar) hám suwǵarılatuǵın diyqanshılıq, dánshilik.*



**Maydanı — 2724,2 mıń km². Xalqı (2018-j) — 18,4 mln. Paytaxtı — Nur-Sultan.**

Qazaqstan Oraylıq Aziyada aymaǵı jaǵınan eń iri mámleket dúnya júzinde maydanı boyınsha 9-orındı iyeleydi. Ol bes mámleket — Rossiya, Qıtay, Ózbekstan, Qırǵızstan hám Túrkmenstan menen shegaralas. Qazaqstannıń Rossiya menen mámleketlik shegarası (7548 km) uzınlıǵı boyınsha dúnyada AQSH hám Kanada arasındaǵı shegaradan keyingi 2-orında turadı. Mámleket qubla-batısta Kaspiy teńizi menen shegaralas.

Qazaqstan ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń tiykarǵı ózgeshelikleri Aziya hám Evropa mámleketlerin baylanıstırıwshı temir jol hám avtomobil magistrallarınıń ótkenligi, Kaspiy teńizine tutasqanlıǵı, Rossiya hám Qıtayday iri mámleketlerge shegaralaslıǵı menen belgilenedi.

Basqarıw forması — prezidentlik respublikası. Hákimshilik-aymaqlıq jaǵınan unitar mámleket bolıp, 14 wálayat hám 3 respublika áhmiyetindegi qala (Nur-Sultan, Almatı, Shımkent) dan ibarat.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Qazaqstan relyefinde tegislikler húkimdarlıq etedi, taw dizbekleri tek respublikanıń qubla-shıǵıs bóliminde jaylasqan. Oraylıq aymaqları relyefi bolsa kúshli idıraǵan bóleklengen tegis tawlıqtan ibarat. Qazaqstan paydalı qazılmalarǵa jáhándegi eń bay mámleketlerden biri. Mámleket janılǵı, rudalı hám rudalı emes resurslarınıń úlken qorlarına iye. Neft hám tábiyiy gazdiń iri kánleri Kaspiy teńizine jaqın aymaqlarda, tas kómirdiń tiykarǵı qorları (Qaraǵanda, Ekibasduz basseynleri) bolsa oraylıq bóliminde jaylasqan. Qazaqstannıń oraylıq hám shıǵıs aymaqları temir, marganec, xrom, uran, mıs, volfram, cink, qorǵasın hám basqa metallardıń úlken qorlarına iye. Ruda emes mineral baylıqlardan fosforit hám kúkirt ayrıqsha itibarǵa ılayıq.

Qazaqstan klimatı ortasha keskin kontinental hám qurǵaq, qısta arqa aymaqlarında hawa temperaturası — 50°C dan da tómen boladı.

http://eduportal.uz



**37-súwret. Qazaqstan Respublikası paytaxtı — Nur-Sultan qalası.**

Qurǵaq klimat sebepli Qazaqstannıń sheksiz tegisliklerinde dala, yarım shólistanlıq hám shólistanlıq tábiyat zonaları qáliplesken.

Jawın-shashınnıń azlıǵı, aymaqtıń kópshilik bólimin shólistanlıqlar iyelegenligi mámlekette suw resurslarınıń jetispewshiligin keltirip shıǵarǵan. Dáryaları Irtish, Ili, Sırdárya, Ural respublikanıń shetki bólimlerinen aǵıp ótedi, toyınıw derekleri qońsı mámleketler aymaǵında jaylasqan.

**Xalqı.** Qazaqstan xalqı 18,4 mln. adamǵa teń (2018-j.). Xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi Oraylıq Aziyadaǵı basqa mámleketlerge salıstırǵanda tómenirek bolıp, jılına ortasha 1,5 % den artıǵıraq.

Urbanizaciya dárejesi 57 % ge teń (2018-j.). Házirgi waqıtta 3 «millioner» qala bar: Almatı (mámlekettiń eń iri qalası), Nur-Sultan (37-súwret) hám Shımkent.

Xalqınıń tıǵızlıǵınıń ortasha kórsetkishi Qazaqstanda júdá tómen bolıp, 7 km² adam átirapında. Xalqı respublika qublasındaǵı suwǵarılatuǵın diyqanshılıq rawajlanǵan dárya oypatlıqları hám taw aldı tegisliklerinde hám de mámleket arqasındaǵı sanaatlasqan aymaqlarında birqansha tıǵızıraq jaylasqan. Xalqınıń milliy quramı birqansha quramalı. Xalqınıń 67,5 % in quraytuǵın qazaqlardan basqa, mámlekette ruslar (20 %), ózbekler (3 %), ukrainler (1,5 %), uyǵurlar (1,5 %) hám basqa milletler wákilleri bar (2018-j.). Rus hám ukrainler arqa hám shıǵıs aymaqlarda keń tarqalǵan bolsa, ózbekler, tiykarınan, respublikanıń qublasındaǵı Túrkstan wálayatında jasaydı.

**Ekonomikası.** Qazaqstan Oraylıq Aziyadaǵı 5 mámleket ishinde ekonomikalıq dárejesi jaǵınan jetekshi bolıp esaplanıp, ásirese, sanaat tarawındaǵı kórsetkishleri birqansha joqarı. Sanaattıń tiykarǵı tarmaqları qatarına neft-gaz, kómir, qara hám reńli metallurgiya, ximiya hám mashinasazlıq kiredi (38-súwret). Qazaqstan neft qazıw kólemi boyınsha jáhánniń jetekshi 20 mámleketleri qatarına, kómir, mıs, cinkti qazıp alıw boyınsha birinshi onlıqqa kiredi. Qazaqstan 2009-jıldan baslap uran qazıp alıw boyınsha jáhánde birinshi orındı iyelep kelmekte hám ol dúnya boyınsha jámi qazıp alınıp atırǵan

urannıń 40 % ge jaqın bólimin beredi. Elektr energiyasınıń 90 % inen artığı JESlerde islep shığarıladı.

Diyqanshılıqtıń bas tarmağı dánshilik. Ol, ásirese arqa wálayatlarındağı (qarızğar) suwğarılmaytuğın jerlerinde jaqsı rawajlanğan. Qubla wálayatlarda diyqanshılıq suwğarıw járdeminde rawajlandırılıp, bul jerde onıń tiykarğı tarmaqları palız eginleri, salıgershilik, miyweshilik bolıp esaplanadı. Sharwashılıqtıń jetekshi tarmaqları: qoyshılıq, qaramal bağıwshılıq, jılqıshılıq, túyeshilik.



**38-súwret.** Balxash qalasındağı taw-metallurgiya kombinatı.

1. Qazaqstannıń ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylı tárepleri nelerden ibarat?
2. Qazaqstan sanaatı hám awıl xojalığınıń qánigelesiwine mámlekettiń tábiyiy sharayatı hám resursları qanday tásir kórsetedi?
3. Respublika xalqınıń milliy quramınıń ózgesheliklerin sıpatlap beriń.
4. Nege Qazaqstannıń oraylıq aymağında xalıqtıń tığızlığı tómen?

## 36-§. Qırğızstan Respublikası

*Tyanshan tawları, taw aralığındağı oypatlıqlar, taw-kán sanaatı, Kumtar káni, gidroenergetika, taw-jaylaw sharwashılığı, turizm, İssıkól.*



**Maydanı — 199,9 miń km².**
**Xalqı (2018-j.) — 6,2 mln.**
**Paytaxtı — Bishkek.**

Qırğızstan Evraziya materiginiń orta bóliminde, tiykarınan, Tyanshan tawlı úlkesi aymağında jaylasqan bolıp, Dúnya okeanına shığıw imkaniyatına iye emes. Ol arqada Qazaqstan, batısta Ózbekstan, qublada Tájikstan, shığısta Qıtay menen shegaralas.

Mámlekettiń ekonomikalıq geografiyalıq ornı birqansha qolaysız bolıp esaplanıp, sebebi xalıqaralıq áhmiyetke iye transport magistralları onıń aymağınan derlik ótpeydi. Bul jağday Qırğızstannıń quramalı relyef sharayatı menen baylanıslı bolıp tabıladı.



http://eduportal.uz

Qırǵızstan — parlamentar respublika. Hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi 7 wálayat hám 2 respublika áhmiyetindegi qala (Bishkek hám Osh)dan ibarat. Paytaxtı — Bishkek qalası, mámlekettiń arqasında, Chu dáryası oypatlıǵında jaylasqan.



**39-súwret.** Qırǵızstan Respublikası aymaǵınıń kosmoslıq fotosúwreti.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Qırǵızstan tábiyatınıń tiykarǵı ózgesheligi onıń tawlılıǵı bolıp esaplanadı. Mámleket aymaǵınıń derlik 90 % i taw dizbekleri menen bánt (39-súwret). Qırǵızstannıń Qıtay menen shegarasında Tyanshan tawlarınıń eń biyik noqatı — Jeńis shoqqısı (7439 m) jaylasqan (40-súwret).

Qırǵızstannıń tiykarǵı jer astı baylıqları altın, súrme, sınap, volfram, uran, qalayıdan ibarat. Janılǵı resursları, tiykarınan, mámlekettiń qublasındaǵı kómir kánleri menen sheklengen. Ulıwma alǵanda, Qırǵızstan janılǵı qorları menen tómen dárejede támiyinlengen hám de tiyisli mútájliklerin import esabınan qanaatlandıradı. Tyanshan tawlarında iri muzlıqlardıń bolǵanlıǵı esabınan Qırǵızstan dárya hám kóllerge bay bolıp, suw-energetika resursları menen jaqsı támiyinlengen. Bul jaǵday respublika ushın úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye. Eń úlken dáryaları Narın, Chu hám Talas, eń úlken kóli bolsa Íssıkóli bolıp tabıladı (41-súwret).

**Xalqı.** Qırǵızstan xalqı tawlı relyef sharayatında júdá tegis emes jaylasqan bolıp, kópshilik bólimi taw aralıǵındaǵı oypatlıqlarda jasaydı. Ferǵana hám Chu oypatlıqlarında xalıq tıǵız jasaydı. Bul jaǵday usı aymaqlardıń diyqanshılıq ushın qolay tábiyiy sharayatı menen baylanıslı.



**40-súwret.** Jeńis shoqqısı (7439 m).

Xalıqtıń 30 % ten kóbirek bólimi qalalarda jasaydı, qalǵan bólimi bolsa awıl xalqına tuwrı keledi. Mámlekettiń eń iri qalası — Bishkektiń xalqı 2017-jılı 1 mln. adamnan asıp ketti. Iriligi jaǵınan mámlekettiń ekinshi qalası esaplanatuǵın Oshda 260 mıń adamnan kóbirek xalıq jasaydı (2018-j). Xalqınıń



http://eduportal.uz



**41-súwret. Íssıkól.**

milliy quramında qırǵızlardıń úlesi 75 % bolsa, 15 %in ózbekler quraydı. Ózbekler Qırǵızstannıń respublikamızǵa qońsı qubla aymaqlarında jasaydı. Sonday-aq, ruslar, dunganlar, uyǵurlar hám tájikler de xalıqtıń etnikalıq quramında áhmiyetli orınǵa iye.

**Ekonomikası.** Qırǵızstan ekonomikasında awıl xojalıǵı sanaatqa salıstırǵanda kóbirek áhmiyetke iye bolǵanlıǵı ushın, respublika agrar-industrial mámleket bolıp esaplanadı.

Sanaatı házirgi waqıtta, tiykarınan, taw-kán tarmaǵına qánigelesken. Eń áhmiyetli sanaat ónimi altın bolıp esaplanadı hám ol mámleket eksportınıń eń úlken bólimin quraydı. Qırǵızstan burınǵı Awqam mámleketleri arasında altın qazıp alıw kólemi boyınsha Rossiya hám Ózbekstannan keyingi 3-orında turadı. Altın, tiykarınan, Oraylıq Tyanshannıń biyik tawlarında jaylasqan Kumtar káninen qazıp alınadı. Ol dúnyadaǵı 10 eń iri altın kánlerinen biri bolıp esaplanadı.

Sanaattıń basqa tarmaqlarınan jeńil, azıq-awqat, mashinasazlıq hám kómir sanaatları úlken áhmiyetke iye. Elektr energetika Qırǵızstanda GES lerge tayanadı. Eń iri GESler Narın dáryasında qurılǵan.

Tiykarǵı awıl xojalıq eginleri qatarına biyday, paxta, kartoshka, palız ónimleri, ayǵabaǵar, temeki kiredi. Qırǵızstan tawları hasıldarlıǵı kóp jaylawlarǵa bay bolǵanlıǵı sebepli (42-súwret) respublikada sharwashılıqtıń qoyshılıq, eshkishilik, qaramal baǵıwshılıq, jılqıshılıq sıyaqlı tarmaqları jaqsı rawajlanǵan.

Mámlekettiń ekonomikasında turizm de zárúr áhmiyetke iye. Jılına respublikaǵa 3 millionnan artıq shet ellik sayaxatshılar keledi. Olardıń tiykarǵı bólimi Íssıkól átirapında dem alıw ushın keledi.



**42-súwret.** Qırǵızstannıń taw jaylawları.

1. Qırǵızstannıń ekonomikalıq geografiyalıq ornına baha beriń.
2. Qırǵızstan hám Qazaqstannıń tábiyiy sharayatı hám resursların salıstırıp, tábiyiy geografiyalıq ayırmashılıqları



http://eduportal.uz

ekonomikanıń rawajlanıwı hám qánigelesiwine qanday tásir kórsetiwin túsindiriń.
3. Qırǵızstannıń qaysı aymaqlarında ózbekler keń tarqalǵan?
4. Qırǵızstandaǵı eń áhmiyetli sanaat hám turistlik obyektlerin aytıń.

## 37-§. Túrkmenstan Respublikası

*Kaspiy teńizi, Qaraqum shólistanlıǵı, Kopedaǵ janılǵı resursları, Qaraqum kanalı, axalteki atları, «Abaza» turistlik zonası.*



**Maydanı — 491,2 mıń $km^2$.**
**Xalqı (2018-j). — 5,9 mln.**
**Paytaxtı — Ashxabad.**

Túrkmenstan Oraylıq Aziyanıń qubla-batıs bóliminde jaylasqan. Arqada Qazaqstan, arqa-shıǵısta Ózbekstan, qubla-shıǵısta Awǵanstan, qublada Iran menen shegaralas. Túrkmenstan batısta Kaspiy teńizine tutas.

Túrkmenstannıń ekonomikalıq geografiyalıq ornı qolay, sebebi onıń aymaǵınan Oraylıq hám Qubla-batıs Aziya mámleketlerin baylanıstırıwshı temir jol hám avtomobil magistralları ótken. Mámleket Kaspiy teńizi arqalı Rossiya hám Kavkaz mámleketleri menen baylanısqan. Túrkmenstan — prezidentlik respublikası. Hákimshilik-aymaqlıq jaǵınan 5 wálayat hám 1 respublika. Paytaxtı — Ashxabad. Kopetdaǵ taw eteginde jaylasqan (43-súwret).

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Túrkmenstan aymaǵınıń 80 %inen artıǵı Qaraqum shólistanlıǵına tuwrı keledi. Tawlar tek qubla hám shıǵıs shegara boyı aymaqlarında jaylasqan. Eń biyik noqatı — Ózbekstan menen shegarada Kóhitańtaw dizbeginde jaylasqan Ullı Túrkmenbası (Ózbekstanda Ayrıbaba dep ataladı) shoqqısı (3197 m.). Qubla taw hám taw aldı aymaqları seysmikalıq aktivligi menen ayırılıp turadı. Ashxabadta 1948-jıl 9-oktyabr kúni payda bolǵan jer silkiniw regionda XX ásirdegi eń qayǵılı jer silkiniwlerden biri.

Túrkmenstannıń mineral baylıqları tábiyiy gaz, neft hám hár túrli ximiyalıq duzlardan ibarat. Ásirese, tábiyiy gaz qorları Túrkmenstan ushın júdá úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye. Respublika gaz qorları boyınsha jáhán mámleketleri arasında 4-orında turadı. Kaspiy teńizi boyında neft hám gaz kánlerinen basqa iri duz kánleri bar.

http://eduportal.uz

Túrkmenstanda shólistanlıq úlken maydandı iyelegenligi ushın mámleket suw resurslarına bay emes. Respublikanıń eń iri suw deregi Ámiwdárya. Ámiwdáryadan toyınatuǵın Qaraqum kanalı (Qaraqum dárya) dúnyadaǵı eń uzın suwǵarıw kanalı bolıp tabıladı.



**43-súwret.** Ashxabad qalası.

**Xalqı.** Túrkmenstan Oraylıq Aziyada xalqı sanı jaǵınan aqırǵı orındı iyeleydi. Xalqınıń sanı hám onıń aymaqlıq jaylasıwı mámlekettiń tábiyiy geografiylıq ózgeshelikleri menen belgilenedi. Xalqı, tiykarınan, Ámiwdárya, Murǵab hám Tajan dáryalarınıń oypatlıqlarında, Kopetdaǵ etegindegi tegislikte hám Kaspiy teńizi jaǵasında jaylasqan.

Túrkmenstan xalqınıń yarımı qalalıq jerlerde jasaydı. Ashxabad qalasınıń xalqı 900 mıń adamnan artıq. Paytaxttan basqa, Túrkmenabad, Tashawız, Marı, Túrkmenbası qalaları respublikanıń eń úlken qalaları bolıp esaplanadı.

Xalqınıń milliy quramında túrkmenlerdiń úlesi 85 % den joqarı bolıp, xalıqtıń 10 % ge jaqın bólimin ózbekler quraydı. Ózbekler, tiykarınan, Tashawız hám Lebap wálayatlarında jasaydı.

**Ekonomikası.** Túrkmenstan Respublikası ekonomikasınıń tiykarın kóp tarmaqlı janılǵı-energetika hám ximiya sanaatı quraydı. Túrkmenstan tábiyiy gazdi qazıw hám eksport etiw boyınsha jáhánniń jetekshi 10 mámleketleri qatarına kiredi. Neft hám neftti qayta islew sanaatı da Túrkmenstanda jaqsı rawajlanǵan. Respublikada elektr energiyası tek JES lerde islep shıǵarıladı.

Túrkmenstan ximiya sanaatı mineral tóginler, mirabilit, kúkirt, yod hám basqa ónimlerdi de islep shıǵaradı. Túrkmenstanda toqımashılıq, tigiwshilik, gilemtoqıwshılıq sanaatı da birqansha jaqsı rawajlanǵan bolıp, mámlekettiń xalıqaralıq qánigelesiwinde úlken áhmiyetke iye.

Awıl xojalıǵınıń tiykarǵı tarmaqları dánshilik, paxtashılıq (tiykarınan, sapalı jińishke talshıqlı sortlar jetistiriledi), júzimgershilik, qarakólshilik, jılqıshılıq bolıp esaplanadı. Axalteki parodalı atları pútkil dúnyaǵa belgili bolıp, túrkmenlerdiń maqtanıshı bolıp esaplanadı (44-súwret). Hátteki, mámleket geribinde de axalteki atı súwretlengen. Kaspiy teńizinde balıqshılıq jaqsı rawajlanǵan.



http://eduportal.uz



**44-súwret.** Axalteki atı.



**45-súwret.** Kaspiy boyındağı «Avaza» turistlik zonası.

Túrkmenstanda turizm boyınsha sońǵı jılları Kaspiy teńizi jaǵasında «Avaza» iri turistlik zonası qurıldı (45-súwret).

1. Túrkmenstannıń ekonomikalıq geografiyalıq ornı hám xojalıǵına Kaspiy teńizi qanday tásir kórsetedi?
2. Ne sebepten Túrkmenstan Oraylıq Aziyadaǵı mámleketler arasında maydanı jaǵınan ekinshi orın iyelep xalqı sanı boyınsha regionda sońǵı orında? Xalqınıń tiykarǵı bólimi qaysı aymaqlarda jámlengen.
3. Túrkmenstan sanaatınıń qánigelesiwin qaysı tarmaqlar belgileydi?
4. Túrkmenstan hám Qırǵızstannıń geografiyalıq ornı, tábiyiy sharayatı hám resursların salıstırıń.

## 38-§. Tájikstan Respublikası

*Pamir tawları, suw hám gidroenergetika resursları, Sarez kóli, taw aralıǵındaǵı oypatlıqlar, jer resursları, reńli metallurgiya.*



**Maydanı — 142 mıń km².**
**Xalqı (2018-j.) — 9,1 mln.**
**Paytaxtı — Dushanbe.**

Tájikstan Respublikası Oraylıq Aziyanıń qubla-shıǵısında, Gisar-Alay hám Pamir tawları aymaǵında jaylasqan. Arqada Qırǵızstan, arqa-batıs hám batısta Ózbekstan, qublada Awǵanstan, shıǵısta Qıtay menen shegaralas.

Ekonomika-geografiyalıq ornı Dúnya okeanına shıǵıw imkaniyatınıń joqlıǵı, biyik taw-



http://eduportal.uz

lar sharayatında qurǵaqlıq transportın rawajlandırıwdıń qıyınlıǵı esabınan birqansha qolaysız bolıp esaplanadı.

Basqarıw forması jaǵınan Tájikstan prezidentlik respublikası bolıp esaplanadı. Hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi birqansha quramalı bolıp, 2 wálayat, 1 avtonomiyalı wálayat (Tawlı Badaxshan), respublikaǵa boysınatuǵın 1 qala (Dushanbe) hám 13 rayonnan ibarat. Paytaxtı — Dushanbe qalası mámlekettiń qublabatısındaǵı Gisar oypatlıǵında jaylasqan.



**46-súwret.** Tájikstandaǵı Pamir tawları.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Tájikstan qońsı Qırǵızstan sıyaqlı tawlı mámleket bolıp esaplanadı. Aymaǵınıń 90 % nen úlken bólimin biyik taw dizbekleri iyeleydi. Tájikstannıń shıǵıs bólimin ortasha biyikligi 4000 metrden joqarı bolǵan Pamir tawları iyeleydi (46-súwret). Respublikanıń eń biyik noqatı Ismail Somoniy shoqqısı (7495 m.). Tájikstan seysmikalıq jaǵınan aktiv regionda jaylasqanlıǵı sebepli respublikada kúshli jer silkiniwler payda bolıp turadı.

Tájikstan jeri hár túrli tóginler qorlarına bay. Ásirese, onıń aymaǵında uran, altın, gúmis, polimetall rudalarınıń iri kánleri bar. Biraq, Tájikstan janılǵı-energetika resurslarına bay emes.

Tájikstan jáhánniń suw hám gidroenergetika resursları menen eń jaqsı támiyinlengen mámleketlerinen biri bolıp esaplanadı. Mámleket aymaǵınan Panj, Vaxsh, Ámiwdárya, Sırdárya, Zarafshan sıyaqlı Oraylıq Aziyanıń eń kóp suwlı dáryaları aǵıp ótedi. Qarakól, Sarez, Iskenderkól respublikanıń eń úlken kólleri bolıp esaplanadı. Bul kóllerden, ásirese, Pamir tawında jaylasqan 1911-jılǵı kúshli jer silkiniw nátiyjesinde Murǵab dáryası ańǵarında júzege kelgen iri kóli — Sarez kóli belgili (48-súwret).

**Xalqı.** Tájikstan xalqınıń sanı 9,1 mln. adamǵa teń (2018-j.). Tájikstan Oraylıq Aziya mámleketleri arasında xalıqtıń tábiyiy ósiwiniń joqarı tezligi menen ajıralıp turadı. Sonday-aq, Tájikstan regiondaǵı qala xalqınıń úlesi eń tómen bolǵan mámleket bolıp esaplanadı. (27 %, 2018-j.). Paytaxt xalqı 800 mıń adamnan artıq. Úlken qalalar toparına Xojand, Boxtar (burınǵı Qorǵan tepa) hám Kulab qalaları tiyisli.

Tawlı relyef sharayatındağı diyqanshılıq ushın qolay jerlerdiń jetispewshiligi xalqınıń tiykarğı bóliminiń taw aralığındağı batıqlarında jaylasıwına alıp keldi. Xalqınıń joqarı tığızlığı menen mámleket arqasındağı Ferǵana oypatlığı, qubla-batısında Gisor hám de Vaxsh oypatları ayrıqsha ajıralıp turadı. Pamir tawlarında bolsa xalqı dárya oypatları hám taw janbawırlarındağı awıllarda siyrek jaylasqan.

Xalqınıń 85 %in tájikler quraydı. Xalıqtıń milliy quramında ekinshi orında ulıwma sanı 1 mln. adamnan artatuǵın ózbekler turadı. Olar, tiykarınan, Ózbekstan menen shegaralas rayonlarda jasaydı. Tawlı Badaxshan avtonom wálayatında tájikler menen birge olarǵa dos bolǵan bir topar jergilikli elatlar (vaxanlar, rushanlar, ishkashimler, yozǵulamlar hám basqalar) wákilleri hám de qırǵızlar jasaydı.

**Ekonomikası.** Tájikstanǵa Oraylıq Aziya mámleketleri arasında social-ekonomikalıq rawajlanıwdıń salıstırmalı tómenirek kórsetkishleri tán, ekonomikası agrar-industrial baǵdarǵa iye. Tájikstan sanaatınıń jetekshi tarmaqları reńli metallurgiya, taw kán, ximiya qurılıs materialları hám jeńil sanaat. Tájikstannıń eń úlken sanaat kárxanası Tursınzada qalasındağı Tájikstan alyuminiy zavodı (47-súwret). Bul kárxana Rossiyadan keltiriletuǵın shiyki zat tiykarında iri GES ler islep shıǵaratuǵın elektr energiyasınan paydalanǵan halda xızmet kórsetedi. Alyuminiy Tájikstan eksportınıń quramında jetekshi orınǵa iye. Elektr energetikası GES larǵa tayanadı. GES lar arasında Vaxsh dáryasındağı Norak GES i ayrıqsha ekonomikalıq áhmiyetke iye (47-súwret). Jeńil sanaat tarmaqları arasında toqımashılıq sanaatı ayrıqsha áhmiyetke iye.





47-súwret. Tájikstannıń zárúr ekonomikalıq obyektleri — Vaxsh dáryasındağı Norak GES i (shepte) hám Tursınzada qalasındağı Tájikstan alyuminiy zavodı (ońda).

Tájikstanda diyqanshılıqtıń tiykarǵı tarmaqları dánshilik, paxtashılıq, baǵshılıq hám júzimgershilik. Paxta hám hár túrli miyweler respublikanıń áhmiyetli eksportqa shıǵarılatuǵın ónimleri bolıp esaplanadı. Suwǵarılatuǵın diyqanshılıǵı taw aralıǵındaǵı oypatlıqlarında jaqsı rawajlanǵan, biraq, aymaqtıń kópshilik bólimin tawlar iyelegeni hám de xalqınıń tıǵızlıǵınıń joqarılıǵı súriletuǵın maydanlardıń jetispewshiligin keltirip shıǵarmaqta. Taw-jaylaw sharwashılıǵı qaramal baǵıwshılıq hám qoyshılıqqa qánigelesken. Awıl xojalıǵı tarmaqları qatarında pilleshilik de úlken áhmiyetke iye.



**48-súwret.** Sarez kóli.

1. Tájikstan ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń ózgeshelikleri menen Oraylıq Aziyadaǵı qaysı mámleketke uqsaydı? Bunıń sebeplerin túsindiriń.
2. Tájikstannıń energetikası qaysı tábiyiy resurslarǵa tayanadı?
3. Tájikstanda xalıqtıń aymaqlıq jaylasıwına qanday faktorlar úlken tásir kórsetken? Mámlekette jer resursları jetispewshiligi mashqalası sebepleri nelerden ibarat?
4. Alyuminiy rudaları qazıp alınbaytuǵın Tájikstanda iri alyuminiy zavodı qurılǵanlıǵınıń tiykarǵı ekonomikalıq geografiyalıq faktorın túsindiriń.

## 39-§. Ámeliy jumıs (Oraylıq Aziya mámleketlerine salıstırmalı geografiyalıq sıpatlaması)

1. Sabaqlıq hám atlasdaǵı Oraylıq Aziya mámleketleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardan paydalanıp, dápterińizge tómendegi kesteni toltırıń:

**Oraylıq Aziya mámleketlerine salıstırmalı geografiyalıq sıpatlaması**

| Mámleketlerdiń tiykarǵı ózgeshelikleri | Qazaqstan | Qırǵızstan | Túrkmenstan | Tájikstan |
|---|---|---|---|---|
| Geografiyalıq ornı: qolay hám qolaysızlıǵı | | | | |
| Maydanı (mıń km$^2$) | | | | |

*dawamı*

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Xalqı mln. adam | | | | |
| Xalıqtıń tıǵızlıǵı (km²/adam) | | | | |
| Xalqınıń jaylasıwınıń ózgeshelikeri | | | | |
| Relyef | | | | |
| Tiykarǵı paydalı qazılmaları | | | | |
| Suw resursları menen támiyinlengenlik dárejesi hám tiykarǵı derekleri | | | | |
| Elektr stanciyalarınıń tiykarǵı túri | | | | |
| Awıl xojalıǵınıń tiykarǵı tarmaqları | | | | |
| Sanaattıń tiykarǵı tarmaqları | | | | |

2. Qırǵızstan hám Tájikstan geografiyalıq sharayatınıń ulıwmalıq ózgesheliklerin anıqlań hám olardı túsindiriń.

3. Qazaqstan hám Túrkmenstannıń uqsaslıǵın anıqlap túsindiriń.

4. Oraylıq Aziya mámleketlerin tábiyiy hám xojalıq sharayatı jaǵınan bir-birinen birqansha ajıralıwshı qanday 2 toparǵa ajıratıw múmkin? Pikirińizdi tiykarlań.

5. Oraylıq Aziya mámleketleri geografiyalıq sharayatınıń óz ara toltırıwshı tárepleri ajıratıń.

## 40-§. Turkiya Respublikası

*Kishi Aziya, Shıǵıs Frakiya, tawlı relyef, subtropikalıq klimat, industrial-agrar ekonomika, xalıqaralıq turizm.*



**Maydanı — 780,6 mıń km². Xalqı (2018-j.) — 81,3 mln. Paytaxtı — Ankara**

Turkiya Respublikasınıń tárepleriniń biri onıń geografiyalıq ornı menen baylanıslı. Turkiya aymaǵınıń 97 % i Qubla-batıs Aziyada, 3 % bólimi Shıǵıs Evropada jaylasqan. Aziyadaǵı aymaǵı, Kishi Aziya yarım atawına tuwra keledi, Evropa bólimi bolsa Balkan

http://eduportal.uz

yarım atawında jaylasqan bolıp, Shıǵıs Frakiya dep ataladı. Turkiya Respublikasınıń eki materikte jaylasqan bólimlerin Qara hám Jer Orta teńizlerin óz ara baylanıstıratuǵın Mramor teńizi, Bosfor hám Dardanell buǵazları ajıratıp turadı. Turkiya jaǵaları arqadan Qara teńiz, batıstan Egey teńizi, qubladan Jer Orta teńiz suwları menen juwıladı.

Mámlekettiń ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵı onıń birneshe teńizge tutasqanlıǵı, aymaǵınan Evropa hám Aziyanı, Jer Orta hám Qara teńiz basseynlerin baylanıstıratuǵın xalıqaralıq áhmiyetke iye suw hám qurǵaqlıq transport jollarınıń ótkenligi menen belgilenedi.

Turkiya — unitar mámleket. 2017-jılı Turkiyada respublikanıń parlamentar formasınan prezidentlik formasına ótti.

Paytaxtı — Ankara qalası. Eń úlken qalası — Bosfor buǵazı jaǵalarında jaylasqan Stanbul. Onıń xalqı 13 mln. adamnan artıq bolıp, Evraziya qalaları arasında jetekshi orınlardan birin iyeleydi.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Turkiya aymaǵınıń relyefi tawlı úlken bólimin Kishi Aziya hám Armeniya tawlıqları, Tavr hám de Pontiy tawları iyeleydi. Tegislikler, tiykarınan, teńizler boyında ushırasadı. Turkiya aymaǵı joqarı dárejede seysmikligi menen sıpatlanadı, bul jerde kúshli jer silkiniwler payda bolıp turadı. Turkiya mineral resurslarǵa ásirese hár túrli metallar rudalarına bay. Jáhán kóleminde xrom, sınap, volfram rudalarınıń qorları menen ayrıqsha ajıralıp turadı.

Klimatı subtropikalıq bolıp, teńizge baylanısqan aymaqlarında kóp ıǵallı hám jıllı, mámlekettiń oraylıq hám shıǵıs aymaqlarında jazı ıssı, qısı birqansha suwıq. Relyefi tawlı bolǵanlıǵı sebepli Turkiya gidroenergetika resurslarına bay. Eń iri dáryaları Frot, Dajla, Qızıltarmaq, eń úlken kólleri bolsa Van hám de Duz kólleri bolıp tabıladı.

**Xalqı.** Xalqı sanı jaǵınan Turkiya jáhánniń birinshi jigirmalıǵına kiredi. 2018-jıl jaǵdayına qaraǵanda, xalqı 81 mln. adamnan artıq. Xalqınıń jıllıq kóbeyiwi 1,5 % átirapında, biraq, tuwılıw jáhán hám Aziya boyınsha ortasha kórsetkishlerden tómenirek.

Urbanizaciya dárejesi 75 % ge teń (2018-j.). Iri qalaları qatarına Stanbul hám Ankardan basqa, Izmir, Bursa, Adana, Antalya hám basqalar kiredi. Iri qalalarınıń kóbisi batıs hám qubla teńiz boyı aymaqlarında jaylasqan.

Xalqı Turkiya aymaǵı boylap birqansha tegis emes jaylasqan (49-súwret). Mámlekettiń Mramor teńizine tutasqan arqa-batıs

bóliminde tıǵız jaylasqan. Mámleket xalqınıń 1/5 bólimi Shıǵıs Frakiyada jasaydı. Oraylıq hám Shıǵıs tawlı aymaqlarında xalıq siyrek.




**49-súwret.** Turkiya xalqı tıǵızlıǵı (km²/adam).

Xalqınıń etnikalıq quramında túrkler kópshilikti quraydı (75 % den artıq). Mámleket qubla-shıǵısında jámi xalıqtıń 15 %in quraytuǵın kurdlar jasaydı. Tiykarǵı din islam dini bolıp esaplanadı.

**Ekonomikası.** Turkiya JIÓ kólemi boyınsha jáhánniń jetekshi 20 mámleketleri qatarına kirip, iri sanaat hám awıl xojalıq óndirisine iye. Sanaattıń xalıqaralıq qánigelesiwin toqımashılıq, tigiwshilik, teri-ayaqkiyim, avtomobilsazlıq, elektrotexnika, kán-metallurgiya, qurılıs materialları, azıq-awqat, farmacevtika sıyaqlı tarmaqlar belgileydi. Bunday qánigelesiw miynet resursları, shiyki zat, sırtqı sawda baylanısları hám transport faktorlarınıń tásirinde qáliplesken. Sanaat, tiykarınan, mámlekettiń batısında jaqsı rawajlanǵan, ishki aymaqlar bolsa agrar ekonomikaǵa iye.

Agroklimatlıq hám suw resurslarına bay Turkiya hár túrli awıl xojalıq ónimlerin (miywe, ǵoza, júzim, palız eginleri, shay, qantqamıs, zaytun, temeki, paxta) jetistiriw boyınsha jáhán kóleminde ayrıqsha ajıralıp turadı. Turkiya jáhánde agrar ónimlerdiń eń iri eksportyorlarınan biri bolıp tabıladı.

Turkiya tábiyiy hám tariyxıy-mádeniy rekreaciyalıq resurslarǵa, siyrek ushırasatuǵın esteliklerge bay (50-súwret), sonlıqtan, ekonomikasında turizm úlken áhmiyetke iye. Turkiya eń kóp shet elli sayaxatshılardı qabıl etetuǵın jáhánniń jetekshi 10 mámleketlerinen biri.

http://eduportal.uz

 

**50-súwret.** Turkiyanıń belgili tariyxıy estelikleri: Stanbuldaģı Ayo-Sofiya kompleksi (shepte) hám Izmur janındaģı áyyemgi Efes qalasınıń oyranlıqları (ońda).

1. Turkiyanıń ekonomikalıq geografiyalıq ornı qanday ózgesheliklerge iye hám onıń mámleket social-ekonomikalıq rawajlanıwına tásiri qanday?
2. Turkiya sanaatınıń jetekshi tarmaqları qaysı?
3. Turkiyada turizm rawajlanıwı ushın qanday sharayat hám resurslar bar?
4. Mámleket xalqınıń jaylasıwındaģı aymaqlıq ayırmashılıģın túsindiriń.

## 41-§. Iran. Awģanstan, Pakistan Islam Respublikaları

*Teokratik mámleket, siyasiy-geografiyalıq jaģday, aymaqlıq tartısıw, quramalı relyef, seysmikalıq aktivlik, kóp milletli xalqı, Kaspiy teńizi, Persiya qoltıģı, Hind oypatlıģı.*

### IRAN



**Maydanı — 1648 mıń km².**
**Xalqı (2018-j.) — 81,6 mln.**
**Paytaxtı — Tegeran.**

Iran Islam Respublikası Qubla-batıs Aziyanıń aymaģı, xalqı hám ekonomikalıq dárejesi jaģınan eń iri mámleketlerden biri. Jaģaları qublada Arabiya teńizi hám Persiya qoltıģı, arqa-batısta Kaspiy teńizi suwları menen qorshalģan. Ekonomikalıq geografiyalıq ornı Qubla-batıs, Qubla hám Oraylıq Aziya mámleketlerin baylanıstıratuģın transport jolları ótkenligi esabınan qolay.

Basqarıw forması teokratiyalıq (diniy) respublika bolıp tabıladı. Mámleket basshısı — Joqarı basshı, shia musılmanlarınıń joqarı

http://eduportal.uz



**51-súwret.** Tegeran qalası.

mártebeli ruwxaniyi (Oyatulla). Prezident bolsa Iranda mámlekettegi ekinshi shaxs bolıp esaplanadı. Paytaxtı — Tegeran qalası mámlekettiń arqa-batıs bóliminde, Elburs taw dizbeginiń etegindе jaylasqan (51-súwret).

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Iran aymaǵınıń relyefi birneshe taw dizbekleri hám olar arasındaǵı batıqlardan ibarat. Klimat arqa-batıs aymaqlarında ıǵal subtropikalıq, oraylıq hám shıǵıs aymaqlarda qurǵaq subtropikalıq, Persiya qoltıǵı boyında bolsa ıssı hám qurǵaq tropikalıq tipine tiyisli. Taw aralıǵındaǵı batıqlarda klimat keskin kontinental hám júdá qurǵaq bolǵanlıǵı sebepli ósimlik hám haywanat dúnyasına júdá kámbaǵal bolǵan taslaq hám shorlı shólistanlıqlar qáliplesken. Kaspiy teńizine jaqın aymaqlarında ıǵal klimat sharayatı sebepli toǵaylar keń tarqalǵan.

Eń úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye mineral baylıqları iri neft hám gaz qorları bolıp tabıladı. Neft hám gaz kánleri, tiykarınan, Persiya qoltıǵı hám Kaspiy teńizine jaqın aymaqlarda jaylasqan. Iranda mıs, temir, marganec, polimetall rudaları kánleri de bar.

**Xalqı.** Iran xalqı sanı boyınsha dúnyadaǵı jetekshi 20 mámleket qatarına kiredi. Aqırǵı jılları tuwılıwdıń tómenlewi sebepli xalqınıń tábiyiy ósiw tezligi páseyip barmaqta. Urbanizaciya dárejesi 70 % den joqarı. Xalqı 9 million adamǵa jaqın Tegerannan basqa, Mashhad, Karaj, Isfagan, Tebriz hám basqa «millioner» qalalar bar. Xalqı birqansha tegis emes jaylasqan bolıp, tiykarınan, batıs bóliminde tıǵız jasaydı, shólistanlı aymaqlarında bolsa turaqlı xalıq joq.

Iran — kóp milletli mámleket. Xalqınıń 60 % inen kóbiregin quraytuǵın parsılar menen birgelikte azerbayjanlar, kurdlar, arablar, túrkmenler, armiyanlar hám basqa milletler jasaydı. Xalıqtıń diniy quramında shia musılmanları jetekshilik etedi.

**Ekonomikası.** Iran Qubla-batıs Aziya mámleketleri arasında óziniń ekonomikalıq dárejesi menen Turkiya hám Saudiya Arabstanı sıyaqlı ayrıqsha ajıralıp turadı. Sanaattıń jetekshi tarmaqları: neft hám neftti qayta islew, gaz, metallurgiya, mashinasazlıq, toqımashılıq hám azıq-awqat.

Awıl xojalıǵınıń tiykarǵı tarmaqları: dán egiwshilik, baqshılıq, qoyshılıq, eshkishilik hám qara mal baǵıwshılıq. Kaspiy teńizinde balıqshılıq jaqsı rawajlanǵan. Balıqshılıqtıń qımbat bahalı ónimlerinen biri bolıp esaplanatuǵın qara ikra eksportı boyınsha Iran jáhán boyınsha jetekshi orında turadı. Sonday-aq, Iran gilem toqıw menen de dúnyaǵa belgili.

## AWǴANSTAN



**Maydanı — 652,8 mıń km².**
**Xalqı (2018-j.) — 36,5 mln.**
**Paytaxtı — Kabul.**

Awǵanstan Islam Respublikası Qubla-batıs, Oraylıq hám Qubla Aziya tutasqan aymaqta jaylasqan. Dúnya okeanına shıǵıw imkaniyatı joq. Ekonomikalıq geografiyalıq ornı Aziya kontinentiniń hár túrli bólimlerin baylanıstırıwshı transport magistralları qurılsa, birqansha jaqsılanadı.

Basqarıw forması prezidentlik respublikası.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Awǵanstan aymaǵınıń úlken bólimi, ásirese, orayı da shıǵısı biyik tawlar menen bánt, arqa hám qubla-batıs aymaqların taw aldı tegislikleri iyeleydi. Awǵanstanda kúshli jer silkiniwler tez-tez payda bolıp turadı. Awǵanstan hár túrli mineral resurslarǵa (kómir, neft, temir, mıs, marganec hám t.b.) bay, biraq, olar júdá az qazıp alınadı. Awǵanstanǵa subtropikalıq qurǵaq kontinental klimat tán. Biyik tawlardaǵı muzlıqlardan kóplegen dáryalar baslanıp, ayırımları tolıǵı menen suwǵarıwǵa sarplanadı.

**Xalqı.** Awǵanstan xalqı tez pátler menen ósip baratırǵan mámleketler toparına kiredi (jıllıq tábiyiy kóbeyiw dárejesi 2,5 % ten joqarı). Xalqı, tiykarınan, taw aldı tegisliklerinde hám taw aralıǵındaǵı oypatlıqlarda jasaydı. Qalalıq jerlerde xalıqtıń 1/4 bólimi jasaydı, tek. Eń úlken qalası — mámleket paytaxtı Kabuldıń xalqı 3 mln. átirapında. Gerat hám de Mozori-Sharif salıstırmalı túrde iri qalalar bolıp esaplanadı (52-súwret).

Xalıqtıń etnikalıq quramı birqansha quramalı bolıp, pushtunlar, tájikler, ózbekler, xazarlılar, balujlar, túrkmenlerden ibarat. Ózbekstanǵa shegaralas arqa aymaqlarında 2 mln. ózbekler jasaydı.



**52-súwret.** Mozari-Sharif qalasındaǵı Kók meshit.

**Ekonomikası.** Awǵanstan ekonomikalıq jaǵınan tómen rawajlanǵan agrar mámleket. Ekonomikalıq rawajlanıwında shet el mámleketleri hám xalıqaralıq shólkemler tárepinen kórsetilip atırǵan finanslıq járdem úlken áhmiyetke iye.

Awıl xojalıǵınıń tiykarın suwǵaratuǵın diyqanshılıq quraydı. Ulıwma alǵanda, diyqanshılıqta masaqlı eginler, paxta, miywe hám júzim jetistiriw áhmiyetli rol oynaydı. Sharwashılıq tarmaqlarınan qoyshılıq (atap aytqanda, qara kólshilik) hám eshkishilik jetekshi áhmiyetke iye. Qarakól teri tayarlawda Awǵanstan jáhán boyınsha 1-orında turadı. Sanaat óndirisi tómen dárejede rawajlanǵan. Sanaat kárxanaları jáhánniń birge islesiwi tárepinen finanslıq járdem tiykarında qurılmaqta.

## PAKISTAN



**Maydanı — 803,9 mıń km².**
**Xalqı (2018-j) — 200,6 mln.**
**Paytaxtı — Islamabad.**

Pakistan Islam Respublikası Qubla Aziyada jaylasqan. Aymaǵı qublada Arabiya teńizi menen juwıladı. Geografiyalıq ornınıń unamlı ózgeshelikleri — xalıqaralıq áhmiyetke iye teńiz hám qurǵaqlıq transport jolları ótkenligi, unamsız tárepleri — siyasiy jaǵdayı turaqsız regionda jaylasqanlıǵınan ibarat. Siyasiy geografiyalıq jaǵdayı Hindstan menen Kashmir boyınsha kóp jıllıq aymaqlıq kelispewshilik hám de Awǵanstan menen shegaralas aymaqlardıń qońsı mámleketten ótken «Taliban» toparları qadaǵalawı astında bolıp atırǵanlıǵı menen sıpatlanadı.

Pakistan basqarıw forması parlamentar respublika, hákimshilik-siyasiy dúzilisi kóz qarasınan federativ mámleket bolıp tabıladı. Pakistan federaciyası 4 provinciya hám 2 federal aymaqtı óz ishine aladı.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Pakistannıń arqa hám batıs bólimleri biyik tawlar menen bánt bolsa, shıǵıs hám qubla aymaqları

http://eduportal.uz

tegislik relyefke iye. Mámlekettiń úlken bólimin qońsı Hindstannan baslanatuǵın hám Arabiya teńizine quyılatuǵın Hind dáryasınıń oypatlıǵı iyeleydi. Tegislik aymaqları neft, tábiyiy gaz, kómir, duz qorlarına iye, tawlı bólimi metallardıń kánlerine bay. Pakistannıń aymaǵında ıssı tropikalıq klimat basım, sonıń ushın tegislik bóliminde shólistan hám yarım shólistan landshaftları úlken maydanlarda tarqalǵan.



**53-súwret.** Karachi — Pakistandaǵı eń iri qala.

**Xalqı.** Pakistan xalqı sanı boyınsha jáhán mámleketleriniń birinshi onlıǵına kiredi. Jıllıq esabındaǵı tábiyiy kóbeyiw pátleri 2 % den joqarı, yaǵnıy jılına 4—4,5 mln. adamǵa teń. Urbanizaciya dárejesi 40 % átirapında. Mámlekettegi eń iri qala — Arabiya teńizi jaǵasında jaylasqan Karachidiń xalqı 15 mln. adamnan artıq (53-súwret). Basqa iri qalaları — Laxor, Feysalabad, Ravalpindi.

Xalqınıń 45 % ge jaqın bólimi panjoblılarǵa tuwra keledi. Xalqınıń milliy quramında pushtunlar, sindler, balujlardıń úlesleri de sezilerli.

**Ekonomikası.** Pakistan ekonomikası tez ósip atırǵan industrial-agrar mámleket. Sanaatınıń jetekshi tarmaǵı — jeńil sanaat. Toqımashılıq sanaatı eksport ónimdi islep shıǵaradı. Onnan basqa, metallurgiya, mashinasazlıq, ximiya, azıq-awqat, teri sanaatı da rawajlanbaqta.

Awıl xojalıǵınıń tiykarǵı tarmaǵı diyqanshılıq, biyday, salı, qant qamıs, paxta jetistiriwge qánigelesken. Mámleket eksportı quramında gezlemeler, salı, paxta, teri ónimleri, gilemler jetekshi orınǵa iye.

1. Iran, Awǵanstan hám Pakistannıń ekonomikalıq geografiyalıq orınların salıstırıń. Qaysı mámlekettiń ekonomikalıq geografiyalıq ornı salıstırmalı túrde qolaysız bolıp esaplanadı?
2. Úsh mámlekettiń tábiyiy sharayatı hám resurslarında qanday uqsas tárepleri bar?
3. Úsh mámleket xalqınıń jaylasıwına tábiyiy sharayat qanday tásir kórsetken?
4. Awǵanstan ekonomikasınıń rawajlanıwında qanday faktorlarǵa tayanıwı múmkin hám olardan ónimli paydalanıwı ushın qanday sharayatlar jaratılıwı kerek?

## 42-§. Qıtay Xalıq Respublikası

*Shıǵıs Aziya, Tınısh okean, socialistlik mámleket, Ullı Qıtay tegisligi, Tibet tawlıǵı, gidroenergetika resursları, kóp milletli mámleket, urbanizaciya.*



**Maydanı — 9599 mıń km². Xalqı (2018-j.) — 1394 mln. Paytaxtı — Pekin.**

Qıtay Xalıq Respublikası Shıǵıs Aziyada jaylasqan. Jaǵaları shıǵıstan Tınısh okean teńizleri menen juwıladı. Qıtay qurǵaqlıqta 15 mámleket penen shegaralas. QXR jáhán mámleketleri arasında aymaǵınıń úlkenligi boyınsha 3-, xalqı sanı hám óndiris kólemi boyınsha bolsa 1-orındı iyeleydi.

Qıtay ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵı Tınısh okeanı teńizine shıǵıw imkaniyatına iye ekenligi menen belgilenedi.

QXR házirgi jáhánniń siyasiy kartasındaǵı sanawlı socialistlik mámleketlerden biri. Onıń basqarıw dúzimi hám siyasiy turmısında Qıtay Kommunistlik partiyası sheshiwshi áhmiyetke iye bolıp, partiyanıń jetekshisi sol waqıtta mámleket basshısı — Qıtay Xalıq Respublikası baslıǵı da bolıp esaplanadı. Hákimshilik-aymaqlıq jaqtan Qıtay quramında 23 provinciya, 5 avtonom rayon, 4 orayǵa boysınıwshı qala hám 2 arnawlı hákimshilik rayon (Gonkong hám Makao) ajıratıladı. Ullı Britaniyanıń burınǵı koloniyası Gonkong (Syangan) 1997-jılı, Portugaliyanıń koloniyası dárejesine iye bolǵan Makao (Aomin) 1999-jılı Qıtay quramına kirdi.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Qıtay úlken aymaqtı iyelegenligi esabınan tábiyiy sharayatı, relyef hám klimattıń hár túrliligi menen ajıralıp turadı. Shıǵıs bóliminde tegislik hám jazıq tawlıqlar keń tarqalǵan bolsa, batıs aymaqların biyik tawlar hám shólistanlıq qásiyetine iye bolǵan taw aralıǵındaǵı batıqlar iyeleydi (54-55-súwretler). Mámleket aymaǵı arqadan qublaǵa 4 mıń km, batıstan shıǵısqa 4,5 mıń km ge sozılǵanlıǵı ushın klimatta da sezilerli aymaqlıq ayırmashılıqlar bar.

Qıtay hár túrli tábiyiy resurslarǵa bay mámleket. Janılǵı-energetika resurslarınan ol kómir, neft, gaz hám janıwshı slanecke bay. Ásirese, tas kómirdiń qorları úlken. Hár túrli qara hám reńli metall rudaları menen de Qıtay jaqsı támiyinlengen. Kóp metallardı qazıp alıw hám

http://eduportal.uz

eritiw boyınsha Qıtay dúnyada jetekshi orınlarda. Qıtayda Yanczi, Xuanxe, Amur sıyaqlı Evraziyanıń eń iri dáryaları aǵadı. Gidroenergetika resurslarınıń kólemine qaray, ol dúnyada birinshi orında turadı.



**54-súwret.** Ullı Qıtay tegisligi.



**55-súwret.** Batıs Qıtaydaǵı shólistan landshaftı.

**Xalqı.** 2018-jıl jaǵdayına qaraǵanda, Qıtay xalqı sanı (1 mlrd. 394 mln. adam). boyınsha jáhándegi jetekshi mámleket bolıp tabıladı. Házirgi waqıtta Qıtayda jáhán xalqınıń 18 %ten artıǵı jasamaqta.

Qıtayda birneshe on jıllar dawamında (2016-jılǵa shekem) xalıqtıń kóbeyiwin kemeytiwge qaratılǵan «bir shańaraqqa bir bala» principine tiykarlanǵan mámleket siyasatı ámelge asırılǵan edi. Bunıń nátiyjesinde tábiyiy kóbeyiw, 2018-jılǵa kelip, 0,5 % ke shekem, lekin sonda da Qıtay xalqı jılına 7—8 mln. adamǵa kóbeymekte.

Xalqınıń etnikalıq quramına qaraǵanda, Qıtay kóp milletli mámleket. Xalqınıń 90 % in qıtaylılar — xanlar quraydı. Biraq rásimiy maǵlıwmatqa muwapıq, mámlekette xanlardan basqa, 55 jergilikli millet hám elatlar jasaydı. Bulardan eń irileri uyǵırlar, mongollar, tibetliler, dunganlar, manjurlar hám basqalar bolıp tabıladı (56-súwret).



*Qıtaylılar (xanlar)*



*Uyǵırlar*



*Tibetliler*

**56-súwret.** Qıtay-kóp milletli mámleket.

Dinlerden keń tarqalǵanı konfuciyliler. Sonıń menen birge, Qıtayda daocizm, buddizm, islam, xristianlıq dinlerine iseniwshiler sanı da birqansha. Musılmanlar, tiykarınan, Shinjan-Uyǵır avtonomiyalı rayonında jasaydı.

Mámleket xalqı aymaqlıq jaǵınan tegis emes bólistirilgen. Xalqınıń ortasha tıǵızlıǵı hár 1 $km^2$ maydanǵa 145 adamdı payda etken halda, bul kórsetkish Xuanxe hám Yanczi dáryaları aralıǵındaǵı tegislikte 800—1000 $km^2$/adamdı, Tibet tawlıǵında bolsa 1—2 $km^2$ adamdı quraydı. Xalqınıń 90 % i mámleket aymaǵınıń 1/3 bóliminde jasaydı.

Qıtayda 2011-jılı qala xalqınıń úlesi 50 % ten arttı hám házirgi kúnde urbanizaciya dárejesi 60 % átirapında bolmaqta. Bul kórsetkish tez pátler menen ósip barmaqta. Mámlekettegi eń iri qalalar qatarına Shanxay, Pekin, Gonkong, Chendu, Guanchjou, Tyanczin, Uxan hám basqalar kiredi.

1. Qıtay mámleketlik dúziminiń ózgeshelikleri nelerden ibarat?
2. Qıtaydıń shıǵıs hám batıs bólimleri tábiyiy sharayatındaǵı ayırmashılıqlardı túsindiriń.
3. Qıtayda xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwin tártipke salıw boyınsha qanday mámleket siyasatı birqansha waqıt dawamında alıp barılǵan edi?
4. Qıtay xalqınıń jaylasıwına tábiyiy sharayat qanday tásir kórsetken?

## 43-§. Qıtay ekonomikası hám ekonomikalıq rayonları

*Jalpı ishki ónimi (JIÓ), sanaat, janılǵı-energetika kompleksi, metallurgiya, mashinasazlıq, «Ush dara» GESi, diyqanshılıq, ekonomikalıq zonalar.*

Qıtaydıń jalpı ishki ónimi boyınsha jáhán mámleketleri arasında birinshi orındı iyeleydi. Biraq JIÓ niń xalıqtıń jan basına tuwra keletuǵın kórsetkishi rawajlanıp atırǵan mámleketler dárejesinde bolmaqta. Aytıp ótiw kerek, sońǵı jılları Qıtay ekonomikası birqansha tez óspekte.

**Sanaatı.** Qıtayda sanaattıń barlıq tarmaqları joqarı dárejede rawajlanǵan bolıp, sanaat ónimleriniń kóplegen túrlerin islep shıǵarıw boyınsha jáhánde birinshi yaki ekinshi orınlarda turadı. Sonıń ishin-

http://eduportal.uz

de, kómirdi qazıp alıw, elektr energiyasın islep shıǵarıw, polat, shoyın, alyuminiy, cink, kobalt, altın hám de basqa qara hám reńli metallardıń eritiw, aǵash tayarlaw, avtomobil, keme, hár túrli elektronika ónimleri, mineral tóginler, cement, qaǵaz, gezlemeler, kiyim-kenshek, ayaq kiyim ónimlerin islep shıǵarıwda QXR jáhánde birinshi orındı iyeleydi.



**57-súwret.** Pekin qalasında hawanıń pataslanıwı.

Sanaat geografiyasında úlken ózgerisler payda bolmaqta. Eger Qıtayda XX ásirdiń 70—80-jılları sanaat kárxanalarınıń 2/3 bóliminen kóbiregi teńiz boyı aymaqlarında jaylasqan bolsa, házirge kelip mámlekettiń az ózlestirilgen ishki aymaqlarında da sanaatlasıw qızǵın pátler menen ótpekte.

Sanaattıń tayanısh tarmaǵı janılǵı-energetika kompleksi bolıp tabıladı. Qıtayda jılına 3,5 mlrd. tonnadan artıq kómir qazıp shıǵarılmaqta. Onıń tiykarǵı kánleri mámlekettiń arqa-shıǵıs hám shıǵıs aymaqlarında jaylasqan. Qıtay 2012-jıldan baslap elektr energiyasın islep shıǵarıw kólemine qaray jáhánde birinshi orınǵa shıqtı hám házirgi waqıtta mámlekette jılına 6 trln. kw.s jaqın elektr energiyası islep shıǵarıldı. Tarmaqta JESler salmaǵı 85 % ten joqarı bolıp, olarda qollanılatuǵın janılǵınıń derlik 2/3 bólimi kómirden ibarat. Energetikanıń jedel pátler menen ósiwi Qıtaydıń iri qalalarında ekologiyalıq jaǵdaydı keskinlestirdi (57-súwret). Sońǵı jılları GES, AES hám qayta tiklenetuǵın resurslarǵa tiykarlanǵan elektr stanciyaların kóbeytiwge úlken itibar berilmekte. Sonıń ishinde, Yanczi dáryasında dúnyadaǵı eń iri — «Ush dara (Sancya) GES i qurılǵan (58-súwret).



**58-súwret.** Yanczi dáryasındaǵı «Úsh dara» (Sancya) GES i.

Mashinasazlıq sanaatı Qıtayda, ásirese, tez rawajlanbaqta. Mámleketlerde televizor, kúndelikli xızmet etiw texnikasınan baslap avtomobil, kompyuter, hár túrli ólshew hám elektrotexnika ónimlerine shekem islep shıǵarılmaqta.

Jeńil hám azıq-awqat sanaatı Qıtayda jetekshi sanaat tarmaqları bolıp esap-



**59-súwret.** Qıtaydaǵı salı maydanları.

lanadı. Ásirese, toqımashılıq hám teri-ayaq kiyim sanaatı júdá úlken kólemdegi ónimdi islep shıǵaradı.

**Awıl xojalıǵı.** Qıtay awıl xojalıǵınıń tiykarı diyqanshılıq bolıp tabıladı. Jámi egin maydanlarınıń tiykarǵı bólimi dánli eginler, ásirese salı menen bánt (59-súwret). Qıtay jáhán mámleketleri arasıda biyday, salı kartoshka, palız eginler, miywe ónimleri, júzim, shay, temekiniń jalpı ónimi, qoy, eshki, shoshqa, quslar (tawıq) sanı, gósh, jún, máyek, pal tayarlaw, balıq awlaw kólemi boyınsha birinshi orındı iyeleydi.

Qıtay tiykarǵı azıq-awqat ónimlerine bolǵan talabın ózleriniń kúshi esabınan qanaatlandıradı. Jáhándegi jámi egin maydanlarınıń 9 % ine iye bolıp, adamzattıń 18 %inen kóbirek bólimin quraytuǵın xalqın Qıtay ózleriniń resursları esabınan azıq-awqat ónimleri menen támiyinlemekte. Bul jaǵday awıl xojalıǵındaǵı miynet ónimdarlıǵınıń joqarılıǵın kórsetedi.

Qıtay Xalıq Respublikası, 2018-jıl jaǵdayına qaraǵanda, Ózbekstannıń eń iri sırtqı sawda birge islesiwshisi bolıp esaplanadı, sebebi ol Ózbekstannıń da eksport hám import boyınsha sherikleri arasında sawda aylanısına qaray jetekshi orınǵa iye.

**Ekonomikalıq rayonları.** Qıtay Shıǵıs, Oraylıq hám Batıs ekonomikalıq rayon (zona)larǵa bólinedi. Solardan Shıǵıs ekonomikalıq rayon óziniń tábiyiy, sociallıq, jámiyetlik, demografiyalıq hám ekonimikalıq dárejesine qaray aldıńǵı qatarlarda. Bunda teńiz boyı aymaqları, Shanxay, Pekin, Tiyanczin, Guanchjou qalaları ayrıqsha áhmiyetke iye. Mámlekette ámelge asırılıp atırǵan regionlıq siyasat tábiyiy resurslarǵa bay Oraylıq hám Batıs ekonomikalıq zonalardı rawajlandırıw, bul aymaqlardıń milliy ekonomikasındaǵı úlesin kóteriwge baǵdarlanǵan.



1. Qıtaydıń jáhán xojalıǵındaǵı ornın sıpatlań.
2. Qıtayda sanaattıń qaysı tarmaqları ásirese jaqsı rawajlanǵan?
3. Ne ushın diyqanshılıq tiykarınan Shıǵıs Qıtayda intensiv rawajlanǵan?
4. Qıtaydıń Shıǵıs, Oraylıq hám Batıs ekonomikalıq zonaları arasındaǵı ayırmashılıqlarǵa qanday geografiyalıq faktorlar tásir kórsetedi?

# 44-§. Koreya Respublikası

*Yarım ataw mámleketi, áyyemgi platforma, tawlı relyef, jer resursları-nıń jetispewshiligi, xalıqtıń tıǵızlıǵı, bir milletli mámleket, jańa industrial mámleket, ekonomikalıq ósiw.*



**Maydanı — 99,4mıń km².**
**Xalqı (2018) — 51,8mln.**
**Paytaxtı — Seul.**

Koreya Respublikası Shıǵıs Aziyada, Koreya yarım atawınıń qubla bóliminde jaylasqan. Jaǵaları shıǵıstan Yapon teńizi (Koreyada Shıǵıs teńiz dep ataladı, batısta Sarı teńiz (Koreyada Batıs teńiz dep ataladı), qublada Koreya buǵazı hám Shıǵıs Qıtay teńizi (Koreyada Qubla teńiz dep ataladı) suwları menen juwıladı. Koreya Respublikası arqada Koreya Xalıq Demokratiyalıq Respublikası (KXDR) menen shegaralas. Koreya Respublikasına 3000 ǵa jaqın atawlar tiyisli bolıp, olardan eń irisi — Chedjudo atawı bolıp esaplanadı.

Basqarıw forması — prezidentlik respublikası. Administrativlik-aymaqlıq jaǵınan 9 provinciya, provinciyaǵa teńlestirilgen 6 qala hám óz aldına statusqa iye 1 qalaǵa bólingen unitar mámleket bolıp esaplanadı. Paytaxtı — Seul — mámlekettiń arqa-batısqa jaylasqan (60-súwret).

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Koreya Respublikası áyyemgi platformada jaylasqan bolıp, relyefi, tiykarınan, kúshli bóleklengen ortasha biyikliktegi tawlardan ibarat (61-súwret). Relyefiniń tawlılıǵı esabınan Koreya Respublikasında diyqanshılıqqa jaramlı jerler kóp emes hám bul jaǵday koreyalılardı jerden ónimli paydalanıwǵa shaqıradı.

Paydalı qazılmalardan mámlekette kómir, volfram, temir, cink, qorǵasın, altın kánleri bar, lekin qorları az bolǵanlıǵı sebepli Koreya Respublikası hár túrli shiyki zatlarǵa bolǵan talabın kóbirek import esabınan qanaatlandıradı.



**60-súwret.** Seul qalası.

Koreya klimatı ortasha bolıp, mussion samalları tásirinde qáliplesedi. Jazı ıssı hám ıǵal bolıp, uzaq dawam etedi, qıs onsha suwıq emes, qurǵaq. Dáryalar kóp suwlı energetikalıq imkaniyatlarǵa bay.



http://eduportal.uz



**61-súwret.** Koreya Respublikasındaǵı tawlar.

Eń iri dáriyalar — Naktongan hám Xangan. Aymaqtıń úlken bólimin aralas iyne japıraqlı hám keń japıraqlı toǵaylar iyelegen.

**Xalqı.** Koreya Respublikasında 51 mln. Adamnan zıyat xalıq jasaydı (2018-j). Koreya Respublikası kópshiligi Aziya mámleketlerinen xalıq tábiyiy kóbeyiwiniń tómen dárejesi menen ajıralıp turadı (jılına 0,1—0,2 %). Mámleket xalqınıń dinamikasına unamlı balansqa iye bolǵan sırtqı migraciya da tásir kórsetpekte.

Koreya Respublikası joqarı urbanizaciyalasqan mámleket, xalqınıń 80 % den zıyatı qalalarda jasaydı. Eń iri qalaları qatarına, Seulden basqa, Pusan, Tegu, Inchxan, Kvanchju hám Tedjan kiredi.

Koreya Respublikası xalqınıń etnikalıq quramı jaǵınan bir milletli mámleket. Jámi xalqınıń derlik 99 %in koreyalılar quraydı. Keń tarqalǵan dinler buddizm hám xristianlıq bolıp esaplanadı.

Koreya Respublikasında xalqınıń tıǵızlıǵınıń ortasha kórsetkishi birqansha joqarı bolıp, 1 $km^2$ maydanǵa 500 adamnan kóbirek xalıq tuwra keledi. Mámlekettiń relyefi salıtırmalı tegis bolǵan batıs hám qubla teńiz boyı aymaqlarında xalıqtıń tıǵızlıǵı júdá joqarı dárejede.





**62-súwret.** Koreya Respublikası kemesazlıq hám atom energetikası tarawlarında dúnyadaǵı jetekshi mámleketlerden biri.

**Ekonomikası.** Koreya Respublikası 1980-jıllardan baslap social-ekonomikalıq rawajlanıwda úlken jetiskenliklerge eristi. Bul ósiw, ásirese, sanaat tarawında kózge taslanadı, sonıń ushın da Koreya Respublikası jańa industrial (sanaatlasqan) mámleketler toparına kirgizildi. Házirgi kúnde Koreya Respublikası JIÓ kólemi boyınsha jáhán mámleketleriniń birinshi on besligine kiredi.

Sanaattıń eń áhmiyetli tarmaqları avtomobilsazlıq, kemesazlıq, elektrotexnika, elektronika, atom energetikası, metallurgiya, ximiya hám neft ximiya, jeńil sanaatı bolıp esaplanadı. (62-súwret). Atap aytqanda, kemelerdi islep shıǵarıw boyınsha mámleket jáhán de birinshi orında turadı. Sonday-aq, polat, shoyın, cink, qorǵasındı eritiw, avtomobiller hám olardıń kerekli bólimleri, polimer ónimlerin islep shıǵarıw boyınsha Koreya Respublikası jáhánniń birinshi besligine kiredi. Koreya Respublikası «Samsung — Electroniks» «Posko» hám basqa dúnyaǵa belgili transmilliy korparaciyalarınıń bolǵanlıǵı menen ajıralıp turadı.

Diyqanshılıqta salıgershilik, palız ónimleri, miyweshilik hám júzimgershilik zárúr áhmiyetke iye. Sharwashılıq tarmaqlarınan sút-gósh sharwashılıǵı, qaramal baǵıwshılıq hám shoshqashılıq rawajlanǵan.

Koreya Respublikası eksport kólemi boyınsha jáhánniń jetekshi 10 mámleketleri qatarına kiredi. Koreya Respublikası Ózbekstan ushın da áhmiyetli sawda sherigi bolıp esaplanadı. 2018-jıl maǵlıwmatlarına qaray, sırtqı sawda aylanısı boyınsha Ózbekstannıń sawda sherikleri arasında Qıtay, Rossiya, Qazaqstan hám Turkiyadan keyin 5-orındı iyelegen, import kólemi boyınsha bolsa Qıtay hám Rossiyadan keyin 3-orında turadı.

1. Koreya Respublikasınıń gegrafiyalıq ornı tábiyiy klimat sharayatına qanday tásir kórsetedi?
2. Mámleket xalqınıń tábiyiy háreketine qanday ózgeshelik tán?
3. Koreya Respublikasınıń jáhán sanaatında tutqan ornın sıpatlap beriń.
4. Koreya Respublikası hám Ózbekstan arasındaǵı sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı túsindiriń.

http://eduportal.uz

## 45-§ Yaponiya

*Ataw mámleketi, imperator, Tınısh okean seysmikalıq poyası, Fudziyama vulkanı, Kanto tegisligi, bir milletli mámleket, sintoizm, buddizm, Tokaydo megalopolisi.*



**Maydanı — 377,9mıń km².**
**Xalqı (2018-j). — 126,5 mln.**
**Paytaxtı — Tokio.**

Yaponiya Shıǵıs Aziyada jaylasqan ataw mámleketi. Yaponiyada jámi atawlar sanı 6852 bolsa da, aymaǵınıń 97 %in 4 iri ataw — Xoncyu, Xokkaydo, Kyucyu hám Cikoku atawları iyeleydi. Jaǵaları arqada Oxota, batısta Yapon, qubla-batısta Shıǵıs Qıtay teńizi, shıǵıs hám qublada Tınısh okean suwları menen juwıladı. Yaponiyanıń aymaǵı arqadan qublaǵa 2800 km aralıqqa sozılǵan.

Yaponiya — konstituciyalıq monorxiya, mámleket basshısı imperator, házirgi jáhánniń siyasiy kartasındaǵı birden-bir mámleket. Yaponiyanıń konstituciyasına muwapıq, imperator «mámleket hám millet birliginiń nıshanı». Ámeldegi siyasiy basqarıw dúziminde jetekshi rol bas ministrge tiyisli. Yaponiya 47 prefekturaǵa bólinetuǵın unitar mámleket.

Paytaxtı — Tokio — mámlekettiń eń iri atawı Xoncyunıń shıǵısında, Kanto tegisliginde jaylasqan.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Yaponiyada, ol Tınısh okean seysmikalıq poyasında jaylasqanlıǵı sebepli, jer silkiniw hám sunami tez-tez payda boladı. Bul tábiyiy ózgeshelik Yaponiya, xalqınıń turmısına úlken tásir kórsetedi, sonlıqtan yaponlarǵa balalıq dáwirinenaq ayrıqsha jaǵdaylarda ózin tuwrı tutıw qaǵıydaları úyretiledi.



**63-súwret.** Fudziyama vulkanı.

Mámleket aymaǵınıń 3/4 bólimin taw hám qırlar iyelegen. Yaponiyanıń biyik taw shoqqısı — Fudziyama vulkanı — Yapon xalqı ushın muqaddes orın. (63-súwret). Tawlılıǵı awıl xojalıq jerleriniń jetispewshiligine alıp kelgen.

Yaponiya paydalı qazılmalarǵa bay emes. Mámlekette tiykarınan, yod



http://eduportal.uz

(qorları boyınsha dúnyada 1-orın), kúkirt, sonday-aq, az muǵdarda neft, tábiyiy gaz, altın, gúmis hám basqa mineral resurslar qazıp alındaı. Jer astı baylıqlarınıń azlıǵı Yaponiyanı janılǵı hám metallardı eń kóp import etiwshi mámleketlerden birine aylandırǵan.



**64-súwret.** Tokiodaǵı kóshe kesispelerden biri.

Yaponiya, tykarınan, ortasha hám subtropikalıq klimat poyaslarında jaylasqan. Klimatı, ulıwma alǵanda, musson samalları tásirinde qáliplesken, oǵan joqarı dárejedegi ıǵallıq tán. Jıllıq jawın-shashın muǵdarı 1700—4000 mm ge teń. Sonday-aq, Yaponiya klimatına tayfunlardıń tez-tez tákirarlanıwı tán.

Íǵal klimatlı Yaponiya aymaǵı kóp suwlı dáryalarǵa bay, olardan suwǵarılatuǵın diyqanshılıq hám gidroenergetikada keń paydalanıladı.

**Xalqı.** Yaponiya xalqı 126,5 mln. adamǵa teń (2018-j). Yaponiyada tuwılıwdıń júdá tómenligi sebepli xalıqtıń tábiyiy azayıwı baqlanbaqta. Meksika xalqı sanı boyınsha Yaponiyadan aldıǵa ketkennen keyin, yaponiya jáhán mámleketleriniń birinshi onlıǵınan shıqtı.

Yaponiyada qala xalqınıń úlesi 90 % den joqarı. Tokio dúnyanıń eń úlken qalalarınan biri bolıp esaplanadı, onıń aglomeraciyasında 30 mln. adamnan artıq xalqı jasaydı (64-súwret). Paytaxttan, basqa Iokagama, Osaka, Nagoya, Sapporo, Kobe, Kioto mámlekettiń eń iri qalaları bolıp esaplanadı. Xokkaydo atawında jaylasqan Sapporodan basqa barlıq iri qalalar Xoncyu atawınıń qubla-shıǵısında jaylasqan. Mámlekettiń bul bóliminde birneshe iri qala aglomeraciyalarınıń tutasıp ketkenligi esabınan jáhándegi eń iri megalopolislerden biri — Tokaydo qáliplesti.

Yaponiya xalqınıń 98 % den kóbin yaponlar quraydı. Olardıń tiykarǵı dinleri-cintoizm hám buddizm. Qızıǵarlı tárepi sonda, yaponlardıń kópshiligi de cintoizm, hám buddizm dástúrlerine ámel etedi.

Xalqınıń jaylasıwına mámleket relyefi úlken tásir kórsetken. Yaponiya xalqınıń tiykarǵı bólimi aymaǵınıń 10 % de jasaydı. Xalqı eń tıǵız dárejede Kanto tegisliginde jaylasqan.

**Ekonomikası.** Yaponiya ekonomikası joqarı dárejede rawajlanǵan mámleket. JIÓ nıń ulıwma kólemine qaray dúnyada AQSH, Qıtay hám Hindstannan keyingi tórtinshi orındı iyeleydi.

Yaponiya sanaatı eń zamanagóy texnologiyalarǵa tiykarlanǵan tarmaqlar — elektronika, elektrotexnika, stanoksazlıq, kemesazlıq, avtomobilsazlıq, ásbapsazlıq, ximiya hám neft-ximiya sanaatına qánigelesken. Yaponiyanıń eń belgili transmilliy kompaniyalar toparına «Toyota», «Honda», «Soniy», «Micubishi» hám basqalar kiredi.

Yaponiya diyqanshılıǵınıń jetekshi tarmaǵı salıgershilik. Salı jámi egin maydanlarınıń yarımına egiledi. Sonday-aq, biyday, soya, hár túrli palız ónimleri hám miyweler de jetistiriledi.

Yaponiyada transporttıń barlıq túrleri joqarı dárejede rawajlanǵan. Mámlekettiń iri qalaların baylanıstırıwshı «Sinkansen» tez júrer poyezdleri ayrıqsha itibarǵa sazawar (65-súwret). Yaponiyada ayırım atawlarda suw astı tunnelleri ótkerilgen. Olardan eń uzını Xoncyu hám Xokkaydo atawların baylanıstıratuǵın Seykan tunneli. (54 km).

Yaponiyada turizm jaqsı rawajlanǵan. Hár jılı Yaponiyaǵa 30 mln. shet ellik shayaxatshılar keledi. Yaponiyanıń áhmiyetli turistlik resursı onıń bay hám tákirarlanbaytuǵın táriyxıy-mádeniy miyrası (66-súwret).



**65-súwret.** «Sinkansen» tez júrer poyezdi.



**66-súwret.** Kioto qalasındaǵı belgili budda ibadatxanası

Xoncyu atawınıń shıǵısında 600 km aralıqta qáliplesken Tınısh okean sanaat regionı ekonomikalıq jaqtan Yaponiyanıń rawajlanǵan rayonı Kyucyu atawınıń qublası, Sikoku de ásirese, Xokkaydo atawı ekonomikalıq jaqtan salıstırmalı tómen rawajlanǵan.

1. Yaponiyanıń ekonomikalıq geografiyalıq ornına baha beriń.
2. Yaponiya tábiyiy sharayatınıń unamlı hám unamsız tárεplerin salıstırıń.
3. Yaponiya hám Koreya Respublikası arasında xalıqtıń tábiyiy háreketi, quramı hám jaylasıwında qanday uqsaslıq hám ayırmashılıqlar bar?
4. Yaponiyanıń ekonomikalıq qúdiretine qanday faktorlar tásir etedi?

## 46-§. Hindstan Respublikası

*Qubla Aziya, Gimalay tawları, Ganga dárыası, agroklimatlıq resurslar, etnikalıq hár qıylılıq, induizm, rawajlanıp atırǵan mámleket.*



**Maydanı — 3287,2 mıń km².**
**Xalqı (2018-j). — 1371 mln.**
**Paytaxtı — Deli.**

Hindstan Respublikası Qubla Aziyadaǵı eń iri mámleket, jáhán mámleketleri arasında maydanı boyınsha 7-, xalqınıń sanı boyınsha bolsa 2-orında turadı (2018-j.). Aymaǵı, tiykarınan, Hindstan yarım atawında jaylasqan bolıp, arqadan qublaǵa 3,2 mıń km, batıstan shıǵısqa 2,9 mıń km aralıqqa sozılǵan. Hindstanǵa Lakkadiv, Andaman hám Nikobar atawları da qaraslı bolıp tabıladı. Hindstan Evropa hám Aziya mámleketlerin baylanıstıratuǵın kóp qatnaytuǵın teńiz jolları boyında jaylasqanlıǵı ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵın belgileydi.

Hindstannıń basqarıw forması parlamentar respublika bolıp tabıladı. Siyasiy-aymaqlıq dúzilisine qaray, Hindstan federativ mámleket bolıp tabıladı. Onıń quramında 29 shtat hám 7 awqamlas aymaqları bar. Federaciya birlikleri, tiykarınan, etnikalıq princip boyınsha ajıratılǵan.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Hindstan tábiyiy sharayatı hár qıylı, tábiyiy resurslarǵa bay. Onıń aymaǵında planetamızdaǵı eń biyik tawlar, qalıń toǵaylar, savannalar menen qaplanǵan bóleklengen jazıq tawlıqlar, sheksiz qumlı shólistanlıqlardı ushıratıwǵa boladı (67-súwret).

Onıń jer astı qazılma baylıqları da hár qıylı. Temir, marganec, xrom, titan, uran, toriy rudaları, kómir, almaz, hár túrli qımbat bahalı taslar qorları birqansha úlken bolıp tabıladı. Hindstannıń hár túrli aymaqları hám de teńiz sayızlıqlarınan neft tabılǵan.

http://eduportal.uz



*Gimalay tawları*



*Dekan jazıq tawlıǵındaǵı savanna*



*Tar shólistanlıǵı*

**67-súwret.** Hindstan tábiyatınıń hár qıylılıǵı.

Mámlekettiń arqa tárepten biyik Gimalay tawları menen qorshalǵanlıǵı klimatlıq sharayatına úlken tásir kórsetedi. Hindstan aymaǵında qıs paslı derlik baqlanbaydı. (Gimalay tawlarınan basqa). Sol sebepten Hindstan diyqanları jılına 2—3 márte hasıl jıynawları múmkin. Jawınshashın máwsimlik xarakterge iye bolıp, tiykarınan iyun—oktyabr aylarında kóp jawadı.

Hindstan aymaǵında kóp suwlı dárylar kóp. Olardan eń irileri Gimalay tawlarınan baslanıp, Bengaliya qoltıǵına quyılatuǵın Gang hám Braxmaputra dáryaları. Sonıń menen birge, Godavari, Maxanadi, Kaveri, Krishna, Narmada hám Tapti da iri dáryalar bolıp tabıladı.

**Xalqı.** Hindstan xalqınıń sanı jaǵınan jáhánde Qıtaydan keyingi ekinshi orındı iyleydi (2018-j). Biraq Hindstan xalqınıń tábiyiy ósiw pátleri Qıtayǵa salıstırǵanda birqansha joqarılıǵı esabınan eki mámlkeket arasında xalqı sanındaǵı ayırmashılıq barǵan sayın qısqarıp barmaqta. Sonıń ushın, qánigelerdiń pikirinshe, jaqın jılları Hindstan jáhánniń xalqı eń kóp bolǵan mámleketine aylanadı.

Hindstan jáhándegi eń kóp milletli mámleket bolıp tabıladı. Xalqınıń etnikalıq quramı júdá quramalı. Onda jasap atırǵan millet, elat hám qáwimler hár túrli til shańaraqlarına tiyisli. Hindler, bengaller, telugular, panjoblılar támiller eń kóp sanlı milletler bolıp esaplanadı. Hindlerdiń jámi xalqındaǵı úlesi 40 % den biraz joqarıraq.

Xalqınıń diniy quramı da birqansha quramalı. Xalqınıń 80 %i induizm dinine sıyınadı. Ekinshi orında musılmanlar turadı. Olar



http://eduportal.uz

mámleket xalqınıń 13 %in quraydı. Hindstanda xristianlar, sikxlar, buddistler hám basqa din wákilleri de jasaydı.

Mámlekettiń urbanizaciya dárejesi joqarı emes. Házir mámleket xalqınıń 1/3 bólimi qalalarda jasaydı. Qalalarınan Mumbay (Bombey), Kolkata (Kalkutta), Deli, Bangalor, Chennay (Madras), Haydarabad, Axmadabad eń irileri.




**68-súwret.** Hindstan xalqı tıǵızlıǵı (km²/adam).

Hindstan xalqı birqansha tegis emes jaylasqan. Xalqı tıǵızlıǵı Gang oypatlıǵı hám teńiz boyı tegisliklerinde júdá joqarı dárejede bolsa, Gimalay tawları janbawırları, mámlekettiń arqa-batıs hám oraylıq qurǵaqlıq aymaqlarında bolsa birqansha siyrek jaylasqan. (68-súwret).

**Ekonomikası.** Hindstan jáhánde jalpı ishki ónim kólemine qaray AQSH hám Qıtaydan keyingi 3-orında turadı. (2017-j.) hám tayanısh rawajlanıp atırǵan mámleketlerden biri sanaladı.

Hindstandı kóbinese «ayırmashılıqlar mámleketi» deydi, sebebi onda baylıq penen kámbaǵallıq, eń zamanagóy óndiris kárxanaları menen natural islep shıǵarıwǵa tiykarlanǵan ápiwayı xojalıqlar sáykeslesip ketken.

Hindstan jeńil hám azıq-awqat sanaatına qánigelesken mámleketten barǵan sayın zamanagóy awır sanaat tarmaqları rawajlanǵan mámleketke aylanıp barmaqta. Hindstan ekonomikasınıń tiykarın metallurgiya, mashınasazlıq hám ximiya sanaattı quraydı. Hindstan kómir hám temir rudaları, as duzın qazıwda, polat, shoyın, mıs, alyuminiy, cement, jip-gezleme, ayaq kiyim islep shıǵarıwda jáhán mámleketleriniń birinshi besligine kiredi. Bangalor qalası pútkil dúnyaǵa belgili zamanagóy málimleme texnologiyalarınıń orayı bolıp esaplanadı.

Awıl xojalıǵında jámi bánt xalqınıń 40 % ine jaqın bólimi isleydi. Tábiyiy sharayatınıń awıl xojalıǵın rawajlandırıw ushın birqansha qolaylıǵı sebepli aymaǵınıń yarımınan kóbi egin maydanlarına aylandırılǵan. Egin maydanlarınıń úlkenligine qaray, ol jáhánde AQSH

dan keyingi 2-orında turadı. Suwǵarılatuǵın maydanlarınıń kólemine qaray bolsa, Hindstan tek Qıtaydan keyin turadı. Hindstan salı, biyday, kartoshka, qant qamıs, piste, ǵoza, palız eginleri, miywe, paxta, shay, burısh, hár túrli dárilik eginler jetistiriw boyınsha jáhán mámleketleriniń jetekshi úshligine kiredi.

1. Hindstan ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵı ne menen belgilenedi?
2. Hindstan hám Qıtaydıń xalqı tábiyiy háreketi, milliy hám diniy quramın salıstırıń.
3. Sanaattıń qaysı tarmaqları Hindstanda jaqsı rawajlanǵan?
4. Hindstannıń awıl xojalıǵı tarawındaǵı dárejesin bahalań.

## 47-§. Persiya qoltıǵı arab mámleketleri

*Persiya qoltıǵı, Arabstan yarım atawı, monarxiya, tropikalıq shólistanlılıqlar, teńiz suwın dushshılandırıw, neft sanaatı, zıyarat turizmi.*

Jáhán energetika xojalıǵında Persiya qoltıǵı regionı ayrıqsha orınǵa iye. Persiya qoltıǵı átirapında 8 mámleket jaylasqan bolıp, olardan 6 — Saudiya Arabstanı, Birlesken Arab Ámirlikleri (BAÁ), Qatar, Kuveyt, Baxrayn — tábiyiy geografiyalıq, social-ekonomikalıq siyasiy, demografiyalıq hám milliy-mádeniy jaǵınan bir-birine uqsaydı. Bul mámleketler toparı Persiya qoltıǵı arab mámleketleri dep ataladı.



**69-súwret.** Arabstan yarım atawındaǵı shólistanlıq landshaftı.

Persiya qoltıǵındaǵı kishi atawlarda jaylasqan Baxraynnan basqa, usı topardaǵı barlıq mámleketler Arabstan yarım atawında jaylasqan. Region ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵı úsh materik — Aziya, Afrika hám Evropa tutasqan aymaqta, xalıqaralıq teńiz jolları jaylasqanlıǵı menen belgilenedi. Persiya qoltıǵı arab mámleketleri maydanı hám xalqı sanı jaǵınan bir-birinen ajıraladı (11-keste). Regiondaǵı aymaqlıq hám



http://eduportal.uz

demografiyalıq dárejesi boyınsha eń iri mámleket — Saudiya Arabstanı. Qatar, Kuveyt hám Baxrayn bolsa kishi mámleketler bolıp esaplanadı.

*11-keste*

**Persiya qoltıǵı arab mámleketleri haqqında ulıwma maǵlıwmatlar**

| **Mámleket** | **Paytaxt** | **Maydanı (mıń km²)** | **Xalqı (mln. adam, 2018-j).** |
|---|---|---|---|
| Baxrayn | Manama | 0,7 | 1,5 |
| Birlesken Arab Ámirlikleri | Abu-Dabi | 83,6 | 9,5 |
| Kuveyt | Al-Kuveyt | 17,8 | 4,2 |
| Qatar | Doxa | 11,4 | 2,7 |
| Saudiya Arabstanı | Ar-Riyod | 2150 | 33,4 |
| Oman (Arabstan teńizi) | Maskat | 309,5 | 4,7 |

Persiya qoltıǵı arab mámleketi monarxiya basqarıw formasına iye. Saudiya Arabstanı, Qatar, Oman (Arabstan teńizi) — absolyut monarxiyalar, Kuveyt hám Baxrayn — konstituciyalıq monarxiyalar, BAÁ absolyut monarxiya esaplanatuǵın jeti ámirlik federaciyası, mámleket dúziminde absolyut hám konstituciyalıq monarxiya elementleri sáykeslesken.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Arabstan yarım atawı relyefinde tegislik hám jazıq tawlıqlar orın iyeleydi. Klimatı tropikalıq, jıl boyı jıllı hám qurǵaq. Jazda kúndiz hawa temperaturası +50° C dan joqarı boladı, túnde bolsa 0° C qa shekem túsiwi múmkin. Jıllıq jawın muǵdarı 100mm ge jetpeydi. Persiya qoltıǵı regionında tiykarǵı tábiyat zonası tropikalıq shólistanlıqlar (69-súwret).

Persiya qoltıǵı mámleketleriniń tiykarǵı tábiyiy baylıǵı úlken neft hám qaz qorları bolıp esaplanadı. Neft qorları menen, ásirese, Saudiya Arabstanı, Kuveyt hám BAÁ, tábiyiy gaz qorları menen bolsa Qatar, Saudiya Arabstanı hám BAÁ ajıralıp turadı.



**70-súwret.** Teńiz suwın dushshı etetuǵın kárxana.

Klimattıń qurǵaqshılıǵınan suw resursları jetispewshiligi bar. Arabstan

http://eduportal.uz



**71-súwret.** Mekke qalasındaǵı mudáddes Kaaba sıyınatuǵın jeri.

yarım atawında úzliksiz aǵın suwlar joqlıǵınan áyyemnen jer astı suwları suw deregi sıpatında xızmet etken. Házirgi sharayatta suw menen támiyinleniwde teńiz suwın dushshı etiw úlken áhmiyetke iye (70-súwret). Dáryalar tek jawın jawǵanda suwǵa tolatuǵın ańǵarlar — oypatlıqlar kórinisine iye.

**Xalqı.** Persiya qoltıǵı arab mámleketleri xalqınıń ayrıqsha ózgesheligi shet ellik migrantlardıń úlken úlesi bolıp tabıladı. Omanda (Arabstan teńizinde) shet ellik jumısshılar xalıqtıń 25 % in, Saudiya Arabstanında 30 % in qurasa, basqa mámleketlerde bul kórsetkish 50 % den joqarı, BAÁ da bolsa 90 % ge jaqın. Shet ellik migrantlar tiykarǵı bólimin Qubla Aziya hám Arqa Afrika mámleketiniń puqaraları quraydı.

Xalıqtıń tábiyiy ósiwi Saudiya Arabstan hám Oman da jılına 1,6—1,8 %, qalǵan mámleketlerde 0,8—1,3 % ke teń bolıp tabıladı.

Region mámleketlerine qala xalqınıń júdá joqarı úlesi tán. Ummanda urbanizaciya dárejesi 75 %, Saudiya Arabstanı hám BAÁda 80 % den joqarı, Kuveyt, Qatar hám Baxraynda derlik 100 % ge teń.

Saudiya Arabstanı, BAÁ, Qatar, Kuveytte sunna, Baxraynda shia, Omanda (Arabstan teńizinde) musılmanlar kópshilikti quraydı. Saudiya Arabstanındaǵı Mekka hám Madina pútkil dúnyajúzi musılmanları ushın (karamatlı muqaddes) qalalar bolıp esaplanadı, hár jılı ol jerge 2 mln. adam hajı saparın ámelge asıradı (71-súwret).

**Ekonomikası.** Persiya qoltıǵı arab mámleketleri ekonomikalıq rawajlanıwdıń joqarı dárejesi menen ajıralıp turadı. Xalıq jan basına tuwra keletuǵın JIÓ kólemi boyınsha region mámleketleri jáhándegi jetekshi orınlarda turadı.

Ekonomikasınıń tayanısh tarmaǵı — neft hám gaz sanaatı. Neft hám gaz eksport region mámleketleri ushın eń áhmiyetli dáramat deregi bolıp esaplanadı. Energiya derekleri menen jaqsı támiyinlengenligi esabınan region mámleketlerinde ximiya hám neft-ximiya, qara hám reńli metallurgiya sanaatı rawajlanbaqta.

Diyqanshılıqtıń rawajlanıwı suw resurslarınıń jetispewshiliginen sheklengen. Sońǵı waqıtlarda tamshılatıp suwǵarıw texnologiyaların keń qollanıwǵa itibar qaratılmaqta. Dástúrlik túrde tiykarǵı awıl xojalıǵı egini xurma palması bolıp tabıladı.

Sharwashılıqtıń tarmaqları qoyshılıq, eshkishilik hám túyeshilik.

Region mámleketlerinde, sonday-aq, bank-finans sektorı, tranzit sawda hám turizm de rawajlanıp barmaqta.

1. Persiya qoltıǵı arab mámleketleriniń siyasiy dúziminde qanday ulıwma tárepi bar?
2. Arabiya yarım atawı tábiyiy sharayatı hám resurslarınıń kúshli hám kúshsiz táreplerin salıstırıń.
3. Perziya qoltıǵı arab mámleketlerde urbanizaciyanıń joqarı dárejesine qanday faktorlar tásir kórsetken?
4. Region mámleketlerinde neft-gaz sanaatında sırtqı ekonomikanıń qanday tarmaqları rawajlanıp barmaqta?

## 48-§. Indoneziya, Malayziya, Singapur mámleketleri

*Qubla-shıǵıs Aziya, ataw mámleket, qolay ekonomikalıq geografiyalıq orın, seysmikalıq aktivlik, ekvatorlıq klimat, jańa industrial mámleketler.*

### INDONEZIYA



**Maydanı — 1919,4 mıń $km^2$.**
**Xalqı (2018-j.) — 265 mln.**
**Paytaxtı — Jakarta**

Indoneziya Qubla-shıǵıs Aziyada, Tınısh hám Hind okeanları arasında jaylasqan. Jáhándegi ataw mámleketlerinen eń irisi. Indoneziyadaǵı eń úlken atawlar — Jańa Gvineya (batıs bólimi), Kalimantan (oraylıq hám qubla bólimi), Sumatra, Yava hám de Sulavesi. Xalqınıń 60 % ke jaqını Yava atawında jasaydı. Bul ataw planetamızdaǵı xalqı eń tıǵız jaylasqan aymaqlardan biri bolıp esaplanadı. Indoneziya paytaxtı Jakarta qalası da Yavada jaylasqan.

Ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵı eki okean (Tınısh hám Hind) hám eki materik (Aziya hám de Avstraliya hám Okeaniya) arasında jaylasqanlıǵı menen belgilenedi.

http://eduportal.uz



**72-súwret.** Yavalılar

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Indoneziya aymaǵı «Tınısh okean jalınlı halqası»nıń bir bólimi bolıp, oǵan tawlı relyef hám joqarı seysmikalıq tán. Indoneziyada 150 ge jaqın hárekettegi vulkanlar bar, olardan eń irileri Bromo, Krakatau, Selak, Tamboro bolıp tabıladı. Indoneziya neft, gaz, kómir, qalayı, temir, marganec, nikel hám basqa paydalı qazılmalarǵa bay.

Klimatı, tiykarınan, ekvatorial, jıl boyı, jıllı ıǵal, jıl máwsimleri arasındaǵı ayırmshılıqlar derlik sezilmeydi. Kóp ıǵallı klimat hám tawlı relyef sebepli Indoneziya suw hám gidroenergetika resursları menen jaqsı támiyinlengen. Sonday-aq, Indoneziya jáhánniń toǵay resurslarına eń bay mámleketlerden biri bolıp esaplanadı.

**Xalqı.** Indoneziya xalqı sanı boyınsha dúnyada Qıtay, Hindstan hám AGSHdan keyingi 4-orındı iyeleydi. Indoneziya xalqınıń yarımınan kóbiregi qalalarda jasaydı. Mámlekette 10 nan zıyat «millioner» qala bar, eń irisi — Jakartada 10 mln. adam jasaydı.

Indoneziyada 300 ge jaqın millet hám elatlar jasaydı. Mámleket xalqınıń 40 % inen kóbiregin yavalılar quraydı (72-súwret). Tiykarǵı dini-islam dini bolıp, Indoneziya musılmanlar sanı boyınsha jáhán mámleketleri arasında birinshi orında turadı.

**Ekonomikası.** Indoneziya JIÓ kólemi boyınsha jáhánniń 10 aldınǵı mámleketi qatarına kiredi. Sanaattıń jetekshi tarmaqları — janılǵı (kómirdi qazıp alıw boyınsha jáhánde 5-orın, tábiyiy gazdi qazıp alıw boyınsha 10-orın), ximiya, azıq-awqat, jeńil, avtomobilsazlıq, toǵay, metallurgiya qalayını qazıp alıw boyınsha jáhánde 1-orın).

Tiykarǵı awıl xojalıq eginleri qatarına salı, mákke, kokos palması, tábiyiy kauchuk, shay, kofe, qant qamıs, kakao, temeki, hár túrli shópler kiredi. Indoneziya kóp eginlerdiń jalpı ónimi boyınsha jáhánde jetekshi orınlardı iyeleydi. Balıq awlaw boyınsha jáhánde 3-orında turadı.



http://eduportal.uz

## MALAYZIYA



**Maydanı — 329,7 mıń km$^2$**
**Xalqı (2018-j.) — 32,5 mln.**
**Paytaxtı — Kuala-Lumpur.**

Malayziya aymaǵı Qubla Qıtay teńizi menen bir-birinen ajıralıp turǵan eki bólimnen ibarat. Bir bólimi Malakka yarım atawınıń qublasın iyelese, ekinshisi Kalimantan atawınıń arqa bóliminde jaylasqan. Malayziyanıń yarım ataw bólimi janınan Hind hám Tınısh okeanlarıń tutastırıwshı teńiz jolları ótedi.

Basqarıw forması-konstituciyalıq monarxiya. Malayziya 13 shtat hám 3 federal aymaqtı birlestiriwshi federativ mámleket. 9 shtatı jergilikli monorxlar tárepinen basqarıladı hám de hár 5 jılda olar óz aralarınan bir húkimdardı mámleket basshısı — korol lawazımına saylaydı.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Malayziya relyefiniń ózgesheliklerine qaray tawlı mámleket. Tiykarǵı paydalı qazılmaları neft, qalayı, volfram, boksit, altın, mıs bolıp tabıladı. Neft, tiykarınan, mámlekettiń ataw bólimindegi teńiz sayızlıǵınan qazıp alınadı.

Klimatı ekvatorial, jıl dawamında jıllı hám jawın kóp. Bunday klimat sebepli Malayziyada kóp suwlı dáryalar kóp. Suw tasqınları mámleket xalqına úlken zıyan tiygizedi. Mámleket aymaǵınıń 60 % in ósimlik hám haywanat dúnyası júdá bay bolǵan ekvatorial toǵaylar qaplaydı (73-súwret).

**Xalqı.** Malayziyada xalqı tábiyiy hám migraciyalıq kóbeyiw esabınan tez óspekte. Urbanizaciya dárejesi 75 %, eń iri qala — mámleket paytaxtı Kuala—Lumpur.

Mámleket xalqı aymaqlıq jaqtan júdá tegis emes jaylasqan. Aymaǵınıń 40 % in iyelegen yarım ataw bóliminde mámleket xalqınıń 80 % i jasaydı. Ásirese, teńiz boyı aymaqlarında xalıq tıǵız dárejede jaylasqan. Mámleket ishki bólimindegi tawlı aymaqlarda xalıq birqansha siyrek jaylasqan.



**73-súwret.** Malayziya toǵayları.

Malayziyadaǵı eń iri mámleket xalqındaǵı úlesi 50 % den zıyat bolǵan malaylar

bolıp tabıladı. Sonday-aq, Malayziyada qıtaylılar, hindler, Kalimantan atawınıń tiykarǵı elatları wákilleri de birqansha kóp.

Keń tarqalǵan din — islam, mámleket konstituciyasına muwapıq, mámleket dini dárejesine iye. Biraq Malayziyada buddizm, induizm xristianlıq dinleri de belgili dárejede ushırasadı.

**Ekonomikası.** Malayziya ekonomikası joqarı pátler menen ósip atırǵan jańa industrial mámleketlerden biri. Malayziya sanaatı, tiykarınan, kóp tarmaqlı mashinasazlıqqa qánigelesken (elektronika, kúndelikli xızmet kórsetetuǵın texnika, avtomobil islep shıǵarıw). Sonıń menen birge, neft-ximiya hám metallurgiya sanaatları da jaqsı, tábiyiy kauchuk, maylı palma, kokos palması, banan, temeki, burısh hám basqa eginlerdi jetistiriwge qánigelesken.

Malayziyanıń tábiyatı hám bay táriyxıy-mádeniy miyrası mámlekette turizmdi rawajlandırıwǵa úlken imkaniyat jaratadı. Sońǵı jılları Malayziya shet ellik sayaxatshılar sanınıń kópligi boyınsha jáhánniń jetekshi 10 mámleketleri qatarına kirmekte.

## SINGAPUR



**Maydanı — 0,7 mıń $km^2$.**
**Xalqı (2018-j) — 5,8 mln.**
**Paytaxtı — Singapur.**

Singapur Qubla shıǵıs Aziyada, Malakka yarım atawınıń qubla shekesinen tar buǵaz penen ajıralıp turǵan kishi atawlarda jaylasqan. Singapur Aziya hám pútkil jáhándegi eń kishi mámleketlerden biri bolıp, tolıq túrde bir qaladan ibarat. Singapur kóp qatnaytuǵın teńiz jolları boyında jaylasqanlıǵı onıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı ushın júdá úlken áhmiyetke iye. Basqarıw jaǵınan parlamentar respublika bolıp tabıladı. Mámlekettiń siyasiy basqarıw sistemasında tiykarǵı roldi bas ministr oynaydı.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Singapurdıń relyefi pás tegislik kórinisine iye bolıp, mámlekettiń eń biyik noqatı teńiz qáddinen barjoǵı 166 metrde jaylasqan. Singapur heshqanday paydalı qazılmalarǵa iye emes. Singapur ekvator sızıǵına júdá jaqın jaylasqan hám onıń klimatı tipik ekvatorial xarakterge iye. Iyul hám yanvar aylarınıń ortasha temperaturası $2^{o}$C qa parıq etedi, tek.

http://eduportal.uz

Aymaǵı kishiligi esabınan Singapur ishimlik suwı menen jeterli dárejede támiyinlengen hám onı, tiykarınan, Malayziyadan import etiwge májbúr.



**74-súwret.** Singapur portı.

**Xalqı.** Singapur xalqı tıǵızlıǵı boyınsha dúnyada Monakodan keyingi 2-orında turadı. Singapur pútkilley bir qaladan ibarat bolǵanlıǵı ushın urbanizaciya dárejesi 100 % ke teń. Singapur Aziyanıń xalqı tábiyiy kóbeyiwi eń tómen bolǵan mámleketlerden biri hám xalqı, tiykarınan, sırtqı migraciya esabınan kóbeymekte.

Singapur xalqınıń 75 %in qıtaylılar quraydı. Malaylardıń úlesi 15 %, hindler xalqınıń 8 %ine tuwra keledi. Rásmiy tilleri — inglis, qıtay, malay, tamil. Eń kóp tarqalǵan dinler buddizm hám konfuciylik.

**Ekonomikası.** Salıstırmalı qısqa tariyxıy dáwir ishinde Singapur jáhándegi texnologiyalıq hám ekonomikalıq jaǵınan aldıńǵı mámleketlerden birine aylandı. Házirgi basqıshta Singapur xalqı jan basına tuwra keletuǵın JIÓ muǵdarı boyınsha jáhán mámleketleri ishinde eń joqarı kórsetkishlerden birine iye. Sanaattıń elektronika, elektrotexnika, kemesazlıq, neftti qayta islew, ximiya, farmasevtika tarmaqları jaqsı rawajlanǵan hám eksportqa baǵdarlanǵan. Sanaat ushın shiyki zat resursları qońsı mámleketlerden import etiledi. Xabar texnologiyaları hám biotexnologiya tarawlarında da Singapur úlken jetiskenliklerge erisken. Xalıqaralıq transport hám bank-finans xızmetlerin kórsetiw, turizm tarawları da Singapur ushın úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye. Singapur qalası dúnyadaǵı eń iri portlardan biri bolıp esaplanadı (74-súwret).

1. Indoneziya, Malayziya hám Singapurdıń ekonomikalıq geografiyalıq orınları qanday tárepleri menen óz ara uqsas?
2. Indoneziya, Malayziya hám Singapurdıń klimatına qanday ózgeshelikler tán?
3. Úsh mámleket xalqınıń etnikalıq hám diniy quramın salıstırıń.
4. Úsh mámlekettiń hárbiriniń ekonomikalıq rawajlanıwı ushın qanday faktorlar zárúrligin anıqlań.



http://eduportal.uz



# 7-BAP. AFRIKA, AVSTRALIYA HÁM OKEANIYA, AMERIKA MÁMLEKETLERI

## 49-§. Afrikanıń geografiyalıq ornı hám siyasiy kartası

*Kontinent, materik, Gibraltar buǵazı, Suvaysh kanalı, koloniya, «Afrika jılı», Saxara, shólistanlıq, Saxel.*



**75-súwret.** Afrika materigi.

Afrika materigi usı attaǵı materik hám oǵan tutasqan atawlardan ibarat. Áyyemgi finikiyalılar «afarik» sózi menen Karfagennen batısta jasawshı qáwimlerin ataǵan («afar» sózi finikiyalılar tilinde «shań» mánisin ańlatqan). Rimliler Karfagen hám onıń átirapların basıp alǵannan soń bul aymaqqa Afrika atın bergen. Keyin bolsa at pútkil materik hám kontinentke qollana baslaǵan.

Afrikanıń atawlar menen birgeliktegi maydanı 30,3 mln. km$^2$dı quraydı.

Afrikanıń ortasınan ekvator sızıǵı, batıstan bolsa bas meridian ótken. Sol sebepli Afrika hám Arqa, hám Qubla, hám Shıǵıs, hám Batıs yarım sharlarda jaylasqan. (75-súwret).

Afrika jaǵaları arqada Jer Orta teńiz, arqa-shıǵısta Qızıl teńiz, shıǵısta Hind okeanı, batısta Atlantika okeanı suwları menen juwıladı. Qızıl teńiz, Suvaysh kanalı hám Bob-al-Mandob buǵazı Afrikanı Aziyadan, Jer Orta teńiz hám Gibraltar buǵazı bolsa Evropa materiginen bólip turadı (76-súwret).

Afrika materigi ataw hám yarım atawlar azlıǵı menen ajıralıp turadı. Onıń quramına Hind okeanındaǵı Madagaskar (planetamızdaǵı atawlar arasında maydanı jaǵınan 4-orında turadı), Maskaren, Komor, Seyshel atawları, Atlantika okeanındaǵı Jasıl murın, Kanar, San-Tome hám Principi, Áwliye Elena hám basqa atawlar kiredi. Birden-bir iri yarım atawı Somalı bolıp esaplanadı.

http://eduportal.uz

Afrikanıń házirgi siyasiy kartasında 54 ǵárezsiz mámleket bar. Materiktiń siyasiy kartasınıń qáliplesiw tariyxı ózine tán ózgesheliklerge iye. Ullı geografiyalıq ashılıwlar dáwirinen baslap Afrikanıń aymaqları Evropa, mámleketleriniń koloniyalarına aylandı. XX ásirdiń basına kelip Afrikada tek ǵana 2 ǵárezsiz mámleket qalǵan edi: birneshe mıń jıllıq mámleketshilik tariyxına iye Efiopiya hám de 1847-jıl AQSH tıń járdeminde dúzilgen Batıs Afrikadaǵı Liberiya mámleketi. Materiktiń qalǵan aymaǵı bolsa Ullı Britaniya, Franciya, Portugaliya, Belgiya, Germaniya, Italiya hám Ispaniya tárepinen óz ara bólip alınǵan edi.



**76-súwret.** Gibraltar buǵazınıń Evropadaǵı jaǵasınan Afrika jaǵasınıń kórinisi

Afrika mámleketleri 1950-jılları ǵárezsizlikke erise basladı. 1960-jıl BMSH tárepinen «Afrika jılı» dep daǵazalanıp, sol jılı materiktegi 17 mámleket ǵárezsizlikke eristi hám jáhán jámiyetshiligi tárepinen tán alındı. Kóplegen mámleketleri 1960—1980-jılları mámleket ǵárezsizligin qolǵa kirgizedi. Materiktegi eń jas mámleketler 1990-jılı ǵárezsizlikke erisken Namibiya, 1993-jılı Efiyopiyadan bólinip shıqqan Eritreya hám 2011-jılı ǵárezsizligin daǵazalaǵan Qubla Sudan bolıp esaplanadı.

Afrikadaǵı kóplegen mámleketlerdiń shegaraları koloniallıq dáwirinde qáliplesken bolıp, kópshilik jaǵdaylarda tábiyiy hám etnikalıq shegaralarǵa say kelmeytuǵın jasalma kóriniske iye. Bunıń tásirinde elege shekem materikte hár túrli áskeriy kelispewshilikler hám mámleketlik awdarıspaqları tez-tez payda bolıp turadı.

Afrika siyasiy kartasınıń ózine tán táreplerinen biri iri maydanlı mámleketlerdiń kópligi bolıp tabıladı. Jáhándegi aymaǵı 1 mln. km$^2$ dan úlken bolǵan 29 mámleketten 12 si Afrikada jaylasqan (Aljir, KDR, Sudan, Liviya, Chad, Niger, Angola, Mali, QAR, Efiopiya, Mavritaniya, Mısr). Jáhán boyınsha bar maydanı 1 mıń km$^2$ dan aspaytuǵın 24 mámleketten tek 1 — Seyshel atawları — Afrikaǵa tiyisli.

Afrikada jámi 6 ataw mámleketleri jaylasqan. Olar Madagaskar, Kabo-Verde, Komor atawları, Mavrikiy, San-Tome hám Principi hám de Seyshel atawları bolıp tabıladı. Teńizlerge shıǵıw imkaniyatı joq mámleketler sanı boyınsha Afrika materikler arasında jetekshilik etedi.



**77-súwret.** Shólistanlıq kúshli rawajlanıp atırǵan Saxel úlkesiniń aymaǵı.

Afrikada qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqan jámi 16 mámleket bar. Olardıń qatarında Chad, Niger, Mali, Efiopiya, Zambiya, Bocvana, Qubla Sudan sıyaqlı iri mámleketler bar. Efiopiya jáhánniń qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqan 44 mámleketler arasında xalıq sanı boyınsha jetekshi bolıp esaplanadı.

Afrika mámleketlerinen 51 i respublika, 3 i (Marokko, Svazilend (Esvatini), Lesoto) monarxiya basqarıw formasına iye. Administrativlik-aymaqlıq tárepten Afrikadaǵı 6 mámleket — Nigeriya, Efiopiya, Sudan, Qubla Sudan, Somali, Komor atawları — federativlik dúziliske iye.

Afrika mámleketleri bay hám hár qıylı tábiyiy resursları, ásirese, mineral baylıqları menen ajıralıp turadı. Neft hám tábiyiy gaz qorlarına Nigeriya, Aljir, Liviya, Angola, Gabon, Kongo mámleketleri bay. Materikte eń úlken kómir qorları menen QAR ajıralıp turadı. QAR, Nambiya, Botsvana, Zambiya, KDR, Niger hám basqa kóplegen Afrika mámleketleri reńli, qımbat bahalı hám radiaktiv metallar, almazdıń iri kánleri menen belgili. Afrikada keń tarqalǵan tábiyat zonaları savanna, yarım shólistanlıq, shólistan hám ıǵal ekvatorial toǵaylar bolıp esaplanadı. Arqa Afrikada planetamızdaǵı eń iri shólistanlıq — Saxara jaylasqan. Onıń qubla shegarası boylap sozılǵan Saxel dep atalıwshı yarım shólistanlıq ózgeshe tábiyiy geografiyalıq úlke jáhán boyınsha xalqı hám awıl xojalıǵı suwsızlıq procesinen eń ayrıqsha zıyan kórip atırǵan aymaq bolıp esaplanadı. Saxel Sudan, Chad, Niger, Mali, Mavritaniya sıyaqlı mámleketler aymaǵın óz ishine aladı. (77-súwret).

1. Afrikanıń geografiyalıq ornı onıń tábiyiy sharayatına qanday tásir kórsetken?
2. Afrika siyasiy kartasınıń tariyxıy qáliplesiwi hám zamanagóy jaǵdayınıń ózgesheliklerin túsindiriń.
3. Afrika mámleketleriniń koloniallıq ótmishi olardıń házirgi kúndegi rawajlanıwına qanday tárizde tásir kórsetpekte?
4. Saxel tábiyiy geografiyalıq úlkesi qayerde jaylasqan hám qanday ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı?

## 50-§. Afrika mámleketleriniń xalqı hám xojalıǵı

*Xalqınıń tıǵızlıǵı, tábiyiy kóbeyiwi, urbanizaciya, qubla evropeoidler, negroidler, xalqınıń etnikalıq hám diniy quramı, shiyki zattı jetkerip beriwshi xojalıq tarmaqları, jeke egin.*

Afrika xalqı sanı boyınsha Aziyadan keyingi materik esaplanıp, 2018-jıl jaǵdayına qaray, ol jerde 1,3 millardǵa jaqın adam jasaydı. Bul jáhán xalqınıń 17 % in quraydı.

Afrika mámleketleri arasında xalqı sanı jaǵınan Nigeriya ayrıqsha ajıralıp turadı. Onıń xalqı, 2018-jıl esabına qaraǵanda, 196 mln. adamǵa teń jáhán mámleketleri arasında 7-orında. Itibarlısı, Nigeriya Afrika mámleketleri qatarında maydanı boyınsha 14-orında turadı, tek.

Xalqı sanı jaǵınan Nigeriyadan keyingi jetekshi orınlardı Efiopiya (107,5 mln. adam), Mısr (97 mln. adam), Kongo Demokratiyalıq Respublikası (84,3 mln. adam), Tanzaniya (59,1mln. adam) hám Qubla Afrika Respublikası (57,7 mln. adam) sıyaqlı mámleketler iyeleydi (2018-j).

Afrika xalqı materik boyınsha tegis emes jaylasqan (78-súwret). Buǵan tábiyiy faktorlar, ásirese, klimat hám suw resursları úlken tásir kórsetken. Nil oypatlıǵı hám deltası, Jer Orta teńiz hám Gvineya qoltıǵı boyı aymaqları, Shıǵıs Afrikanıń taw arasındaǵı batıqları hám QARnıń sanaatlasqan rayonlarında xalıqtıń tıǵızlıǵı eń joqarı dárejege iye. Házirgi waqıtta, Saxara, Kalaxari, Namib sıyaqlı tropikalıq shólistanlıqlarda xalıqtıń tıǵızlıǵı júdá tómen.




**78-súwret.** Afrikada xalıq tıǵızlıǵı (km$^2$ adam).

Afrika xalqı eń joqarǵı tezlikte ósip atırǵan materik. Jáhán xalqı házirgi waqıtta ortasha jıllıq esabınan 1,2 % ge kóbeyip baratırǵan bolsa, Afrikada bul kórsetkish 2,6 % di quraydı. Afrikanıń kópshilik mámleketlerine tuwılıw hám tábiyiy kóbeyiwdiń joqarı pátleri, ortasha ómir kóriwdiń salıstırmalı tómen kórsetkishleri tán (12-keste). Bul boyınsha



http://eduportal.uz

jaǵday tek Tunis, Marokko, Liviya, Botsvana, QAR, Mavrikiy hám Seyshel atawları sıyaqlı social-ekonomikalıq rawajlanıwı birqansha joqarı bolǵan mámleketlerde materiktegi ulıwma jaǵdaydan parıq etedi.

*12-keste*

**Afrikadaǵı ayırım mámleketler hám de Germaniya hám Yaponiyanıń demografiyalıq kórsetkishleri (2018-jıl jaǵdayına qaray)**

| Kórsetkishler | Afrikanıń ayırım mámleketleri | | Jáhánniń rawajlanǵan mámleketleri | |
|---|---|---|---|---|
| | Niger | Chad | Germaniya | Yaponiya |
| 1 hayalǵa tuwra keletuǵın ortasha perzent sanı | 7,2 | 6,4 | 1,6 | 1,4 |
| Xalıqtıń jıllıq tábiyiy kóbeyiwi, % | 3,8 | 3,1 | -0,2 | -0,3 |
| Er adam hám hayallardıń ortasha ómir súriwi, jas | E. — 59<br>H. — 61 | E. — 52<br>H. — 54 | E. — 78<br>H. — 83 | E. — 81<br>H. — 87 |
| Xalıqtıń jas quramında 15 jasqa shekemgi balalar úlesi, % | 50 | 47 | 13 | 12 |
| Xalıqtıń jas quramında 65 jastan úlken bolǵanlardıń úlesi, % | 3 | 2 | 21 | 28 |
| Jas náresteler ólimi, 1000 tuwılǵan nárestege salıstırmalı | 60 | 72 | 3 | 2 |

Afrika materiker arasında urbanizaciya dárejesi (43 %, 2018-j) jaǵınan aqırǵı orında turadı. Qala xalqı salmaǵı Jer Orta teńiz boyı mámleketleri, QAR, kishi ataw mámleketleri hám neft sanaatı rawajlanǵan mámleketlerinde joqarı. Niger, Ruanda, Burundi, Malavi sıyaqlı mámleketlerde bolsa urbanizaciya dárejesi 20 % ke de jetpeydi.

Xalıqtıń rasalıq, etnikalıq hám diniy quramı jaǵınan Afrika materigi eki úlken bólimge bólinedi, Birinshisi, Mısr, Liviya, Sudan, Aljir, Tunis, Marokko, Mavritaniya sıyaqlı mámleketlerden ibarat bolǵan Arqa Afrika regionı. Bul mámleketlerde, tiykarınan, qubla evropeoid rasasına tiyisli bolǵan arab hám barbarlar jasaydı, tiykarǵı dini islam dini xojalıqtıń etnikalıq hám diniy quramı pútinligi menen ajıralıp turadı. Materiktegi basqa mámleketlerde bolsa Tropikalıq Afrika regionın quraydı. Bul region xalqınıń etnikalıq quramı júdá hár qıylı bolıp, tiykarınan, negroid rasasına tiyisli júzlegen millet, elat hám qáwimlerden ibarat. Dinlerden bolsa islam, xristianlıq hám hár túrli

http://eduportal.uz

jergilikli dinler keń tarqalǵan bolıp, hár qıylı mámleketlerde olardıń qatnası hár túrli.

Afrika mámleketleriniń jáhán xojalıǵındaǵı ornı, tiykarınan, tawkán sanaatı hám tropikalıq diyqanshılıǵı menen belgilenedi. Yaǵnıy materiktegi mámleketler ekonomikasında kóbirek shiyki zattı jetkerip beretuǵın tarmaqlar ústinlik etedi. Bunıń tiykarǵı sebepleri qánigelesiwiniń koloniallıq dáwirinde qálipleskenligi, óndiristiń texnikalıq hám texnologiyalıq qalaqlıǵı menen baylanıslı.

Nigeriya, Aljir, Angola, Liviya, Gabon, Kongo, Ekvatorial Gvineya neft hám tábiyiy gaz, Niger hám Malavi uran, Gvineya boksit, Zambiya hám KDR mıs, Marokko fosforit, Gana hám Tanzaniya altın, Botsvana, KDR, Angola, Zimbabve, Namibiya almaz, QAR bolsa taskómir, temir, marganec, altın, platina, almaz sıyaqlı mineral resurslardı qazıp alıw hám eksport etiw kólemi menen ajıralıp turadı.

Kópshilik Afrika mámleketleriniń awıl xojalıǵı ushın belgili bir egin túriniń jekke hákimligi tán. Máselen, Sudan, Mali, Chad hám Burkina-Fasada tiykarǵı egin paxta, Kot-D'Ivuar, Gana, Kamerunda kakao, Senegal hám Gambiyada ǵoza, Efiopiya hám Ugandada kofe Keniyada bolsa shay bolıp esaplanadı. Kóp tarmaqlı awıl xojalıǵı QAR hám de Jer Orta teńizi boyı mámleketlerinde qáliplesken.

Social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi kóz qarasınan Afrika 3 bólimge bólinedi. QAR materiktegi mámleketler arasında ekonomikalıq jaǵınan eń qúdiretlisi bolǵanlıǵı ushın ayrıqsha ajıraladı. Mısr, Liviya, Aljir, Tunis hám Marokko sıyaqlı birqansha joqarı dárejede rawajlanıp atırǵan mámleketler Arqa (Jer Orta teńiz boyı) Afrika ekonomikalıq geografiyalıq regionın payda etedi. Materiktiń qalǵan mámleketleri Tropikalıq Afrika regionı quramına kiredi. Tropikalıq Afrikadaǵı 34 mámleket BMSH tárepinen jáhánniń eń tómen rawajlanǵan mámleketleri toparına kirgizilgen.

1. Afrika mámleketiniń xalqınıń kóbeyiwi hám jas quramınıń ózine tán ózgehseliklerin túsindiriń.
2. Xalqınıń rasalıq hám diniy quramı jaǵınan Afrika qaysı eki regionǵa bólinedi? Bul eki aymaq xalqına qısqasha sıpatlama beriń.
3. Afrika mámleketiniń jáhán xojalıǵındaǵı ornın qaysı tarmaqlar belgilep bermekte?
4. Afrika mámleketiniń awıl xojalıǵı ushın qanday tárep tán? Bul ózgeshelikti ayırım mámleketler mısalında kórsetiń.



http://eduportal.uz

## 51-§. Qubla Afrika Respublikası

*Drakon hám Kap tawları Veld platosı, tropikalıq shólistanlıqlar, subtropikalıq klimat, afrikanerler, afrikaanc tili, taw-kán sanaatı.*



**Maydanı—1219,9 mıń km².**
**Xalqı (2018-j).—57,7mln.**
**Paytaxtı-Pretoriya**

Qubla Afrika Respublikası (QAR) Afrika materiginiń shetki qubla bóliminde jaylasqan, jaǵaları qubla-batısta Atlantika, qubla-shıǵısta Hind okeanı suwları menen juwıladı. QAR xalıqaralıq teńiz jolları boyında jaylasqan. QARdaǵı Keyptaun qalası Qubla yarım shardaǵı iri port-qalalardan biri (79-súwret).

Basqarıw forması—parlamentar respublika. Paytaxtı—Pretoriya qalası. Ol jerde prezident hám húkimettiń sarayları jaylasqan, parlament Keyptaunda, Joqarı sud Blumfonteyn qalasında xızmet kórsetedi.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** QAR aymaǵınıń relyefi hár qıylı. Shıǵısında Drakon tawları, qublasında Kap tawları jaylasqan. Mámlekettiń arqa hám oraylıq bólimleri Veld platosı, batısı tegislik relyefi menen ajıralıp turadı. QAR iri mineral baylıqlarǵa iye, máselen, kómir, marganec, xrom, uran, altın, almaz, platına, vanadiy hám hár túrli bahalı metallardıń úlken qorları bar.

QAR dıń oraylıq hám batıs aymaqlarında ıssı hám qurǵaq tropikalıq klimat qáliplesken. Mámleket qublası hám shıǵısında teńiz boyı aymaqlarında bolsa ıǵal subtropikalıq klimat, al qurǵaq bóliminde suw resursları jetispewshiligi bar.

**Xalqı.** QAR materik mámleketleri arasında xalqı sanı boyınsha 6-orında turadı. Xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi pátleri kópshilik Afrika mámleketlerine salıstırǵanda tómenirek bolıp, jıllıq esabında 1—1,2 % ke teń. QAR xalqı qońsı mámleketlerden kóship kelip atırǵanlar esabınan da kóbeymekte.

QAR da urbanizaciya dárejesi 65 % ke teń hám bul kórsetkish Afrikadaǵı kóp mámleketlerge salıstırǵanda bir-



**79-súwret.** Keyptaum qalası.

qansha joqarı. Mámlekettiń eń iri qalası hám ekonomikalıq paytaxtı Yoxannesburg.



**80-rasm.** Túyequs ferması.

QAR xalqınıń 80 % in hár túrli jergilikli millet hám elatlar quraydı. QAR Tropikalıq Afrika mámleketlerinen evropalılardıń salıstırmalı joqarı úlesi (10 % ge jaqın) menen ajıraladı. Evropalılardıń úlken bólimin afrikanerler — XVIII—XIX ásirlerde kóship kelgen gollandlardıń áwladları quraydı. Olar niderland tilinde qáliplesken afrikaanc tilinde sóyleydi.

Mámlekttiń arqa-shıǵısındaǵı sanaat rayonları, qubla-shıǵıs hám qubla teńiz boyı aymaqlarında xalıqtıń tıǵızlıǵı joqarı bolsa, batıs hám arqa-batıs suwsız shólistanlıq aymaqlarında xalıq júdá siyrek jaylasqan.

**Ekonomikası.** QAR materiktegi ekonomikalıq jaqtan eń rawajlanǵan mámleket bolıp esaplanadı. Ekonomikası taw-kán sanaatı, mashınasazlıq, kóptarmaqlı awıl xojalıǵı hám turizmge qánigelesken.

Hár túrli paydalı qazılmalardıń bay qorları esabınan QAR da taw-kán sanaatı joqarı dárejede rawajlanǵan. QAR kómir, temir rudası, marganec, altın, platina, palladiy, almaz hám basqa mineral resurslardı qazıp alıw boyınsha jáhán mámleketleri ishinde jetekshi orınlardı iyleydi QAR jáhándegi eń iri kómir eksportyorlarınan biri bolıp tabıladı.

Awıl xojalıǵı mámleket aymaǵınıń 15 % bóliminde intensiv rawajlanǵan. Bunıń tiykarǵı sebebi suw resurslarınıń jetispewshiligi menen baylanıslı. Biraq, soǵan qaramastan, QARda diyqanshılıq hám sharwashılıqtıń hár túrli tarmaqları joqarı dárejede rawajlanǵan. Diyqanshılıqtıń eń áhmiyetli tarmaqları baǵshılıq hám júzimgershilik bolıp esaplanadı. Sharwashılıqtıń tiykarǵı tarmaqları qara mal baǵıwshılıq, qoyshılıq, eshkishilik. QAR da sharwashılıqtıń dástúrlik emes tarmaǵı-túyequslardı baǵıw rawajlanǵan (80-súwret).

QARdıń qubla teńiz boyı bóliminde mámleket ishkerisindegi iri qalalarda turizm jaqsı rawajlanǵan.

1. QARdıń ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylılıǵın bahalań.

2. Mámlekettiń tábiyiy sharayatı hám resurslarınıń kúshli hám kúshsiz táreplerin anıqlań.
3. QAR Tropikalıq Afrika mámleketlerinen xalqınıń kóbeyiwi hám quramı jaǵınan qalay ajıraladı?
4. QAR ekonomikası qanday tarmaqlarǵa qánigelesken?

## 52-§. Nigeriya Federativ Respublikası

*Batıs Afrika, Tropikalıq Afrika, Gvineya qoltıǵı, Niger deltası, Lagos, xausa, yoruba, igbo, neft hám neftti qayta islew sanaatı.*



**Maydanı — 923,7 mıń $km^2$.**
**Xalqı (2018-j.) — 195,9 mln.**
**Paytaxtı — Abuja.**

Nigeriya Federativ Respublikası Batıs Afrikada jaylasqan. Jaǵaları qubladan Atlantika okeanınıń Gvineya qoltıǵı suwlarınan juwıladı.

Basqarıw forması — prezidentlik respublikası. Nigeriya federativlik mámleket bolıp, 36 shtat hám federal paytaxt aymaǵınan ibarat. Nigeriyanıń shtatları, tiykarınan, etnikalıq princip tiykarında ajıratıp qoyılǵan. Paytaxt — Abuja qalası — mámlekettiń orayında jaylasqan (81-súwret).

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Nigeriyanıń aymaǵı Niger hám Benue dáryaları menen relyefi jaǵınan ajıralatuǵın eki bólimge bólinedi. Arqada relyef, tiykarınan, jazıq tawlıqlardan ibarat, mámlekettiń qubla bólimi bolsa pás tegislikler menen bánt.

Nigeriyanıń eń úlken tábiyiy baylıǵı — onıń neft qorları. Neft kánleri kóbirek mámlekettiń qubla bóliminde jaylasqan.

Mámleket, tiykarınan, subekvatoriyalıq hám ekvatorial klimat poyaslarında regionlarında jaylasqan. Jıl boyı ıssı temperatura saqlanadı. Jawın muǵdarı qubla teńiz boyı aymaqlarınan arqaǵa qaray azayıp baradı. Ekvatorial klimatlı bóliminde jıllıq jawın muǵdarı 3000 mm átirapında. Turaqlı hám máwsimlik ıǵal toǵaylar hám de savannalar Nigeriyanıń tiykarǵı tábiyat zonaları.



**81-súwret.** Abuja qalası.

http://eduportal.uz

Nigeriyadaǵı dáryalardan eń irisi Niger dáryası bolıp esaplanadı. Ol Gvineya qoltıǵına quyılıwında úlken deltanı payda etedi. Niger deltası mámlekettiń áhmiyetli ekonomikalıq rayonı bolıp esaplanadı.



**82-súwret.** Lagos-Nigeriya hám pútkil Afrikanıń eń iri qalası.

**Xalqı.** Nigeriya xalqı sanı boyınsha jáhánde 7-orında turadı hám ol dúnyanıń 10 aldıńǵı mámleketi arasında tábiyiy kóbeyiwdiń eń joqarǵı pátleri menen ajıralıp turadı. Nigeriya xalqı jılına 4—4,5 million adamǵa kóbeymekte.

Nigeriya xalqınıń derlik yarmı qalalarda jasaydı. Nigeriyada 6 «millioner» qala bar. Gvineya qoltıǵı jaǵısında jaylasqan Lagos qalası tek Nigeriya emes, al pútkil Afrikadaǵı eń iri qala bolıp esaplanadı (82-súwret). Lagos 1991-jılǵa shekem mámleket paytaxtı bolǵan, biraq onıń xalqı júdá kópligi sebepli paytaxtı Abuja qalasına kóshirildi.

Nigeriya Tropikalıq Afrikadaǵı kópshilik mámleketler sıyaqlı kóp milletli mámleket, xalqınıń etnikalıq quramı 250 den zıyat jergilikli millet hám elatlardan ibarat. Eń iri milletleri — xausa, yoruba hám igbo (hárbiri jámi xalıqtıń shama menen 20 % in quraydı). Mámleket tili — inglis. Nigeriyanıń arqa hám batıs shtatlarında islam dini, shıǵıs hám qubla shtatlarında bolsa xristian dini kóbirek tarqalǵan.

Xalqınıń tıǵızlıǵı mámlekette ortasha esapta 1 km$^2$ ǵa 200 adamnan zıyatıraq bolsa, jaǵa boyı aymaqlarında bunnan 3—4 ese joqarı.

**Ekonomikası.** Nigeriya JIÓnıń ulıwma kólemi boyınsha Afrikada 1-orında turadı, JIÓnıń xalqınıń jan basına tuwra keletuǵın muǵdarı bolsa onsha joqarı emes — 6000 AQSH dolları átirapında. Biraq, bul Tropikalıq Afrikadaǵı kóp mámleketlerge baylanıslı birqansha joqarıraq kórsetkish (region boyınsha ortasha kórsetkish 3600 AQSH dollarına teń).

Mámleket ekonomikasınıń tiykarı hám mámleket byudjeti dáramatınıń bas deregi — neft eksportı. Neftti qazıw hám onı qayta islew sanaatı Nigeriya sanaatınıń eń rawajlanǵan tarmaǵı. Mámlekette toǵay, toqımashılıq, azıq-awqat hám taw-kán sanaatı da rawajlanǵan.

Awıl xojalıǵı — xalqı bántliginiń tiykarǵı tarawı. Nigeriyada ǵoza, mákke, salı, sorgo, tábiyiy kauchuk, paxta, hár túrli palızlar hám miywe eginleri jetistiriledi. Qaramal baǵıw, qoyshılıq, eshkishilik, shoshqashılıq Nigeriya sharwashılıǵınıń tiykarǵı tarmaqları.

1. Nigeriya hákimshilik-aymaqlıq dúzilisiniń federativlik forması qanday faktor menen baylanıslı?
2. Nigeriya paytaxtın Lagosdan Adujaǵa kóshiriwdiń sebebin túsindiriń.
3. Mámleket qublasında xalıq tıǵızlıǵı arqa aymaqlarına salıtırǵanda birneshe ese úlkenliginiń sebeplerin túsindiriń.
4. Nigeriya ekonomikalıq rawajlanıwdıń Tropikalıq Afrikadaǵı kóp mámleketlerge salıstırǵanda birqansha joqarılıǵı óndiristiń qanday tarmaǵı menen baylanıslı?

## 53-§. Mısr Arab Respublikası

*Suvaysh kanalı, Sinay yarım atawı, Nil dáryası, Asvon suw saqlaǵıshı tropikalıq hám subtropikalıq klimat, xalqınıń tıǵızlıǵı, suwǵarılatuǵın diyqanshılıq, tariyxıy-mádeniy miyras.*



**Maydanı — 1001,4 mıń km$^2$.**
**Xalqı (2018-j) — 97 mln.**
**Paytaxtı — Kair**

Mısr Arab Respublikası Afrikanıń arqa-shıǵısında hám de kishi bólimi Aziya materigindegi Sinay yarım atawında jaylasqan. Jaǵaları arqadaǵı Orta, shıǵısta Qızıl teńiz suwları menen juwıladı. Suvaysh kanalı bul eki teńizdi tutastıradı hám házirgi Afrika hám Aziyanıń shegarası. Suvaysh kanalınıń ótkenligi, Aziya hám Afrika tutasqan aymaqta jaylasqanlıǵı Mısr ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń qolaylıǵın belgileydi.

Basqarıw forması — prezidentlik respublikası. Mısr paytaxtı — Kair qalası Nil deltasında jaylasqan (83-súwret).

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Mısrdıń aymaǵı, tiykarınan, tegisliklerden ibarat. Tek Qızıl teńizge jaqın bólimi hám de Sinay yarım atawında tawlar bar. Paydalı qazılamalardan Mısrda, tiykarınan, neft, tábiyiy gaz, temir rudası, fosforit kánleri bar. Mısr aymaǵınıń

http://eduportal.uz

úlken bólimi tropikalıq, Jer Orta teńiz jaǵası bolsa subtropiklıq klimat regionında jaylasqan. Jazı júdá ıssı, qısı jıllı. Jawın júdá az jawadı, jıllıq muǵdarı, ádette, 200 mm den aspaydı. Sonıń ushın mámleket aymaǵı, tiykarınan, tropikalıq shólistanlıqlar menen bánt.



**83-súwret.** Kair qalası.

Íssı hám qurǵaq klimat sharayatında Mısr ushın suw resurslarınıń jetispewshiligi tán. Mámlekettiń birden-bir dáriyası — onıń aymaǵın qubladan arqaǵa kesip ótip, Jer Orta teńizge quyılatuǵın Nil — shólistanlıqlardan aǵıp ótetuǵın tranzit dárya (84-súwret). Nil dáryasında jáhándegi eń iri suw saqlaǵıshlarınan biri — Asuan qurılǵan.

**Xalqı.** Mısr Afrika mámleketleri arasında xalqı sanı boyınsha Nigeriya hám Efiopiyadan keyingi úshinshi orında turadı. Xalıqtıń tábiyiy ósiwi joqarı dárejede saqlanbaqta. Mısr xalqı jılına derlik 2,5 % ge, yaǵnıy 2 millionnan zıyat adamǵa kóbeyedi.

Mısrda qala xalqınıń úlesi 45 % átirapında hám bul kórsetkish Arqa Afrikanıń basqa mámleketlerine salıstırǵanda pásirek dárejede. Eń iri qalaları qatarına Iskandariya hám Giza kiredi.

Mısr bir milletli mámleket bolıp esaplanadı, sebebi xalqınıń 99 % i arablardan ibarat. Keń tarqalǵan din — islam. Biraq, mısrlılardıń 10 % ke jaqın bólimi xristian dinine tiyisli.

Mısrda xalıq júdá tegis emes jaylasqan. Mısrlılardıń 90 %i xalıq tıǵızlıǵı menen jáhán kóleminde ajıralıp turatuǵın Nil oypatlıǵı hám deltasında jasaydı. Sonday-aq, Suvaysh kanalı boyında, Jer Orta hám Qızıl teńizler jaǵalarında da xalıq tıǵızlıǵı joqarı.



**84-súwret.** Nil dáryası.

**Ekonomikası.** Mısr Afrika materigindegi mámleketler arasında eń úlken ekonomikalıq dárejesine iye mámleketlerden biri. Mámleket ekonomikası agrar-industrial xarakterge iye. Sanaatı, tiykarınan, neft-gaz, toqımashılıq, azıq-



**85-súwret.** Mısr piramidalarınan biri hám Úlken Sfinks háykeli.

awqat hám ximiya tarmaqlarına qánigelesken. Sonday-aq, metallurgiya, mashinasazlıq sanaatı da rawajlanbaqta.

Awıl xojalıǵı suwǵarılatuǵın diyqanshılıqqa tayanadı. Tiykarǵı eginler — paxta, salı, mákke, palız, miywe eginleri. Sharwashılıǵı qaramal baǵıwshılıq.

Mısr Arab Respublikasınıń mámleket byudjeti ushın Suvaysh kanalı arqalı kemeler tranzitinen túsetuǵın bajılar áhmiyetli dáramat deregi.

Mısr ekonomikasınıń áhmiyetli tarmaqlarınan biri turizm bolıp esaplanadı. Turizmniń rawajlanıwına Mısr teńiz boyı aymaqlarınıń tábiyiy sharayatı hám de mámleketiniń júdá bay tariyxıy-mádeniy miyrası úlken tásir kórsetedi (85-súwret).

1. Mısr Arab Respublikası ekonomikalıq geografiyalıq ózine tán ózgeshelikleri neler menen baylanıslı?
2. Mısr hám Túrkiyanıń geografiyalıq jaylasıwında ulıwmalıq ózgesheliklerin anıqlań.
3. Mısr xalqınıń jaylasıwında qanday faktorlar tásir kórsetedi?
4. Mısrda xalıqaralıq turizmdi rawajlandırıw ushın qanday resurs hám sharayat bar?

## 54-§. Avstraliya Awqamı

*Materik, Britaniya Doslıq korolligi, avstraliyalı inglisler, avstraliyalı aborigenler, Sidney, Melburn, taw-kán sanaatı.*



**Maydanı — 7692,0 mıń km². Xalqı (2018-j.) — 24,5 mln. Paytaxtı — Kanberra.**

Avstraliya Awqamı bir pútin materikti tolıq iyelegen jáhándegi birden-bir mámleket. Quramına Avstraliya materiginen basqa Tasmaniya hám basqa atawlar kiredi. Jaǵaları arqa, batıs hám qubladan Hind okeanı, onıń teńiz hám qoltıqları, shıǵıs tárepinen bolsa Tınısh okean teńizleri suwları menen juwıladı. Maydanı jaǵınan dúnya júzinde 6-orında turadı.

Ekonomikalıq-geografiyalıq ornı Qubla yarım sharda, basqa regionlardan birqansha alısta jaylasqanlıǵı menen sıpatlanadı. Sonıń menen birge, zamanagóy teńiz hám hawa transportı mámleketti dúnya júziniń barlıq regionları menen úzliksiz baylanısta bolıwın támiyinleydi.



**86-súwret.** Avstraliya shólistanlıǵı.

Avstraliya Awqamı Britaniya Doslıǵı korolligi bolıp esaplanıp, onıń rásmiy mámleket basshısı Ullı Britaniya húkimdarı bolıp esaplanadı. Ámelde siyasiy basqarıw sistemasında jetekshi rol bas ministrge tiyisli. Avstraliya 6 shtat hám 2 aymaqtan dúzilgen federativlik mámleket.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Avstraliyanıń relyefi, tiykarınan, tegislik hám kúshli bóleklengen platolardan ibarat. Tek shıǵısta ortasha biyikliktegi úlken Suwayırǵısh dizbegi bar. Onda Avstraliyanıń eń biyik noqatı Koscyushko shoqqısı (2228 m) jaylasqan.

Avstraliya hár qıylı paydalı qazılmalarǵa bay. Mámleket temir, mıs, nikel, uran, boksit rudaları, kómir, altın, almaz qorları menen dúnya júzi kóleminde ayrıqsha ajıralıp turadı.

Avstraliya aymaǵı, tiykarınan, subekvatoriallıq, tropikalıq hám subtropikalıq klimat poyaslarında jaylasqan bolıp, klimatınıń eń áhmiyetli ózgesheligi onıń qurǵaqshılıǵınan ibarat. Mámleket aymaǵınıń júdá úlken bólimin shólistanlıq, yarım shólistanlıq hám savannalar iyeleydi (86-súwret). Avstraliya tábiyatınıń eń úlken kemshiligi suw resurslarınıń jetispewshiligi. Tiykarǵı dáryası Murrey hám onıń tarmaǵı Darlingtiń suwı máwsimler boyınsha keskin ózgerip turadı.

**Xalqı.** Avstraliya xalqı tıǵızlıǵı eń tómen bolǵan dúnya mámleketlerinen biri. Bul jerde 1 km$^2$ aymaqqa orta esapta 3 adam tuwra keledi. Avstraliyada xalıq, tiykarınan, qubla-shıǵıs hám shıǵıs aymaqlarında jámlesken, ishki aymaqlarında bolsa júdá siyrek jaylasqan.

Avstraliyada xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi tómen, jılına 0,5—0,6 % ke teń. Xalqı sanınıń artıp barıwına sırtqı migraciya tásir kórsetedi. Xalıqtıń migraciyalıq kóbeyiwi jıllıq esabınan 0,8—1,0 % ti quraydı.

Ulıwma alǵanda, Avstraliyanıń xalqı migraciya esabınan qáliplesken. Materiktiń tiykarǵı xalqı — avstraliyalı aborigenler — mámleket xalqınıń



**87-súwret.** Sidney qalası.

tek 1 % in quraydı. Tiykarǵı millet — avstraliyalı inglisler.

Avstraliya Awqamı joqarı urbanizaciyalasqan mámleketler qatarına tiyisli. Onda qala xalqınıń úlesi 90 % ge teń. Eń iri qalaları — Sidney (87-súwret), Melburn, Brisben, Pert, Adelaida.

**Ekonomikası.** Avstraliya ekonomikası joqarı dárejede rawajlanǵan mámleket bolıp esaplanadı. JIÓ nıń kólemi boyınsha Avstraliya dúnya júziniń jetekshi 20 mámleketleri quramına kiredi, xalqı jan basına tuwra keletuǵın JIÓ muǵdarı bolsa onda kópshilik Evropa mámleketlerinen de joqarı.

Avstraliyanıń dúnya júzi ekonomikasındaǵı ornın, kópshilik jaǵınan, taw-kán hám janılǵı sanaatı belgileydi. Ol kómir, uran, temir, boksit, altın, nikel, cink, qazıp alıw boyınsha dúnya júzindegi jetekshi 3 mámleket qatarına kiredi. Kómir, suyılttırılǵan gaz, uran, qara hám reńli metallardıń úlken bólimi Aziya mámleketleri, birinshi náwbette, Qıtayǵa eksport etiledi. Awıl xojalıǵı da Avstraliya ekonomikasınıń áhmiyetli tarawı. Sharwashılıqtıń tiykarǵı tarmaqları — qoyshılıq hám qaramal baǵıwshılıq. Avstraliya dúnya júzinde qoylar sanı hám jún islep shıǵarıw boyınsha 2-orında, jún hám de mal góshi eksportı boyınsha bolsa 1-orında turadı. Diyqanshılıǵı dánshilik, baǵshılıq hám júzimgershilikke qánigelesken.

Avstraliyanıń tiykarǵı ekonomikalıq rayonı onıń qubla-shıǵısı bolıp esaplanadı. Bul jerde mámleket xalqınıń 70 %i jasaydı hám de onıń 2 eń iri qalası — Sidney hám Melburn jaylasqan.



1. Avstraliya Awqamı geografiyalıq jaylasıwınıń tákirarlanbaytuǵın ózgeshelikleri neden ibarat? Ekonomikalıq geografiyalıq ornınıń unamlı hám unamsız táreplerin túsindiriń.
2. Avstraliyanıń házirgi xalqı qalay qáliplesken?
3. Ne ushın Avsrtaliyanıń qubla-shıǵıs aymaqları xalqı tıǵızlıǵınıń joqarı dárejesi menen ajıralıp turadı?
4. Avstraliyanıń ekonomikası qanday tarmaqlarǵa qánigelesken hám oǵan qanday fektorlar tásir kórsetken?



http://eduportal.uz

## 55-§. Amerikanıń siyasiy kartası



*Amerika, Arqa Amerika, Qubla Amerika, Panama kanalı, Karib teńizi, Latın Amerikası, materik, kontinent, Britaniya Doslığı korolligi.*

Amerika Batıs yarım sharda jaylasqan eki materik — Arqa hám Qubla Amerikanı hám de olarǵa jaqın atawların óz ishine alǵan materik (88-súwret). Onıń ulıwma maydanı 42 mln. km$^2$ qa teń. Arqa hám Qubla Amerika materiklerin Panama kanalı bólip turadı (89-súwret).



**88-súwret.** Amerika materiginiń geografiyalıq ornı.

Amerikanıń zamanagóy siyasiy kartasında 35 ǵárezsiz mámleket bar. Materiktegi 4 mámleket dúnyanıń 10 eń iri mámleketleri qatarınan orın alǵan — Kanada, AQSH, Braziliya hám Argentina. Boliviya, Kolumbiya, Peru hám Meksikanıń maydanı 1 mln. km$^2$ dan asadı. Venesuela hám Chili mámleketleriniń aymaǵı 500 mıń km$^2$ den úlken. Amerikadaǵı 7 mámlekettiń maydanı 1 mıń km$^2$ dan az. Olar Karib teńizindegi atawlarda jaylasqan.

Amerikada tek ǵana 2 mámleket — Boliviya hám Paragvay — teńizge shıǵıw imkaniyatına iye emes. Meksika, Gvatemala, Gonduras, Nikaragua, Kosta-Rika, Panama hám Kolumbiya jaǵaları eki, Atlantika hám Tınısh okean suwları menen juwıladı. AQSH hám Kanada bolsa úsh — Atlantika, Tınısh hám Arqa Muz okeanlarına shegaralas.

Amerikadaǵı 35 mámleketten 25 i respublika, 10 ı Britaniya Doslıq korollikleri, yaǵnıy konstituciyalıq monarxiyalar. Konstituciyalıq monarxiyalardan 2 i — Kanada hám Beliz — Arqa Amerika materiginde jaylasqan, qalǵan 8 i Karib teńizindegi ataw mámleketleri.



**89-súwret.** Panama kanalı.

Amerika 7 federativlik mámleket jaylasqan — AQSH, Argentina, Braziliya, Kanada, Meksika, Venesuela hám de Sent-Kits hám Nevis. Sent-Kits hám Nevis dúnyadaǵı eń kishi federativlik mámleket bolıp esaplanadı.

kitob.uz / eduportal.uz

Amerika 2 iri siyasiy-gejgrafiyalıq region — Arqa Amerika hám Latın Ameriksaına bólinedi. Arqa Amerikada AQSH hám Kanada jaylasqan. Amerikadaǵı AQSHdan qublada jaylasqan barlıq mámleketler Latın Ameriksaın quraydı. Dúnya júziniń usı iri regionı Latın Amerikası dep atalıwı kóp mámleketlerinde xalıq áyyemgi latın tilinen kelip shıqqan ispan, portugal hám francuz tillerinde sóylesiwi menen baylanıslı.

Arqa Amerika hám Latın Amerikası sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi hám de xalıqtıń milliy-mádeniy ózgeshelikleri menen ajıraladı. AQSH hám Kanada «Úlken jetilik» toparına kiretuǵın rawajlanǵan mámleketler bolsa, Latın Amerikası mámleketleri bolsa rawajlanıp atırǵan mámleket.

1. Amerika materigi qaysı aymaqlardı birlestiredi?
2. Amerika siyasiy kartasındaǵı qaysı mámleketler iri bolıp esaplanadı?
3. Arqa Amerika materigi hám Arqa Amerika siyasiy-geografiyalıq regionı arasındaǵı ayırmashılıqtı túsindiriń.
4. Latın Amerikası regionı ne sebepten usılay atalǵan.

## 56-§. Amerika Qurama Shtatları

*Arqa Amerika, kontinental shtatlar, Alyaska, Gavaya atawları, Kordilera, Denali, ájel alabı, tarnado, megalopolis.*



**Maydanı — 9519,4 mıń km². Xalqı (2018-j.) — 328 mln. Paytaxtı — Vashington.**

Amerika Qurama Shtatları dúnya júzi mámleketleri arasında maydanı jaǵınan 4-, xalqı sanı boyınsha 3-orında turadı. AQSH ekonomikalıq, áskeriy-siyasiy hám ilimiy-texnologiyalıq qúdireti boyınsha zamanagóy dúnya júziniń jetekshi mámleketlerinen biri.

AQSH aymaǵı 3 bólimnen ibarat. Arqa Amerika materiginiń orta bólimindegi kontinental shtatlar, Arqa Amerikanıń arqa-batısında jaylasqan Alyaska hám de Tınısh okeanındaǵı Gavaya atawları.

AQSH 3 Atlantika, Tınısh hám Arqa Muz okeanına shıǵadı. Ol qurǵaqlıqta Kanada hám Meksikaǵa shegaralas. AQSH hám Kanadanıń shegarası dúnya júzi boyınsha eki mámleket arasındaǵı eń uzın shegara. Bering buǵazı arqalı AQSH Rossiya menen shegaralas.

http://eduportal.uz

AQSH — prezidentlik respublikası: prezident mámleket hám húkimet basshısı. Siyasiy-aymaqlıq dúzilisi kóz qarasınan, AQSH 50 shtat hám Kolumbiya federal paytaxt okruginen ibarat federaciya. 48 shtat hám de Kolumbiya okrugi (Vashington qalası) kontinental shtatlar aymaǵında jaylasqan, 49-shtat Alyaska, 50-shtat bolsa Gavaya bolıp esaplanadı.



**90-súwret.** Ólim oypatlıǵı

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** AQSH aymaǵı úlkenligi ushın tábiyiy sharayatı júdá hár qıylı. Kontinental shtatlardıń shıǵıs hám oraylıq bólimleri, tiykarınan, tegisliklerden ibarat, batıs bóliminen bolsa Kordilera tawlarınıń birneshe tarmaqları ótken. Alyaska hám Gavaya shtatlarınıń relyefi de tiykarınan tawlı. Alyaska aymaǵın da Arqa Amerika materiginiń eń biyik noqatı — biyikligi 6194 metr bolǵan Denali (aldıńǵı atı—Mak-Kinli) shoqqısı jaylasqan. Materiktiń eń tómen noqatı — Ájel alabı (-86 m) hám AQSH da, Kaliforniya shtatında jaylasqan (90-súwret).

AQSH kómir, neft, tábiyiy gaz, temir, hár qıylı reńli metallar rudaları, mineral duzlardıń iri qorlarına iye. Ásirese, mámlekettiń batıs tawlı aymaqları mineral resurslarǵa bay. Biraq, AQSHda sanaat óndirisiniń kólemi úlkenligi sebepli mámleket mineral shiyki zatınıń kóp túrlerin import etedi.

Kontinental shtatlardıń aymaǵı, tiykarınan, ortasha hám subtropikalıq, Alyaskanıń úlken bólimi subarktika hám arktika, Florida yarım atawı hám de Gavaya atawları bolsa tropikalıq kilmat poyasında jaylasqan. Meksika buǵazına tutasqan aymaqlarda tropikalıq dawıllar (tarnado) kóp payda boladı.

AQSH suw hám gidroenergetika resurslarına bay. Mámlekettiń eń iri dáryaları — Missisipi, Missuri, Rio-Grande, Kolorado, Kolumbiya.

**Xalqı.** AQSHtıń tiykarǵı xalqı amerikalı hindler bolıp esaplanadı. Biraq, házirgi dáwirde hindler mámleket xalqınıń júdá az bólimin quraydı. Amerikalılar quramında Evropa mámleketlerinen hár qıylı dáwirlerde kóship kelgenlerdiń áwladları kópshilikti quraydı. Sonıń menen birge, AQSH xalqı quramında Latın Amerikası mámleketleri (ásirese, Meksika)nen kóship kelgenler, qara deneliler, multlar hám

http://eduportal.uz




**91-súwret.** AQSH xalqı tıǵızlıǵı (shtatlar kesiminde, km$^2$/adam).

basqa rasalıq toparlardıń úlesi birqansha joqarı hám de barǵan sayın artıp barmaqta.

AQSHda 1790-jıldan baslap hár 10-jılda turaqlı túrde xalıq dizimleri ámelge asırıladı. 1790-jıldan 2010-jılǵa shekem AQSH xalqı sanı derlik 80 esege asqan hám onıń ósiwi házirge shekem dawam etpekte. Házirgi basqıshta AQSH xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi jıllıq esapta 0,3—0,4 % ti qurap, dúnya júzi boyınsha ortasha kórsetkishten (1,2 %) birqansha tómen, biraq, rawjlanǵan mámleketlerdiń ortasha kórsetkishine (0,0%) salıstırmalı birqansha joqarı bolmaqta. Migraciyalıq ósiw bolsa jıllıq esapta 1—1,5 % ge teń.

AQSHta qala xalqınıń úlesi 80 % den joqarı. Eń iri qalaları—Nyu-York, Los-Anjeles, Chikago, Xyuston, Filadelfiya. AQSH aymaǵında 3 megalopolis qáliplesken: arqa-shıǵıstaǵı «Boston—Vashington» (Bosvash), Ullı kóller boyındaǵı «Chikago-Picburg» (Chipic) hám Tınısh okean boyındaǵı «San-Fransisko-San-Diego» (Sansan).

AQSHtıń rásmiy tili—inglis tili. Sonday-aq, xalqınıń 50 mln. adamǵa jaqını kúndelikli turmısta ispan tilinde sóylesedi. Ispan tilles amerikalılardıń úlsesi Meksika shegarasına jaqın jaylasqan Nyu-Meksika, Kaliforniya, Texas, Arizona, Nevada shtatlarında ásirese, joqarı (20—45 %).

AQSH ta xalıqtıń tıǵızlıǵı orta esapta 1 km$^2$ qa 35 adam, biraq onıń hár qıylı bólimlerinde birqansha parıq (91-súwret) Buǵan, tiykarınan, tábiyiy sharayat kúshli tásir etedi. Arqa-shıǵıs, qubla-shıǵıs hám batıs okean boyı shtatlarında xalıqtıń tıǵızlıǵı eń joqarı dárejede bolsa, tawlı shtatlar da Alyaskada xalıq siyrek jaylasqan.

1. AQSHtıń geografiyalıq ornı hám aymaqlıq dúzilisin sıpatlań.
2. AQSHtıń siyasiy-aymaqlıq dúzilisi qanday?
3. Mámleket relyefi qanday dúziliske iye? Onıń xalqı jaylasıwına tásirin túsindiriń.

http://eduportal.uz

4. Megalopolis degen ne? AQSHda qaysı megalopolisler qáliplesken?

## 57-§. Amerika Qurama shtatları xojalıǵı hám ekonomikalıq rayonları

*Sanaat regionları, aerokosmoslıq sanaat, awıl xojalıq regionları, transkontinental jollar, Arqa-shıǵıs, Orta Batıs, Qubla Batıs.*

AQSH JIÓ kólemi boyınsha dúnya júzinde Qıtaydan keyingi ekinshi orında turadı hám dúnyanıń ekonomikalıq jaǵınan eń rawajlanǵan mámleketlerinen biri bolıp esaplanadı. AQSHtıń júzlegen transmilliy korporaciyalarınıń kóplegen shet ellik mámleketlerinde keń isbilermenlik xızmeti ámelge asırılıwı mámlekettiń ekonomikalıq qúdiretin hám dúnya xojalıǵındaǵı ornın jáne de kóterdi. Sonday-aq, AQSH finanslıq sistemasınıń úlken dárejesi hám de AQSH dollarınıń tiykarǵı xalıqaralıq valyuta funkciyasın orınlaytuǵını mámlekettiń dúnya júzi ekonomikasına kúshli tásir etiwin támiyinleydi.

**Sanaatı.** Jalpı sanaat ónimniń kólemi boyınsha AQSH dúnyada Qıtaydan sońǵı 2-orında turadı. AQSH da sanaattıń barlıq tarmaqları jaqsı rawajlanǵan. Ásirese, aerokosmoslıq sanaat, avtomobilsazlıq, elektrotexnika, elektronika, medicina-ásbap-úskenelerin islep shıǵarıw, atom mashinasazlıǵı, áskeriy-sanaat kompleksi, neft-ximiya sanaatı zamanagóy texnologiyalarǵa súyenip rawajlanıp atırǵan sanaat tarmaqlarında AQSHtıń dúnya kóleminde jetekshiligi anıq kózge taslanadı.

Aqırǵı jılları AQSH dúnyada tábiyiy gazdi qazıp alıwda 1-(jılına 800 mlrd $m^3$ dan zıyat), kómirdi qazıp alıw boyınsha 2-(jılına 800 mln. tonnadan kóp), neftti qazıp alıw boyınsha 2—3-(jılına 500 mln. tonnadan kóp orınlardı iyelemekte. Neft-gaz sanaatınıń eń iri rayonları Texas, Kaliforniya hám Alyaska shtatlarında qáliplesken. Kómir eń kóp muǵdarda mámleket qubla-shıǵısta jaylasqan Appalachi kómir basseyninen qazıp alınadı.



**92-súwret.** AQSHdaǵı iri paxta plantaciyalarında paxta jıyın terimi.

Mashinasazlıq sanaatı kóp tarmaqlı bolıp, hár qıylı shtatlarda hár túrli qánigelesken. Tınısh okean boyı shtatlar (Kaliforniya, Vashington) aerokosmoslıq

sanaat hám elektronika, Ullı kóllerge tutasqan shtatlar (Michigan, Illinoys) avtomobilsazlıq, arqa-shıǵıs Atlantika boyı shtatları bolsa kemesazlıqtıń rawajlanǵanlıǵı menen ayrıqsha ajıralıp turadı.

AQSHta birneshe iri sanaat regionı qáliplesken. Bunday aymaqlardan eń qúdiretlisi Atlantika okeanı hám Ullı kóllerge tutas shtatlardı óz ishine alǵan Arqa sanaat regionı bolıp esaplanadı. Oǵan mámleket sanaat óndirisiniń derlik yarımı tuwra keledi. Basqa iri sanaat regionları qatarına Appalachi tawları boylap jaylasqan Qubla-shıǵıs, tiykarınan, neft hám neft-ximiya sanaatına qánigelesken Meksika qoltıǵı hám de mámleket qubla-batısındaǵı Kaliforniya sanaat regionları kiredi.

**Awıl xojalıǵı.** Tiykarǵı awıl xojalıq eginleri — biyday, mákke, soya, paxta, qant qamıs qant láblebi, hár túrli palız hám miyweler. Mákke, soya, temeki hám paxta eksportı boyınsha AQSH dúnyada 1-orında turadı. Sharwashılıqtıń tiykarǵı tarmaqları—qaramal baǵıwshılıq, qusshılıq hám shoshqashılıq. Gósh hám sút ónimlerin eksport etiw boyınsha AQSH dúnya júzindegi jetekshi mámleketlerden biri. AQSHta hár túrli tarmaqlarǵa qánigelesken awıl xojalıq regionları júzege kelgen. Kordilera tawları eteklerin iyelegen Ullı tegisliklerdegi biyday regionı, Oraylıq tegisliklerdiń arqadaǵı mákke regionı, Missisipi basseyniniń qubladaǵı paxta regionı (92-súwret), Ullı kóllerge tutas shtatlardaǵı sút regionı usılar qatarınan.





**93-súwret.** Niagara sarqıraması hám Yellouston milliy baǵındaǵı ıssı bulaqlardan biri.

**Turizmi.** AQSH keletuǵın shet ellik shayaxatshılardıń sanı boyınsha dúnya júzinde jetekshilik etpese de, turizm esabınan eń úlken dáramat alıwshı mámleket bolıp esaplanadı. AQSH qa kóbirek Kanada hám Evropadan sayaxatshılar keledi. Florida, Kaliforniya hám Gavaya shtatlarında teńiz boyı turizmi keń rawajlanǵan. Nyu-York, Chikago,

http://eduportal.uz

Los-Anjeles qalalarına hár jılı on million sayaxatshılar keledi. Mámleketde turizm ushın tábiyiy resursları bar (93-súwret).

**Ekonomikalıq rayonları.** AQSHta tábiyiy hám jámiyetlik-tariyxıy sebeplerge baylanıslı hár túrli ekonomikalıq qúdret hám qánigelesiwine iye bolǵan tómendegi 4 iri ekonomikalıq rayon ((makrorayon) ajıratıladı: Atlantika okeanı boyında jaylasqan maydanı kishi, biraq, xalqı sanı hám tıǵızlıǵı úlken bolǵan, joqarı dárejede sanaatlasqan, eń iri finanslıq oraylarǵa iye bolǵan shtatlardı óz ishine alǵan *Arqa-Shıǵıs;* Ullı kóllerden qubla hám batısta jaylasqan, kóp tarmaqlı sanaat, dánshilik hám sút sharwashılıǵına qánigelesken *Orta Batıs;* paxtashılıq, temekishilik, baǵshılıq, neft-ximiya hám toqımashılıq sanaatı, teńiz boyı turizmi rawajlanıwı menen ajıralıp turatuǵın, qara deneli xalıqınıń salmaǵı salıstırmalı joqarı bolǵan *Qubla;* kóbirek tawlı relyef hám qurǵaq klimatqa iye, reńli metallurgiya, aerokosmoslıq, elektronika sanaatı, baǵshılıq hám jaylaw sharwashılıǵına qánigelesken, ispan tili xalqınıń salıstırmalı joqarı salmaǵı menen ajıralıp turıwshı *Batıs.*

1. AQSHtıń dúnya júzi ekonomikasına tásiri qanday faktorlar menen belgilenedi?
2. AQSHtıń tiykarǵı sanaat regionların sıpatlań.
3. AQSHta qanday awıl xojalıq regionları qáliplesken?
4. AQSHta qanday iri ekonomikalıq rayonlar ajıratıladı?

## 58-§. Kanada

*Britaniya Doslıq korolligi, toǵay resursları, sırtqı migraciya, kanadalı inglisler, kanadalı francuzlar, Toronto, Monreal.*

Aymaǵınıń úlkenligi boyınsha dúnya júzinde 2-orında turıwshı Kanada mámleketi Arqa Amerika materiginiń arqa bólimindegi atawlarda jaylasqan. Kanada jaǵaları arqada Arqa Muz okeanı, shıǵısta Atlantika okeanı, qubla-batısta Tınısh okean suwları juwadı. Kanada qurǵaqlıqta AQSH penen shegaralas.



**Maydanı — 9976mıń km².**
**Xalqı (2018-j.) — 37,2mln.**
**Paytaxtı — Ottava.**

Kanada Britaniya Doslıq korolligi bolıp, mámleket basshıları rásmiy túrde Ullı Britaniya húkimdarı. Ámelde

http://eduportal.uz



**94-súwret.** Kanada tábiyatı.

siyasiy basqarıw (tóbesinde) basında mámlekettiń bas ministri turadı. Kanada 10 provinciya hám 3 aymaqtan ibarat federativ mámleket.

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Kanadanıń shıǵıs bólimi áyyemgi platformada jaylasqan bolıp, tiykarınan, tegislik hám kúshli bóleklengen jazıq tawlıqlardan ibarat bolsa, Tınısh okeanǵa tutas batıs bólimi biyik Kordilera tawları menen bánt. Kanadanıń aymaǵında uran, temir, nikel, mıs, qorǵasın, cink, altın, neft hám tábiyiy gazdıń iri kánleri bar.

Kanada aymaǵınıń 75 % i suwıq klimat zonasına tuwra keledi. Tiykarǵı tábiyat zonaları—tayga, tundra hám Arktika sahraları. Qublada dala landshaftı keń tarqalǵan. Mámleket jer, suw hám de toǵay resurslarına júdá bay (94-súwret). Arqa yarım shardaǵı toǵaylardıń derlik 1/3 bólimi Kanadaǵa tuwra keledi.

**Xalqı.** Kanada xalqınıń tábiyiy kóbeyiw pátleri jıllıq esapta 0,5 % den az, mexanikalıq kóbeyiwi bolsa jılına 1 % ke shekem jetedi. Qala xalqınıń úlesi 80 % den artıq. Eń iri qalaları — Toronto (95-súwret), Monreal, Vankuver, Kvebek.

Kanadadaǵı eki eń iri millet kanadalı iglisler hám kanadalı francuzlar. Sonıń ushın Kanadada da inlis, hám francuz tilleri rásmiy til dárejesine iye. Francuz tilinde sóylesiwshi xalıqtıń 85 % i mámleket shıǵısındaǵı Kvebek provinciyasında jasaydı. Kanadadaǵı francuz mádeniyatınıń orayı Monreal qalası bolıp esaplanadı. Mámlekettiń arqasındaǵı tiykarǵı xalqı — eskimoslar hám amerikalı hindler jasaydı.

Xalıqtıń tıǵızlıǵı boyınsha Kanada dúnya júzinde eń sońǵı orınlarda turadı (1 km$^2$ qa 4 adam). Xalıqtıń 4/5 bólimi mámlekettiń klimat sharayatı qolaylıqraq bolǵan qubla aymaqlarında jámlesken. Ásirese, qubla-shıǵıs shegara boyı aymaqlarında xalıqtıń tıǵızlıǵı joqarı.

**Ekonomikası.** Kanada dúnyanıń social-ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı jaǵınan aldıńǵı mámleketlerden biri, «Úlken jetilik» toparınıń aǵzası.

Kanada uran, nikel cink, altın, platina, molibden rudaları, almaz, kaliy duzları, asbest, kúkirt qazıp alıwda dúnya boyınsha jetekshi



http://eduportal.uz

orınlarda turadı. Kanadada neft-gaz sanaatı da joqarı rawajlanǵan. Taw-kán sanaatı menen bir qatarda Kanadada elektr energetikası, aǵashtı qayta islew, cellyuloza-qaǵaz, mashinasazlıq, reńli hám qara metallurgiya, ximiya, azıq-awqat sanaatı da joqarı dárejede rawajlanǵan.



**95-súwret.** Jáhándegi eń biyik teleminara jaylasqan Toronto qalası.

Diyqanshılıq mámleket qublasındaǵı ónimdar qara topıraqlı dalalarda jaqsı rawajlanǵan. Kanada dúnyadaǵı eń iri biyday eksportyorlarınan biri. Raps, soya hám ayǵabaǵar sıyaqlı maylı eginlerdi jetistiriw hám dúnya bazarına jetkeriw boyınsha da Kanada aldıńǵı mámleketlerinen biri.

1. Kanada tábiyiy sharayatınıń tiykarǵı ózgesheliklerin sıpatlań hám olardıń mámleket ekonomikasına tásirin túsindiriń.
2. Nege Kanada xalqınıń kópshilik bólimi mámleket qublasında jasaydı?
3. Kanada xalqınıń etnikalıq hám til quramınıń ózine tán ózgesheligin túsindiriń.
4. Kanada awıl xojalıǵı qanday tarmaqlarǵa qánigelesken?

## 59-§. Braziliya

*Amazoniya, ekvatorial hám subekvatorial klimat, toǵay resursları, San-Paulu, Rio-de-Janeyro, mulatlar, tovar awıl xojalıǵı.*

Braziliya Federativlik Respublikası Qubla Amerikadaǵı Atlantikadaǵı eń iri mámleket. Jaǵaları shıǵıstan Atlantika okeanı suwları menen juwıladı. Braziliya Chili hám Ekvatordan sırtta Qubla Amerikadaǵı barlıq mámleketler menen shegaralas. Aymaqtıń úlkenligi boyınsha dúnya mámleketleri arasında 5-orındı iyeleydi. Basqarıw forması — prezidentlik respublikası. Braziliya 26 shtat hám 4 federal paytaxt okruginen ibarat.



**Maydanı — 8515,7 mıń km².**
**Xalqı (2018-j.) — 209,4 mln.**
**Paytaxtı — Braziliya.**

**Tábiyiy sharayatı hám resursları.** Braziliyanıń aymaǵı áyyemgi Qubla Amerika platformasında jaylasqan. Sonıń ushın relyefi pás tegislik hám jazıq tawlıqlardan ibarat. Mámleket arqasında úlken maydandı Amazoniya oypatlıǵı iyeleydi. Onnan qublada kúshli bóleklengen Braziliya jazıq tawlıǵı jaylasqan.

Braziliyada neft, kómir, temir rudası, boksit, nikel, uran, almaz hám basqa puydalı qazılmalardıń iri kánleri bar.

Brazilyanıń úlken bólimi ekvatorial hám subekvatorial klimat regionlarında jaylasqanlıǵı sebepli klimat sharayatına joqarı dárejedegi ıǵallıq hám ıssılıq tán.

Íǵallıǵı kóp klimat sebepli Braziliyada gidrografikalıq tarmaqlar jaqsı rawajlanǵan. Braziliya arqadan dúnyanıń eń kóp suwlı dáryası — Amazonka ótedi. Amazonkanıń basseyninde dúnyadaǵı eń iri hám qalıń toǵay massivlerinen biri qáliplesken (96-súwret).

**Xalqı.** Braziliyada 209 mln. adamnan artıq xalqı jasaydı (2018-j). Xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi 0,7—0,8 % ke teń.

Braziliya — joqarı urbanizaciyalasqan mámleket. Qala xalqınıń úlesi 85 % den joqarı. Braziliyada dúnya kóleminde úlkenligi eki qala — San-Paulu hám Rio-de-Janeyro jaylasqan (97-súwret).

Braziliyalılardıń rasalıq quramında evropalılar hám mulatlar kópshilikti quraydı. Mámleketlik tili hám kúndelikli turmısta kóp qollanılatuǵın til — portugal tili. Xalıqtıń diniy quramında katolikler jetekshilik etedi.

Mámlekettiń Atlantika okeanına tutas qubla-shıǵıs bólimi dúnyadaǵı xalqı eń tıǵız jaylasqan aymaqlardan biri bolsa, Amazoniya toǵaylarında, kerishinshe, xalıq júdá siyrek jaylasqan.

**Ekonomikası.** Braziliya úlken ekonomikalıq dárejesi de tez ósip baratırǵan ónidirisi menen ajıralıp turatuǵın mámleket. JIÓ kólemi boyınsha Braziliya dúnyada 7-orın iyeledi (2018-j.)



**96-súwret.** Amazoniya toǵayları

Braziliya sanaatı sońǵı jılları turaqlı túrde ósip barmaqta. Sanaatınıń eń áhmiyetli tarmaqlarınan biri metallurgiya. Dúnyadaǵı eń iri temir rudası kánlerinen esaplanatuǵın Minas-Jerays hám Karajas úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye.

Mashinasazlıq tarmaqlarınan Braziliyada avtomobilsazlıq, samolyotsazlıq, kemesazlıq jaqsı rawajlanǵan. Mámlekette mikroelektronika, radiotelemexanika, ásbapsazlıq sıyaqlı tarmaqlar úlken jetiskenliklerge iye.



**97-súwret.** San-Paulu qalası.

Braziliya elektr energiyasın islep shıǵarıw boyınsha dúnyanıń birinshi onlıǵına kiredi. Mámleket elektr energetikasında GESlerdiń ornı úlken, Itaypu, Tukurai Ksendo dúnyadaǵı eń iri GESler qatarına kiredi.

Braziliya biojanılǵı islep shıǵarıw boyınsha dúnyada AQSH dan keyingi ekinshi orında turadı. Braziliyada bul ónim qant qamıstı qayta islew tiykarında islep shıǵarıladı. Avtotransport qurallarınıń tiykarǵı bólimi sol biojanılǵı (etanol) dan paydalanıp isleydi.

Awıl xojalıǵında diyqanshılıq hám sharwashılıq tovar áhmiyetine iyeligi menen ajıralıp turadı.

Diyqanshılıqta dánli eginler, kofe, qantqamıs, paxta, soya, temeki, banan jetistiriw ayrıqsha áhmiyetke iye. Braziliya qant, kofe, soya hám temekiniń eksportı boyınsha dúnyada birinshi orında turadı.

Sharwashılıqta gósh qaramal baǵıwshılıǵı hám qusshılıq joqarı dárejede rawajlanǵan. Braziliya gósh islep shıǵarıw hám eksport etiw boyınsha dúnyadaǵı jetekshi mámleketlerden biri esaplanadı.

1. Braziliyanıń klimatı mámlekettiń tábiyiy resurs dárejesine qanday tásir kórsetedi?
2. Braziliyanıń qaysı bólimlerinde xalqı eń tıǵız hám eń siyrek jaylasqan?
3. Braziliya elektr energetikasına qanday ózgeshelik tán?
4. Mámleket sanaatı hám awıl xojalıǵınıń qánigelesiwi hám oǵan tásir kórsetkish faktorlardı sapatlań.

## 60-§. Ulıwmalastırıwshı tákirarlaw

Oqıw jılı dawamında ótilgen temalardıń tayanısh mızmunın bekkemlew hám ulıwmalastırıw boyınsha sáwbet hám soraw-juwap ótkeriledi.



http://eduportal.uz

## Jáhánniń mámleketleri haqqında maǵlıwmat (2018)

| № | Mámleket | Aymaǵı, mıń km$^2$ | Xalqı, mln. adam | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | **Yevropa** | | |
| 1 | Avstriya | 83,2 | 8,8 | Respublika | Vena |
| 2 | Albaniya | 28,7 | 2,9 | Respublika | Tirana |
| 3 | Andorra | 0,45 | 0,08 | Monarxiya | Andorra-la-Velya |
| 4 | Belarussiya | 207,6 | 9,5 | Respublika | Minsk |
| 5 | Belgiya | 30,5 | 11,4 | Monarxiya | Bryussel |
| 6 | Bolgariya | 111 | 7 | Respublika | Sofiya |
| 7 | Bosniya hám Gersegovina | 51,1 | 3,5 | Respublika | Saraevo |
| 8 | Ullı Britaniya | 244,5 | 66,4 | Monarxiya | London |
| 9 | Daniya | 43 | 5,8 | Monarxiya | Kopengagen |
| 10 | Estoniya | 45,1 | 1,3 | Respublika | Tallin |
| 11 | Finlandiya | 338 | 5,5 | Respublika | Xelsinki |
| 12 | Franciya | 551,6 | 65,1 | Respublika | Parij |
| 13 | Germaniya | 357,4 | 82,8 | Respublika | Berlin |
| 14 | Greciya | 132 | 10,6 | Respublika | Afina |
| 15 | Irlandiya | 70,3 | 4,9 | Respublika | Dublin |
| 16 | Islandiya | 103 | 0,4 | Respublika | Reykyavik |
| 17 | Ispaniya | 504,7 | 46,7 | Monarxiya | Madrid |
| 18 | Italiya | 301,3 | 60,6 | Respublika | Rim |
| 19 | Latviya | 64,6 | 1,9 | Respublika | Riga |
| 20 | Litva | 65,3 | 2,8 | Respublika | Vilnyus |
| 21 | Lixtenshteyn | 0,16 | 0,04 | Monarxiya | Vaduts |
| 22 | Lyuksemburg | 2,6 | 0,6 | Monarxiya | Lyuksemburg |
| 23 | Malta | 0,32 | 0,5 | Respublika | La-Valetta |
| 24 | Moldova | 33,8 | 3,5 | Respublika | Kishinyov |
| 25 | Monako | 0,002 | 0,04 | Monarxiya | Monako |

http://eduportal.uz

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 26 | Niderlandiya | 41,2 | 17,2 | Monarxiya | Amsterdam |
| 27 | Norvegiya | 324,2 | 5,3 | Monarxiya | Oslo |
| 28 | Polsha | 312,7 | 38,4 | Respublika | Varshava |
| 29 | Portugaliya | 92,3 | 10,3 | Respublika | Lissabon |
| 30 | Rossiya | 17075 | 147,3 | Respublika | Moskva |
| 31 | Rumıniya | 238,4 | 19,5 | Respublika | Buxarest |
| 32 | San-Marino | 0,06 | 0,03 | Respublika | San-Marino |
| 33 | Serbiya | 88,3 | 7 | Respublika | Belgrad |
| 34 | Slovakiya | 49 | 5,4 | Respublika | Bratislava |
| 35 | Sloveniya | 20,3 | 2,1 | Respublika | Lyublyana |
| 36 | Ukraina | 603,7 | 42,3 | Respublika | Kiev |
| 37 | Vatikan | 0,0004 | 0,001 | Monarxiya | Vatikan |
| 38 | Vengriya | 93 | 9,8 | Respublika | Budapesht |
| 39 | Xorvatiya | 56,6 | 4,1 | Respublika | Zagreb |
| 40 | Arqa Makedoniya | 25,7 | 2,1 | Respublika | Skopye |
| 41 | Shveciya | 450 | 10,2 | Monarxiya | Stokgolm |
| 42 | Shveycariya | 41,3 | 8,5 | Respublika | Bern |
| 43 | Chernogoriya | 13,8 | 0,6 | Respublika | Podgorica |
| 44 | Chexiya | 78,9 | 10,6 | Respublika | Praga |
| **Aziya** | | | | | |
| 45 | Awǵanstan | 652,8 | 36,5 | Respublika | Kabul |
| 46 | Armeniya | 29,7 | 3 | Respublika | Erevan |
| 47 | Baxrayn | 0,7 | 1,5 | Monarxiya | Manama |
| 48 | Bangladesh | 144 | 166,4 | Respublika | Dakka |
| 49 | Birlesken Arab Ámirlikleri | 83,6 | 9,5 | Monarxiya | Abu-Dabi |
| 50 | Bruney | 5,7 | 0,4 | Monarxiya | Bandar-Seri-Begavan |
| 51 | Butan | 38,4 | 0,8 | Monarxiya | Tximpxu |
| 52 | Iran | 1648 | 81,6 | Respublika | Tegeran |
| 53 | Filippin | 299,7 | 107 | Respublika | Manila |
| 54 | Gruziya | 69,7 | 3,9 | Respublika | Tbilisi |
| 55 | Hindstan | 3287,2 | 1371 | Respublika | Deli |

http://eduportal.uz

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 56 | Indoneziya | 1919,4 | 265 | Respublika | Jakarta |
| 57 | Iordaniya | 98,3 | 10,2 | Monarxiya | Amman |
| 58 | Irak | 435,1 | 40,2 | Respublika | Bagdad |
| 59 | Izrail | 22 | 8,5 | Respublika | Tel-Aviv |
| 60 | Kambodja | 181 | 16 | Monarxiya | Pnompen |
| 61 | Kipr | 9,3 | 1,2 | Respublika | Nikosiya |
| 62 | Koreya Respublikası | 99,4 | 51,8 | Respublika | Seul |
| 63 | Koreya Xalıq Demokratiyalıq Respublikası | 120,5 | 25,6 | Respublika | Pxenyan |
| 64 | Kuveyt | 17,8 | 4,2 | Monarxiya | Al-Kuveyt |
| 65 | Laos | 236,8 | 7 | Respublika | Ventyan |
| 66 | Livan | 10,8 | 6,1 | Respublika | Beyrut |
| 67 | Malayziya | 329,7 | 32,5 | Monarxiya | Kuala-Lumpur |
| 68 | Maldiv Respublikası | 0,3 | 0,4 | Respublika | Male |
| 69 | Mongoliya | 1566,6 | 3,2 | Respublika | Ulan-Bator |
| 70 | Myanma | 678,5 | 53,9 | Respublika | Neypido |
| 71 | Nepal | 140,8 | 29,7 | Respublika | Katmandu |
| 72 | Azerbayjan | 86,6 | 9,9 | Respublika | Baku |
| 73 | Pakistan | 803,9 | 200,6 | Respublika | Islamabad |
| 74 | Qatar | 11,4 | 2,7 | Monarxiya | Doxa |
| 75 | Qırǵızstan | 199,9 | 6,2 | Respublika | Bishkek |
| 76 | Qazaqstan | 2724,9 | 18,4 | Respublika | Nur-Sultan |
| 77 | Saudiya Arabstanı | 2150 | 33,4 | Monarxiya | Ar-Riyod |
| 78 | Singapur | 0,7 | 5,8 | Respublika | Singapur |
| 79 | Siriya | 185,2 | 18,3 | Respublika | Damask |
| 80 | Tailand | 514 | 66,2 | Monarxiya | Bangkok |
| 81 | Tájikstan | 142 | 9,1 | Respublika | Dushanbe |
| 82 | Turkiya | 780,6 | 81,3 | Respublika | Anqara |
| 83 | Túrkmenstan | 491,2 | 5,9 | Respublika | Ashxabad |
| 84 | Oman | 309,5 | 4,7 | Monarxiya | Maskat |
| 85 | Vetnam | 329,5 | 94,7 | Respublika | Xanoy |

http://eduportal.uz

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 86 | Qıtay | 9599 | 1394 | Respublika | Pekin |
| 87 | Yemen | 528 | 28,9 | Respublika | Sana |
| 88 | Yaponiya | 377,9 | 126,5 | Monarxiya | Tokio |
| 89 | Ózbekstan | 448,9 | 32,9 | Respublika | Tashkent |
| 90 | Shığıs Timor | 14,8 | 1,2 | Respublika | Dili |
| 91 | Shri-Lanka | 65,6 | 21,7 | Respublika | Kolombo |
| | | | **Afrika** | | |
| 92 | Angola | 1246,7 | 30,4 | Respublika | Luanda |
| 93 | Benin | 112,6 | 11,5 | Respublika | Porto-Novo |
| 94 | Botsvana | 581,7 | 2,2 | Respublika | Gaborone |
| 95 | Burkina-Faso | 274,2 | 20,3 | Respublika | Uagadugu |
| 96 | Burundi | 27,8 | 11,8 | Respublika | Bujumbura |
| 97 | Efiopiya | 1127,1 | 107,5 | Respublika | Addis-Abeba |
| 98 | Ekvatorial Gvineya | 28 | 1,3 | Respublika | Malabo |
| 99 | Eritreya | 121,3 | 6 | Respublika | Asmera |
| 100 | Gabon | 267,6 | 2,1 | Respublika | Librevil |
| 101 | Gambiya | 11,3 | 2,2 | Respublika | Banjul |
| 102 | Gana | 238,5 | 29,5 | Respublika | Akkra |
| 103 | Gvineya | 245,8 | 11,9 | Respublika | Konakri |
| 104 | Gvineya-Bisau | 36,1 | 1,9 | Respublika | Bisau |
| 105 | Aljir | 2381,7 | 42,7 | Respublika | Aljir |
| 106 | Qubla Afrika Respublikası | 1219,9 | 57,7 | Respublika | Pretoriya |
| 107 | Qubla Sudan | 619,7 | 13 | Respublika | Jubba |
| 108 | Jibuti | 23,2 | 1 | Respublika | Jibuti |
| 109 | Kabo-Verde | 4 | 0,6 | Respublika | Praya |
| 110 | Kamerun | 475,4 | 25,6 | Respublika | Yaunde |
| 111 | Keniya | 582,6 | 51 | Respublika | Nayrobi |
| 112 | Komor atawları | 2,2 | 0,8 | Respublika | Moroni |
| 113 | Kongo | 342 | 5,4 | Respublika | Brazzavil |
| 114 | Kongo Demokratiyalıq Respublikası | 2345,4 | 84,3 | Respublika | Kinshasa |
| 115 | Kot-d' Ivuar | 322,4 | 24,9 | Respublika | Yamasukro |

http://eduportal.uz

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 116 | Lesoto | 30,3 | 2,3 | Monarxiya | Maseru |
| 117 | Liberiya | 111,3 | 4,9 | Respublika | Monroviya |
| 118 | Liviya | 1759,5 | 6,5 | Respublika | Tripoli |
| 119 | Madagaskar | 587 | 26,3 | Respublika | Antananarivu |
| 120 | Malavi | 118,4 | 19,1 | Respublika | Lilongve |
| 121 | Mali | 1240 | 19,4 | Respublika | Bamako |
| 122 | Oraylıq Afrika Respublikası | 622,9 | 4,7 | Respublika | Bangi |
| 123 | Marokko | 446,5 | 35,2 | Monarxiya | Rabot |
| 124 | Mavrikiy | 2 | 1,3 | Respublika | Port-Lui |
| 125 | Mavritaniya | 1030,7 | 4,5 | Respublika | Nuakshot |
| 126 | Mısr | 1001,4 | 97 | Respublika | Kair |
| 127 | Mozambik | 801,6 | 30,5 | Respublika | Maputu |
| 128 | Namibiya | 825,4 | 2,5 | Respublika | Vindxuk |
| 129 | Niger | 1267 | 22,2 | Respublika | Niamey |
| 130 | Nigeriya | 923,7 | 195,9 | Respublika | Abuja |
| 131 | Ruanda | 26,3 | 12,6 | Respublika | Kigali |
| 132 | San-Tome hám Principi | 1 | 0,2 | Respublika | San-Tome |
| 133 | Senegal | 196,2 | 16,3 | Respublika | Dakar |
| 134 | Seyshel atawları | 0,45 | 0,1 | Respublika | Viktoriya |
| 135 | Somali | 637,6 | 15,2 | Respublika | Mogadisho |
| 136 | Sudan | 1886 | 41,7 | Respublika | Xartum |
| 137 | Svazilend (Esvatini) | 17,3 | 1,4 | Monarxiya | Mbabane |
| 138 | Syerra-Leone | 71,7 | 7,7 | Respublika | Fritaun |
| 139 | Tanzaniya | 948 | 59,1 | Respublika | Dodoma |
| 140 | Togo | 56,7 | 8 | Respublika | Lome |
| 141 | Tunis | 163,6 | 11,6 | Respublika | Tunis |
| 142 | Uganda | 236 | 44,1 | Respublika | Kampala |
| 143 | Zambiya | 752,6 | 17,7 | Respublika | Lusaka |
| 144 | Zimbabve | 390,5 | 16,6 | Respublika | Xarare |
| 145 | Chad | 1284 | 15,4 | Respublika | Njamena |

http://eduportal.uz

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | **Amerika** | | |
| 146 | Amerika Qurama Shtatları | 9519,4 | 328 | Respublika | Vashington |
| 147 | Antigua hám Barbuda | 0,44 | 0,1 | Monarxiya | Sent-Jons |
| 148 | Argentina | 2780,4 | 44,5 | Respublika | Buenos-Ayres |
| 149 | Bagam atawları | 13,9 | 0,4 | Monarxiya | Nassau |
| 150 | Barbados | 0,43 | 0,3 | Monarxiya | Brijtaun |
| 151 | Beliz | 22,9 | 0,4 | Monarxiya | Belmopan |
| 152 | Boliviya | 1098,5 | 11,3 | Respublika | La-Pas |
| 153 | Braziliya | 8515,7 | 209,4 | Respublika | Brazilia |
| 154 | Dominika | 0,75 | 0,07 | Respublika | Rozo |
| 155 | Dominikan Respublikası | 48,7 | 10,8 | Respublika | Santo-Domingo |
| 156 | Ekvador | 283,5 | 17 | Respublika | Kito |
| 157 | Gaiti | 27,7 | 10,8 | Respublika | Port-o-Prens |
| 158 | Gayana | 214,9 | 0,8 | Respublika | Jorjtaun |
| 159 | Gonduras | 112,1 | 9 | Respublika | Tegusigalpa |
| 160 | Grenada | 0,34 | 0,1 | Monarxiya | Sent-Jorjes |
| 161 | Gvatemala | 108,9 | 17,2 | Respublika | Gvatemala |
| 162 | Kanada | 9976 | 37,2 | Monarxiya | Ottava |
| 163 | Kolumbiya | 1138,9 | 49,8 | Respublika | Bogota |
| 164 | Kosta-Rika | 51,1 | 5 | Respublika | San-Xose |
| 165 | Kuba | 110,8 | 11,1 | Respublika | Gavana |
| 166 | Meksika | 1972,5 | 130,8 | Respublika | Mexiko |
| 167 | Nikaragua | 129,5 | 6,3 | Respublika | Managua |
| 168 | Panama | 78,2 | 4,2 | Respublika | Panama |
| 169 | Paragvay | 406,7 | 6,9 | Respublika | Asunson |
| 170 | Peru | 1285,2 | 32,2 | Respublika | Lima |
| 171 | Salvador | 21 | 6,5 | Respublika | San-Salvador |
| 172 | Sent-Kits hám Nevis | 0,26 | 0,05 | Monarxiya | Baster |
| 173 | Sent-Lyusiya | 0,62 | 0,2 | Monarxiya | Kastri |
| 174 | Sent-Vinsent hám Grenadina | 0,39 | 0,1 | Monarxiya | Kingstaun |

http://eduportal.uz

*dawamı*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 175 | Surinam | 163,8 | 0,6 | Respublika | Paramaribo |
| 176 | Trinidad hám Tobago | 5,1 | 1,4 | Respublika | Port-of-Speyn |
| 177 | Urugvay | 176,2 | 3,5 | Respublika | Montevideo |
| 178 | Venesuela | 921 | 31,8 | Respublika | Karakas |
| 179 | Yamayka | 11 | 2,9 | Monarxiya | Kingston |
| 180 | Chili | 756,9 | 18,6 | Respublika | Santyago |
| **Avstraliya hám Okeaniya** | | | | | |
| 181 | Avstraliya | 7692,0 | 24,5 | Monarxiya | Kanberra |
| 182 | Fiji | 18,3 | 0,9 | Respublika | Suva |
| 183 | Kiribati | 0,71 | 0,1 | Respublika | Bairiki |
| 184 | Marshall atawları | 0,18 | 0,06 | Respublika | Madjuro |
| 185 | Mikroneziya Federativ Shtatları | 0,7 | 0,1 | Respublika | Palikir |
| 186 | Nauru | 0,02 | 0,01 | Respublika | Yaren |
| 187 | Palau | 0,45 | 0,02 | Respublika | Ngerulmud |
| 188 | Papua-Yangi Gvineya | 461,7 | 8,5 | Monarxiya | Port-Morsbi |
| 189 | Samoa | 2,8 | 0,2 | Respublika | Apia |
| 190 | Solomon atawları | 29,8 | 0,7 | Monarxiya | Xoniara |
| 191 | Tonga | 0,74 | 0,1 | Monarxiya | Nukualofa |
| 192 | Tuvalu | 0,02 | 0,01 | Monarxiya | Funafuti |
| 193 | Vanuatu | 12,2 | 0,3 | Respublika | Port-Vila |
| 194 | Yangi Zelandiya | 268,6 | 4,9 | Monarxiya | Vellington |

**Túsinik:** Jáhán mámleketleri xalqınıń sanı 1.07.2018-jıl jağdayına baylanıslı BMSH mağıwmatları boyınsha berilgen. Kestede tek 01.01.2019 jılğı jağdayına baylanıslı ǵárezsizligi BMSH tárepinen rásmiy jaqtan tán alınǵan mámleketler haqqındağı maǵlıwmatlar kirgizilgen.

**Derek:** Population Reference Bureau. 2018 World Population Data Sheet.

http://eduportal.uz

# MAZMUNÍ

KIRISIW .......... 3
**I BÓLIM. JÁHÁNNIŃ ULÍWMA SÍPATLAMASÍ** .......... 4
**1-BAP. JÁHÁNNIŃ SIYASIY KARTASÍ** .......... 4
1-§. Jáhánniń siyasiy kartası .......... 4
2-§. Jáhán mámleketleriniń sociallıq ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı boyınsha klassifikaciyası .......... 7
3-§. Mámleketlerdiń basqarıw forması hám mámleketlik dúzilisi .......... 9
**2-BAP. JÁHÁNNIŃ TÁBIYIY RESURSLARÍ** .......... 12
4-§. Jáhánniń tabiyiy resursları .......... 12
5-§. Mineral resurslar geografiyası .......... 14
6-§. Tawsılmaytuǵın hám tiklenetuǵın tábiyiy resurslar geografiyası .......... 17
7-§. Zamanagóy ekologiyalıq mashqalalar .......... 20
**3-BAP. JÁHÁNNIŃ XALQÍ** .......... 24
8-§. Jáhánniń xalqınıń sanı, ósiwi hám jaylasıwı .......... 24
9-§. Jáhán xalqınıń jınıslıq, jas, rasalıq quramı .......... 28
10-§. Jáhán xalqınıń etnikalıq hám diniy quramı .......... 32
11-§. Jáhán mámleketleriniń urbanizaciyası .......... 35
12-§. Ámeliy jumıs .......... 39
**4-BAP. JÁHÁN XOJALÍǴÍ** .......... 40
13-§. Jáhán xojalıǵı hám xalıqaralıq miynet bólistiriliwi .......... 40
14-§. Jáhán ekonomikası orayları hám xalıqaralıq integraciya procesleri .......... 42
15-§. Ilim texnika revolyuciyası hám óndiristiń rawajlanıwına innovaciyalıq texnologiyalardıń tásiri .......... 44
16-§. Jáhán energetikası geografiyası .......... 46
17-§. Jáhán metallurgiya hám ximiya sanaatı geografiyası .......... 50
18-§. Jáhán mashinasazlıq hám jeńil sanatı geografiyası .......... 53
19-§. Jáhán diyqanshılıǵı geografiyası .......... 55
20-§. Jáhán sharwashılıǵı hám balıqshılıǵı geografiyası .......... 59
21-§. Jáhán transportı geografiyası .......... 61
22-§. Xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslar geografiyası .......... 64
**II BÓLIM. JÁHÁNNIŃ REGIONAL SÍPATLAMASÍ** .......... **67**
**5-BAP. EVROPA MÁMLEKETLERI** .......... 67
23-§. Evropanıń geografiyalıq ornı, shegaraları hám siyasiy kartası .......... 67
24-§. Evropanıń tábiyiy sharayatı hám resursları, xalqı .......... 69
25-§. Evropa mámleketleriniń ekonomikası .......... 72
26-§. Germaniya Federativ Respublikası .......... 74
27-§. Ullı Britaniya hám Arqa Irlandiya Birlesken Korolligi .......... 77

28-§. Franciya Respublikası .................... 80
29-§. Italiya Respublikası .................... 83
30-§. Rossiya Federaciyası .................... 86
31-§. Rossiya Federaciyası xojalıǵı .................... 89
**6-BAP. AZIYA MÁMLEKETLERI** .................... 92
32-§. Aziya materiginiń geografiyalıq ornı, shegaraları hám siyasiy kartası .................... 92
33-§. Aziya mámleketleriniń tábiyiy resursları hám xalqı .................... 94
34-§. Aziya mámleketleriniń ekonomikalıq rawajlanǵanlıǵı .................... 96
35-§. Qazaqstan Respublikası .................... 99
36-§. Qırǵızstan Respublikası .................... 101
37-§. Túrkmenstan Respublikası .................... 104
38-§. Tájikstan Respublikası .................... 106
39-§. Ámeliy jumıs (Oraylıq Aziya mámleketlerine salıstırmalı geografiyalıq sıpatlaması) .................... 109
40-§. Turkiya Respublikası .................... 110
41-§. Iran. Awǵanstan, Pakistan Islam Respublikaları .................... 113
42-§. Qıtay Xalıq Respublikası .................... 118
43-§. Qıtay ekonomikası hám ekonomikalıq rayonları .................... 120
44-§. Koreya Respublikası .................... 123
45-§. Yaponiya .................... 126
46-§. Hindstan Respublikası .................... 129
47-§. Persiya qoltıǵı arab mámleketleri .................... 132
48-§. Indoneziya, Malayziya, Singapur mámleketleri .................... 135
**7-BAP. AFRIKA, AVSTRALIYA HÁM OKEANIYA, AMERIKA MÁMLEKETLERI** .................... 140
49-§. Afrikanıń geografiyalıq ornı hám siyasiy kartası .................... 140
50-§. Afrika mámleketleriniń xalqı hám xojalıǵı .................... 143
51-§. Qubla Afrika Respublikası .................... 146
52-§. Nigeriya Federativ Respublikası .................... 148
53-§. Mısr Arab Respublikası .................... 150
54-§. Avstraliya Awqamı .................... 152
55-§. Amerikanıń siyasiy kartası .................... 155
56-§. Amerika Qurama Shtatları .................... 156
57-§. Amerika Qurama shtatları xojalıǵı hám ekonomikalıq rayonları .................... 159
58-§. Kanada .................... 161
59-§. Braziliya .................... 163
60-§. Ulıwmalastırıwshı tákirarlaw .................... 165
Qosımsha .................... 166



http://eduportal.uz

*O'quv nashri*

ABDUHAKIM QAYUMOV,
IRANQUL SAFAROV,
MUHABBAT TILLABOYEVA,
VIKTOR FEDORKO

**GEOGRAFIYA**
**Jahon iqtisodiy-ijtimoiy geografiyasi**

*Qoraqalpoq tilida*

*Umumiy o'rta ta'lim maktablarining*
*9-sinf o'quvchilari uchun darslik*

*Qayta ishlangan va to'ldirilgan beshinchi nashri*

Awdarmashılar *M.Nızanov, S.Aytmuratova*
Redaktor *S.Aytmuratova*
Kórk.redaktorı *I.Serjanov*
Tex. redaktorı *B. Turımbetov*
Operator *N.Saukieva*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 11.07.2019-j.
Formatı 70x90 $^1/_{16}$. Ofset qaǵazi. Tip «Times» garniturası. Ofset usılında
basıldı. Kegl 12. Kólemi 11,0. 12,87 shártli b/t. 15,04 esap b/t.
Nusqası 11915 dana. Buyırtpa № 19-216.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı
Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń
«O'zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyinde basıp shıǵarıldı.
100011, Tashkent, Nawayı kóshesi 30.

Telefon: (371) 244-87-55, 244-87-20.
Faks: (371) 244-37-81, 244-38-10.
*e-mail: uzbekistan@iptd-uzbekistan.uz*
*www.iptd-uzbekistan.uz*

http://eduportal.uz

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırıl-ǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı

| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
|---|---|
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlan-dırarlı | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarg'ı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlandı-rarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |

http://eduportal.uz

*O'quv nashri*

ABDUHAKIM QAYUMOV,
IRANQUL SAFAROV,
MUHABBAT TILLABOYEVA,
VIKTOR FEDORKO

**GEOGRAFIYA**
**Jahon iqtisodiy-ijtimoiy geografiyasi**

*Qoraqalpoq tilida*

*Umumiy o'rta ta'lim maktablarining*
*9-sinf o'quvchilari uchun darslik*

*Qayta ishlangan va to'ldirilgan beshinchi nashri*

Awdarmashılar *M.Nızanov, S.Aytmuratova*
Redaktor *S.Aytmuratova*
Kórk.redaktorı *I.Serjanov*
Tex. redaktorı *B. Turımbetov*
Operator *N.Saukieva*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 11.07.2019-j.
Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. Ofset qaǵazi. Tip «Times» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kegl 12. Kólemi 11,0. 12,87 shártli b/t. 15,04 esap b/t.
Nusqası 1241 dana. Buyırtpa № 19-217.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı
Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń
«O'zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyinde basıp shıǵarıldı.
100011, Tashkent, Nawayı kóshesi 30.

Telefon: (371) 244-87-55, 244-87-20.
Faks: (371) 244-37-81, 244-38-10.
*e-mail: uzbekistan@iptd-uzbekistan.uz*
*www.iptd-uzbekistan.uz*